

# Ираф

## I
## 2024


**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА**

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

---

Журнал издается с февраля 1991 года



**Главный редактор**

**Эльбрус СКОДТАЕВ**

**Редакция**

Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева
Валентина Миндзаева
Наталья Семенова
Джульетта Бузоева



ВЛАДИКАВКАЗ, 2024

# Ираф

# I
# 2024

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**

---

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

**СКЪОДТАТИ Эльбрус**

**Редакци**

Колити Витали – сæйраг редактори хуæдæйййевæг
Такъоти Альбинæ
Миндзайти Валентинæ
Семенова Наталья
Бузойти Джульеттæ

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2024

# НОМЕРИ ЕС:

## Прозæ æма поэзи

Малити Геуæрги. *Æмдзæвгитæ*....................................................5
Будайти Милуся. *Рохсани бонæрфинстæй. Идарддæр*..........................24
Сакъити Эльбрус. *Уацау*............................................................60

## Нæуæг нæмттæ

Хъульчити Максим. *Æмдзæвгитæ*.................................................103
Зæнгионти Роберт. *Æмдзæвгитæ*.................................................107

## Нæ юбилयртæ

Колити Витали — 65 анзи. *Радзурдтæ æма таустæ*..........................114
Салæгати Зоя — 100 анзи...........................................................170

## Нæуæг тæлмацтæ

Владимир Бутенко. *Джипбæл бадæг кизгæ. Уацау. Идарддæр*...........190

## Публицистикæ

Мæрзойти И., Казаков Л., Казаков К.
*Дигорон афицерти хъисмæт. Идарддæр*.......................228

## Наукæ æма истори

Хæмицати Тамарæ. *Историон зартæ æма кадæнгитæ*
*Тамерлани æрбампурсти туххæй*..................................252

## Адæмон таурæхътæй

Цопанти Валери. *Цæлкости Гуймани хабар*..........................................263

## Критикæ æма библиографи

Хозити Барис. *«Нæры нæрæмон тых Æрæфæй...»*............................274

## Ахурадон æрмæг скъоладзаутæн

Алфамбулай дуйне. 1 кълас. *Идарддæр*.............................................285
Математикæ. 1 кълас. *Идарддæр*...........................................................294

# ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ

МАЛИТИ Геуæрги

## ТЕМУР-АЛСАХЪ
### Фиццаг хай

**I**

Ледзгæй гъæди хурфи ауон,
Тундзуй Ирæфмæ Хæзнидон.
Пихсæй æхгæд æма æдзæр,
Дæттуй хæстæгмæ нидæн гъæр.
Хæтуй ханси медæг æдас
Хæстæг донгæнттæмæ цъæх арс.
Есгæд æд хуали бонигон,
Кæд æвеппайди цауæйнон
Хæссуй и донмæ и над-над
Йе стонг, йе' донуг, æ фæллад,
Рæубес донгæрони пихсæй
Æваст фесхъæтæг уй тæссæй...
Кæлуй Ирæфмæ Хæзнидон, –
Уомæн гæмæхи æ билгон,
Хæстæг гъæдбунмæ гъæу лæудтæй, –
Нур дæр зæгъунцæ, – Кет хундтæй.

**II**

Еухатт хорбадæни и Кет
Студта уæлфингæ берекет.
Кодта хебари бæрæгбон,
Кодта мийнасæ æ фæндон.
Ивулд – бæгæни æд арахъ,
Цудæй æ цийнæ идтæг сахъ.
Рæнгъæй уагътонцæ гагидау...
Уæд æвеппайди цавддорау
Бæхгин сæ сæргъи фæссагъдæй.

Æмбурд йе ’тингæй фæууæгъдæ ’й.
– Корун, байгъосетæ мингий, –
Зæгъуй æмбурдæн Аузбий, –
Се ’лдар кæсæгæн Дзасболат

Истуй гъæугони æд æфсад.
Сумах – кетонти и æлдар
Хонуй абони хъалондар.
Хъалон – æд рæвдзæ саргъи бæх,
Кизгай – рæсугъд æма дзæбæх.
Кæд уой дæдтайтæ барвæндæй,
Уæд уодзинайтæ цох зинтæй.
Фал кæд нæ уайтæ коммæгæс, –
Зонетæ уой, – зæгъун уин æз,–
Уæд гъæу ке ’ссердзæнæй æфхуард,
Унгæг ке суодзæнæй уæ цард.
Æнгъуд изæрмæ... Цæй, хуæрзбон,
Цæттæ кæнетæ уæ хъалон! –
Дзуапп нæ райсгæй, фæддунд æй
Бæхгин уайтагъддæр и унгæй.
Ситинг æй уæд мед адæн загъд, –
Дзуапп гъæуй æлдарæн тагъд.
Æнцæ Дигорæ хецмæрез,
Æлдар хуннуй сæмæ стур нез.
Гъе нур цийни усми æ кой
Уонæн ку йхалуй, ку, се’ нцой...

**III**

Кæсуй и гъæумæ Дзасболат,
Зилдæй истуй ибæл æфсад.
Сæ бæхтæ хъал æма тæлтæг,
Хуррутт кæнунцæ игъæлдзæг.
Идæнттæ, сæргътæ, думетонг
Æнцæ æвзестæй фур ефтонг.
Нæййес уони ’хсæн мæгур лæг,
Æй си алке дæр тухгæнæг.
Уонæй алке дæр æй уæздан.
Адтæй сæ догæ, сæ дзаман!
Уæд æристадæй æд лæдзæг
Уæлдор сæ размæ æрвист лæг.

Æ сæр сиргъувгæй фур бæрзонд,
Зæгъуй æлдарæн и зæронд:

– Æз дæн кетонтæй мийнæвар,
Нæ ан, зæгъунцæ, мах цагъар.
Хонæн нæ сæртæ нæ фæндон,
Æлдар м’ агорæд ни хъалон.
Мах иуазæгбæл æхцул ан.
Кæд иуазæг дæ – цæттæ ан
Дæуæн дæттунмæ фусунау
Кæрдзин æд цæнхæ, æд æгъдау.
Кæд тухгæнæг дæхе хонай,
Уæд ду гъæуама уой зонай,
Ке ан, кетонтæ, æверхъау,
Мæлæт ке райсдзинан фæлтау.
Æлдар нийвадæй, зуст кæнуй,
Сæргъувуй йе ’хсæ ’ма зæгъуй:
– Мæнæн мæ фæндæ, мæ тæрхон
Федар ку æнцæ, куд æндон.
Мæн дзурд æййевгæ некæд æй,
Мæн Кет ма ’рветæд ревæдæй.
Хъалон – æд рæвдзæ саргъи бæх,
Кизгай – рæсугъд æма дзæбæх.
Гъе уой кæд н’ айтæ дæттуйнаг,
Уæд мин уæ сæртæ додоййаг.
Æлдар, цид, йе ’хсæ ниттелуй,
Мæстæй æ билтæ æууелуй...
– Де ’взист ниууадзæ, уо, æлдар, –
Зæгъуй æнцойнæ мийнæвар,–
Хилæй федауцæ хуæздæр æй.
Де ’взист кетонтæн æгæр æй.
Уæд дин зæрдесгæ мæ лигъз дзурд,
Æлдар, ма саразæ лæбурд!
Зуст фæгъгъæр кодта Дзасболат:
– Ниууо, фæлтауги, цæй, æнцад!
Уæлдай ма дзорæ, уо, кеттаг,
Конд уа гъæуама мæ гъуддаг!
Æлдар ку ’ргъазуй æ бæхбæл,
Зæнхæй фесхъеуй, цид, гæппæл.

Кеттаг и гъæумæ фæццæуй, –
Уой Кет йе ’мбурди ку хезуй.

**IV**

Хор фæййауурон æй... Æрхæццæ ’й
Изæр уайтагъддæр и хуæнхтæй.
Цæфсуй уæлгъæдæ сурх æхсед, –
Йе ’мбурд нæма йхалуй и Кет.
Уæд нигъгъæр кодта, ни, уосай:
– Уо Кет, ку фæдтæ æнирай!
Æлдар еу кизги фæххæссуй, –
Фæдес, зианбæл ка тухсуй!
Уо, ци фæцайтæ, уо, фæдес,
Кæд ма и Кети лæгтæ ес!
Æмбурд фегуппæг æй тухуаст,
Æрвдзавд фæцæй цума æваст.
Ка æ бунати къех истуй,
Ка и гъæунги фæлледзуй;
Æ топп æ къохи, уотемæй, –
Еунæг, æвæдзи, сæдемæй.
Ка си фестадæй сонт тæрхъос,
Ниццæй и къуми къуругъос.
Ка цурд фелвасуй æ хъæма, –
Гъæуама знаги бадæма!..

**V**

Фæсгъæу еу рауæн устур хард
Цудæй изолти кæрзæвард.
Зиндтæй хæрдæбæл унгæг над, –
Уобæл ку сраст æй Дзасболат.
Бæхбæл æд кизгæ – æд хъалон,
Хиццаг куд н’ адтæй, куд, бæлццон!
Фæсте – уæздантæ рæнгъитæй
Цудæнцæ харди бæхгинтæй.
Æлдар уæлхардмæ исхæццæ ’й, –
Æваст æ размæ лæг фæцæй.
Æлдар фæрсуй æй: – Уо, лæгай,
Ка дæ, кæмæй дæ – знаг ма уай?
– Æз дæн кетонтæй фæдесон, –
Кæсай дæхемæ, уо, кæсгон!
Фергъувд æй топп, æма цæфæй

Æлдар ку расхъиудтæй бæхæй.
Æваст фенсар æнцæ æфсад,
Катай фестадæй син сæ над.
Къуæрдгай фæцæнцæ и уæлхард,
Лæудтæй сæ размæ лæги мард.
Кеттаг се ’схъæртмæ фæддунд æй,
Кизгай и гъæумæ фæллигъдæй.

**VI**

Уайтагъд æхсæвæ æрхæццæ ’й,
Æфсад фæндагбæл нирпæнгъæ ’й,
Æлдар фæцæй син хæсгæ мард,
Цæун гъæуй сæ фур идард.
Дуйне æнцойнæ сæ фалдзос,
Æнкъард кæсуй сæмæ мæйрохс.
Еу дзурд, еу хъипп си нæ цæуй...
Айдагъ изоли уг кæуй...
Фал ка ’й, фæндагбæл ка ледзуй?
Æнцой æ бæхи нæ уадзуй.
Æй е Кæсæгмæ гъæргæнæг.
Исон фегъосдзæнæй Кæсæг
Æд цъел, æд мелæ фуд хабар, –
Фæцæй Дигори мард се’ лдар...

### Дуккаг хай

**VII**

Ду бафæрсай гъæуама мæн,
Ка ’й, кæмæй адтæй и лæхъуæн,
Уæлхард ка скодта хъазауат,
Коййаг исцæй нин нур ке фат?..
Темур-Алсахъ худтонцæ уой, –
Цæрæд муггагмæ нур æ кой...
Мулкæй мæгур, нифсæй идзаг,
Худта алке дæр уой лæггаг.
Алсахъ, –еу загъдæй, гъе уотæ ’й...
Адтæй и кизгæ Сеойтæй.
Рæсугъд, æвзонг æма гъæздуг,
Гурæй федауцæ ’ма индтуг,
Цæститæ ирд æма сæнт-сау,
Æрфбун зиндтæнцæ æхсæвау...

Гъардта зæрдитæмæ тухуаст
Уонæн сæ уиндæ, сæ фæккаст.
Æй уæхæн силæ хецмæрез, –
Исуй фæстагмæ зæрди нез.

**VIII**

Фæсгъæу кетонтæн ес æмбурд, –
Цæуй изолмæ сæ гъæр дзурд...
Сæ еу хестæртæй загъд хæссуй:
– Темур-Алсахъ, нур анз цæуй,
Кæдæй Сеойти Дигизай
Ду æ зæронд фидæй курдтай.
Фал е не 'скодта уæд аккаг
Дæу исесунмæ хæстæггаг...
Худта мæгур, æвæдзи, дæу.
Уинис гъе нур, – абони гъæу

Æмбурд æрцæнцæ дæу туххæй.
Кæнæн нæ арфæ æмцъухæй...
Дзиллæн сæ кадæ 'ма сæ нифс
Нур дæ тæрнихбæл ду хæссис.
Æлдар – фудгол æма æзнаг –
Фæцæй дæ фæрци исæфтдзаг...
Нæ 'й хаст дæ фæрци Дигиза,
Нур дин гъæуама исбæзза
Е уодæнбалæн барвæндæй...
Æ дзурд зæгъæд Сеой-фурт, цæй!
Уæлдорæй уæд фестадæй лæг,
Ку 'рсадзуй зæнхи æ лæдзæг,
Бунмæ æ закъæ æрсæрфуй,

Кæсуй Алсахъмæ 'ма зæгъуй:
– Кизгай хъалони хаст цудæй,
Алсахъ æ хъаурæ, æ нифсæй
Байста фæстæмæ знагæй уой, –
Цæрæд æд кадæ нур æ кой...
Фæууæд мæ кизгæ нур йе 'нкъай,
Донмæ 'й ку не 'нтъохун, уоххай!
Рæвдзæ 'й æмбурдæн æ зæгъддзаг, –
Исцæй Сеой-фурт арфиаг.

Ка ин æ къохмæ æвналуй,
Ка ин æ ходæ исесуй.
Уæд фæццæйгъос æй и булгъахъ, –
Дзоруй кетонтæмæ Алсахъ:
– Цæуй нур анз фулдæр, гъай-гъай,
Курдтон Сеойти Дигизай.
Фал аргъ не скиндæй уæд мæнæн.
Нур ма дзубанди æй цæмæн?
Алсахъ нæ уайдæ уæд Алсахъ,
Нур ма ку райсидæ и халхъ.
Цæфстæй зæрди буни и уарзт,
Фехста изолмæ уой фуд маст.
Гъай-гъай, нистъалдæй нур æлдар,
Фал дæн цæй туххæй æз лæгмар?

Æз нæ уодæнсун æлдайрад...
Цæттæ ’й дæдтунмæ мæ цурд фат
Нихкъурцц æлдартæн æдæрсгæй, –
Етæ цæгъдунцæ нæ мæстæй,
Лæкъун кæнунцæ нин нæ цард...
Зин æнæ бæрцæ æй се ’фхуард, –
Æз нæ хæссун мæ сæрмæ уой.
Додой æлдартæн нур, додой!
Мæнбæл сиййевдзи æй и хор,
Мæн маке хонæд нур уосгор...
Цæрæд æд фарнæ Дигиза, –
Æдас, æнцойнæ ирæза.
Мæнæн ма кæнтæ уой лæвар,
Æз дæн æлдартæй нур тогдар...
Фæрсæй кæсуй мæмæ адзал...
Æнцæ æрмæст мæнæн æмбал
Мæ топп, мæ кард æма мæ бæх.
Зæнхæн æ сау, арвæн æ цъæх, –
Мæнæн игъауги нæбал ес, –
Æз дæн хæлхъой æма фæдес!
Темур-Алсахъ фæцæй æ дзурд.
’Дзинæг кæсуй имæ æмбурд.
Адæн фæцæнцæ æвеллон.
Уомæн неке ’сцæй дзуапгъон...

## IX

Лигъдæй афонæ бон-бонгай.
Медгъæу кетонтæ сабургай
Сæ куст кодтонцæ, фал уæддæр
Æдас ку н' адтæй сæ къæсæр...
Гъонгæс гъæди хурфæй еу бон
Уидта изолмæ сæумигон, –
Фæндаг байдзаг æй бæхгинтæй.
Тæрсунцæ мæргътæ сæ уиндæй.
Тумугъ цудæнцæ тар мегъау,
Сæ уинд нимæттæй æй сæнт-сау.
Е Дзасболати фурт Ахъбад
Цæуй и Кетмæ æд æфсад.
Ахъбад йе 'фсадæн финдздзæуæг.
Æ бæх бæрзонд æма тæлтæг.
Ку 'ргъазуй лигъзи хаттæй-хатт,
Ругæй райдзаг уй уæд и над.
Цæуй и Кетмæ тогагор.
'Дзинæг кæсуй имæ и хор.

## X

Рæфтæй еу мингий фæккиудтæй.
Æфсад гъæугони æрлæудтæй.
Лæууй сæ размæ гъæу æнцад.
Мургъуз кæсуй имæ Ахъбад.
Медгъæу еу æстуф нæ цæуй.

Айдагъ еу куй си гъæр неуй,
Æ нифс тохунмæ нæ хæсгæй,
И гъæу æд цъелæ фæллигъдæй.
Ахъбад æ билтæ æуужелуй,
Роцъо зулунмæ æрдауй,
Кæнуй цæститæй дзингало,
Скъæруй цума си сурх пеллон.
Æлдар йе 'фсадæн гъæр загъта:
– Фунук гъæуама Кет феста!
Рæстæг ма йсафæн лæуунбæл,
Цæйтæ, æндзаргæ и гъæубæл!
Гъæдау фесхустæнцæ æваст

Бæхгинтæ лигъзи 'ма æмраст
Цæунцæ гъæумæ тумугъæй.
Ахъбад хонуй сæ мургъузæй.

**XI**

Цæфсуй и гъæу, инод нæруй,
Цирен пеллонтæ æскъæруй...
Фæздæг, æвзаргæ фурзин тох,
Кæнуй фæйнердæмæ зелдох,
Тундзуй цъæх арвмæ тузмæгæй...
Еуварс æнцойнæ уæлбæхæй
Кæсуй сугъдæрдæмæ Ахъбад,
Зилдæй истуй ибæл æфсад...

**XII**

Е ка 'й, е ка 'й – бæхбæл мед арт,
Æргъувд æ къохи æхсаргард,
Уадау бæхгинтæмæ тæхуй, –
Æхе æлдарбæл ниццæвуй...
Гъе æвеппайди уотемæй
Фæсзард и цъеутæ къуаремæй
Писхбун ку сбадунцæ цъæхбæл,
Цæргæс бæрзондæй уонæбæл
Æхе зувгæнгæ ниццæвуй,

Нихтæй еуебæл æрцæфсуй.
Æнцæф фæцæнцæ дууемæй.
Сæр фæххецæн æй, уотемæй
Бæхæй ку фесхъиудтæй Ахъбад.
Алсахъ нæ фехалдта æ бадт.
Айдагъ фесхъиудтæй æ еу гъос,
Тогæй нийгъæндæн æй æ рос...
Æ раз райдзаг æй бæхгинтæй,
Тохуй сæ хæццæ цъингитæй.
И тох ситинг æй. Тог кæлуй.
Еу къуар си тоги æвдулуй...
Зæлланг кæнунцæ кæрдтæ карз,
Фал тагъд Алсахъмæ кедæр арц
Уæд фæрсауунæй æргъузтæй, –
Алсахъ ку 'рхаудтæй рæхустæй...

## XIII

Хор ниннигулдæй. ’Хсед цæфсуй.
Ефстагмæ ирдгæ æрдумуй.
Хæссуй изолти сугъдæсмаг.
Не змæлуй гъæуи адæймаг...
Кæсæг авд марди ефхæсгæй,
Уайтагъд фезол æнцæ гъæуæй.
Айдагъ байзадæй ма еу мард,
Мед къох федар ниндарг æй кард.
Е æй Алсахъ... Æнцад лæууй.
Æ тог аллирдигæй кæлуй.
Е нæбал фестдзæнæй, нæбал, –
Хуссуй æносмæ æнигъал.
Æ тар будурти рæдзæхсгæй,
Æхсæвæ гъæумæ æрхæццæ ’й.
Гæлдзуй и мардмæ æ пæлæз,
Цума кæнуй ин тæфирфæс.

## XIV

Е ка ’й, – талинги ка цæуй,
Æррæстæ мардмæ ка гъузуй?
Æ къах Алсахъмæ ке хæсса?
Е æй Сеойти Дигиза...
Абони тохмæ и гъæдæй
’Дзинæг и кизгæ фæлгæстæй...
Уæлмард талинги нур кæуй.
Тъинггай цæстисуг рæдæдзуй.
Стæй-астмæ марди æртохгæй,
Цæсгон дауй ин æ къохтæй.
Темур-Алсахъ, Темур-Алсахъ,
Нур дин и кизгæ æнæ хахъ
Уæлмард æргон кæнуй æ уарзт.
Фал цæмæн адтæ ду хеваст?
Ду фудæнæнги Дигизай
Фæсвæд иронхи ниууагътай...
Фал е не ’сфæлхæттæй уæддæр,
Даруй гъæбеси нур дæу сæр.
Æнцæ зæрдитæ муггаггай, –
Цæй, гъаст ма ’рхæссæ, уо, кизгай...

## XV

Сæумæй кетонтæ дзæндæлæй
Цудæнцæ гъæумæ мæтъæлæй...
Фудгол ку рандæ ’й, ку, бæргæ,
Фал куд кæнонцæ ма цæргæ?
Сæ гъæу æд бунтæ ниссугъдæй,
Алсахъ – се ’хсарæ – мард фæцæй...
Лæудтæй æ цори кизги мард, –
Рæсагъд æ реуи фиййаугард.
Е æй Сеойти Дигиза,
Хуæрзмæ ’й игъосæг имиса...
Лæууй уæлгоммæ е æнцад,
Цæсгон æнвæйнæ, мæрдивад.
Мæрдтæн кетонтæ æмбурдæй
Рохсаг загътонцæ æмцъухæй...

## XVI

Тундзуй Ирæфмæ Хæзнидон.
Уинуй фалдзоси и бæлццон
Еу къуар уобайтæ гъе нур дæр, –
Сæ еу иннетæй æй хуæздæр.
Уой медæг арфи дууемæй,
Хæрнæгъ æрцæнцæ, уотемæй
Нур Дигиза æма Алсахъ
Еумæ лæуунцæ æнæ халхъ.
Цæруй сæ хæццæ калм-зæрин
Цæрдæг, гъиггаг æма зæрдгин...
Ескæд хебари кæд тæрхъос,
Телгæй фæйнердæмæ æ гъос,
Хæстæг уобаймæ æрцæуй, –
Уæд калм фæдеси скъотт кæнуй.
Æваст нисхъæтæг уй и сирд.
Тæссæй нийдайуй е лæуирд.

## ГУДЗУНА

## I

Æ сæууон тунæ цъетемæ
Хор идзулгæ нивæндуй.
И сау хонхæн æ циргъ бекъæ
Сугъзæрийнæй фæлгъæндуй.

Уалæ фахси, сурх тæмæнтæ
Кæми калуй бобона,
Фæццæйæскъæруй æ дзогæ
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.
Лæузæнгойнæ, сæппæркъегин,
Дивилдунтæ, лацамарз, –
Фæццæйгъузуй, цæветтонгæ,
Дзебæлгæнгæ гъунтъуз арс.
И гъæугони, зур-зургæнгæ
Кæми ледзуй сауæдон,
Æристадæнцæ дондзаутæ
Æд къустелтæ сæумигон.
Гудзунабæл айуангæнгæ
Нихходунцæ къæл-къæлæй,
Фал не 'сдзоргæй, фæццæйцæуй
Фæлвæрай-фурт дзæндæлæй...
Гъей уæууæй, уæууæй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон, –
И силтæ дæр ма ходунцæ
Гудзунабæл сæ фæндон...

**II**

Устур фæзæ ес еу рауæн,
Кудзæфтауæн е хуннуй.
Æнæ схъæртгæ и тегъæмæ
Е цæстæмæ нæ зиннуй.
Фал ку скастæуа уæлтегъæй, –
Фæзæ лигъз æма кæдзос,
Хуæнхтæ, гъæдтæ хæлæмултæй
Æрзилдæнцæ æ фалдзос.
Гудзунайæн е – æ хезнæ...
Æ уодæнбал – æ хæтæл –
Хебæраги æ уæлдзогæ
Æривæруй æ цъухбæл.
Гъæйдæ-гъа, цæгъдун нийдайуй, –
Æд хæтæл æдули нæ 'й.
Уой десгæнгæ ниффæнзунцæ
Хуæнхтæ, кæмттæ æмбурдæй...

### III

Æхсæрдзауæни кизгайтæ
Гъаст саразунцæ фæстунд.
Нæ син фæууй сæ цийнæмæ
Гудзуна дæр æнæ хунд.
Лæсед æхсæрæй горентæ
Фæлкъевунцæ зилдæгæй,
Кафгæ-кафгæ низзурунцæ
Уони сæрти гæпгæнгæй...
Уони æрдзæф æнæ фæнзгæ
И зæгъæн дор нæ лæууй,
Уони цийнæй, уони гъазтæй
Арв сæ сæргъи идзулуй...
Фал ци ’нкъард æй Фæлвæрай-фурт,
Фæлвæрай-фурт Гудзуна?
Е гъæуама и медгъаздæ
Æнгулдзæхтæ искæна...
Уæзбунгомау дзæндæл-кафæ
Æрцæйкæнуй нæ фиййау.
Бæргæ гъавуй гæпп кæнунмæ
Е горенбæл, фал – уæууау!
Æригъзæлунцæ æхсæртæ,
Æрихæлуй и горен, –
Æвæццæгæн, цурддзийнадæй
Фæлвæрай-фурт нæ ’й Кермен.
Гъæр ходунцæ и кизгайтæ:
– Дæ ниййерæг, Гудзуна,
Дæ тæрегъæдæй ингæни
Æ дзиккотæ ниттона!
Гъей уæууæй, уæууæй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон, –
И кизгуттæ фæххудтæнцæ
Гудзунабæл сæ фæндон...

### IV

Гъазт фехалдæй... Сæ дзæкъолтæ
Æхсæрдзагæй, уотемæй
Ниуурдуг унцæ кизгуттæ
Далæ гъæумæ авдемæй.

Æ лæдзæгбæл æ уæлдзогæ
Фæрсæнцойнæ æркæнгæй,
Къех истуй фиййау уæлтегъæ
Уони фæсте фæлгæсгæй...
Æ зæрди бунæй гузавæ
Лæкъунгæнгæ игуруй,
Цæветтонгæ ма фæстегъæй
Таруг мегъæ исбуруй.
Цæмæн æй цума æгадæ
Е фæсевæди æхсæн?
Кæбæл гъара æ тæрегъæд,
Ка 'й и дзилли æ лимæн?
Цæмæннæ зонуй æ радæ
Е цийни усми мед гъазт?
Цæмæн римæхсуй кизгаййæй
Е зæрди хурфи æ уарзт?
Цагъарау хæссуй æ догæ
Æнæтхалгæ, æвæндон...
Гъей, уæуузй, уæуузй, фæлтауги
Цард фесæфæд, цæй, бунтон!
Гъе уæддæр, мæгур, æ зæрдæ
Æ хæтæлмæ нæ лæууй,
Исæргъувуй уой æ цъухмæ,
Нæртон цæгъдæ никкæнуй...
Ниффæнзунцæ уой десгæнгæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æмбурдæй,
Нигъгъæрзунцæ, цæветтонгæ
Фæттæрсунцæ лæбурдæй...

**V**

Ес еу рауæн и цæгати
Десæ-месæ сор лæгæт,
Гъе уой медæг фæййеу æнцæ
Гудзуна æма Бæбæт.
Цилпæ рехæ, гебенагин,
Уги хæццæ æмæнгæс, –
И зæронд Бæбæт берæ 'нзти
Æрцæйхаттæй-æр-сæгъгæс...
– Уо, зæронд лæг, – исцæйдзоруй
Фæлвæрай-фурт Гудзуна, –

Æз корун ди, цæй, байгъосæ,
Æхсицгон дин ку нæ уа, –
Гъе уæддæр мæ загъд абони
Ду фегъосæ мæ цъухæй.
Нæ фæдздзордзæнæн изолти,
Зæгъдзæнæн дин цубурæй...
Идтæг рагæй мин дæ кизгæ
Æй мæ зæрди бæлдатгонд.
Гъей, зæронд лæг, мæн абони
Ду ма схонæ æнамонд...
Ду абони барвæндонæй
Банимайæ Гудзунай.
Агорун ди уодæмбалæн
Дæ еунæг кизги – Гудзай...
Ма мин кæсæ мæ мæгурмæ,
Кæд нæ дæн абони хъал,
Нифс хæссун уæддæр цæрунмæ,
Нæ уодзæнæн æн' амал...
Æрцæйдауй æ роцъотæ
Уæзбун къохæй нæ сæгъгæс,
Бæзгин хъурæй ниццæйходуй:
– Мæнæ дес æма тæмæс!
Гудзунайæн, дан, дæ кизги
Исцæй кæнæ уодæнкъай!
Æвæццæгæн, нæ фæууидæ
Уæд и гоби æнæ хай!..
Уæхæн лазæ, уæхæн незæй
Баергъæв кæнæд Хуцау!
Мабал истæ, цæй, мæ цори,
Фæттæргай уо, цæй, фæлтау...
Æхсæйвон мæйау нийвадæй
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.
Уотемæй истуй æнцойнæ.
Ци ма зæгъа, ци кæна?
Гъей, уæуулай, уæуулай, æнгартæ,
Цард фесæфæд, цæй, фæлтау,
Фæццæйхудтæй Гудзунабæл
И сæгъгæс дæр æнæвгъау...

## VI

Арви стъалутæ цæфсунцæ,
Æй æхсæвæ ирд, кæдзос.
Мæйæ ленк кæнуй уæлхуæнхтæ,
Рæдзæхсуй дуйнебæл рохс...
Фал æхсæви гъос ихалгæ
Форд не 'нцайуй, гъæр кæнуй...
Æ фур мæстæй æ цæхъалтæ
Е бил-дорбæл ниццæвуй.
Зуст фентъохуй æ пурфæнтæ,
Дортæ, къолтæ пурфгæнгæй,
Цæветтонгæ, æ зин тохи
Е унгæги исгъигæй...
И уæлайнæг и донгони,
Кæми зайуй цагъана,
Цæмæн бадуй æнафони
Фæлвæрай-фурт Гудзуна?
Кæд 'сирадæй Гудзунайæн
Æ мæгур зæрди зин маст,
'Ма и донмæ багæлдзунмæ
'Хе гъавуй нур ба æваст?
На, не 'рхæсдзæнæй æ сæрмæ
Уæхæн фæндæ нæ мæгур.
Æндæр фæндæ, æндæр сагъæс
Уой тухсун кæнунцæ нур...
Е гъæуама нур мед-адæн
Федис дарæг мабал уа,
И дуйней тохи æд кадæ
Е фæлтауги рамæла...

## VII

Æрбахъæртуй Дигоргоммæ
Æвеппайди фуд хабар:
Æрбацæунцæ æфсæдтæ,
Сæ сæргъи цæуæг – Мулдар...
Рафæдес æнцæ Дигорæ
Далæ коммæ æнгурфæй.
Æрцæйистунцæ тæрхони
Далæ Морги æмбурдæй...
Ци кæнонцæ? Истохунмæ

Ку нæ бæззуй сæ фадуат.
Ку нæййес сæмæ сæ фагæ
Тохæн гæрзтæ, тохæн фат!
И фæдесонтæй еуетæ
Æрхæссунцæ уæхæн загъд,
Фал медæмбурдæй амонæ
Еу рацæйцудæй уайтагъд.
Æ уæлсуйнæ æ кæрдбадзæ,
Лæузæнгойнæ, сæппæркъе,
Топп йе рагъи, уотемæйти
Гъæр зæгъуй æмбурдæн е:
– Гъей, хуарз адæн, гъей, æнгартæ,
Цæй, ма ’рниллæг уæд нæ ном, –
Цæй, ма ’рбауадзæн æлдари,
Баергъæв кæнæн нæ ком!
Нæ бæлстæнцæ æлдайрадæ
Нæ фидтæлтæ æппундæр, –
Нур æлдарæй фæттæрсунмæ
Куд æрхæссæн мах нæ сæр?
Фæкъкъех æнцæ сæ фур десæй
Нæ игъосгутæ куддæр, –
Кæмæй фæцæй Гудзунамæ
Уæхæн зæрдæ, уæхæн сæр?

**VIII**

Тох райгон æй Дигоргоми
И дуккаг сæуми уайтагъд.
Æд-æхсæвæ, æд-æ-бонæ
Нæ гъос кæнуй топпадзагъд...
Скъотт кæнунцæ фæттæ коми.
Уони гъæрмæ гур-гурæй
Нийийазæлунцæ и хуæнхтæ,
Нигъгъæрзунцæ æмбурдæй...
Далæ коми ес хуггойнæ,
Æй æ хурфæ фур гъуна.
Гъе уордæмæ бацæйбурдæй
Фæлвæрай-фурт Гудзуна...
Гъе уордиги фæрсæнцойнæй
Е фудголмæ фæлгæсуй,
Ниццæйгъавуй и тумугъмæ,

Фат не ’вгъаугæнгæй, æхсуй...
Æртæ ’хсæви, æртæ бони
Тох не ’ргъос æй æппундæр.
Бæзгин хъурæй æвеппайди
Фæгъгъæр киндæй кæцæйдæр:
– Гъей, фæсевæд, ци фæцайтæ,
Знаг æрбампурсуй, фæдес!
Знаг æрбампурсуй, æхсетæ,
Нифс, æхсарæ кæмæ ес!..
Тох ситинг æй... Скъотт кæнунцæ
Фæттæ коми гув-гувæй...
Уони гъæрмæ нигъгъæрзунцæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æнгурфæй...
Уалæ мегътæ пъæстугæйттæй
Фæццæйледзунцæ мед арв, –
Æ фур тæссæй æнæзмæлгæ
Сирд нинцъулдæй хункъи арф.
Фал ци ’рцудæй? Ку фæгъгъос æй
Æвеппайди тугъд куддæр.
Гудзуна дæр и хуггойнæй
Æрцæйкæсуй ’дзинæгдæр.
Исцæйцæунцæ бæхгинтæ
Далæ коми фæд-фæде.
Фал Дигорæ ци фæцæнцæ? –
Фæттæ сæмæ нæбал е.
Гудзуна, мæгур, нинкъард æй...
Зæрдæдзæугæ нæ ’й и хуæст.
Еугурæй ма æ бæрцдони
Æртæ фати ес æрмæст.
Æртæ фати истохунмæ
Нæ бæззунцæ, фал уæддæр
И фудголæй фæттæрсунмæ
Е не ’рхæсдзæнæй æ сæр.
Гудзунабæл уотæ ’нцонæй
Хаст не ’рцæудзæнæй фæндаг.
Топп ралхъевуй, – фæддæлваз æй
И бæхгинтæй сæ фиццаг.
Фæссидзмудз æнцæ бæхгинтæ,
Тох фезмалдæй нæуæгæй.

Скъотт кæнунцæ фæттæ коми,
Ком байдзаг æй сæ нæгæй...

## IX

Фæлвæрай-фурт, æнæ равги
Ду ку скодтай хъазауат,
Фал тугъдон зинги сæмбалдæй
Раст дæ зæрди издин фат...
Бацæйкалдæй æнагъоми
Дæхе барæй дæ зин цард.
Далæ коми и хуггоми
Нур лæууй, лæууй дæ мард.
Сах не 'ркалдзæнæй хебари
Кедæр кизгæ цæстисуг, –
Дæ фæсмæрдæ коми кадæн
Гъæу не 'сдасдзæнæй мæсуг.
Фал нæ дæ уæддæр æгадæ,
Уо, мæгурдæйраг фиййау!
И дуйней хуæсти æд гæрзтæ
Ду фесавдтæ сæрвæлтау.
Далæ коми, и къундæги
Ниццæйсагъдæй сау къæйдор.
Стæн зиннуй си и фецауæг,
Стæн кæсуй имæ и хор.
Ку фæззинуй æстæй-астмæ, –
Гъе уой фалдзоси лæгай,
Æринцайгæй и къæйдорбæл
Æримисуй Гудзунай.
Бæзгин хъурæй ниццæйзаруй,
Над игайгæ еунæгæй.
Уой сæ деси ниффæнзунцæ
Хуæнхтæ, гъæдтæ æмбурдæй.
Уалæ фахси сурх тæмæнтæ
Кæми кæнуй бобона, –
Нæбал æскъæруй æ дзогæ
Фæлвæрай-фурт Гудзуна.
И гъæугони, зур-зургæнгæ
Кæми ледзуй сауæдон, –
Нæ ходунцæ Гудзунабæл
Нур дондзаутæ сæумигон.

БУДАЙТИ Милуся



## РОХСАНИ БОНÆРФИНСТÆЙ[1]

*(Радзурдтæ, новеллитæ)*

### Æвддæсæймаг бон

Зæрдæ унгæг кæнуй. Цæстисугтæ ростæбæл уайунцæ, гъарæнгæ, богъ-богъæй кæуй адæймаг. Мæнæ, фронтæй хабæрттæмæ куд игъустонцæ, уотæ нур дæр игъосæн хабæрттæмæ, хуæздæрмæ бæргæ æнгъæлмæ кæсæн, фал… Знаг бал уæлахез кæнуй, Уæрæсей арфдæрæй-арфдæр цæуй: берæ бæстихæйттæ ахæссуй, берæ адæн æ уацари хаунцæ. Фронт урухæй-урухдæр кæнуй. Иристони дæр уавæр лæгъузæй-лæгъуздæр кæнуй. Нифс бунтондæр сæттуй. Мæнæ хабæрттæй игъосæн – Дзæуæгигъæумæ бацæуæнтæ æхгæд æрцудæнцæ. Рацæуæн дæр, уæдта æрбацæуæн дæр имæ уотæ æнцонтæй нæййес. Æнæ пропускæй цæуæн нæййес. Ци рæстæгутæ ралæудтæй... Гъо, æвæдзи, тугъди рæстæги дæр уотæ адтæй.

Кæдæй хæдзæртти бадæн карантини рæстæги, уæдæй телефонтæ, интернет «зинг» кæнунцæ. Уомæн æма, цæуæн

[1] Идарддæр. Райдайæн 2023 анзи 4-аг номери.

нæййес, фал уæддæр дзорунцæ адæн кæрæдземæ. Нуртæккæ дууин фиццаг æнос æй, æма берæ уавæртæ ес уомæн. Мæнæ еу-инсæй анзей размæ телефонæй-еу мæ ниййергутæмæ ку дзоринæ, уæд мæмæ уæхæн бæллец адтæй, æма сæ нур, зæгъун, уингæ дæр ма ку кæнинæ. Ци хъæбæр мæ фæндадтæй е. Фал, мæгур, етæ уæдмæ нæ фæццардæнцæ, æма уæхæн телефонтæ ку фæззиндтæй, скайптæ, смартфонтæ: дзорæ телефонæй æма уинис, ке хæццæ дзорис, уой. Цума дæ фарсмæ лæууй, уотæ алцидæр уинис. Æрмæстдæр банбæлун ибæл дæ бон нæй, æндæр… Гъо, æма е хъæбæр хуарз æй, уæлдайдæр мæнæ ауæхæн æнамонд рæстæги. Уæхæн гæнæнтæ дæр ма нин ку нæ уайдæ, уæд бунтондæр – мæгур æма мæгур. Еци уавæр ма нæ ервæзун кæнуй бунтон исæвдæй. Дзорæн хæстæгутæ, хеуонтæ, æмбæлттæ, æмкосгути хæццæ. Уинæн сæ æма зонæн, куд æнцæ, цæмæй тухсунцæ, сæ гъудитæ дзорунцæ кæрæдземæн…

## Æстдæсæймаг бон

Зæрдæмæгургæнæн бонтæ. Нæ, зин нæй хæдзари ун. Е хуарз æй. Еуетæ, кæдæй-уæдæй, иронхуати син ци гъуддæгтæ адтæй, уони кæнунцæ. Сфæлдистадон адæймагæн ба ес рæстæг æ гъудитæ рахæссун гæгъæдимæ, холстмæ, музыкалон инструменттæмæ… Алливарси ци цæуй, е адæймаги æхемæ игъосун кæнуй æма цидæр æргъæвст ниццæй.

Æвæдзи, цард дууæ дехи фæцæй – карантини, нези размæ цард æма уой фæсте рæстæг. Уруссагау куд фæззæгъунцæ, *жизнь – до и после*. Гъо, берæ цæмæдæрти æндæр цæстæй ракастан нæ царди, цæбæлдæр фæсмон кæнуй адæймаг – раздæри царди уотæ цæмæннæ кодта, аргъ цæмæннæ кодта берæ цæмæндæртæн, кенæ ба, нур имæ, æ зæрдæмæ хæстæг ци гъуддæгутæ иста, етæ æппундæр нæбал гъарунцæ…

## Æмбали финстæг

*Æрдхуард мæсуг æй.*
*Æмбесонд*

Мæ рагбонти æмбал, æгас дуйнеййи зин бæнттæ ралæудтæй. Мах, сæ райгурæн бæстæ Советон Цæдес кæмæн адтæй,

етæ уой æнгъæл некæд адтæнцæ, æма мæнæ ауæхæн æбуалгъи цаутæ цæудзæнæй, æппундæр историй ка нæма адтæй. Фал, гъулæггагæн, цидæр æнамонд рæстæг ралæудтæй.

Адæймаг гъæуама зундгидæр уа, уина еу минкъий уæддæр, æнкъара, разæй имæ ци æнгъæлмæ кæсуй, уой. Гъо, уой неке зонуй, фал архайун гъæуй уобæл, цæмæй ма фæффæсмон кæнай исон. Мæ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ Николай Островскиййи роман «Как закалялась сталь», уоми Павел Корчагини дзурдтæ: *«Самое дорогое у человека – это жизнь. Она даётся ему один раз, и прожить её надо так, чтобы не было мучительно больно за бесцельно прожитые годы».* Æма уотæ цæрун гъæуй, æцæгæйдæр исон уотæ куд нæ зæгъай, дзæгъæли фæццардтæн, кенæ фæсмон куд нæ фæккæнай. Цæмæдæр гæсгæ, алцидæр фæстæдæрмæ æргъæвæн. Исон, исон уой бакæндзæнæн, зæгъгæ.

Мæ дзæбæх æмбал, æвæдзи, дууæ анземæ хæстæг нæма фембалдан. Телефонæй арæх дзорæн, интернети фæрци дæр хабæрттæ, гъуддæгтæ зонæн. Фал, цал æма цал хатти загътан, арæхдæр нæ æмбæлун гъæуй кæрæдзей хæццæ, ескумæ фæццо – театр, концерт, ресторанмæ… Еумæ фæццо Иристони кæмттæмæ, уæлдайдæр, мæнмæ мæхе хуæдтолгæ ес. Алли бон дæр уотæ кодтон, мæнæ иннæ къуæрей, кенæ иннæ мæйи… Фал цард дæр уотæ æй, æма нæ нæ евдæлуй, кумæдæр тагъд кодтан… Æма, мæнæ нур ба нин фæцæй уæгъдæ рæстæг, фал… Фал нæ бон нæ ’й кæрæдзей хæццæ фенбæлун, не ’нгъезуй цъаммар низи туххæй. Уой æнгъæл ба ка адтæй, æма нæ хæдзæртти ахæст æрцæудзинан. Гъо, зундгиндæр ун гъæуй, исонмæ æргъæвун нæ гъæуй, ацибон искæнæн кæмæн ес, уой. Фал алцидæр æргъæвæн фæстæдæрмæ… Уæддæр гъуди кæнун гъæуй, æма: *«Фудлæг æма фудбон берæ нæ хæссунцæ».* Фæуuодзæнæнцæ аци лæгъуз бæнттæ, æууæндун гъæуй. Уæхæн æмбесонд дæр ма ес: *«Хуарз æнгарæ зин сахатти рæстæгi исбæрæг уй».*

Æзинæ дæ хæццæ дзурдтон телефонæй, æма мæмæ æнкъард фæккастæ. Алкæмæн дæр æ бийнонти цидæр сагъæссæгтæ ес, уæлдайдæр ауæхæн рæстæги, фал гъæуама кæрæдзей фарсмæ уæн. Æма, кæд дæ ме ’нхус гъæуй ескæми, уæд æз аллирдигæй дæр цæттæ дæн. Гъо, дæумæ цæуæн мин нæййес, æндæр атæ кæрæдзей фарсмæ бадæ, æма уо-

темæй дзубанди кæнæ, нæ гъудитæ кæрæдземæн дзорæ.

Мæ рагбонти æмбал, æз хъæбæр сæрустур дæн, дæу хузæн æмбал мин ке ес, уомæй. Цийни рæстæги дæр, зини, ести маст ку фæууй адæймагмæ, алкæддæр мæ фарсмæ фæууис. Кæрæдземæн радзорæн, æма нин фенцондæр уй. Хуæрæ мин нæййес, фал дæу нимайун, æрмæст ме 'мбал нæ, фал мæ хуæрæбæл дæр. Нуртæкки рæстæги нæ федар фæллæуун гъæуй, нæ нифс куд нæ басæтта. Куддæр мæнæ фæййервæзæн аци зин уавæрæй, уотæ, уруссагау куд фæззæгъунцæ, «наверстаем упущенное».

Зонæ, мæ рагбонти æмбал, алцидæр хуарз уодзæнæй! Æрбакæсдзæнæй бабæй хори цъита!

## Нæудæсæймаг бон

*Дæ тухæй дæ нифс фулдæр уæд!*

Гъо, аци бонти нæ сæйрагдæр гъæуй Нифс, Нифс! Æндæр, е дæр ма ку басæтта, бунтон исæвд ба уæд уодзæнæй. Æнæ Нифсæй цæрæн нæййес, зæгъгæ, зæгъуй æмбесонд, уæдта ма: *«Зæрдæ – æхсарæдæттæг».*

Анзи рæсугъддæр æма зæрдæмæдзæугæдæр афонæ ралæудтæй, æ райдайæн æй. Фæцæй мартъий мæйæ. Æгайтима фæцæй, уæд бæлæстæ, зæнхæ цидæр мæгурхуз, бæгънæг фæуунцæ. Хор ку æрбакæсуй, уæд ругæ хæссуй æ хæццæ. Зæрæндтæ уотæ дзурдтонцæ мартъий мæйи туххæй, е, дан, æй гъæнтæ бæрæггæнæг. Æма, æцæгæйдæр, уотæ æй. Зумæги æндæргъци адæймаг исæнæхъаурæ уй, æма медæгæй кæмæ ци нез фæууй, е уæлахез кæнун байдайуй. Раги-еу царв, цихтитæ, соргонд фид, халсартæ, рæзæй дæр ма ка æрхъæртидæ, уони фæстауæрцæ кодтонцæ мартъий мæйæмæ.

Фал мæнæ нур æй хумгæнæни мæйи астæу, бæлæстæ тумугъæй байдайунцæ къомбох уадзун, еуæй-еуетæ ба дидинæг калунцæ. Мæргътæ дæр еци-еуæй æртæхиуонцæ Хонсарæй. Æма-еу аци афони сæумæй изæрмæ сæ зарунæй не 'нцадæнцæ, ерис-еу кодтонцæ, мадта ка рæсугъддæр æма хуæздæр разардзæй, зæгъгæ. Нур ба? Кæми æнцæ, кæми? Сæхе кæми баримахстонцæ мæргътæ? Етæ дæр, æвæдзи, аци лæгъуз незæй фæттарстæнцæ, æма сæхе нилхъивтонцæ. Фал – кæми?

Алкæми дæр ку ес аци нез. Цæмæндæр бæлæстæ дæр нæ тагъд кæнунцæ къомбох уадзунмæ, етæ дæр нийгъустонцæ цæмæдæр, ниссабур æнцæ, æнгъæлмæ кæсунцæ… Цæмæ?

Фиццаг загътонцæ хецауадæ, карантин уодзæнæй нæудæсæймаг апрелмæ, нур ба аци бон нæуæг унаффæ рахастонцæ – хумгæнæни мæйи кæронмæ, дан, уодзæнæнцæ æнæкосгæ бонтæ. Уавæр лæгъузæй-лæгъуздæр кæнуй. Тугъди рæстæгиеу тугъдон сводкæмæ куд игъустонцæ адæн, уотæ нур дæр игъосæн. Æма уæддæр цæйбæрцæдæр рæстæг знаг бурста размæ, ахæста берæ горæттæ, гъæутæ. Арфдæрæй-арфдæр цудæй, берæ зиантæ цудæй. Уоци хабæрттæй адæймаги зæрдæ мæгур кодта, цалинмæ дзæбæх нихкъуæрд нæ равардтонцæ советон адæн фашисттæн, æма ледзун нæ байдæдта знаг. Уæгъдæгонд цудæнцæ нæ горæттæ æма гъæутæ, адæн цийнæ кодтонцæ… Нур дæр уотæ, нецима хуарз хабар игъусуй, цъаммар знаг – æгъатир нез, бонæй-бонмæ фулдæрæйфулдæр горæттæ ахæссуй, уæлахез бал кæнуй. Уой æнгъæл ба кæд адтæнцæ, советон рæстæги ка исгъонбæл æй, етæ, æма 9 Маййи Уæлахези бон бæрæггонд не ’рцæудзæнæй. Нур ба уомæ цæуй гъуддаг. Ци ма зæгъæн… Дзурдтæ нæбал ес.

Дессаг æй, дес кæнун дæр нæ гъæуй, адæймаг гъæунгæмæ нæбал æндеуй рацæун, уæдта…

*Уæ, фæдес! Фæдес! Фæдес!*
*Æрбампурста цъаммар знаг.*
*Фæззиндтæй æнахур нез,*
*Лæгъузмæ цæуй гъуддаг.*

*Кæмæй корæн нур æнхус?*
*Æ нихмæ нур куд тохæн?*
*Бæргæ кæнæн имæ зуст,*
*Нæ тумбулкъох æздохæн.*

*Нæма тæрсуй æппундæр,*
*Уæлахез бал е кæнуй.*
*Нæма зиннуй æ бун дæр,*
*Æрдзæ дæр нур ку кæуй.*

Æцæгæйдæр, кæуй æрдзæ… Сабур кудт кæнуй, не ʼнцайуй æ гъенцъунæй. Некебал неци лæдæруй: Зæнхæ, æрдзæ, адæймаг, цæрæгойтæ, мæргътæ... Еугурæйдæр бампулдæнцæ æма гъуди кæнунцæ: «Ци уодзæнæй идарддæр? Ци нæмæ æнгъæлмæ кæсуй?»

## Инсæййæймаг бон
## Дзубанди зæрди хæццæ

Зæрдæ, ци мæмæ дзорис? Ду алцидæр ку фæллæдæрис рагацау, уæд нур цæмæннæ неци дзорис? Æрмæстдæр ресис, уод дæр ресуй. Зæрдæ, зæрдæ! Байамонæ, ауæхæн рæстæги ци гæнгæ ʼй, уой. Æви ду дæр нæ зонис, куд æма ци æй, уой. Нæ зонис, нæ, æндæр ести амонисæ. Зæрдæ, ду дæр мæтъæл дæ, хъæбæр мæтъæл. Æма, цийнæ ба цæбæл кæнай. Алливарси ци цæуй, уомæ кæсгæй, цийнæгæнæн куд ес. Тæрсун, тæрсун, æма ку нæ бауорамай аци лæгъуз рæстæги цаутæ. Æнæуой дæр фæллад дæ, берæ цæбæлдæрти фæрристæ. Нур бабæй, уинис? Куд фæззæгъунцæ: *«Кæд цæфæй нæ мæлис, уæд дин – рæхуст».*

Зæрдæ, æхсайис аллирдæмæ, мæтæ кæнис хеуонтæбæл, зонгитæбæл… Алкедæр Хуцау гъæуай кæнæд! Зæрдæ, дæхе къолтæбæл хуайис, е хуарзи бæрæггæнæн нæ ʼй. Æлхъевис дæхе.

Зæрдæ, фал уæддæр ду гъæуама лæдæрай, ци уодзæй идарддæр. Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ, мæ зæрдæ дарун, зæгъгæ. Фал ку неци ма лæдæрун кæнис. Бонæй-бонмæ унгæг кæнис, зæрдæ. Æма ду ку фæуунгæг кæнис, уæд цæстисугтæ фемæхсунцæ, æма богъ-богъæй кæуис.

Зæрдæ, кæд цийфæнди лæгъуз, æнамонд рæстæг искодта, уæддæр ма ниддор уо, ма! Ду ку ниддор уай, уæд бунтон исæвд æй. Уарзт гъæуама уа дæ медæги: уарзт æрдзæ, цæрæгойтæ, арв, стъалутæ, Зæнхæ, мæргътæ, дидингутæ, бæлæстæмæ…

Зæрдæ, гъо, уарзт уа адæймагмæ, æма фудæнхæ макæмæ хæссæ, алкæмæндæр хуарз зæгъæ. Æууæндæ Хуцаубæл! Уо кæдзос, дæхемæ лæгъузæй маци бауадзæ… Зæрдæ, зæрдæ, нифс уо, федар уо, уæдта алцидæр хуарз уодзæнæй!

## Дууин фиццаг бон

Бæнттæ уоци æнкъардæй цæунцæ. Æндæмæ не ’нгъезуй цæун, æма æрмæстдæр къæразгæй, балкъонæй кæсис хуæнхтæмæ, алливарсмæ. Фал зæрдæ нæ рохс кæнуй сæ уиндæй. Хуæнхтæ уоци æдзæмæй лæуунцæ. Етæ дæр лæдæрунцæ, дуйней ци хабæрттæ цæуй, уой. Нийгъустонцæ, уоци сабурæй лæуунцæ, сæ цъоппитæбæл ци мет ес, е дæр тайунмæ нæма гъавуй. Цæргæстæ ратæхæ-батæхæ фæккæнунцæ хуæнхти сæрти, нур ба етæ дæр сæхе баримахстонцæ, цидæр фæцæнцæ.

Хор рæфти къæразгæй ку æрбакæсуй, уæд дæхе ци фæккæнай, уой нæбал фæззонис. Цидæр æнадæ каст фæккæнуй, цума дæ мæстæй маруй, уотæ. Рæвдаугæ, зæрдæмæдзæугæ каст нæ кæнуй, фал цидæр зуст, мæстгун. Адæймагмæ уотæ фæккæсуй, цума дæ мæстæй маруй æма ма дин дæ мастбæл цæнхæ кæнуй. Уотæ дæр разæгъис, уой бæсти мæтъæл бон уæд, уаргæ дæр кæнæд, уомæн æма уод дæр унгæг æй, уæдта зæрдæ дæр æнкъард æй.

Сæумæй райдайун кæсун къæразгæй, уæдта, зæгъун, еу цъеу тæхгæ ку фæууининæ, фал – неци. Мудибиндзитæ дæр цидæр фæцæнцæ. Кæми æнцæ? Аци афони, бæлæстæ къомбох ку фæууадзунцæ, еуæй-еуетæ ба дзæгæрæг ку фæккæнунцæ, уæд бæлæстæбæл берæ ку фæббадуй, сæ дув-дув ку фæццæуй.

Хуарз хабарæй неци игъусуй, уавæр лæгъузæй-лæгъуздæр кæнуй… Кæд фæссæтдзæнæй, кæд? Кæд раййевдзæнæй хуæздæрмæ? Ке бафæрсæн, ке?

## Дууин дуккаг бон

Устур бæрæгбон æй абони киристæнттæн – Комуадзæн. Æгас дуйнеййи киристæнттæ ковунцæ Хуцаумæ. Аци бон райгас æй Киристе, æма æцæгæйдæр райгас æй. Табу Æхецæн!

Хуцау, табу Дæхецæн! Аци лæгъуз, цъаммар рæстæгути, æрмæстдæр Ду зонис, цæмæн нæбæл ралæудтæй ауæхæн рæстæг. Ду зонис, кæд фæууодзæнæй, æ кæрон кæд æрцæудзæй аци æлгъист догæн. Дзæгъæли нæ дæттис аци фæлварæнтæ адæнæн. Дæ рази, æвæдзи, хъæбæр фæффудгин æнцæ.

Хуцау, табу Дæхецæн! Æз дæуæй хатир корун. Кæд ескæ-

ми фæррæдудтæн, кæд Дæ рази фудгин дæн, уæд мин ниххатир кæнæ! Æнхусгæнæг уо, ка мин ес, уонæн – мæ бийнонтæн, æнæнез, æнæмаст нин раттæ. Гъæуай нæ кæнæ! Мах ба дæмæ ковдзинан. Фæййервæзун нæ кæнæ, мæнæ ци талæу фæззиндтæй, уомæй.

Хуцау, табу Дæхецæн! Æнхусгæнæг уо!

## Дууин æртиккаг бон

Аци бонмæ адтæй карантин, фал уавæр хуæздæр нæ, фал лæгъуздæр ке кæнуй, уой туххæй ба æй раргъавтонцæ хумгæнæни мæйи кæронмæ.

Ауæхæн рæстæги алли адæймаг дæр ку рагъуди кæнидæ, кæд æма кæми фæффудгин æй Зæнхæ, Хуцауи рази, адæн – кæрæдзей зæрдихудти куд цæунцæ. Æ рæдудбæл алкедæр Хуцау æма Зæнхи рази ку басæттидæ æма хатир ку ракоридæ, уæд кæд ниххатир кæниуонцæ етæ адæнæн, æма уавæр фæххуæздæр уидæ. Адæймаг нæ лæдæруй, ци уавæр исæвзурдæй, уой. Нуртæккæ гъæуй кæрæдзей лæдæрун, кæрæдзебæл хуæцун, уарзун Адæймаги, хатир кæнун, барун… Зундгинтæ уотæ кæнунцæ. Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: *«Æнгон цауæйнæнттæ саг марунцæ, æнгон бийнонтæ цард ерунцæ»*. Еугæйттæй неци бакæндзæнцæ адæн. Еумæ ку уонцæ, уæдта аци æверхъау незбæл дæр фæууæлахез уодзæнæнцæ, цард дæр фæххуæздæр уодзæнæй.

Хор кæсуй еци æнадæ кастæй, зæрдæ унгæг кæнуй. Мæнæ цуппар фарсей астæу ахæсти бадæ. Гъæуама куд уа адæймаг? Ци уодзæнæй исон, уой ма зонæ. Æууæнкæ цидæр фæцæй. Ауæхæн рæстæгути рабæрæг уй, ка ци æй, е. Еуетæ уавæрæй пайда кæнунцæ сæхе хуарзæн, мадта мæ дзиппи ести æхца ниввæрон, зæгъгæ, иннетæ, æхцагинтæ, сæхе ауонмæ раистонцæ æма æнгъæлмæ кæсунцæ, кæд фæуудзæнæй аци рæстæг, уомæ. Рæстæнбесцæрæг адæн, мæгуртæ сæ къумти сабурæй бадунцæ, бампулдæнцæ, уотемæй. Фал, ес уæхæнттæ дæр, нæ амондæн, берæ æнцæ: аци зин рæстæги етæ æнхус кæнунцæ, зин уавæри ка æй, уонæн. Æригæнтти астæу дæр ес берæ уæхæнттæ, æма хæссунцæ хуæруйнаг, хуастæ мæгуртæн.

Гъо, ауæхæн зин уавæри рабæрæг уй, ка ци æй, е…

## Дууин цуппæрæймаг бон

Хуарзæй аци бонмæ неци ма ес. Куд кæнæн, ци кæнæн? Нæ зонæн… Уæддæр ма адæни телефонтæ ергъæв кæнунцæ… Кæрæдзей фæрсунцæ, хабæрттæ зонунцæ, нифсæвæрæн дзубандитæ кæнунцæ… Мадта ци кæнонцæ?

## Дзубанди телефонæй

– Дæ бон хуарз, мæ дзæбæх æмбал! Куд дæ? Ци хабæрттæ дæмæ ес аци зин рæстæги?

– Куд дæн, куд? Хуарзæй неци, гъæуама куд уон? Мæйæмæ хæстæг мæнæ ахæсти ан, фал уæддæр, Хуцауæй боз, сæйгæ ма фæууæн, æндæр мæнæ дзубанди кæнун фæрсти хæццæ. Мæхе хæццæ ба аци рæстæги, дзубанди нæ, фал хилæ дæр, амонгæ дæр кæнун… Ходгæ, кæугæ… Алцидæр фæууй мæн æма мæн астæу. Мадта ци кæнæн æз æма æз. Дууемæй ан цуппар фарсей астæу…

– Уæ, мæ дзæбæх, ма мæ тæрсун кæнæ. Нур ци дзубандитæ кæнис? Кæми æй дæ нифс? Уотемæй дæ ку нæ зудтон. Дæ базуртæ бунтондæр ку æруагътай. Уотæ не ’нгъезуй. Адæймагмæ гъæуама хъаурæ уа æма æрлæууа зинти нихмæ. Ма бауадза фæуунæлахез ун аци знаги дæхебæл. Гъо, æртухстæй дуйне, Уæрæсе, нæ Иристонбæл. Фал æууæндун гъæуй, уæлахез ралæудзæнæй. Нуртæккæ сæйрагдæр æнцæ *Æууæнкæ* æма *Нифс*. Æууæндун исони бонбæл, исони хуæздæрбæл. Ку фесафæн нуртæккæ нæ æууæнкæ, уруссагау – вера, уæд е неци хуарзмæ рацæудзæнæй. Хуцаубæл æууæндæ, е нæ бауадздзæнæй фесафун адæни. Исон нæ исуæгъдæ кæндзæнæй аци æфсойнæй. Нур нин ци фæлварæнтæ дæттуй, етæ, дæхуæдæг зундгин дæ æма ’й зонис, дзæгъæли нæ ’нцæ. Мæнмæ уотæ кæсуй, æма аци фæлварæн хæссун ку бафæразæн, дзæбæхæй си ку рацæуæн, нæ цæсгон ку нæ ницъцъумур кæнæн, уæд уой фæсте ба Хуцауи хуæрзтæй хайгин уодзинан. Гъо, гъо, е уотæ уодзæнæй!

Уæдта ма, мæн амонун дин æй нæ гъæуй, фал дин уæддæр зæгъун – дæ нифс макæд басæттæд. Дæхебæл фæххуæцæ! Зонун æй, ду алцидæр дæ зæрдæмæ хæстæг есис. Лæдæрун, нуртæккæ дæуæн куд зин æй, уой. Фал, рагъуди кæнæ, исто-

рий цал æма цал тугъдтитæ, лæгъуз цаутæ, незтæ адтæй. Гъо, мах уой æнгъæл некæд адтан, æма ауæхæн рæстæгути цæрдзинан. Æвæдзи, уотæ загъд адтæй. Æма нур ба гъæуама федар фæллæууæн, æндæр гæнæн дæр нæййес. Зонун, ду нуртæккæ дæхебæл нæ мæтæ кæнис, фал дæ хæстæгутæ, хеуæнттæ, æмбæлттæ, зонгитæбæл… Ци йбæл дзорун, æгас дуйней адæнбæл дæр мæтæ кæнис. Уæдта, æрмæст адæнбæл нæ, фал цæрæгойтæ, зайæгойтæбæл…

Мæ дзæбæх æмбал, зонун æй, дæу хузæнттæн аци зæнхæбæл зин цæрæн æй. Аллирдигæй – рæхуст, зуст, гъæр, æдзæстуарзондзийнадæ, лæгъуз миутæ… Ду ба кæдзос дæ, мæнæ сауæдони дони хузæн, æма дин зин æй…

Цардæй хъазардæр неци ес зæнхæбæл, æма аргъ кæнун гъæуй, сæумæ ку æрбарохс уй, уомæн, хорискастæн, бони ралæудæн, уарунæн, зæнхæн… Уинис, бæлæстæ минкъийгай-минкъийгай сæ уалдзигон дарæс куд кæнунцæ, уой. Дидингутæ куд фæззиндтæй, кæрдæг фæцъцъæх æй. Уони уинис, æнкъарис, уæд цæрис! Цард ба – Цард æй! Алли зинбæл дæр фæуувæлахез уодзæнæй!

## Дууин фæндзæймаг бон

Цæунцæ æнтъуснæгæй бæнттæ. Зæрдæ æхе къолтæбæл хуайуй. Хор нæ кæсуй, æма е хуарз æй. Уарун бони æнцондæр æй хæдзари ун. Æндегæй куд мæтъæл æй, уод дæр уотæ мæтъæл æй. Æма медæгæй мæ уоди дæр уаруй. Гъо, уаруй æма уаруй…

Зинтæй, дан, адæймаг æхседгæ кæнуй. Гъо, е уотæ æй, фал райдайæнæй кæронмæ дæ усхъитæбæл устур уаргъ ку хæссай, уæд еу рæстæги дæ бон нæбал уодзæнæй, æртасдзæнæ, æрхаудзæнæ. Дæ бон исистун нæбал уодзæнæй. Фиццаг ма архайдзæнæ дæ уæргутæбæл ислæууынмæ, гъо, цодтæ-модтæгæнгæй рацæудзæнæ цалдæр къахдзæфи, уæдта фæстæмæ æрхаудзæнæ. Цалдæр хатти фæлвардзæнæ исистунмæ, фал уодзæнæй уотæ, æма нæбал бафæраздзæнæ исистун, уомæн æма, уал æма уал анзи ци уаргъ фæххаста адæймаг, е æй æрсаста, æрлæмæгъ кодта… Цийфæнди федар бæласæ дæр уадæ думгитæ, устур уарунтæн нæ бафæраздзæнæй. Еу хатт рахаудзæй еци тухгин думгæй, адæймаг

дæр, мадта, уотæ. Берæ дæр дзорæ медæгæй дæхецæн, – æз фæразон дæн, нихсистæн зинтæн, берæ алцитæ фæууидтон, устур ивулд дæнтти сæрти рахизтæн, бафтудтæн цъимарамæ, фæййервазтæн си, зæгъгæ. Тар гъæди дæр, сæрисæфæни билæбæл дæр адтæн. Гъо, е уотæ 'й… Фал, кæддæр æрцæуй кæрон…

Хуцау бахезæд, уоци кæрон цæмæй æрцæуа. Фал, хъаурæ сæттуй, лæмæгъæй-лæмæгъдæр кæнуй адæймаг. Уæ, кæмæй фегъоса адæймаг нифсæвæрæн дзурд?! Фæдес, фæдес, фæдес!

## Дууин æхсæзæймаг бон

Цийфæнди ку уа, уæддæр æрдзæ тухгин æй. Кæд æрæгæмæ игъал кодтонцæ бæлæстæ, уæддæр, мæгур, фезмалдæнцæ сæ бунатæй. Фæззиндтæй сæбæл къомбох, цъæх кæрдæгбæл дидинæг калунцæ къаппæ-къуппитæ. Горцъей хузæн æй зæнхæ. Гъо, анзи афæнттæй тæккæ рæсугъддæр æма зæрдæмæдзæугæдæр æй уалдзæг. Игъал кæнун байдæдта æрдзæ… Фал гъæуама адæймаг куд цийнæ кæна еци рæсугъддзийнадæбæл? Беретæ бадунцæ сæ берæуæладзугон хæдзæртти фатерти æма къæразгæй фæлгæсунцæ, гъæунгæмæ рацæун не 'нгъезуй. Гъо, хе хæдзæртти ка цæруй, етæ архайунцæ сæ дзæхæрати, уалдзигон куститæ кæнунцæ. Уæддæр еске нуртæкки зин рæстæги уалдзигон уæлдæфæй уолæфуй, æнкъаруй, зæнхæ æ тухи куд цæуй, уой.

*Æдта ци æнкъард уалдзæг æй, ци…*
*Ци фæцæй игъæлдзæг?*
*Фæззиндтæй кæундзæг.*
*Кæми æй нур и гъар?*
*Нæ игъусуй нæ – зар…*

## Дууин æвдæймаг бон

Аци бон æй майрæнбон.

Ци æрхæсдзæнæ цума, ду ба? Ести хуарз фегъосдзæнæй адæймаг? Æнгъæлмæ кæсæн хуарз хабармæ, фал... Куд фæззæгъунцæ – æнгъæлмæгæсæг нæ фæллайуй.

Сæумæй, кæдæй-уæдæй ма, фегъустон цъеути цъæбарцъубур. Æдта, ци æхцæуæн мин адтæй! Цард, цийфæнди ку уа, уæддæр уæлахез кæнуй. Зæрбатгутæ æртахтæнцæ, сæхе зонун кодтонцæ. Æгас цæуетæ! Кæдимайди ба, сумах æртахт хуарзæн фæууидæ, цъаммар нез фæлледзидæ. Хуцау зæгъæд!

Адæймаг æ царди надбæл ку æрлæууй, уæд æрæвæруй æ усхъитæбæл голлагæ – уаргъ. Фиццаг къахдзæфтæ ку фæккæнуй надбæл, уæд еци голлаги берæ нецима фæууй, æма ’й æнцонæй хæссуй. Æригонæй уотæ æнгъæл фæууй адæймаг, æма уотæ рæуæг уодзæнæй æ уаргъ – голлагæ. Уотæ æнцонæй æй хæсдзæнæй. Гъо, уоци кари гæпп-гæпгæнгæ уайуй æ царди надбæл – рæуæгæй, истæхунмæ ’й берæ нæбал фæгъгъæуй. Æригон адæймагæн æ голлаги ци фæууй, цæбæл фæууй æ сагъæс, æ мæтæ, æ гъенцъун? Ци фæууй æ голлаги? Кизгæ мæтæ кæнуй фулдæр ахурбæл, ахури надбæл ку ’рлæууй, уæд имæ еци мæтæ фæууй, ахур фæууа, косун райдайа. Хæдзари дæр мадæмæ кизгæ хæстæгдæр фæууй, æма Хуцау бахезæд, æма сæйгæ кæнуй æ мадæ, уæд мæтæ кæнуй. Голлаги хæссуйнагбæл æфтуйуй. Кæстæртæ ку фæууй кизгæн, уæд уонæбæл дæр мæтæ кæнуй. Уæлдæр ахурдзийнадæ ку райсуй, уæдта – куст. Мадта, ку бауарзуй, уæддæр бабæй æ голлагæ фæуузæззаудæр уй… Биццеуæн æхе хæссуйнаг фæууй, æ голлаги æхе æвæрæн фæууй.

Куд идарддæр цæуй адæймаг æ надбæл, уотæ уæззаудæр кæнуй уаргъ, голлагæ идзаг кæнуй. Æригон адæймагæн æ уаргъ фæууй рæуæг, астæуккаг кари фæуузæззаудæр уй, æ карæмæ ку бахезуй, уæдта идзаггæнгæ цæуй, æ хæссун дæр фæззиндæр уй. Ралæууй уæхæн рæстæг дæр, æма адæймаги бон нæбал фæууй еци уаргъ хæссун.

Алли адæймаг дæр æхе царди надбæл цæуй, æма алкæмæндæр æ усхъитæбæл ци голлагæ-уаргъ фæууй, е æндæрхузи æй. Алкæмæндæр æ голлаги фæууй æхе хæссуйнæгтæ. Еу инней хæссуйнæгтæ нæ зонуй, фал зæнхæбæл уæхæн адæймаг нæййес, æма æ усхъитæбæл еци голлагæ æвæрд кæмæн нæййес. Еуварсæй кæсгæй, уотæ фæккæсуй, æма иннæ адæймагæн æ еци голлагæ нæййес, кенæ идзаг нæ ’й. Фал, куд фæззæгъунцæ, е æрмæстдæр уотæ кæсуй, æндæр ба…

## Дууин æстæймаг бон

Алливарси хуарз хабæрттæ нæма игъусуй, идарддæр ци уодзæнæй, уой неке зонуй. Адæймаг æхемæ æппунæдзох дæттуй фарста: «Ци кæнон?» Мæнæ Николай Чернышевскиййи роман «Что делать?» куд æй, уотæ. Уоци фарст æносон æй. Алли рæстæгутæ, алли уавæрти дæр адæймаги рази ислæууй аци фарст. Фал ин берæ хæттити ба æ бон дзуапп раттун нæ фæууй, кенæ ба ин æппундæр нæ раттуй.

Сæумæй бабæй сæ зартæ кодтонцæ зæрбатгутæ.

## Дзубанди зæрбатгути хæццæ

Ӕгас цотæ, æгас, дзæбæх цъеутæ! Ӕгайтима нæмæ æртахтайтæ фæстæмæ. Ӕз уæмæ хъæбæр æнгъæлмæ кастæн. Ӕрхун уæбæл кодтон. Ӕрæгæмæ ку зиндтайтæ, уæд мæ зæрдæ искатай æй. Гъуди кодтон, кæд сæбæл, зæгъун, надбæл ести æрцудæй, кенæ ба, кæд фегъустонцæ, мæнæ ами ци лæгъуз хабæрттæ цæуй, уой, æма нæбал гъавунцæ æртæхунмæ.

Фал уæддæр, мæн бæргæ фæндуй базонун, – кæми адтайтæ, ци бæститæ фæуунидтайтæ æма уæ хæццæ ци хабæрттæ æрхастайтæ? Мæнæ Къоста куд финста е 'мдзæвгæ «Дзывылдар»-и, уотæ:

*Ӕнгуырдар – дзывылдар,*
*Кæм хæтыс зымæг?*
*Цы бæстæ, цы хæхтæ*
*Фæтæхыс уынæг?*
*Кæм рæзынц, кæм цæрынц*
*Дæ хотæ, дæ мад?*
*Тæхуды, тæхуды,*
*Кæмæн ис дæ чард?*

Гъо, мæ дзæбæх цъеутæ, сумахæй фæффедудта уалдзæг. Уæ цъæбар-цъубурæй игъал кæнтæ адæймаги. Бæлæстæ дæр фегъæлдзæгдæр æнцæ, кæдæй сумах æртахтайтæ, уæдæй. Уотæ æнкъард нæбал æнцæ. Еугурæй дæр сæхе бацагътонцæ. Ӕрдзæ нийгъуста, кæд фæууæлахез уайуонцæ еугурæй дæр уоци цъаммар незбæл, уавæр фæххуæздæр

уидæ. Идзаг реуæй исуолæфидæ адæймаг.

Зæрбатгутæ, æз сумах хузæн тæхун ку зонинæ, уæд бæргæ æрзелинæ алли бæститæбæл. Æркæсинæ, кæми куд æй уавæр. Мæ æнхус кæмæн гъæуй, уонæн фенхус кæнинæ. Зæрдитæ æвæринæ адæнæн. Фал… Нур бал – зæрдæсаст. Нæ зонун, куд уодзæнæй исони бон?

## Дууин фарæстæймаг бон

Адæймаг æхе æргъæвст цъеуи хузæн æнкъаруй. Мæнæ еу уазал, уарун бон цъеу астъонæй куд æрхауа, æма, мæгур, куд бампула, куд баргъæвса, гъе уæхæн уавæри æнцæ нуртæккæ адæн. Гъо, рæстæг берæ… Уотæ рауадæй, æма мæнæ уоци цъаммар нези фудæй адæн гъæуама сæ хæдзæртти бадонцæ. Е син хуарзæн æй, гъома цæмæй сæхе багъæуай кæнонцæ фæссæйгæй. Уæгъдæ рæстæг берæ, ци дæ фæндуй, уой кæнæ… Фал… Берæ хæттити æппундæр неци фæффæндуй адæймаги кæнун, æ иуæнгтæ цума баст фæуунцæ, æ къох исесун дæр æ бон нæ фæууй. Баддзæй æма кæсдзæй, куд фæззæгъунцæ, тугурмæ. Гъе уотемæй фæббаддзæй цалдæр сахатти, бон, кенæ – цалдæр бони. Е, æвæдзи, уомæн уотæ ’й, æма адæймагæн, алливарси ци цæуй, уæдта устур тас, етæ æ иуæнгтæ исбастонцæ, æма ниргъæвстæй, æ хъозги бацудæй.

Кæд æргъæвст фæууй адæймаг, уæддæр æй гъудитæ ба цох нæ уадзунцæ, етæ сæри зелдох кæнунцæ – æрмæст бон нæ, фал æхсæвæ дæр. Адæймаги бон бафунæй ун нæбал фæууй, æ гъудити ахæсти фæууй. Ауæхæн тухст рæстæги куд гъæунцæ ниййергутæ. Уæ, куд хъæбæр гъæуй Мадæ! Дæ хъури æй никкæнæ, радзорæ ин дæ хабæрттæ. Дæ Мади хæццæ зæрдæй-зæрдæмæ фæдздзорæ. Унаффитæ кæнæ. Фал… Ракæсæ-бакæсæ кæнæ, ма зонæ, ке бафæрсай, ке хæццæ раунæфтæ кæнай, уой. Адæймаг æхе уотæ æнкъаруй, цума бæгънæг æй, æма æ бон нæ ’й æ бæгънæгдзийнадæ банбæрзун, Мадæ ку уайдæ, уæд дæ е нимбæрзидæ. Нур ба резис бæгънæгæй. Ци гæнæн ес… Неци, гъулæггагæн, неци. Æрмæстдæр дæ бон æй гъæр кæнун, богъ-богъæй кæун.

## Æртинæймаг бон

Уалдзæг уæлахез кæнуй, устур къахдзæфтæй цæуй. Кæд æрæгæмæ игъал кодта, уæддæр нур ба æ тухи цæуй. Адæймагмæ нифс фæззиндтæй, кæд, уалдзæг куд уæлахез кæнуй, уотæ фæууæлахез уаййанæ аци лæгъуз уавæрбæл дæр. Бæлæстæ сæ рæсугъддæр дарæс искодтонцæ, къомбох сифæ рацæй… Мæнæ кизгæ æ рæсугъддæр кари ку бацæуй, æма ку фæууй кæдзос – сауæдони дони хузæн, хуæрзконд, рæсугъд. Ку нæма фæззонуй нæлгоймаги къохи æвнæлд. Кизгæ цох ку фæууй уоци гъудитæй, уарзт ци æй, уой дæр ку нæма фæззонуй. Рæубеси хузæн, гæпп-гæпгæнгæй, цæугæдонмæ ку фæууайуй бæгъæнбадæй. Æрдзæ æй куд равардта, уотемæй æхе ку фертайуй дони, гъе уой хузæн æнцæ сосгъæдæ бæлæстæ – кæдзос, аййев, æнæвнæлд… Дидинæг калунцæ чилауи, кæрдту бæлæстæ… Мæргътæ дæр, мадта, зарун байдæдтонцæ…

Кæсис къæразгæй, дзубанди кæнис бæлæстæ, кæрдæг, дидингути хæццæ. Мадта, ке хæццæ, ке?

Æхсæвæ… Арвбæл нæуæг мæйæ фæззиндтæй. Кæдзос арв, стъалутæй идзаг æма – къæлæтгун мæйæ. Гъо, стъалутæ дæр уотæ минæг нæбал æнцæ, фæйййирддæр æнцæ.

## Дзубанди нæуæг мæйи хæццæ

Мæйæ, æхцæуæн æй дæ уиндæ! Рандæ ’й зæронд тумбул мæйæ. Хуарзæй неци адтæй уой рæстæги. Зæнхæбæл ци нæма адтæй, уæхæн цаутæ цæуй. Лæгъуз, æверхъау цаутæ. Цъаммар нез уæлахез кæнуй æгас дуйнебæл. Адæни уоци рæстæг хæдзæрттæмæ батардта.

Мæйæ, нæуæг мæйæ, мæнæ арвбæл фæззиндтæ. Нæ бæлдитæ, нæ гъудитæ нур дæу хæццæ баст æнцæ. Ци нин æрхæсдзæнæ, ци? Уæ, æнгъæлмæ кæсæн, кæд уавæр фæххуæздæр уидæ. Дæ каст дзæбæх, ирд æй. Æма нифс бацудæй адæймаги.

Нæуæг мæйæ, радзорон дин, нурмæ цитæ æрцудæй, уой. Фал, кæд нæуæг игурд дæ, уæддæр сæ, мæнмæ гæсгæ, зонис. Зин дин нæ кæнун, уомæн æма нур ду дæ фиццаг къахдзæфтæ кæнис, æма. Фал дæумæ хъæбæр æнгъæлдзау ан, кæд дæ хæццæ æрхæссисæ фарнæ, уарзт, æнæнездзийнадæ… Хуцау зæгъæд, цæмæй уотæ уа!

## Æртин фиццаг бон

Хумгæнæни мæйæн æ кæрон æрцæуй – æй дууин æстæймаг бон. Хуарз мæйæ нæ адтæй. Историй байзайдзæнæй – 2020 анзи уалдзæг. Гъо, байзайдзæнæй – æверхъау æма лæгъуз уалдзæг ке адтæй, уомæй.

Аци фæстаг рæстæги мæ зæрдæмæ цæуй е, æма æппундæр маци дзорæ. Дæ уодмæ хæстæг маци лæгъуз хабæрттæ уадзæ. Фæндуй мæ, цæмæй гъудитæ уонцæ рохс, кæдзос, рагæлдзун гъæуй сау, æнæбæзгæ гъудитæ. Уотемæй æнцондæр, рæуæгдæр æй цæрун. Лæгъуз гъудитæ усхъитæбæл уаргъ æвæрунцæ æма сæ хæссун хъæбæр зин æй.

Фал… Бæргæ архайуй адæймаг, цæмæй æрмæстдæр рохс сагъæстæ уа, фал нæ уайуй. Æрмæстдæр адæймагæн æхецæй гæнгæ ку уайдæ е, уæд бæргæ. Уомæн ес субъективон æма объективон анхосæгтæ. Зæгъдзæнæ дæхецæн, гæлдзун еци сагъæстæ мæ сæрæй, æндæр естæбæл гъуди кæнун гъæуй. Рацæуй цæйбæрцæдæр рæстæг, æма бабæй фæстæмæ раздæхуй адæймаг уоци сагъæстæмæ.

## Æртин дуккаг бон

Хори тунтæ къæразгæй æрбакастæнцæ. Рæуæг думгæ думуй хуæнхтирдигæй, бæлæстæ сæ рæсугъд дарæси сæхе бателунцæ, хори тунтæ сæ рæвдаунцæ. Хуæнхти цъоппитæбæл ма берæ мет ес, цума мæнæ зумæг æй, уотæ. Бонæйбон рæсугъддæр кæнуй æндегæй, мах нуртæккæ кæми нæ ан, уоми. Фал, еци рæсугъддзийнадæмæ кæсæн къæразгæй. Уой æнгъæл ба кæд адтæй адæймаг, æма дин гъæунгæмæ рацæуни барæ ма уæд. Тæссаг æй, ци нæ фæууй… Æверхъау нез нæ алливарси æй, ци къумæй рагæпп кæндзæнæй, е бæрæг нæ ’й.

Царди уæхæн рæстæг фæууй, æма цæстисугтæй мегъæ исистуй цæстити рази, фал мин хатти зиндæр ба е æй, уод ку кæуа, цæститæ ба сор ку уонцæ, уæд. Æма мæнæ нур ба уæхæн рæстæг искодта, æма цæстити рази дæр мегъæ ес цæстисугтæй, уод дæр кæуй. Идарддæр ба ци уодзæнæй?

## Æртин æртиккаг бон

Уалдзæги дуккаг мæйæ... Зæгъæн ес, æма нæ хæдзæртти æхгæдæй рарвистан. Уотæ гъæуй, уæд гъæуй. Бæргæ ку фæууидæ аци рæстæг, незæй ку нæбал тæрсиуонцæ адæн. Нуртæккæ анзи рæсугъддæр афонæ, æма гъæуама еугурæй дæр: сувæллонæй, фæсевæдæй, æ кари адæнæй уонцæ æрдзи гъæбеси. Цийнæ кæнонцæ, сæ алливарси ци ес, уобæл. Фал не ’нгъезуй гъæунгæмæ цæун, тæссаг æй уоци цъаммар незæй фæссæйунæй. Бухсдзинан, маке фæссæйгæ уæд, æндæр. Нæ къæрæзгитæй, балкъонтæй, мæнæ цъеу æ астъонæй куд ракæса, уотæ фæлгæсдзинан æндæмæ, цийнæ кæндзинан æрдзæбæл.

Бæрзæ бæласæ ратасæ-батасæ кæнуй рæуæг думгæй, æвзонг, гурведауцæ кизги хузæн æй раст. Адæймагмæ уотæ кæсуй, цума имæ æ медбилти баходуй, нифситæ ин æвæруй.

## Бæрзæ бæласи дзубанди

– Адæймаг, ма тухсæ, алцидæр хуарз уодзæнæй. Куд фæззæгъунцæ, фудлæг æма фудбон берæ нæ хæссунцæ. Мæнæ мæнмæ кæсис? Æз дæр баййафтон зин бонтæ. Адæни тухстмæ кæсун мæ бон нæ ’й. Аци анз иннæ æнзтæй уæлдай æрæгæмæдæр райгъал дæн. Еуæй загътон, нæ кæнун мæ рæсугъд уалдзигон дарæс. Уомæн æма, алливарс ци æвверхъау хабæрттæ цæуй, уæхæнттæ æз, кæдæй аци зæнхæбæл ирæзун, уæдæй нæма фæууидтон. Мæнæ мæ буни ци къела ес, уобæл еу бадæг дæр нæййес. Сувæллон дæр нæбал гъазуй мæ алливарс. Куй дæр ма мæмæ хæстæг нæбал цæуй. Æз аци зæнхæбæл адæймаги туххæй дæн, уомæн æма мæ е ниййаразта. Æма, игъал кæнунмæ ку гъавтон, хори тунтæ мæ ку ’рбатавтонцæ, уæд куддæр уазал кæнун байдæдтон, бампулдтæн, нæ мæ фæндадтæй райгъал ун. Фал, уæддæр мæхебæл фæххуæстæн æма загътон, е хуарз гъуддаг нæ ’й, зæгъгæ. Исон уа, абони уа, уæддæр алци дæр аци зæнхæбæл æ кеми исбаддзæнæй. Нез дæр рандæ уодзæнæй, æма бабæй мæнбæл дæр цийнæ кæндзæнæнцæ адæн, æз дæр син сæ зæрдитæ рохс кæндзæнæн мæ рæсугъддзийнадæй, сатæг син дæтдзæнæн. Æма бабæй къелабæл баддзæнæнцæ

мæ буни сувæллæнттæ, зæрæндтæ… Изæригæнтти бабæй кизгуттæ æма биццеутæ уоци къелабæл сæ уарзти туххæй дзордзæнæнцæ. Æз сæ мæ къалеутæй римæхсдзæнæн, æма етæ хъуритæ æма батæ кæндзæнæнцæ, сæ уарзт кæрæдземæн дæтдзæнæнцæ.

* * *

Аци бонмæ загъд адтæй карантини рæстæг. Фæцæй хумгæнæни мæйæ, фал уавæр хуæздæр ке нæ кæнуй, уой туххæй раидарддæр кодтонцæ карантини бонтæ. Нур бал маййи мæйи астæумæ. Уæдта бæрæг уодзæнæй.

## Æртин цуппæрæймаг бон

Аци бон æй маййи фиццаг бон. Раздæр, Советон Цæдеси ку цардан, уæд куд бæрæг кодтонцæ адæн, бæстæ аци бæрæгбон! Ци рæсугъд бæрæгбон адтæй! Алливарс дидинæг калуй. Горæттæ, гъæути адæн сæ рæсугъд дарæс искæниуонцæ æма рацæуиуонцæ гъæунгæмæ плакаттæ, дидингутæ, турусатæ, шарти хæццæ. Кæрæдземæн арфитæ кæниуонцæ, цийнæ кæниуонцæ. Æрмæстдæр игъусидæ фæндурдзагъд, зарун, ходун… Кафиуонцæ зæрондæй, æригонæй…

Нур ба – зæрдæмæгургæнæн бонтæ. Адæймаг дидингутæбæл дæр нæбал цийнæ кæнуй. Æхемæ игъосуй. Æрмæстдæр ма сагъæс æма мæти буни фæцæй.

Маййи мæйæ, æгас цо! Нæ зæрдæ ма дæубæл дарæн, кæд ма ду æрхæссисæ дæ хæццæ хуарздзийнæдтæ, дзæбæх хабæрттæ, æнæнездзийнадæ. Кæд рандæуидæ аци æверхъау нез дæр. Æма бабæй кæд райгъусидæ ходун, фæндурдзагъд, зарун… Адæн цæуиуонцæ нæ Иристони кæмттæмæ уолæфунмæ, дони билæмæ… Ескæд ма е уодзæнæй? Уотæ кæсуй адæймагмæ, е адтæй уæртæ кæддæр – евгъуд царди…

## Æртин фæндзæймаг бон

Маййи мæйи дуккаг бон. Гъо, цæуй нæ бæсти зæнхæбæл май. Раздæр загътаййанæ – устур къахдзæфтæгæнгæ цæуй, зæгъгæ. Фал нур ба уотæ неке зæгъдзæнæй. Уомæн æма алцæмæндæр нуртæккæ æ цуд фæссабурдæр æй. Маййи мæйæ

дæр гъузгæ-гъузгæ цæуй. Адæймагмæ уотæ кæсуй, цума æфсæрми кæнуй аци æверхъау рæстæги æ рæсугъддзийнадæй. Алливарс дидинæг калуй, æма æнæ уотæ дæр нæййес.

## Маййи мæйи дзубанди

– Ци кæнон мадта, æрдзи змæлд нæ бауорамдзæнæ. Бæргæ ку нæ уидæ уæхæн зæрдмæгургæнæн рæстæг. Гъо, бауорæдтайнæ мæхе иннæ анзмæ, дзæгæрæг нæ ракалдтайуонцæ бæлæстæ, дидингутæ нæ фæззиндтайдæ. Æма е куд адтайдæ? Кæд адæни зæрдæ мæгур æй, уæддæр ма син алливарси рæсугъддзийнадæ еу минкъий сæ зæрдитæ рохс кæнуй, нифс си уадзуй. Кæд мæ бон естæмæй фенхус кæнун æй уавæр фæххуæздæр кæнунæн, уæд байархайдзæнæн. Фал, æвæдзи, мæн бон дæр фенхус кæнун уодзæнæй уæд, æма мин сумах дæр – адæн – ку æнхус кæнайтæ. Ауæхæн рæстæги гъæуама æрдзæ æма адæймаг кæрæдзей хуæздæр лæдæронцæ, æнхус кæнонцæ кæрæдземæн. Уæд нæ тухæ дæр фулдæр уодзæнæй. Кæддæр зундгонд уруссаг финсæг Фёдор Достоевский æ роман «Идиот»-и уотæ загъта: *«Красота спасёт мир».* Æма мæн дæр ес нифс, мæ рæсугъддзийнадæй кæд фæййервæзун, фæххуæздæр кæнинæ уавæр. Кæд рандæуидæ уоци хъилма. Исуæгъдæ кæнидæ адæни е ’фсойни бунæй. Хуцау нин æнхус кæндзæнæй!

* * *

Маййи мæйæ, бæргæ, бæргæ! Сау талингæбæл бæргæ ку фæууæлахез уидæ рохс; фудкондбæл – рæсугъддзийнадæ; æнамондбæл – амонд; незбæл – æнæнездзийнадæ; мæтъæлбæл – цийнæ; кæунбæл – ходун… Еу загъдæй, тагъддæр ку ралæууидæ Уæлахез уоци æверхъау незбæл!

## Æртин æхсæзæймаг бон

Адæймаг еунæгæй ку фæууй ауæхæн рæстæги, уæд берæ гъудитæ сæрмæ цæунцæ. Циуавæр ба си уæд нæййес. Кæми нæ равзуруй, ци уавæри нæ бахауй… Уæд кæмидæр гъæди, цъимарай, денгизи, хуæнхти… бафтуйуй, кенæ рæсугъд дидинæггун будури, рæзбуни, бæлæстæ еугурæй дæр диди-

нæг кæми калунцæ, мæргътæ кæми зарунцæ рæсугъд зартæ. Уæдта иннæ хатт ба – сауæдони билæбæл… Гъо, гъудити адæймагæн берæ гæнæнтæ ес. Æнæуой царди дæр бæргæ уотæ ку уайдæ, фал…

Уал æма уал бони хæдзари æрмæстдæр мæхе хæццæ дæн сæумæй изæрмæ. Адæймаг косгæ ку фæккæнуй, уæд минкъий рæстæг фæууй хæдзари: æхсæвæ, изæр æма сæумæ. Нур ба æхсæвæй-бонæй. Æма дзубанди кæнис дæхе хæццæ, хилæ кæнис дæхецæн, арази, кенæ нæ дæ арази дæхецæй, ходис, кæуис дæхе хæццæ. Гъо, адæймаг æ царди надбæл берæ цидæртæ фæууидта, берæ цидæртæ бавзурста – хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр. Æнæуой царди дæр арæх фæдздзубанди кæнуй æхе хæццæ. Мæнæ нур дæр кæцидæр хатт дзубанди кæнун мæхе хæццæ.

## Дзубанди мæхе хæццæ

Гъо, уотæ зæгъунмæ гъавис, æма царди берæ зинтæ бавзурстай, къæхæнтæ æма урдгути фæццудтæ, бахъæртисæ сæрисæфæни билæмæ дæр, фал бабæй раздæхисæ. Уæхæн уавæр уидæ дæ царди, æма зæгъисæ, нæ, мæ бон нæбал æй, нæбал, зæгъгæ. Нуртæккæ ратондзæнæй бæттæн, ниххаудзæнæ сæрисæфæнмæ. Уидæ уотæ, æма дæ фурæнæбонæй дæ уолæфт æрбахгæнидæ, зæгъисæ ма: «Еу кæдзос уæлдæфи цъиртт»…

Мæнæ аци æнтъуснæг бонти берæ рæстæг ес сагъæстæн. Цæстити рази ислæуунцæ евгъуд царди бонтæ. Уотæ фæззæгъунцæ, евгъудмæ мабал æздæхæ, хуарзæй си неци ес, уæдта дин пайда дæр неци æрхæсдзæнæй. Æвæдзи, е раст æй, фал уæддæр кæмидæр ба арази нæ дæн. Евгъудæй райсун æнгъезуй, хуарзæй си ци адтæй, уой. Кæмидæр дин зин рæстæгути ци æнхус кодта, уой. Адæймаг рæдуйгæ дæр кæнуй, æма фулдæр ахур кæнæн нæхе рæдудтитæбæл. Уой фæсте искæнæн хатдзæг дæр, æма нæ нури царди архайун гъæуй, цæмæй уомæй испайда кæнæн.

Алли адæймагмæ дæр ес медæгæй римæхст хъаурæ, ку багъæуй, уæд æхе равдесуй. Хъаурæ, зæгъун, уæззæуттæ хæссунæн нæ, фал – хъаурæ зин рæстæги нифс нæ басæттунæн, ауæхæн уавæри федарæй къахбæл лæуунæн, хъаурæ

– раст гъуди кæнунæн, хъаурæ – фæуугæлахез унæн мæтъæл гъудитæбæл…

Гъо, хъаурæ гъæуй! Дæхецæн бæргæ дзорис, нифситæ дæр æвæрис… Фал, фæууй уæхæн рæстæг, æма хъаурæ басæттуй, дæ бон нецибал фæууй, æрмæст ма кæуис, цæстисугтæ ростæбæл уайунцæ дæ фур æнæбонæй.

Гъо, некæдма адтæй зæнхи цъарæбæл ауæхæн уавæр. Ци гæнæн ес? Дæумæ дзорун, дæумæ, мæхуæдæг, дæхебæл фæххуæцæ, нифс дæмæ ку уа, æууæндундзийнадæ хуæздæрбæл, уæд фæууæлахез уодзæнæ! Рандæ уодзæнæй аци рæстæг дæр, байзайдзæнæй нæ евгъуди.

## Æртин æвдæймаг бон

Æзинæ изæрæй арв хъæбæр ниссау æй. Уарун æрбацудæй. Тух уарун адтæй. Арв нигъгъæр кодта. Кæд раздæр нигъгъæр кодта, уæддæр нæ зонун, æз æй æрмæстдæр нур фегъустон. Æрттивта, гъæр кодта арв. Фал куддæр арæхстгай гъæр кодта, æвæдзи, тæрегъæд кодта адæнæн. Æнæуой дæр етæ тухст æма æфхуæрд æнцæ, æма сæ æ гъæрæй никки хъæбæрдæр нæ тæрсун кодта. Уарун æхснадта бæлæсти нæуæг сифтæ, дидингутæ, кæрдæг, хæдзари сæртæ… Кæдзос кодта ругæй, кæд сæбæл ескæми еци хъилма бадтæй, уæд уой дæр æндæ кодта.

Цæмæндæр бабæй нæбал уинун мæргъти, сæхе баримахстонцæ. Зæрдæ æрбаунгæг уй. Ку фæззиндтæнцæ цъæбарцъубургæнгæ, уæд нифс бацудæй адæймаги, уавæр хуæздæр ке кæнуй, уомæй. Фал, нур бабæй хуарзмæ нæбал æнгъæлмæ кæсæн. Уавæр хуæздæр нæ, фал лæгъуздæр кæнуй. Идарддæр ци уодзæнæй?

Зæнхæ, Арв, Хор, Мæйæ… Сумах фенхус кæнтæ, цæмæй аци зин уавæрæй фæййервæза адæймаг, уомæн.

## Æртин æстæймаг бон

Рæуæг думгæ хуæнхтирдигæй думуй æма змæлун кæнуй бæлæсти къалеутæ, сæ уалдзигон сифтæр сæбар-субур кæнуй. Кæрæдземæн сосæггай цидæртæ дзорунцæ сифтæ. Кæд рæсугъд æнцæ, æвзонг кизги хузæн бæлæстæ, уæддæр сæбæл бæрæг æй сæ æнкъарддзийнадæ. Фæндуй сæ адæймаги

зæрдæ барохс кæнун, фал кудæй, уой ба нæ зонунцæ. Горæти парктæ, палисадниктæ, гъæунгтæ, газонтæ, проспекти нуртæккæ ес берæ аллихузон рæсугъд уалдзигон дидингутæ. Æма етæ дæр мæтъæл æнцæ, уомæн æма сæбæл цийнæгæнæг нæййе. Ке туххæн арæзт æнцæ? Адæймаги! Фал, уотæ рауадæй, æма сæбæл аци уалдзæг неке бацийнæ кæндзæнæй. Гъо, е æбуалгъи хабар æй. Ци гæнæн ес.

## Æртин фарæстæймаг бон

Гъо, нур уал бони æндæмæ цæун не ’нбæлуй. Тæссаг æй уоци хъилма незæй фæссæйгæ унæй. Бийнонтæ кæми ес, уоми зин гъæуайгæнæн æй, уомæн æма сувæллон дæр рауайуй гъæунгæмæ, æригон адæймаг ку уа, уæддæр. Туканмæ, аптекæмæ дæр цæун гъæуй. Фал, еунæгæй ку уай уойбæрцæ рæстæг, уæдта уотæ уайуй, æма, мæнæ уруссагау куд фæззæгъунцæ: «Варишься в собственном соку». Уотæ фæккæнæн хе соки пæмидортæ, æма хуарз, адгин рауайунцæ. Мадта, хе хæццæ дæр лæгъуз нæ ’й, дæхе хуæздæр базондзæнæ. Зæгъдзæнæй еске, кæд нури уæнгæ нæ базудтай дæхе, уæд нур ба нæбал базондзæнæ, зæгъгæ. Фал е раст нæ ’й. Адæймаг, мæнмæ гæсгæ, тæккæ минкъийдæр зонуй æхе. Цард гъе уотæ ’й, æма ’й æхемæ нæ фæййевдæлуй. Æнзти æндæргъци догъ кæнуй, æхе хæццæ берæ рæстæг нæ фæууй. Мæнæ нур фæцæй уæхæн равгæ. Гъо, бæргæ ку нæ адтайдæ еци нез, уæхæн æбуалгъи рæстæг ку нæ ралæудтайдæ. Фал, кæд фæцæй уæхæн равгæ, уæд си испайда кæнун гъæуй.

Гъо, адæймаг æхе нæ зонуй. Аци бонти берæ цидæртæ базудта æхецæй, нурмæ ке нæ зудта. Дес дæр ма фæккæнуй. Еуемæй ин цидæр фæззелæнтæ æхцæуæн фæуунцæ, уомæн æма æхемæ иссеруй хуарз минеугутæ, еуæй-еу хатт ба кæмидæр мæтъæл дæр ниууй, уомæн æма цидæр æхеми æ зæрдæмæ нæ фæццæуй.

Изæрæрдæмæ уарун байдæдта. Уотæ сабурæй уаруй, цума мæнæ æрдзæ кæуй, цæстисугтæ æнæбанцайгæй калуй арв зæнхæмæ. Зæрдæ куд унгæг æма æнтъуснæг æй, æндегæй дæр – уотæ.

## Дууинсæййæймаг, еу æма дууинсæййæймаг бæнттæ

Цард цæуй хъæбæр мæтъæл æма æнкъардæй, адæймаг-бæл уæзæ кæнуй. Ци уавæр исæвзурстæй дуйней, Уæрæсей, Иристони, е адæймаги бунмæ æлхъевуй. Цума дин туасæй дæ фæсонтæ цъасæ кæнуй, уотæ сæр бунмæ цæугæ цæуй, тагъд зæнхæбæл æриндзæвдзæнæй.

Уаруй æма уаруй, дууæ бони æппундæр не ’нцайуй. Куд фæззæгъунцæ, арв æма зæнхæ кæрæдзей хуайунцæ, зæгъ-гæ, раст гъе уотæ æй. Арв æнæвгъауæй æ цæстисуг калуй адæнбæл, зæнхæбæл, æрдзæбæл. Мадта ци кæна? Хуæз-дæр гæнæн дæр нæййес. Уаруй уодбæл дæр, зæрдæ ба ре-суй... Уæззау рист кæнуй. Устур дор æвæрд ибæл цума ес, уотæ кæсуй адæймагмæ. Бæргæ фæндуй уоци дор рагæл-дзун, фал нæ уайуй æппундæр. Аци бон къохи нæма æфтуй-уй, кæд исони бони бафтуидæ къохи.

Уаруй, уаруй… Æртæхтæ къæразги æвгитæбæл бунмæ уай-унцæ. Цъифæ æй гъæунгæ. Донласт æнцæ бæлæстæ, кæр-дæг, дидингутæ… Фал уæддæр æхцæуæн æй донмæ кæсун.

Дон! Дессаг æй дон. Е кæдзос кæнуй æрмæст цъумурæй нæ, фал лæгъуз гъудитæй, незæй. Нана уотæ зæгъидæ, – æхсæви лæгъуз фун ку фæууинай, уæд сæумæй æнæ неци сдзоргæй рауадзæ дон æма зæгъæ: «Мæ фудфунтæ дæ хæц-цæ хæссæ. Ракæдзос мæ кæнæ уоци лæгъуз фунтæй, æма ма ’рцæуæнтæ». Кенæ цæугæдонмæ ниццо, берæ фæккæ-сæ донмæ. Куд уайуй, уолæнтæ куд цæхъал кæнунцæ, æма адæймагæн фенцондæр уй, æ рист дæр рандæуй.

## Дзубанди дони хæццæ

Дон, æнæ дæуæй цард нæййес! Ærлæууидæ цард, ду ку нæ уисæ, уæд. Алцидæр æма алкедæр гъæуис æрдзи ме-дæгæ. Райдайæ зæнхæй, бæласæй, кæрдæгæй, дидинæгæй, рæзæй, халсартæй, къотæрæй… Маргъæй, сирдæй, цæрæ-гоййæй… Гъæуис хуæнхтæ, будуртæ, гъæдтæ, игуæрдæнти… Адæймаги ба, мадта, уæлдайдæр, æнæ дæуæй еу усмæ дæр æ бон нæ ’й. Ду устур лæвар дæ Хуцауæй! Ærмæст цард-дæттæг нæ дæ, фал ма нæ зин рæстæги дæр дæуæй корæн æнхус.

Царди алцидæр фæууй. Адæймаг зианæй ку æрцæуй сæ хæдзарæмæ, уæд къæсæрæй мама бахезæ, уотемæй æ цæститæ нихснуй. Еци равгæ байзадæй нæ фиддæлтæй. Кенæ берæ адæни астæу ку фæууй, уæддæр фæгъгъæуй дон искалун цæститæбæл. Мæстгун ку кæна, кенæ еске хæццæ ку фæххилæ уа адæймаг, уæддæр фæгъгъæуй цæститæ нихснун. Дон æнæуой куд кæдзос кæнуй, уотæ рандæ кæнуй негатив дæр. Цæмæй сæйгæ ма кæна адæймаг, уой туххæй гъæуй арæхдæр æхснун къохтæ, цæсгон. Уæдта, æхе адæймаг куд арæхдæр æртайа, уотæ дæр æнæнездæр уодзæнæй.

Дон, дон! Уо алкæддæр! Макæд байсусæнтæ нæ цæугæдæнттæ, цъететæй кæлæнтæ æхсæрдзæнтæ, сауæдæнттæ сур-сур кæнæнтæ! Цадити накæ кæнæнтæ бабузтæ, хъæзтæ… Денгизтæ, фордтæ уæнтæ, донæй идзагдæр кæнæнтæ! Цъимара дæр уæд, е дæр гъæугæ кæнуй.

## Дууæ æма дууинсæййæймаг бон

Фарæстæймаг Май – Уæлахези бон. Æвдай фондз анзей разæй фæцæй тугъд. Миллионтæ æма миллионтæ сæ цард равардтонцæ Уæлахези сæрбæлтау. Сувæллонæй, зæрондæй, силгоймагæй, салдатæй… – еугурæй дæр тох кодтонцæ знаги нихмæ. Тугъди будури – фронти архайдтонцæ, сæ цард не ’вгъау кæнгæй, салдæттæ, командиртæ, партизантæ… Хъæбæр зинтæй бафтудæй къохи уоци уæлахез знагбæл.

Рацудæй æвдай фондз анзи… Æма еци рæстæги æндæргъци уотæ некæдма адтæй, æма тугъдон парад ма уа. Фал… Ци æй? Ци æрцудæй? Ци кæнæн? Кæд исæвди къахбæл ниллæудтæй дуйне, æндæр, е куд æй? Аци бон нæ адтæй парад. Зæрдæ бунтондæр ресуй. Адæн æнæуой дæр тухст æма тарст æнцæ, æма аци бон ба кæунцæ се ’сæфт тугъдонтæ, бабатæ, фиддæлтæ, æнсувæртæ, хæстæгутæбæл – еци æригонæй æ цард ка равардта, æма ка нæбал исæздахтæй тугъдæй, уонæбæл. Сæ бон син мæнæ аци лæгъуз рæстæги нæ ’й, куд æмбæлуй, уæхæн æгъдау раттун дæр. Æма сæ зин дууæ хатти тухгиндæр æй. Кæд адтæй уотæ, кæд?

Мæнæ дессаг! Фæдес гъæр кæнун гъæуй, фæдес! Фал кумæ, кæмæ? Кæми бафтудæнцæ адæн! Нуртæккæ уæхæн зæгъгутæ дæр фæцæй, æма, дан, хуæнхтæмæ фæлласун

гъæуй сувæллæнтти æма сæ багъæуай кæнун. Уæддæр ма, дан, еске фæйййервæза. Æ рæстæги Задæлески Нана куд фæйервæзун кодта сувæллæнтти, уотæ.

*Это не дождь,*
*Это небо рыдает,*
*Слезинки роняя*
*за павших солдат…*
*О тех, кто сражался,*
*напоминает,*
*Пурпуром кровавым*
*окрасив закат.*
*Вечная память*
*погибшим солдатам,*
*И низкий поклон всем*
*бойцам до земли!*
*9 Мая –*
*Священная дата!*
*Спасибо, что Родину нашу спасли!*

**Æртæ æма дууинсæййæймаг бон**

Гъо, æппундæр рохси цъита зæрдæмæ некæцæй кæсуй. Бонæй-бонмæ талингæй-талингæдæр кæнуй. Адæн хуæздæрмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, фал лæгъузæй-лæгъуздæр ку кæнуй уавæр, уæд е куд æй?

Размæ цæун дæр адæни бон ку нæ ’й, фæстæмæ ледзун дæр ку не ’мбæлуй. Уæд куд? Еци еу рауæн цоппай кæнонцæ? Æма е дæр сæ къохи ку нæбал æфтуйуй. Цидæр æхгæд зилд æй, мæнæ уруссагау куд фæззæгъунцæ, замкнутый круг, зæгъгæ. Безвыходное положение! Уотæ фæззæгъунцæ, нæйййес, дан, уæхæн уавæр, рацæуæн кæцæй нæййес. Гъауай, мадта, мæнæ нур куд рацæудзæнæ?.. Æнæзингæ знаг кæцæй фæззиндзæнæй, рагæпп кæндзæнæй, ци цъасæй, ци рауæнæй… уой бæрæг ин нæййес.

Нæ адæнмæ уотæ кæд адтæй фидæй-фуртмæ, æма нæ фиддæлти æгъдæуттæ ма æнхæст кæнонцæ. Зин рæстæги кæрæдзей фарсмæ æрбалæууунцæ цийфæнди уавæри дæр. Фал…

Гъо, хъæбæр арæх иссæй аци «фал». Кæд адтæй, æма зианмæ мабал цæуа адæймаг? Бæргæ фæндуй адæймаги

æгъдау раттун, балæуун зин сахатти зиангуни фарсмæ. Фал, нæййес уæхæн гæнæн, не ’нгъезуй. Е бæллах нæ ’й?! Устур бæллах, устур! Е æй æнамонддзийнадæ!

Мæнæ ци рæстæг ралæудтæй! Фуни нин еске ку загътайдæ, уæддæр ни нæ байруагæс адтайдæ.

Хуцау, табу Дæхецæн! Фенхус кæнæ дæ исконд адæнæн! Ма сæ бауадзæ фесæфун!

## Цуппар æма дууинсæййæймаг бон

Цæунцæ бæнттæ. Хуарзæй неци æппундæр. Фал уæддæр адæймаг уотемæй цæруй, гъома, лæгъуздæр мабал уæд, æндæр … Еске зæгъдзæнæй, æма ма нурæй лæгъуздæр ба куд, зæгъгæ. Гъо, уæн ес, æма уа лæгъуздæр. Хуцау нæ уомæй бахезæд!

Гъо, адæни нифс расастæй, хъурмæ кæнуй зæрдæ… Фал мæнæ хор ракастæй уаруни фæсте. Æма уотæ гъуди кæндзинан, æмбесонд куд зæгъуй: «Уаруни фæсте хор ракæсуй». Царди дæр кæд аци æверхъау «уаруни» фæсте ракæсидæ Хор!..

## Фондз æма дууинсæййæймаг бон

Хор хуæнхти фæстейæй æ цæстæ исдардта. Сабургай, сабургай цудæй æма æ тунтæй рæвдудта алливарси æрдзæ, хуæнхтæ. Арвбæл еу мегъи цъопп нæййес. Хуæнхти цъонккитæ дæр æрттевунцæ хори тунтæмæ. Гъо, бæргæ рæсугъд æй æрдзæ, фал еци рæсугъддзийнадæ æппундæр аци уалдзæг нæ тавуй адæймаги. Е циуавæр уалдзæг адтæй, уойбæрцæ зин адæнæн ка æрхаста? Е ци æй? Адæймаги зæрдæ нецæбæл комуй цийнæ кæнун.

Æвæдзи, аци уалдзæг байзайдзæнæй æности, куд æверхъау, зианхæссæг уалдзæг. Уалдзæгбæл æппундæр еци дзурдтæ нæ федаунцæ. Кæд æппундæр фудгин нæ ’й, уæддæр. Мадта ци зæгъæн, гъуддæгтæ еугурæйдæр уалдзæги цæунцæ. Нур ба гъуди кæнæн, сæрдæ ба куд уодзæнæй? Е дæр ма уалдзæги хузæн ку уа, уæдта – бунтон исæфт…

## Æхсæз æма дууинсæййæймаг бон

Арв æхе гъунтъузтæ кæнуй, думгæ дзæбæх думуй æма бæлæсти телуй. Сæумæй арв цъæх-цъæхид адтæй, фал фæссехуармæ ниссау æй. Æвæдзи, уардзæй. Маййи райдайæни арæх фæууй тухуаруна. Хуцау хезæд адæни уомæй. Æнæуой дæр еци тухст æнцæ, мæнæ ци уавæр исæвзурстæй, уомæй. Нæ зонунцæ, кæд фæууодзæнæй аци лæгъуз рæстæг.

Адæймаг æппундæр нецæбæл бал гъуди кæнуй, æрмæстдæр æ сæри еунæг сагъæс ес: «Куд багъæуай кæнон мæхе аци æнамонд незæй?» Еугур гъудитæ дæр уой алливарс зелунцæ.

## Авд æма дууинсæййæмаг, аст æма дууинсæййæмаг бæнттæ

Кæд хор кæсуй, уæддæр цидæр æнæзæрдæмæдзæугæ æй. Æппундæр нецибал æндавуй адæймаги. Гъудитæ æрмæстдæр нези алливарс зелдох кæнунцæ. Кæд ма æрцæуудзæнæй дуйне æхемæ? Кæд ма уодзæнæй уæхæн рæстæг, æма æнæ тухстæй ракæсæ гъæунгæмæ, æнæ тæрсгæй, æнæ мæтæгæнгæй, дæ биййнонтæбæл, дæхебæл дæбæл раевгъуйæд бон. Еунæг усмæ дæр æнæ мæтæй нæ ’й адæймаг. Ескæд ма уодзæнæй уоци цард – хумæтæг цард?

Над, дан, хуæдтолгитæ, уæрдæнттæ, адæн ибæл ку нæ цæуонцæ, уæд æнкъард кæнуй. Уомæн æма, е уони туххæй æй, æма ’йбæл ку неке фæццæуй, уæд уотæ æнгъæл фæууй, æма нæ гъæуй. Æхемæ игъосун райдайуй æма ихæлуй сабургай, уомæн æма, дан, уæддæр неке гъæун.

Дзæгъæли нæ фæкковунцæ: *«Хуцау бахезæд, æма хæдзари тургъæ кæрдæги буни фæцæй».* Е уобæл дзорæг æй, æма си уæд уоци хæдзари цæрæг нæййес, зæгъгæ.

## Фараст æма дууинсæййæймаг,
## дæс æма дууинсæййæймаг бæнттæ

Ци æй, ци? Ци кæнæн? Мæнæ нæ цæстити рази исæвдмæ куд цæуй дуйне. А ци æй? Дæ бон мацæмæй уæд фæййанхус кæнун дæхецæн, дæ биййнонтæн, хæстæгутæн…

Аци зæнхæбæл адæймаг некæмæ æнгъæлмæ кæсуй фæй-

йанхусмæ. Гъома, миййаг, фæндгæ ’й нæ кæнуй, уой туххæй нæ, фал æ бон неци æй. Æма, маргæ дæр адæймаги е кæнуй. Æрмæстдæр ма ковис Хуцаумæ, табу Æхецæн! Кæд ма е фенхус кæна, æндæр – исæвд…

## Еуæндæс æма дууинсæййæймаг, дууадæс æма дууинсæййæймаг бæнттæ

Адæймагмæ уотæ кæсуй, цума цард æрлæудтæй. Гъо, размæ нæбал цæуй. Цийнæдзийнадæ нæбал ес алливарси, æрмæстдæр мæтæ, сагъæс, нез, лæгъуз хабæрттæ. Кæмæндæр хæстæгутæй, зонгитæй æ райгурæн бон æй, зонуй æй адæймаг, фал бадзорунмæ дæр æфсæрми кæнуй, ома, нур адæн райгурæн бæнттæбæл æнцæ, зæгъгæ. Е бæсти исæфт нæй?

Нæудæсæймаг май æй нæуæгдзаути организаций бон. Фехалдтонцæ Советон Цæдес – егъау бæстæ, æма, мæнæ нур цитæ цæуй, етæ дæр, æвæдзи, уой туххæй æнцæ. Уæд, уоци рæстæги, скъоладзау фиццаг бацæуидæ октябронтæмæ, уæдта нæуæгдзаути къуармæ, уойфæсте ба – фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ. Уæд адтæй идеалтæ, цæмæдæр турнудтонцæ сувæллæнттæ, æуууæндтæнцæ, сæ исон хуæздæр ке уодзæнæй. Гъонбæл кодтонцæ фæнзуйнаг дæнцæгтæбæл, ахур сæ кодтонцæ Райгурæн бæстæ уарзун, кустуарзондзийнадæ, æгъдаугин ун, хестæрти нимайун, аргъ син кæнун, хуарз ахур кæнун… Сувæллæнттæ архайдтонцæ аллихузон къуæртти, сæрдигон уиуонцæ нæуæгдзаути лагерти. Нур мæнæ сæрдигон, сувæллæнтти ци фæккæнонцæ ниййергутæ, уой нæ фæззонунцæ, гъæунгти лекка кæнунцæ. Нæуæгдзаути къуари берæ хуарздзийнæдтæбæл ахур кодтонцæ сувæллæнтти. Уоци рæстæгутæ адæймаг имисуй æхсицгонæй æма рагъуди кæнуй: «Амондгун адтæнцæ уоци рæстæги сувæллæнттæ, октябронтæ, нæуæгдзаутæ, фæскомцæдесонтæ ка адтæй. Етæ æцæг сувæллæнтти цардæй бацардæнцæ. Уоци сабийтæй рауадæй фæнзуйнаг хестæртæ! Нури сувæллæнттæн адæймаг тæрегъæд кæнуй. Ци уинунцæ сæ царди? Æрмæстдæр – телефонтæ, интернет, киунугутæ нæбал кæсунцæ… Ци си рауайдзæнæй уонæй? Скъолай дæр хузæнон нæбал ахур кæнунцæ. Дæсæймаг къласи фæсте фæлварæнтæ дæттиуонцæ скъоладзаутæ,

цума бæрæгбонмæ, уотæ дидингути хæццæ цæуиуонцæ скъоламæ. Адтæй сæмæ зонундзийнæдтæ, скъолай сæ ахур кодтонцæ! Гъо, устур дамугъайæй – Ахур!»

Сæ исон куд уодзæнæй нури сувæллæнттæн, е мæтаг æй…

## Æртиндæс æма дууинсæййæймаг бон

Фуди рæстæг ралæудтæй. Куд фæййервæзæн ес аци æбуалгъ рæстæги? Куд? Тох кодтонцæ тугъди рæстæги бæгъатæрæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау, фæууæлахез æнцæ. Нур ба? А ци æй? Ку нæ уинæн æзнаги, уæд куд тох кæнæн æ нихмæ? Куд?

Бæргæ рацæуианæ æ нихмæ хуæцæнгарз нæ, фал æхсирфтæ, цæвгутæ, белти хæццæ дæр… æд цъелæ, æд мелæ! Мæнæ адæн цагъди куд фæцæнцæ… А ци æй?

Фæдес! Фæдес! Фæдес!

## Цуппæрдæс æма дууинсæййæймаг бон

Цæргæс тæхуй хуæнхти сæрти, бунмæ фæлгæсуй. Уæллæй имæ алцидæр минкъиййæй зиннуй. Адæн дæр… Цæргæси рази адæймаг ци æй? Неци! Цæргæс æй уæгъдебарæ, сæребарæ!

## Дзубанди цæргæси хæццæ

Цæргæс, дæ хæццæ мæ фæндуй радзубанди кæнун, мæ гъудитæ дин зæгъун. Ду маргъ дæ, устур маргъ! Нæлгоймагæй раппæлунмæ ку фæгъгъавунцæ, уæд фæззæгъунцæ: «Цæргæси хузæн æй, цæргæси!» Ном дæр арæх дæттунцæ Иристони – Цæргæс!

Дзæгъæли уотæ кадгин нæ дæ. Ду тæхис, дæ базуртæ рапарахатгæнгæй æма телгæй хуæнхтæ, будуртæ, гъæдтæ, денгизти сæрти. Хъаурæгин маргъ дæ! Сæрустур дæ ду, цæргæс, уомæн æма дæ астъонæ идард æй цивилизацийæй, кæнис æй хуæнхти, идард гъæдти. Æма, е уобæл дзорæг æй, ду зундгин ке дæ. Цæрис, кæдзос уæлдæф кæми ес, уоми.

Куд фæндуй мæ, дæ цардæй еу минкъий рацæрæ. Истæхæ бæрзонд, дæ базуртæ бателæ æма, ду куд рæсугъд

фæттæхис, уотæ тæхæ, фæлгæсæ бунмæ гъæутæ, горæттæ, денгизтæ, хуæнхти цъоппитæмæ… Устур думгæ дæр дæуæн тæссаг нæ 'й, уæддæр дæ бон æй тæхун. Æма, куд мæ фæндуй, цæмæй царди думгитæн фæразæн, дæу фæнзæн. Фал нæ уайуй уотæ. Дæу хузæн искæнæ астъонæ – хæдзарæ римæхст рауæн, бæрзонд бæласи сæрбæл. Цæрæ уоми, идард уо алливарси хъилматæй.

Уæ, цæргæс, ести фæййанхус кæнæ, мæнæ аци зин уавæрæй куд фæййервæза адæймаг.

*Сæрустур æй цæргæс!*
*Æй маргъ – хуæрзконд!*
*Æхецæй боз, цурддзæст,*
*Æ тахт – бæрзонд,*

## Финддæс æма дууинсæййæймаг бон

Ци хъæбæр фæндуй адæймаги, аци тухст рæстæги фестун ескæми хуæнхти, нæзи бæлæсти буни, кенæ æхсæрдзæнти рази, уолæфæ хуæнхаг уæлдæф! Кæсæ тагъдуайгæ хуæнхаг цæугæдонмæ, æ хæццæ дзубанди кæнæ. Кæсæ, дзæбодуртæ куд ледзунцæ къæдзæхи фахсбæл, цæргæстæ куд тæхунцæ хуæнхти сæрти, куд зарунцæ мæргътæ бæлæсти къалеутæбæл… Бæргæ, бæргæ! Фал кæми ес уæхæн амонд…

Кенæ ба фестæ ескæми гъæди, æрмæстдæр си уосонгæ куд уа, уоми цæрæ сирдти хæццæ. Дзубанди кæнæ толдзæ, тæрсæ, бæрзæ… бæлæсти хæццæ. Кæсæ тæрхъостæ, рæубестæ, робæстæмæ…

Денгизи билæбæл дæр хъæбæр хуарз уидæ. Дæхе æртайæ, кæсæ уолæнти кафтмæ, уолæфæ кæдзос уæлдæф! Кæсæ кæсæлгити цъиибиртмæ…

## Æхсæрдæс æма дууинсæййæймаг бон

Дæттæн фæрститæ: «Ци æй?» «Куд æй?» «Ци кæнæн?» «Ци уодзæй идарддæр?» «Цæмæн?» «Цæй туххæй?»…

Дæттæн фæрститæ, фал сæбæл дзуапп раттун ба неке бон æй. Ке бафæрсæн, ке? Нуртæккæ нин неке ратдзæнæй дзуапп. Æма нæ тухст, нæ гъенцъун дæр уой медæгæ 'й.

Адæймаг хуæздæрмæ æнгъæлмæ фæккæсуй. Нур ба, куд фулдæр бонтæ цæуй, кæдæй хæдзари ан, уотæ уавæр хуæздæр нæ кæнуй, фал – лæгъуздæр, берæ лæгъуздæр. Уотæ фæззæгъунцæ, нифс, дан, фæстаг рамæлуй. Нæбал ес нифс, нæбал…

## Æвддæс æма дууинсæййæймаг бон

Маййи мæйи дууин цуппæрæймаг бон, Хуцаубон. Анзи рæсугъддæр мæйæ æй май, фал аци анз ба адæймаг æппундæр нæ феппайуй рæсугъддзийнадæ, уобæл нæ 'й. Уæдта æрдзæ хъæбæр æнкъард æй, æ рæсугъддзийнадæй дæр цума æфсæрми кæнуй, гъома, алливарси æверхъау цаутæ цæуй, æма æз ба рæсугъд дæн, зæгъгæ.

Гъо, æфсæрми кæнуй! Уотæ 'ймæ кæсуй, æвæдзи, мæнæ уруссагау куд фæззæгъунцæ: «Пир во время чумы». Æма мæнæ цитæ цæуй: цалдæр бони æнæбанцайгæй уаруй æма уаруй, берæ рауæнти мет рауардта. Ацибон ба адтæй нæ Иристони зæнхæзмæлд. Е ци æй? Фагæ нин нæ 'й, æма цъаммар нез, цума мæнæ æ бастæй раервазтæй, уотæ æ алливарс пурх кæнуй, некæбæл ауæрдуй. Æнæхатирæй æ цъифæ къæхтæй цæуй. Дзæгъæли нæ дзурдтонцæ нæ курухон хестæртæ, адæн, дан, сæхе куд даронцæ, кæрæдземæ сæ рахастдзийнадæ куд уа, æрдзæ дæр син уотæ дзуапп дæтдзæнæй. Æма, мæнæ уинæн…

Кæд, дан, цæфæй нæ мæлис, уæд дин рæхуст…

## Æстдæс æма дууинсæййæймаг бон

Дууин фæндзæймаг май! Аци бонмæ-еу хъæбæр æнгъæлмæ кастæнцæ скъоладзаутæ еугурæй дæр, уомæн æма фæстаг дзæнгæрæг уидæ рауагъдонтæн, скъола каст ка фæцæй, уонæн.

Цæмæн адтæй? Уомæн æма, æвæдзи, е дæр байзадæй нæ евгъуди. Ци рæсугъд бæрæгбон-еу уидæ. Скъола каст ка фæцæй, етæ хъæбæр аййевæй фæуунцæ, сæ ахургæнгутæ, фиццагкъласонтæ… Еци фæстаг дзæнгæрæг ку ниццæгъдуй, уæд еугурæй дæр кæугæ фæккæнунцæ. Ахургæнгутæ, уал æма уал анзи ке фæййахур кодтонцæ, уонæн идарддæри цардмæ «фæндараст» фæззæгъунцæ, рауагъдонтæ ба, се 'скъолайæн,

еуæндæс анзи кæми фæййахур кодтонцæ, сæ ахургæнгутæн, уал анзи сæ ахури надбæл ка худта, уонæн фæззæгъунцæ, «дзæбæхæй байзайетæ», зæгъгæ… Ракъах-дзæф кæнунцæ устур надмæ. Дессаги бон æй, дессаги бон! Мæнмæ гæсгæ, неке æй иронх кæнуй еци бон. Берæ, берæ æнзтæ рацудæй, дууин фæндзæймаг май, скъола каст ку фæцан, е ба зæрдæбæл лæууй цидæр æнахур рохсæй, æхцæуæндзийнадæй…

Фал, е куд æй? Аци анз фæндараст нæ зæгъдзæнцæ рауагъдонтæн. Не ’нбæлуй… Е бæллах нæ ’й? Мæнæ ци рæстæг искодта. Мæнæ ци рæстæг ралæудтæй. Куд? Ци?

## Нæудæс æма дууинсæййæймаг бон

Бæлæсти сифтæ думгæ змæлун кæнуй. Бæласи цъонк æхе уæд еуæрдæмæ телуй, уæд – иннердæмæ. Уоци æнкъардæй кæсуй. Тæрегъæд кæнуй адæймагæн, фал ин æ бон неци æй. Æрмæстдæр седуй, цæмæй е уолæфа кæдзос уæлдæф æма ймæ кæса. Кæрдæгхузмæ берæ рæстæг ку кæсай, уæд е пайда æй, уомæн æма æрдзи хузæ æй. Цъæх арвмæ, кæрдæгмæ, дидингутæмæ кæсун, уолæфун син сæ тæф… Бæргæ уотæ ’й, фал…

Аци «фал», аци… Фæстаг рæстæги нæ æппундæр уæгъдæ нæбал уадзуй…

## Æртинсæййæймаг бон

Æртинсæй бони! Гъо, е уой бæрцæ рæстæг ан нур нæ хæдзæртти. Уруссагау уотæ фæззæгъунцæ – домашний арест. Е уотæ ’й, фал бухсидæ адæймаг хæдзари. Дессагæй си неци ес. Фал алливарси цитæ цæуй? Исæвди догæ ралæудтæй, раст фарсбæл хæрдмæ хезæ…

## Дзубанди дори хæццæ

Дор, ду æности æндæргъци цæрис. Берæ фæууидтай, кæдæй цæрис, уæдæй. Цал æма цал фæлтæри раевгъудæй уæдæй нурмæ! Фæууидтай донивулдтитæ, зæнхæнзмæлдтитæ… Фиццаг адтæ хъæбæр минкъий, уæдта устур кодтай дони хурфи. Цæугæдони хæццæ адтæй дæ цард, дæ цуд. Федар дæ ду! Хъæбæр федар, дзæгъæли нæ байзадæй загъд:

*«Дори федарæн дæ цард».* Дæ хурфи цард ес! Ду берæ зонагæ, лæдæрагæ дæ. *«Дормæ дæр ма рист гъаруй»*, зæгъгæ, дæр байзадæй æмбесонд. Æма е дзæгъæли нæ ’й.

Дор, ду гъар дæттис, æнхус кæнис. Адæймаг дæбæл ку æмбæла, уæд лæдæруй дæ уолæфт… Дор, дæумæ дæр седун, фенхус кæнæ! Нифс бауадзæ! Ду ку бафæразтай уойбæрцæ зинтæн, фæлварæнтæн æма дорæй ку байзадтæ. Адæймагæн естæмæй фенхус кæнæ мæнæ аци æбуалгъи рæстæги!

## Еу æма æртинсæййæймаг æма дууæ æма æртинсæййæймаг бæнттæ

Уалдзæги фæстаг бæнттæ. Аци анзи уалдзæг ба историй байзайдзæнæй. Хатир корун уалдзæгæй, уой фуд ци ’й. Корæг имæ уалдзæг нæ рандæ ’й уоци æбуалгъи незмæ. Фал, æ рæсугъддзийнадæй дæр нæ барæвдудта, адæн дæр уобæл нæ ’нцæ. Сæхемæ игъосунцæ, тæрсунцæ… Æма, куд нæ тæрсонцæ, куд нæ… Мæнæ дуйней исæвд ку ралæудтæй.

Дууæ боней фæсте ралæудзæнæй сæрдæ. Куд уодзæнæй цума е ба? Ци нин æрбахæсдзæнæй æ хæццæ? Цæмæ имæ æнгъæлмæ кæсæн? Хуцау зæгъæд, æма фæссорæд аци æнамонд нез!

Цийфæнди зин кæд æй, уæддæр цæрун гъæуй! Фæстæмæ кæсун нæбал гъæуй, æрмæстдæр – размæ. Цæугæдони иннæ фарсмæ бацæудзæнæ æрмæстдæр уæд, æма ин æ еу билæ ку ниууадзай фæсте, уордигæй ранакæ кæнæ…

## Æртæ æма æртинсæййæймаг бон

Цæстисугтæ фур ристæй уайунцæ цæсгонбæл, уод цъæхахст кæнуй, æма цума исревæд æй. Идарддæр ба – ци? Нæ зонун… Кæбæл æма цæбæл æуууæндон? Æрмæстдæр Хуцау-бæл!

## Цуппар æма æртинсæййæймаг бон

Æртин фиццаг май. Гъо, уалдзæги фæстаг бон… Фæцæй уалдзæг. Æндæр хатт загътайййанæ: «Æгæр тагъд фæцæй рæсугъд уалдзæг! Бæргæ, еу минкъий ма нæмæ ку фæцайдæ…» Фал? Аци анз нин æрхаста берæ зинтæ. Зæрдæ цийнæ

кæнун нæбал комуй. Цæститæ нæбал æрттевунцæ. Иуæнгтæ – мард. Ходун нæбал игъусуй. Уæлахез кæнуй æнкъарддзийнадæ. Нифс минкъийгай сæттуй… Нæ гъаруй зæрдæмæ рæсугъддзийнадæ…

Зумæги фæсте адæймаг хъæбæр фенгъæлмæ кæсуй уалдзæги ралæудмæ, уомæн æма уæд райгъал уй ærдзæ æ фунæййæй. Уалдзæг – царди райдайæн. Гъо, аци анз дæр бæргæ æнгъæлмæ кастæй адæймаг, æхецæн берæ нифситæ, фæндитæ, зæрдитæ æвардта. Фал…

Алцидæр Хуцауи къохи æй. Уотæ рауадæй, æма 2020 анзи уалдзæг æгас дуйнейæн, Уæрæсейæн, Иристонæн разиндтæй æнамонд, æ хæццæ æрхаста маст, æрхун, цъаммар нез. Исæфуй дуйне, бæстæ… Исæвди рæстæг ралæудтæй.

Æрмæстдæр ма Хуцаумæ æнгъæлмæ кæсæн, табу Æхецæн! Кæд нæ нæ бауадза фесæфун.

## Фондз æма æртинсæййæймаг бон

Аци бон æй сæрди райдайæн, хорхæтæни мæйи фиццаг бон. Ралæудтæй сæрдæ, фал æппундæр неци æхцæуæн-дзийнадæ хæссуй. Идарддæр ци уодзæнæй? Ци нин æрхæс-дзæнæй æ хæццæ? Цæмæ 'ймæ æнгъæлмæ кæсæн? Фæрс-титæ берæ… Дзуапп ба сæбæл ка ратдзæнæй? Рæстæг æхе æвдесдзæнæй.

## Дзубанди сæрди фиццаг бони хæццæ

Ралæудтæ, сæрдæ, мæнæ, нæ дуар нин æрбахуастай. Хъæбæр мæтъæлæй нæ æрбаййафтай: æдзæллагæй, нæхемæ игъосгæй, алливарси æбуалгъи цаутæ цæуй, ка некæдма адтæй, уæхæнттæ. Адæймагæн æ бон нецæмæй æй фæййанхус кæнун. Ци кæна, уой нæ зонуй. Уалдзæг хуарзæй неци æрхаста, æппундæр неци, æрмæстдæр маст, гъезæмарæ, зæрдрист…

Ралæудтæ, сæрдæ! Ду дæ анзæн æ зæрдæ. Зæрдæ ба алцидæр фæллæдæруй, æма цума ци лæдæрис? Хор дзæбæх æрбатавуй, адæймагæн æхцæуæндзийнадæ, æнæнездзийнадæ хæссуй… Бæнттæ тæккæ даргъдæр фæуунцæ сæрди, æма е ба уой амонуй, æма рохс фæууй фулдæр, талингæ ба – минкъийдæр… Хуцау зæгъæд, æма нин дæ хæццæ ци æрбахæссай рохсдзийнадæ, адæни зæрдитæмæ еу минкъий

кæд бакæсидæ рохси цъита. Раттæ дæ гъардзийнадæ, дæ уарзт, дæ рæсугъддзийнадæ адæймагæн.

Сæрдæ, ду аллихатт дæр игъæлдзæгæй æрбакъахдзæф кæнис нæ къæсæрæй, мах дæр дæ размæ рацæуæн. Фал нæ нур æрбаййафтай мæгурæй, алцæмæй мæгур æй адæймаг. Кæд дæ бон естæмæй æй, уæд фенхус кæнæ!

Сæрди фиццаг бон, зæгъай, дæ гъудий цийиес? Мабал бафтауæ адæймагæн æ мастбæл маст. Цума, дæ кæци къах æрбайвардтай? Кæд рахес, уæд хуарзмæ æнгъæлмæ кæсдзинан, кæд дæ галеу, Хуцау бахезæд, уæдта… Нуртæккæ бал хор дзæбæх кæсуй, хуæнхтирдигæй думуй. Бæлæстæ ратасæбатасæ кæнунцæ, сифтæр сæбар-субур кæнуй. Хори тунтæмæ æрттевунцæ дидингутæ, сæхе ймæ ивазунцæ. Цъæх арвбæл фæззиндтæй еугай уорс мегътæ, етæ сабургай цæунцæ, цидæр фæлгонцтæ си рауайуй: мæнæ фус, кæсалгæ, бæласæ…

## Æхсæз æма æртинсæййæймаг бон

Хорхæтæни мæйи дуккаг бон. Адæймаг æнгъæлмæ кæсуй хуæздæрмæ. Гъæуама уотæ уа, æндæр ку нæбал æнгъæлмæ кæса, уæд æй бæсти исæвд. Гъо, нуртæккæ цитæ цæуй, етæ нæбал уадзунцæ нифс, цæмæдæр хуæздæрмæ æнгъæлмæ кæсун.

Сæумæй ку райгъал уй адæймаг фиццаг хори тунтæмæ, рæуæг думгæ къæразгæй медæмæ ку фæддумуй, уæд цидæр æхцæуæндзийнадæ бацæуй зæрди. Фал… Æваст иуæнгтæ æрмæлунцæ, рагъуди кæнуй, е æзинæ адтæй уотæ хуарз, æма нæ бон ку адтæй гъæунгæмæ æнæ тæрсгæй рацæун, тезгъо кæнун, цæйбæрцæ дæ фæндуй, уой бæрцæ, уолæфун кæдзос уæлдæф. Кумæ дæ фæндуй, уордæмæ цо. Де ’мбæлттæ, де ’мкосгутæ, дæ хæстæгутæ, синхæнтти хæццæ æнæ тæрсгæй фенбæлæ. Нæ, нæ, нур уотæ нæбал æнгъезуй: тæрсæ дæ бийнонтæй дæр… Мадæ æ фурт, кизгæмæ хæстæг нæбал цæуй, нанатæ, бабатæмæ сæ минкъий фурти фурттæ не ’ндеунцæ хæстæг бацæун… А ци æй?

Адæнæн, ахæст ке ’нцæ сæ хæдзæртти, алливарс еци цъаммар нез, е фагæ нæ ’й, фал ма æрдзæ дæр цидæр кодта. Дессæгтæ цæуй. Хор кастæй, уотемæй ба уæхæн карз думгæ кæнун байдæдта, æма дессаг. Фиццаг хатт уинун (а фæстаг рæстæги нин алцидæр фиццаг хатт æй), уомæн æма уотитæ

некæдма адтæй. Ку ниддумидæ, уæд раст хæдзарæ æзмалдæй, бæлæстæ зæнхæбæл æмбалдæнцæ. Дзолгъо-молгъо – гъæунги. Думгæ хаста, æ надбæл цидæр адтæй, уони. Бæлæстæ хъан кодта, хæдзари сæртæ, балкъони сæртæ æскъафта. Адæймаг гъæуама куд бухса уомæн, æнæуой дæр æ уод истæнæг æй. Æхсæвæмæ гъе уотæ фæддундта, берæ лæгъуз миутæ бакодта.

Цæмæн? Цæмæн цæуй ауæхæн хабæрттæ? Хуцау, табу Дæхецæн! Æвæдзи, хъæбæр фæффудгин æнцæ дæ рази адæн. Ниххатир син кæнæ де 'сконд адæнæн. Уæ, Хуцау, табу Дæхецæн!

## Авд æма æртинсæййæймаг бон

Хорхæтæни мæйæ минкъий къахдзæфтæй цæуй. Фал æ райдайæн хуарз нæ 'й æппундæр. Нурма адæнæн маст, зиндзийнадæй фæстæмæ нецима æрбахаста, етæ ймæ æнгъæлмæ кæсунцæ, кæд фæххуæздæр уидæ, зæгъгæ.

Æзинæ æрцудæй устур думгæ, ацибон ба – никки лæгъуздæр хабæрттæ. Фæссехуар сау мегътæ хаста думгæ, нисcау æй арв. Цума тар æхсæвæ адтæй. Думгæ кæнун бабæй байдæдта, уæдта… Уæдта байдæдта… Адæймагмæ уотæ кастæй, мæнæ ралæудтæй, уруссагау куд фæззæгъунцæ, «конец света». Арв æма зæнхæ кæрæдзей хуастонцæ æзнæт думги хæццæ, ех уардта, арв æрттивта, гъæр кодта. Мæгур æфхуæрд адæн гъæуама ци кодтайуонцæ?

Бæлæстæ хъан кодта думгæ, сæдæгай æнзтæ кæбæл цæуй, берæ цидæртæ ци бæлæстæ фæууидтонцæ, уони æд бунтæ рæдувдта. Етæ берæ уарунтæ, думгитæ, тæвдитæ бавзурстонцæ, нурмæ сæбæл неци фæттухæ 'й, фал нур – ацибон сæ кæрон æрцудæй. Хæдзæртти сæртæ æскъафта думгæ, гъæунгити цума цæугæдæнттæ цæуй, уотæ адтæнцæ. Адæн, цæрæгойтæ, мæргътæ… сæхе римахстонцæ. Фал, кæми римахстайуонцæ, е дæр син нæбал адтæй… Ци хæдзæртти сæртæ фæххаста, уордæмæ мухцурæй, цума æхсæрдзæнтæй, уотæ калдæй дон…

*Ци æй? Ци æй? Цæмæн? Цæмæн?*
*Айæ куд æй? Фæдес, фæдес!*
*Кæмæн дзорæн нæ маст, кæмæн?*
*Æрмæстдæр рист, нæбал ес – дес.*

САКЪИТИ ЭЛЬБРУС



## НАМУСИ ÆНОСОН ЗÆЛТÆ[1]

Нæ устур тургъи кæрони ци къабазгин фæткъу бæласæ ес, уой буни мæхецæн косæн бунат исаразтон, цæмæй сæрдигон æнхъуæт рæстæгути уоми сатæги мæ кæнуйнæгти фæдбæл сир-сир кæнон. Æма дин еу рæфти, мæ кусти тæккæ тæмæни куд адтæн, уотемæй мæ сæргъи еци лæф-лæфгæнгæй æрбалæудтæй мæ кæстæр лимæн Ацæмæз.

– Баба! Баба…

Æ фурхæстуолæфтæй æ зæгъуйнаг исдзорунмæ дæр нæбал арæхстæй. Кæд æрсабур уидæ, зæгъгæ, ходæзмолæгæнгæй имæ дзорун:

– Ци кæнис? Еске дæ фæстети сурдта?.. Дзорунгъон дæр ку нæбал дæ…

– Нæ, неке мæ сурдта… Дæумæ тагъд кодтон. Дæ радио кæми ’й?

Ци си кæнис?

– Еубонтæ мæмæ, бакæсай, зæгъгæ, ци финсæги киунугæ равардтай, уой туххæй си дзорунцæ.

[1] Идарддæр. Райдайæн 2023 анзи 1–3–аг номерти.

– Ӕз дæмæ цалдæр финсæгей киунугутæ равардтон, æма си ке кой кæнунцæ?

– Ӕгъузарти Саукуййи.

– Мæнæ си нуртæккæ де 'рдхуард Ӕгъузарти Саукуййи уацари кой кæнунцæ.

Мæ радио мæ рази мæ фингæбæл адтæй, æма 'й уайтæкки дæр бафтудтон. Ӕцæгæйдæр си райгъустæй Ӕгъузари-фурти уацау «Ӕносон азæлд»-мæ гæсгæ арæзт радиоспектакль. Аци уацау зундгонд æй, адæнæн зæрдтагон æй, æвæдзи, уомæн, æма финст æй æцæг хабæрттæ æма цаути фæдбæл.

Цæветтонгæ, 1941 анзи Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд æ тæккæ фиццаг бæнтти Дур-Дури астæуккаг скъолай фарæстæймаг къласи ахурдзаутæ – цуппæрдæс биццеуи – исфæндæ кодтонцæ барвæндонæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ рандæун. Барвæндонæй. Фал сæ хæццæ нæ арази кодтонцæ, гъуддаг кæмæй аразгæ адтæй, етæ. Сæ кадæмæ гæсгæ – тугъдмæ æрветуни аккаг нæма адтæнцæ…

Саукуй æ уацау дæр уомæй райдæдта, æма биццеутæ ку рарæнгъæ 'нцæ, гъæуккæгти тугъдмæ æрветæг афицери размæ, æма си е алкæмæ дæр æ муггаг æма номæй куд фæдздзоридæ, уомæй:

– Бичашвили Отар!

– Ӕз!

– Байцати Никъала!

– Ӕз!

– Берити Хаджимурат!

– Ӕз!

– Лагконти Таймураз!

– Ӕз!

– Неке сæмæ кæсуй! Цума гъæуи фæстемæ хæрæггæлти гъазунмæ цæунцæ. Бабухсетæ, мæнæ топпихуаси хъуæцæмæ дзæбæх ку исæсмотайтæ, уæд уæмæ багъардзæнæй уæ фудгъезæмарæ, – даргъæлвæст фудхузцæсгон капитанæн гæгъæдийæй æ цъæх цæститæ фæххецæн æнцæ, тургъи рæнгъæй ци биццеутæ лæудтæнцæ, уонæн ма еу хатт сæ дæргъæ æма уæрхæ къахæй сæрмæ рабарста.

Нецæмæй си æ зæрдæ барохс æй. Цъæхæй рæгъæдтæ. Тæхун дæр ка нæма зонуй, цæргæси уæхæн бæдæлттæ. Цума

еу айки хъозгъæй уасунцæ, цъæхснаг гъæлæстæ син, сагъæс кæбæл нæ федауй, уæхæн цæсгæнттæ. Капитан сæбæл нур цал хатти рахаста æ цæстæ – цидæр дæлæмæдзудтæ, хъæдори листæг мехтæ. Æма сæ цæститæй, гъо, сæ еугурей цæститæй дæр, адæймаг еу усмæ кæмæй байрайа, уойбæрцæ нифси цъита цæуй. Нæ, цæугæ нæ – æмпурсуй. Еу фæззелæни уотæ фæккастæй капитанмæ, цума æмпурсуй, фал уайтæккæ æ гъуди раййивта: «Барвæндонтæ… Сæ зæрдæ цæбæлдæр дарунцæ? Цидæр æбæрæг хъаурæ сæ æ фæдбæл сайуй». Фиццаг сæ капитан иской дæр нæ бауагъта. Æфсæдтон комиссаради тургъæй сæ фæссурдта, цотæ, æма ме 'мгæрæнтти дæр куд нæбал æрæфсæрайтæ, уотæ бакæнетæ, зæгъгæ. Æнгъæл адтæй, нæбал æрбацæуудзæнæнцæ. Дуккаг бон еци-еу хузæнæй фæззиндтæнцæ. Аци хатт сæмæ кардзæрæй исдзурдта, ратардта сæ, æ тингун цæсгони сурхæй ин фæттарстæнцæ биццеутæ. Къуæре рацудæй æви минкъийдæр – нæуæгæй æрбансанстонцæ. Мах, дан, гъуддæгутæ исбæлвурд кодтан, æма, дан, раст нæ айтæ. Æвддæсанздзудти, дан, кæнунцæ тугъдмæ. Еци-еу цæфæй нæ, фал, дан, фиццаг æфсæдтон скъолатæмæ, уой фæсте ба – тохунмæ…

Капитан æнæдзоргæй берæ ке фæллæудтæй, уой биццеути сусу-бусуйæй бафеппайдта. Гæгъæди æ цæстити размæ исхаста, тургъи æ бæзгин, фал фæсос гъæлæс райгъустæй:

– Тадети Иса!

– Æз!

– Мурити Алихан!

– Æз!

– Мурити Хаджимурат!

– Æз!

– Гуйти Никъала!

– Æз!

– Кæсай уомæ, зæнхæй уæлæмæ дзæбæх нæма исзиндтæй, уотемæй æ къобалæ куд исивазæ-исивазæ кæнуй. Нæ, мæ хори хай, дæуæн ами изайгæ æрцæуудзæнæй. Ду дæ æнзтæбæл ке бафтудтай, е арви гъогæй бæрæгдæр æй. Дæуæй тохæг лæг нæййес. Иннетæй дæр тохæг лæгтæ кæми ес, фал ду бустæги хъумузцъух дæ, бустæги æхсир билæ, – капитан гæгъæди цуппар дудагъи бакодта æма 'й æ реуи дзиппи ниввардта. Еу æрдæмæ дууæ ампъези ракодта, иннердæмæ

рæвдзæ физзилдæй, æ къохтæ дзиуарæвæрдæй райзадæнцæ, къæхти бунæй арф ниууолæфтæй æма фиццаг хатт æ уорс дæндæгутæ нихходун æрвонг гæзæмæ базихъир æнцæ:

– Мадта цæттæ айтæ, биццеутæ?

– Цæттæ ан! – æмгъæлæсæй дзуапп равардтонцæ.

– Мах уин уæ фæндæ исæнхæст кодтан…

* * *

Æма ранæхстæр æнцæ сæ хъазауати надбæл… Рандæуæн кæбæл ес, фал фæстæмæ раздæхæн ба кæбæл нæййес, сæ еци надбæл. Фæстæмæ си æ фидиуæзæгбæл некебал исæнбалдæй. Æма гъæубæсти, сæ хеуæнтти зæрдити æностæмæ æвддæсанздзудтæй байзадæнцæ…

* * *

Радиобакастмæ кæрæй-кæронмæ байгъустан. Гъо, байгъустан, уомæн æма Ацæмæз дæр имæ кæрæй-кæронмæ байгъуста. Мæ фарсмæ бадтæй… Кæд радзорунтæмæ тулаваст æй, уæддæр си аци хатт ба еунæг хъипп-сун дæр нæ райгъустæй. Е мæмæ дессаг куд нæ фæккастайдæ, æма ’й рафарстон:

– Ци дæбæл æрцудæй? Радиомæ уоййасæбæл игъосагæ ку нæ дæ, уæд нур ба куд бафæразтай?

– Рæхги бабæй нæмæ скъолай Устур Фидибæстон тугъди туххæй имисæн мадзал уодзæнæй. Мæнæн дæр бабарæ кодтонцæ, цæмæй аци уацауæй бакæсон еу скъуддзаг. Æма мæ бафæндадтæй, æцæг артисттæ куд кæсунцæ, уомæ байгъосун.

– Æма циуавæр скъуддзаг равзурстай?

– Уацари кæрони Бичашвили Отари фиди гъенцъун сагъæстæ… Мæхемæ сæ рафинстон. Бакæсон дин сæ?

– Бакæсæ, бакæсæ…

Æма Ацæмæз нидæн гъæлæсиуагæй райдæдта:

– Ци биццеутæ адтæнцæ, мæ фæрстæ син фехæлонцæ, ци? Æма сæмæ куд æнгъæлмæ кастан, куд! «Кастан», – загътон. Хатирæй фæуУæд – фæррæдудтæн. Нур дæр ма сæмæ æнгъæлмæ кæсæн. Берæ нæбал ан, мах дæр еугай-дугаййæй уæлмæрдтæбæл æфтуйæн, фал ма ни уæддæр кадæртæ ба æгас æй. Æгас ма ан æма нæ фæллайæн æнгъæлмæ кæсунæй. Уæдта си еске фæззиндтæй. Ка ма сæбæл бауозæлдзæнæй,

ка ма син æрæвæрдзæнæй сæ рази гъар хуæруйнаг? Æма цæрæн, цæрæн не ’сæфт бæдæлтти нифсæй. Ехх, куд базæронд ан, цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, уоци рун ку исистадæй æма ’й æхе лæгæти ку банигæдтонцæ, уæдæй нурмæ. Фудрун банигæдтонцæ, фал мах нæ хъæболти нæма нигæнæн, нæма!

Айфиццаг уæртæ Хъодзасти зæронд Огка æрбасæйгæ ’й, е ’цæг дуйнемæ цæуни къахбæл ниллæудтæй. Сæйгæфæрсæг имæ бауадтæн æз дæр. Сæнттæ цагъта, мæгур. Кедæр агурдта, æ медæмæхауд цæститæй ма цидæр æнгъæлдзау рохс калдæй. Æз имæ æргубур кодтон, мæ армитъæпæн ин æ содзгæ тæрнихбæл февардтон, зæгъун, дæ зæрдæ кæд ести агоруй. Берæ мæмæ фæккастæй. Базудта мæ, æ сор билтæ зинна-нæзинна базмалдæнцæ, лæмбунæг имæ бай-гъустон æма равзурстон еугай дзурдтæ: «Маро ку дæ… Сумах биццеу дæр нæма исæздахтæй?» Фæгъгъос æй, æ уолæфт фесавдæй, æрæгиау æ цæститæ байгон æнцæ, еуæрдæмæ, иннердæмæ ракастæй, къуæзгæй исдзурдта: «Игъосетæ, мæ дзæбæх гъæуккæгтæ. Еци биццеу ку иссæуа, уæд си хатир ракордзинайтæ. Хъæбæр берæ дæмæ фенгъæлмæ кастæй, – зæгъетæ, уотæ. Мæнæ мæ бази буни ацал-ауал анзи ци «сау гæгъæди» дарун, уобæл нуртæккæ дæр не ’ууæндун. Исæздæхдзæнæй мæ хъæболæ, æма ин зæгъетæ, адзал мæ ку не ’рæййафтайдæ, уæд ма еу уойбæрцæ дæр фенгъæлмæ кастайнæ».

Еци дзурдтæ æ фæстаг дзурдтæ адтæнцæ Огкайæн. Уæлæбæл е ’хæс бафиста, кæдзосæй фæххаста мади ном, нур уæлмæрдти æ фурти ревæд ингæни фарсмæ иссирдта æхецæн бунат. Тæрсун, мæ фæстаг бон ку ’рцæуа, уæд мæн дæр мæ хъæболи ревæд цирти рази ку байвæронцæ. Уæхæнттæ цал ес нæ уæлмæрдти – æнцонтæй дин сæ нæ зæгъдзæнæн. Берæ ’нцæ, берæ.

Гъæлатæ ба куд нæ ан, гъæлатæ. Уотæ æнгъæл дæн, Отар æвддæсанздзудæй рандæй тугъди цæхæрмæ æма мæмæ æвддæсанздзудæй исервæздзæнæй. Мæрдтæ зæронд нæ кæнунцæ, фал кæд мард нæ ’й. Кæд æй ести устур гъуддаги ниууорæдтонцæ, паддзахадæн берæ кæнуйнаг гъуддæгутæ байзайуй тугъди фæсте…

Фал уин ци зæгъунмæ гъавун, мæ зæрдтæгтæ, уой зонетæ? Телевизормæ кæсун берæ уарзун. Мæ бон косун-æзмæлун нæбал æй æма бон-изæрмæ телевизори фарсмæ бадун,

мадта ӕндӕр ци кӕнон? Тугъд ку февдесунцӕ, уӕд мӕбӕл цуппӕргай гъостӕ, цуппӕргай цӕститӕ базайуй. Нӕ зӕрондӕн телевизор дӕр уомӕн балхӕнун кодтон. Кӕд, зӕгъун, мӕ биццеуи дӕр еухатт бавдесиуонцӕ. Мӕ фуни дӕр ма ’й еу хатт фӕууидтон.

Телевизорӕй ӕ цӕсгон разиндтӕй, ӕма уотӕ бакодтонцӕ: «Е ӕй гурдзиаг Осмӕни фурт Отар. Ӕ мадӕ ба Маро, фал ӕй ӕ фурт деда хонуй». Уӕхӕн амондгун фун уойфӕсте некӕдбал фӕууидтон. Фунти фӕрци цӕрун дӕр гъӕуй, мадта ци киндӕуа? Ӕма телевизорӕй тугъд ку февдесунцӕ, уӕд мӕ ӕ разӕй неци хузи райеуварс кӕндзинайтӕ. Еуӕй-еу хатт си нӕ биццеуи хузӕн ку фӕууинун, уӕд мӕ зӕрдӕ ӕхе фӕрстӕбӕл ниххуайуй, фал фудӕнгъӕл фӕуун. Бустӕги ба мӕ нӕ синхонти лӕги дзурдтӕ рамардтонцӕ. Уотӕ мин зӕгъуй айфиццаг: «Маро, еци киноти еугурӕй дӕр артисттӕ гъазунцӕ, ду ба си дӕ биццеуи агорис». Уӕхӕн зин мин адтӕй, ӕма дессаг. Зӕгъун, уанцон нӕй, уойбӕрцӕ артисттӕ ӕмбурд ба кӕми ӕркодтонцӕ, е ӕцӕг тугъд ӕвдесунцӕ. Нӕ басастӕй. Ӕз дӕр ибӕл нӕ бауӕндтӕн. Ӕма телевизормӕ мӕ каст искодтон. Ци фӕууй, куд фӕууй, цалинмӕ цӕрон, уӕдмӕ ’й кӕд еу хатт равдесиуонцӕ. Еу фӕккастӕй ӕрмӕст. Фулдӕр нӕ гъӕуй. Цума ци хузӕн иссӕй? Тугъдӕй ка исӕздахтӕй, етӕ дӕр ма халаси буни ку фӕцӕнцӕ, каргун адӕни ном сӕбӕл ку исбадтӕй. Дӕлӕ Гуйти Хатуй фуртӕй кӕстӕр си неке адтӕй, ӕма уомӕн дӕр ӕ дууӕ биццеуи ку раустуртӕ ’нцӕ, Отари къласӕй ма ка исӕздахтӕй? Азаути Урусхан, Цалити Сафарби. Сӕ цӕфтӕй абони дӕр гъӕрзунцӕ. Галяй айфиццаг фӕууидтон, ӕма мӕмӕ ӕрбауадӕй. Ба имӕ кӕсӕ – зӕронд усӕй ци кӕнис? Ӕндӕр гъӕуккаг ӕй, ӕ муггаг дӕр ӕндӕр. Мӕ хъури ’й ӕрбакодтон, зӕгъун, куд базӕронд дӕ, мӕ киндздзаг? Ӕ цӕститӕ дони разилдта, ӕ уорс сӕр мин мӕ усхъӕбӕл ӕрӕвардта ӕма уотӕ бакодта: «Ӕнгъӕлмӕ кӕсунӕй базӕронд дӕн, деда»… Искудтӕй. Имисуй биццеуи. Нӕй иронх кӕнуй, цард ин фестон! Ӕ финстӕгутӕ дӕр, дан, ӕгас ӕнцӕ. Ӕма мӕнӕн ӕгас нӕ ’нцӕ? Уӕлӕбӕл мин уомӕй устурдӕр хӕзна ку нецибал ес. Исбор ӕнцӕ, къариндасӕй финститӕ фехалдӕнцӕ. Нӕ зӕронд дамугъатӕ цъӕрӕмухст кӕнуй, ӕма мӕ зӕрдӕ ку исресуй, уӕд табу кӕнун райдайун: «Бакӕсай, биццеу ци финсуй».

Фиццаг сæ кастæй, нур ба нæбал комуй. Нæ бакомкоммæ ка цæруй, уони скъоладзау кизгæ нæмæ ахид æрбауайуй. Е ’рбацудмæ ин æхцин ракæнун. Ку бахуæруй, уæд мæ фарсмæ исбадуй æма Отари финститæ гъæрæй кæсун райдайуй. Уогæ, тугъдæй цидæр финста, уони мæ зæрдæбæл дарун, фал биццеуи финститæ æндæр еске гъæлæсæй ку фегъосун, уæд мæмæ уотæ фæккæсуй, цума нуртæккæ аци минутбæл нæмæ постхæссæг Бетъре Отари финстæг æрбалæвардта. Æ гъæлæс дæр мæмæ æрбайгъусуй: «Гъей, хæдзарæ, æндæмæ ракæсайтæ, уæ фуртæй уæмæ замманай финстæг!»

Сæрдигон фæлмæн изæртæ ку 'скæнунцæ, уæд нæ зæронди хæццæ æндæмæ рацæуæн, гъæунги фæхсæ къелабæл æрбадæн, нæ хурфитæмæ нийгъосæн, ку исфæлмæцæн, уæд мæхе нæбал бауорамун æма бадзорун:

– Уæртæ лæг, нур еци биццеу ку фæззинна, уæд ин кувд нæ гъæудзæнæй?

– Гъæудзæнæй, мадта нæ гъæудзæнæй!

– Æма ин ци ’вгæрдуйнаг дæ?

– Гъолон гали.

– Е не ’сфагæ уодзæнæй. Еугур гъæубæстæ дæр махмæ æрцæудзæнæнцæ.

– Косæрттагæй фулдæр ци ес. Балхæндзинан.

Нæхе уæхæн дзубандитæй фæррæвдауæн, фал фæстагмæ зæронд фемæхсуй, æ цæстисуг нæбал бауорамуй, мæнæй дæр нæбал фефсæрми уй. Зæгъун, гормон, цæбæл бабæй фехалдтæ, дæлæ Гъæдгæрони Хъалæгати Хангуассæ æ фондз бæдолемæ ку æнгъæлмæ кæсуй æма е ку нæ кæуй, уæд ду сансала бахуардтай? Æ цæстисугтæ сæрфун райдайуй, æрæгиау ба фæззæгъуй:

– Исон скъоламæ иссæуæн. Тургъи Отаретæ кæддæр ци сосгъæдæ бæлæстæ ниссагътонцæ, уони буни сатæги рабадæн.

– Иссæудзинан, цæмæннæ гъæуама иссæуæн?

Сосгъæдæ бæлæстæ сæрди уорс деденæг ку ракалунцæ, уæд мæмæ уотæ фæккæсуй, цума етæ дæр биццеутæмæ æнгъæлмæ кæсунæй исуорс æнцæ. Сæ пæлæхсæр къалеутæ син думгæ фæррæвдауй, сифтæ æнахур сæбар-субур райдайунцæ. Æвæдзи сæ талатæй гъæдæй ка ’рхаста, уони фæййагорунцæ.

Гъо, фал телевизорæй тугъд ку февдесунцæ, уæд си артисттæ ке фæгъгъазунцæ, е ба æгириддæр мæ зæрдæмæ

нæ цæуй. Тугъд æносон азæлдау байзадæй, уæхæн азæлд, æма ин банцайуни муггаг нæййес. Некæд исæскъундзæнæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæрдзæнæй, уæд ма си артисттæ ба кæцирдиги гъæунцæ? Æцæг тугъд æвдесæнтæ. Куд адтæй, уотæ 'й æвдесæнтæ.

Кæд æз дæр мæ бæдоли ескæд фæууининæ…

Ацæмæз каст ку фæцæй, уæд еу усмæ нигъгъос æй, бæрæг адтæй, цидæр сагъæсти ке бацудæй, е. Æз дæр æй нæ хъор кодтон, цалинмæ æхуæдæг дзорун нæ райдæдта.

– Мæнæ уæдæйти «Хъурройтæ», зæгъгæ, ци зар райгъустæй, уой Отари фидæ, æвæдзи, игъосгæ дæр некæд фæккодта. Æ уодæгасæй нæма адтæй. Фал, æвæдзи, е дæр уæлæрвтæмæ ба искæсидæ… Хумæтæги нæ загъта: «Кæд æз дæр мæ бæдоли ескæд фæууининæ…» Уæдта ма нана дæр аци зармæ хъæбæр лæмбунæг фегъосуй… Фал æ цæстисугтæн ин бауорамæн нæбал фæууй. Æ фидæ тугъди фæммард æй… Е тугъдмæ ку цудæй, уæд мæ нана ма бустæги минкъий кизгæ адтæй, æма æ фидæн æ цæсгон дæр ма нæ багъуди кодта… Е ба ин уæлдай зин æй…

Биццеу уой уоййасæбæл мæтъæлæй исдзурдта, æма ин æ гъенцъун фæмминкъийдæр кæнунмæ гæсгæ загътон:

– Аци зармæ дæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ фегъосуй, æма уæлæрвтæмæ искæсуй, кæдимайди ба имæ æ фидæ уордигæй ракæсидæ…

Мæ хæццæ исарази æй Ацæмæз:

– Уотæ 'й, æвæдзи, æцæгæйдæр… Æрæги ба, кæд ин æхцæуæн уидæ, зæгъгæ, ин балæвар кодтон, аци зар ци æмдзæвгæмæ гæсгæ 'й, уой дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй. Нана еци мæтъæлхузæй бацийнæ кодта, уæлдай æхцæуæн ба ин е адтæй, æма æ ратæлмацгæнæг Скъодтати Эльбрус разиндтæй, е 'мгъæуккаг. Загъта: «Хуцау си исарази уæд, æгайтима уæхæн гъуддаг исаразта. Æ хабæрттæ ин райгъо-сун, берæ арфиаг гъуддæгутæ аразуй æма ин æнтæсæд идарддæр дæр…»

Уæдта Ацæмæз мæмæ лæмбунæг æрбакастæй æма мæ рафарста:

– Ду ба 'й нæ зонис?

– Куд æй нæ зонун!.. Финсæг, нæ еунæг дигорон литературон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор, берæ киунгутæ ин рацудæй, сауæнгæ Мæскуй дæр ма, уæртæ си мæнмæ дæр

еуцалдæр ес… Æма еци æмдзæвгæ ба дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй нæ кæсдзæнæ уæ ном ерæн мадзали?

– Уотæ бадзубанди кодтан, æма ни еу Расул Гамзатови аци æмдзæвгæ уруссагау бакæсдзæнæй, æз ба ’й – дигоронау… Бæргæ, уæдмæ ’й еске заргæ дæр ку ракæнидæ…

– Æма ’й ахур ба искодтай?

– Куд нæ! Бакæсон дин æй?

Æма мæ рази islæугæй кæсун байдæдта:

– Дагестани адæмон поэт Расул Гамзатови финст æмдзæвгæ «Хъурройтæ». Дигорон æвзагмæ ’й ратæлмац кодта Скъодтати Эльбрус.

Мæнмæ кæсуй хатгай, цума салдæттæ,
Ка не ’сцудæй тогæйдзаг будуртæй,
Аци зæнхи не ’рхустæнцæ кæддæрти,–
Фал уорс хъурройтæ ’ссæнцæ æмбурдæй.

Еци дзамантæй етæ нури уæнгæ
Тæхунцæ ’ма дзорунцæ асæстæй,
Кæд уотæ арæх ’ма æнкъардæй, уомæ гæсгæ,
Мах нигъгъос уæн, уæлæрвтæмæ кæсгæй?

Абони, изæрмелтæбæл, хъурройтæ,
Уинун æз, куд тæхунцæ мегъи раст.
Адæн уогæй, будурти ма гъеууотæ
Етæ хаттæнцæ, не ’халгæй сæ баст.

Етæ æмраст тæхунцæ сæ даргъ надбæл,
Райгъусуй кедæр нæмттæ сæ хъуртæй,
Кæд уомæ гæсгæ хъурройтæн се ’взаг дæр
Æнгæс даруй авайрагмæ муртæй?

Тæхуй, тæхуй фæллад цорк арви мали,
Бони кæрони мегъи æй æ тахт.
Еу цох бунат дæр ес балæн æ хали,
Ка ’й зонуй, ’ма е ба æй мæнæн уагъд!

Еу бон растдзæй, – хъурройбалæн æ хæццæ
Гъеуæхæн цъæх тари ранайдзæн æз дæр.
Маргъæй дзордзæн уæлæрвтæй сумах нæмттæ, –
Ке уи ниууагътон зæнхæбæл кæддæр.

Ӕмдзӕвгӕ каст фӕуугӕй, Ацӕмӕз бабӕй еу усмӕ нигъгъос ӕй, уӕдта дин ӕнай-ӕнойти фӕггӕпп кодта ӕма уӕлӕрвтӕмӕ амонуй:

– Кӕсай!.. Уӕлӕ кӕсай!.. Кумӕ амудта, уоми рауидтон, хъурройти устур къуар куд тӕхунцӕ, уой. Хъӕбӕр рӕсугъд ӕмраст рӕнгъитӕй рарӕнгъӕ уогӕй. Рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ райгъусуй сӕ гъӕлӕсти циуавӕрдӕр азӕлд. Ацӕмӕзи хӕццӕ нуртӕккӕ цӕбӕлти дзурдтан, уонӕмӕ гӕсгӕ уотӕ дӕр зиндтӕй, цума, ӕцӕгӕйдӕр, ӕдзард тугъдонти гъӕлӕстӕ райгъустӕнцӕ сӕ хъуртӕй…

Хъурройтӕ ку фӕййауууон ӕнцӕ, уобӕл цанӕбӕрӕг рӕстӕг рацудӕй, ӕма Ацӕмӕз, уӕлӕрвтӕмӕ амонгӕй, дестӕ кӕнун федӕдта:

– Кӕсай!.. Уӕлӕ кӕсай!..

Ӕма, е мин кумӕ амудта, уордӕмӕ ку искастӕн, уд си рауидтон: сӕ фӕсте уорс хъуӕци фӕд уадзгӕй, куд тахтӕнцӕ цалдӕр хуӕдтӕхӕги. Аци дууӕ цауи уотӕ ке фӕййеу ӕнцӕ, е мӕмӕ цидӕр агъазиау нисанеуӕгдзийнади хузӕн фӕккастӕй. Мӕнӕ абони сабур уӕлӕрвти хъурройтӕ дӕр ӕма хуӕдтолгитӕ дӕр ӕдасӕй ци арвицъӕхи тӕхунцӕ, е тугъди рӕстӕги ба сау мегътӕй кӕрӕй-кӕронмӕ ӕмӕхгӕд уидӕ. Нӕ сахъ тӕхгутӕ сӕ хуӕдтӕхгутӕй бацӕуиуонцӕ немуцаг-фашистон хъӕрццигъати нихмӕ мӕлӕтдзаг тохи. Нӕ бӕгъатӕрти сӕ еугурейдӕр нӕ адӕн нерӕнгӕ дӕр ма сӕрустурӕй имисунцӕ, уӕдта сӕ ӕностӕмӕ дӕр ке имисдзӕнӕнцӕ, е ми федарӕй ӕруагӕс кӕнуй, уомӕн ӕма си уомӕй ихӕсгин ан. Уӕларви цъӕх-цъӕхид денгизи ездонӕй накӕгӕнӕг хуӕдтӕхгутӕмӕ кӕсгӕй си мӕн зӕрдӕбӕл ӕрбалӕудтӕнцӕ не ‘хсаргун тӕхгутӕй кедӕрти намусгин хабӕрттӕ.

## КАВКАЗБӔЛ ТОХИ БӔГЪАТӔРТӔ

Ӕхсаргин тӕхӕг СМИРНОВ Николай Федори фурт, райгурдӕй 1915 анзи 22 майи нури Иванови облӕсти, сахар Кинешли косӕг бийнонти ’хсӕн. Устур Фидибӕстон тугъди архайдта ӕ тӕккӕ райдайӕнӕй фӕстӕмӕ. Фӕскавказаг фронти 4-аг уӕлдӕфон ӕфсади 219 бомбитӕгӕлдзӕг авиадивизий 366-аг авиаполкки звеной командир хестӕр лейтенант Николай Смирнов 1942 анзи ноябри уӕнгӕ 300 хатти истахтӕй уӕл-

дæфмæ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунмæ. Уонæй 153 хатти айдагъ бомбитæ знаги бунæттæбæл гæлдзунмæ нæ, фал знаги фæскъуилдуни ци куд æй, циуавæр æфсæдтон тухæй имæ кæми ци ес, уони исбæлвурд кæнунмæ дæр.

Мæздæги алфамбулай тугъдтити рæстæг 1942 анзи 21 августи Смирнов, разведки уогæй, исбæрæг кодта, знаги мотомеханизацигонд колоннитæ Пятигорскæй Хонсарæрдæмæ куд æмпурстонцæ, уой. Смирнов æрбатахтæй нæ аэродроммæ, хуæдтæхæг «байефтигъта» бомбитæй, фæстæмæ балæудтæй знаги колоннити сæрмæ æма сæбæл æргæлста бомбитæ. Знагбæл æрцудæй устур зиантæ.

Николай Смирнов 5 сентябри исбæрæг кодта, фашисттæ Мæздæгмæ хæстæг Терки сæрти хедтæ кæмити аразтонцæ, уой. Фæстæмæ ’здæхгæй, Мæздæгæй минкъий æндæдæр Смирновбæл сæхе рандзарстонцæ дууæ немуцаг хуæдтæхæги. Еци тугъди си æргæлста еу «Фоке-Вульфи». Æхуæдæг фæстæмæ сæрæгасæй æрбаздахтæй нæ аэродроммæ. Фæстæдæр Смирнов æ звеной хæццæ ниппурхæ кодта, Мæздæгæн æ хонсарæрдигæй знаг цæугæдони сæрти ци хедтæ райаразта, уони.

Смирнов 1942 анзи октябри кæрони уæлдæфæй исиста, Солдатскаяйи станици фарсмæ знагæн ци аэродром адтæй, уой хузæ. Æма си ци 50 хуæдтæхæги адтæй, уони еци бон нæ хуæдтæхгутæ ниппурхæ кодтонцæ.

Гизæли фарсмæ тугъди архайгæй ба Смирнов 1942 анзи ноябри дæрæн кодта знаги танкитæ æма хуæдтолгитæ. Еубон ниппурхæ кодта фондз танки æма цуппар хуæдтолги. Æд-еугурæй ба тугъди алли фронтти ниппурхæ кодта 55 танки æма 300 хуæдтолгемæй фулдæр, æфсæнвæндаги 45 вагони фашистон æфсæдтонтæ æма техники хæццæ. Устур бæ-гъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ 1943 анзи 1 майййиН. Ф. Смирновæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Тугъди фæсте Н. Смирнов службæ кодта æфсæдтон авиаций. Каст фæцæй Æфсæдтон-уæлдæфон академи (1949 анзи). Генштаби Æфсæдтон академи (1956 анзи), фæстæдæр ба ахургæнæгæй куста Ю. А. Гагарини номбæл Æфсæдтон-уæлдæфон академий. Болкъон Н.Ф. Смирнов æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2000 анзи 4 январи, байвардтонцæ ’й Мæскуй облæсти сахар Мониной Гарнизонон уæлмæрдти.

* * *

АЗАРОВ Сергей Семени фурт райгурдæй 1915 анзи 25 сентябри Брянски облæсти гъæу Соколовой зæнхкосæг бийнонти ’хсæн. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Кавкази немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити архайгæй бавдиста агъазиау лæгдзийнадæ. 1942 анзи сæрди гитлерон æфсæдтон разамунд Цæгат Кавказмæ æрбагæлста сæ номдзуд тæхгути, худтонцæ сæ «Асы». Сæ фæззинди фиццаг бæнтти пайда кодтонцæ «психикон атакитæй», кæцити худтонцæ «Нихæй-нихмæ таран», «Таран-Туй». Еци атакитæн не ’схъаурæ кæниуонцæ нæ æригон тæхгутæ, сæ фуркатаййæй рæдудтитæ æруадзиуонцæ æма уой фудæй фæммард уиуонцæ. Уомæ гæсгæ ба фæлтæрдгундæр тæхгутæ федарæй исунаффæ кодтонцæ: «Тохмæ айдагъдæр «зæрæндтæ» цæунцæ!.. Æригæнттæ ба бал зæнхæбæл ахур кæнæнтæ!..» Фашистон «сау хъæрццигъати» фæззинди цуппæрæймаг бон сæбæл уæлдæфи комкоммæ исцурæвæрæ ’й Сергей Азаров дæр. Уонæй еу, цъидагъи хузæн сау-сауид, уотемæй Азарови хуæдтæхæги нихмæ ниййарцæ ‘й. Фал си е æгириддæр нæ фæттарстæй, комкоммæ имæ исаразта æ хуæдтолгæ. Бустæги бахæстæг æнцæ кæрæдземæ, уæд тарсти тарст ба фашистон тæхæг фæккодта. Уайсахат æ них фæххæрдмæ кодта, æма уотемæй е ’нæгъæуайгонд «губун» фергом кодта… Æма дæ балгъетæг утæ!.. Немуцаг тæхæгæн ма тухамæлтти бантæстæй парашюти хæццæ рагæпп кæнун… Дууæ боней фæсте Сергеймæ фæдздзурдтонцæ фронти штабмæ. Уоми фæууидта еци уацари бахауæг тæхæги – разиндтæй болкъон, Рыцæйраг дзиуарæ, зæгъгæ, фашистон Германий уæлдæр хуæрзеуæг хæссæг. Уæди уæнгæ æ лæгдзийнæдтæй сæрбæрзонд уогæй, хъæбæр æрмæтъæл æй, уоййасæбæл æригон тæхæг (Азаровбæл уæд цудæй авд æма инсæй анзи) æй ке ’ргæлста, уой базонгæй.

Цæгат Кавказ немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кæнуни сæрбæлтау тугъдтити Сергей Азаров ма берæ хæттити фескъуæлхтæй. Авд æма дууинсæй хатти уæлдæфи знаги авд хуæдтæхæги æргæлста, е ’нбæлтти къуари хæццæ еумæ æмтох кæнгæй ба – никкидæр ма аст хуæдтæхæги. Цуппар хуæдтæхæги ба ниппурхæ кодта знаги аэродромти.

Сергей Азаров ци 57-аг кунæггæнæг авиаций адтæй, уой

1943 анзи апрели раййивтонцæ Краснодармæ, æма уоми архайдта немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ карз тугъдтити.

Уой туххæй еугур хабæрттæ ракæнуни равгæ нин ке нæййес, уомæ гæсгæ ба си уæддæр еуей кой ракæндзинан.

Эскадрилий командир, гвардий капитан В.Солдатов, гвардий хестæр лейтенант æма ма дууæ тæхæги ратахтæнцæ станицæ Абинскиййи алфамбулайти сæрмæ уæлдæфи знаги бомбæгæлдзгути нихмæ. Фронти рæнгъæмæ хæстæг сæ багъудæй знаги æхсæз кунæггæнæги нихмæ тохи бацæун. Знаги хуæдтæхгутæ дæрæн кæнгæй, Азаров еу рæстæги рауидта, Солдатови хуæдтæхæгбæл фашистти хъæрццигъатæ куд исфарс æнцæ æма ’й куд æргæлстонцæ. Азаров æхе фæййеуварс кодта е ’нбæлттæй æма æ них исаразта, Солдатов парашюти фæрци кæми æрбадтæй, уордæмæ. Уоми æрбадгæй, Солдатови райвардта æ хуæдтæхæги, æма ’й уотемæй фæййервæзун кодта знаги дзæмбутæмæ бахаунæй.

Сергей Азаров аэродроммæ ку ’рбахъæрттæй, айдагъдæр уæд базудтонцæ е ’нбæлттæ, æхуæдæг дæр уæззау сугъдтитæ ке æй, уой. Уайтæккидæр æй госпитæлмæ бæргæ бахъæртун кодтонцæ, фал… Уоми дууæ боней фæсте – 1943 анзи 10 маййи рамардæй…

ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ ин æ фæсмæрдæ 1943 анзи 2 сентябри аккагонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Кустадон еугонд «Брянски машинæаразæн завод»-и фæзуати ин æвæрд æрцудæй циртдзæвæн.

* * *

Советон цардарæзти фехæлди фæсте Уæрæсей алли рауæнти ци æгæрон берæ цæрæнбунæттæ федзæрæг æнцæ, уони халæ рахуардта Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций инæлар-лейтенант Павел Берестнев 1923 анзи 2 июни кæми райгурдæй, еци гъæу Покровкæ дæр. Æдзæрæг нæ, фал гъæууат æй нур, Смоленски облæсти Хиславичий райони аци кæддæри цардгъон гъæу.

Павели сабийдоги си скъола нæ адтæй, æма сувæллæнттæ ахур кæнунмæ цудæнцæ синхаг гъæу Череповомæ. Уоми фæцæй каст Павел дæр æнæнхæст астæуккаг скъола. Уой фæсте агъаз кодта æ фидæ Максимæн хæдзари кустити,

уæдта адтæй газет «Социалистическая деревня»-йи гъæуuон уацхæссæг.

Павел 1930 анзи рандæй Донбассмæ æма уоми куста шахти. Дууæ анзей фæсте ба – æ райгурæн гъæуи колхози. 1933 анзæй фæстæмæ цардæй Мæскуй, ахур кодта завод «Серп и молот»-и косæг фæсевæди скъолай. Еци-еу рæстæг косгæ дæр кодта хæдзæртти сæртæ æмбæрзæгæй.

1936 анзи каст фæцæй рабфак, æма имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. 1939 анзи каст фæцæй Качинки авиацион скъола, 1940 анзи ба æфсæдтон-уæлдæфон тухти штурмæнти арæхстдзийнадæ хуæздæргæнæн курситæ Полтави. Службæ кодта Фæскавкази æфсæдтон зилди æфсæдтон-уæлдæфон тухти рæнгъити.

1942 анзи мартъийæй фæстæмæ адтæй Устур Фидибæстон тугъди фронтти. Еци анзæй 1943 анзи ноябри уæнгæ адтæй 25-аг дæрæнгæнæг авиацион полки эскадрилий командири адъютант, уæдта – командири хуæдæййевæг æма эскадрилий командир (1943 анзи июнæй – 100-аг дæрæнгæнæг авиаэскадрилий командир). Архайдта Хъирими, Цæгат Кавкази, Хонсайраг æма 4-аг Украинаг фронтти, Хъирим æма Кавказ багъæуай кæнунбæл, Донбасс æма Мелитополь исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити. 1942 анзи июни ин фашисттæ æргæлстонцæ æ хуæдтæхæг. Æхуæдæг уæззау цæфтæй рагæпп кодта парашюти хæццæ. 1943 анзи мартъий уæнгæ фæцæй госпитæли. Тугъди архайгæй, исаразта 185 тугъдон ратахти кунæггæнæг «ЯК-1» æма «Аэрокобра» хуæдтæхгутæбæл. Æргæлста знаги 12 хуæдтæхæги, дууæ хуæдтæхæги ба – е ’нбæлтти агъазæй.

Немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке бавдиста, уой туххæй Берестнев Павел Максими фуртæн ССР Цæдеси Сæйраг Совети 1943 анзи 24 майи рауагъд Указæй лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Æ номер 990 кæмæн адтæй, еци майдан Сугъзæрийнæ Стъалуй хæццæ ма Бæгъатæри исхуарзæнхæгин кодтонцæ Ленини орденæй дæр.

Павел Берестневи 1943 анзи ноябри рарвистонцæ сахар Мониной Æфсæдтон-уæлдæфон академий ахур кæнунмæ. Каст æй фæцæй 1945 анзи. Службæ кодта Советон Æфсади Цæгаттаг къуари Польши, фæстæдæр ба –Советон æфсæдти къуари Германий. Адтæй си полкки командири хуæдæййе-

вæг, полкки командир, дивизий тæхæг-инспектор хуæдтæхæг æскъæруни техники, дæрæнгæнæг авиацион дивизий командири хуæдæййевæг æма командир Одесси æма Фæскавкази æфсæдтон зилдтити. 1956-1961 æнзти инæлар-майор Павел Берестнев адтæй уæлдæфон тугъдадæ гъæуай кæнуни 34-аг уæлдæфон æфсади командæгæнæги хуæдæййевæг. 1961 анзи сентябрæй фæстæмæ инæлар-лейтенант Берестнев адтæй запаси. Цардæй Одесси, уæдта – Дзæуæгигъæуи. Архайдта сахари æхсæнадон царди, фæсевæди патриотон гъонбæлади мадзæлтти.

Советон Цæдеси Бæгъатæри, Сурх Турусай цуппар ордени, Фидибæсти тугъди 1-аг къæпхæни ордени, Сурх Стъалуй æртæ ордени æма къуар майданей хецау Павел Берестневи тугъдæй æфхуæрд зæрдæ банцадæй æ косунæй 1981 анзи 23 майи. Устур кади хæццæ ’й байвардтонцæ Иристони цитгиндæр бунæттæй еуеми – Ирон аргъауæни тургъи мемориалон уæлмæрдти.

Бæгъатæр тугъдони рохс ном нæ иронх кæнуй нæ арфиаг дзиллæй. Берестневи ном лæвæрд æрцудæй Смоленски облæсти поселок Хиславичий гъæунгтæй еуемæн, уæдта кæми ахур кодта, еци гъæу Череповоййи астæуккаг скъолайæн.

* * *

Берæ, хъæбæр берæ æхсаргин тугъдон тæхгутæ ма фескъуæлхтæнцæ Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Æма уони кой Ацæмæзи хæццæ куд кодтан, уотемæй нæ сæргъи æрбалæудтæй Фаризæт, мæ лимæн биццеуи нана. Ниддестæ ’й:

– Айсонккæй æй кæми ба нæ байагурдтон, е ба ами æнцад бадуй!..

– Æнцад нæ бадуй, фал хабæрттæ кæнуй, – исдзурдтон биццеуи сæрбæл.

– Уанæбæрæг уæмæ сæумицъæхæй циуавæр дзубандийæгтæ ес?

– Рæхги сæмæ скъолай Фидибæстон тугъди фæдбæл еу мадзал уодзæнæй, æма мин уой хабæрттæ кæнуй…

– Æма ’й æз дæр уомæ гæсгæ агорун. Дæлæ имæ нæхемæ е ’нбæлттæ æнгъæлмæ кæсунцæ, киунугæдонæмæ цидæр киунугути туххæй цæуйнаг æнцæ.

Ацæмæз нифсæрмитæ ’й:

– Æцæгæйдæр, æрбаздæхдзинайтæ мæбæл, зæгъгæ, бадзубанди кодтан.

Æма фæннæхстæр æй сæхемæ. Фаризæт ба æ фæсте кæсгæй, загъта:

– Æхцæуæн мин æй, аци биццеутæ уоййасæбæл æновудæй ке архайунцæ тугъди хабæрттæ æмбурд кæнунбæл. Уой æнгъæл уогæ дæр нæ адтæн, æма уоййасæбæл фæллæгхуз уодзæнæнцæ. Æхцæуæн мин æй… Æгайтима нæ фидтæлти кадæ цитгин кæнунцæ… Тугъд нæ фæууингæй, æ гъезæмæрттæ ин нæ бавзаргæй… Æз ба сæ бавзурстон… Бустæги сабий ма адтæн, æдеугурæй мæбæл æртæ анзи цудæй, уотемæй мæ фидæ рандæй тугъдмæ. Æз æй гъуди дæр нæ кæнун. Куд мин дзурдтонцæ, уотемæй мæ гъæуи кæронмæ æ гъæбеси фæххаста, уоми ба ма мин рахъури кодта æма фæннæхстæр æй иннæ тугъдонти хæццæ… Уоййадæбæл нæбал исæнбалдæй æ фидиуæзæгбæл. Æ бæсти нæбæл исæнбалдæй æ фæммарди туххæй гæгъæди… Мæ сабийдоги ибæл хъæбæр æрхун кодтон, хъæбæр хицæ кодтон, фидтæлтæ кæмæн адтæй, мæ еци æнгæрттæмæ… Скъолай ма ку ахур кодтон, уæд нæмæ кæддæр адтæй тугъдонти хæццæ фенбæлд. Цидæр концертгонд дæр бацæттæ кодтан. Мæнæн дæр бабарæ кодтонцæ ести æмдзæвгæ бакæсун. Ци бакæсон, зæгъгæ, киунугæдони иссирдтонцæ еу æмдзæвгæ. Мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй, раст, цума, æ ниффинсæг мин мæ сагъæстæ фегъуста. Абони дæр ма гъуди кæнун æмдзæвгæн æхе дæр, уæдта, ка ’й ниффинста, уой дæр – Галинæ Осинина. Æма уотæ финста:

– Не просила у жизни многого.
Одного лишь:
Отца верни!
Хоть безрукого,
Хоть безногого.
Все ждала.
Все считала дни.
Хоть слепого!
Я, как за маленьким,
Все ходила бы день за днем.
Вечерами на завалинке

Песни пели бы вдвоем.
Поглядел бы, какая стала!
Все умею:
Стряпать и шить.
Только нету слов, как устала
По-сиротски на свете жить…

Æмдзæвгæ бæргæ исахур кодтон, еци фембæлди æй дзорун дæр бæргæ райдæдтон, фал кæронмæ каст ба нæ фæдтæн, мæ бон нæ иссæй, мæ зæрдæ уоййасæбæл рахъурмæ 'й, æма ниббогъ-богъ кæнунмæ ма мæ минкъий багъудæй… Ралигъдтæн уордигæй æма тургъи еу къуми хæкъурццæй фæккудтæн, бауорамæнтæ мин нæбал адтæй…

Фаризæт нигъгъос æй… Æз дæр ин ци гъæуама загътайнæ… Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бабæй байдæдта дзорун:

– Ку зæгъун, мæ сабийдоги хабæрттæ мæ карæмæ гæсгæ уоййасæбæл нæ гъуди кæнун. Фал сæ хестæрти дзубандитæмæ гæсгæ ба уæддæр зонун. Уотæ, тугъд ардæмæ дæр ку исхъæрттæй, уой дæр. Уæлдайдæр ба, мæ райгурæн гъæу Сурх-Дигори фалдзости ци карз тугъдтитæ цудæй, уони туххæй. Мæнæ Ацæмæзмæ дæр равардтон Николай Попови финст киунугæ «На Терских и Кубанских рубежах» – уоми дæр сæбæл цæуй дзубанди.

Фаризæт ци киунуги кой ракодта, уой æз дæр кастæн. Ка 'й ниффинста, еци тугъдон лæг Цæгат Иристони зæнхæбæл тугъдтити рæстæги адтæй 10-аг гвардион æхсæг бригади штаби оперативон хайади хецауи агъазгæнæг, фæстæдæр ба разамунд лæвардта еци хайадæн. Æма Фаризæти дзубандимæ гæсгæ мæ еци киунугæй æримисун фæндуй кæцидæр хабæрттæ.

Цæгат Иристони зæнхи дзæвгарæ хай знагæй исуæгъдæ кæнгæй, бригади хæйттæ 1942 анзи 26 декабри хæстæг бацудæнцæ Сурх-Дигорæмæ. Еци рауæн знаг, гъæуи фалдзости æрдзон хуарз уавæртæй æма Арфарæхъи къанауæй пайда кæнгæй, æхе хъæбæр æрфедар кодта.

Сауæнгæ æ танкитæн дæр искъахта римæхсæн бунæттæ æма етæ æхстонцæ уордигæй. Знагæн агъазгæнæг адтæнцæ иннæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæ дæр.

Гъæуайкæнуйнадон мадзал арæзт адтæй Чиколай æма Се-

кери дæр, знаг си æрæнбурд кодта 1000 балæборæнтæ æма 50 танки æнæ артагæй.

Знаги нихмæ не 'фсад ци атакитæ аразта, уонæй неци уадæй. Багъудæй размæ нимпурсунмæ лæмбунæгдæрæй бацæттæ кæнун. Арæзт æрцудæнцæ идардмæ уинæн фæлгæсæн пункттæ, сæ куст фæттухгиндæр кодтонцæ нæ фæдæсгаргути къуæрттæ, кæцитæ бæрæг кодтонцæ, знаги гъæуайкæнуйнади федæрттæ кæмити æма циуавæр æнцæ, уони. Унафæ хаст æрцудæй знаги нихмæ æртæ батальонемæй бампурсунбæл галеуæрдигæй, рахесфарсæй ба атаки гъæуама цудайуонцæ 351-аг топпæйæхсæг дивизий хæйттæ. Æртæ боней дæргъи – 27 декабрæй ба 30 декабри уæнгæ – бригадæ еудадзуг архайдта карз тугъдтити. Минкъий гъæу Сурх-Дигорæ цалдæр хатти цудæй къохтæй-къохтæмæ, уæд æй мах исуæгъдæ кæнианæ, уæдта бабæй æй знаг нæуæгæй байахæссидæ.

Не 'фсæдти атакитæн знаг дæр контратакитæ аразта. Гъæу сугъдæй къуар рауæнеми. Æ бацæуæнти хъуæцæ калдтонцæ танкитæ æма бронетранспортертæ. Будур æнæгъæнæйдæр фæцæй содзгæ танкити хъуæци буни.

Советон гвардионтæ тугъдтонцæ бæгъатæрæй æма æнæфæккеугæй.

Лейтенант А.П. Синицыни ротæ атаки ку бацудæй, уæд ибæл знаг æваст нигъзалдта пулеметæй. Ротæ æрхъан æй игон бунати æма хаста зæрантæ.

Дзармадзанти агъазбæл зæрдæдарæн нæ адтæй, уомæн æма знаг ци дзотæй æхста, е адтæй ауон рауæни. Дууæ æфсæдтони – Николай Цибу æма Юрий Песков гранæтти хæццæ бурун байдæдтонцæ еци дзотмæ дууердигæй. Еугур ротæ дæр десгæнгæй кастæй бæгъатæрти тохмæ, кæцитæ сæхемæ раздахтонцæ знаги пулемети æхст. Песков æхе нитътъæпæн кодта зæнхæбæл. Цибу ба бахъæрттæй дзотмæ æма ибæл багæлста æртæ гранати. Знаги пулемет банцадæй. Ротæ æмхузонæй фестадæй атаки æма баервазтæй знаги федæрттæмæ. Роти хæццæ знаги дæрæн кодтонцæ бæгъатæртæ Цибу æма Песков дæр.

Коммунист лейтенант П. Е. Сухани 4-аг батальони ротæ еугурей разæй бампурста Сурх-Дигори кæронмæ. Гитлеронтæ ибæл æртумугъ æнцæ фæрсæрдигæй æма 'й фæххецæн код-

тонцæ батальони сæйраг тухтæй. «Скъæппæги» уогæй, ротæ бони дæргъи нихкъуæрд лæвардта знаги фондз контратакемæн, ниппурхæ кодта цуппар танки æма еу æхсæзхæтæлон минометти расчет. Роти командир æхуæдæг ба рамардта инсæй фашисти.

Аци рауæн хъæбæрдæр фескъуæлхтæнцæ 3-аг батальони пулеметон роти пулеметчиктæ – сержанттæ Масухринов æма Бугаев. Етæ сæ «максим»-тæй ниццагътонцæ дæс æма инсæй фашистемæй фулдæр, басабур кодтонцæ дууæ пулемети; роти танкити нихмæ тохæг топпæйæхсгутæ Петр Тугий æма Иван Нагнойский ба ниппурхæ кодтонцæ дууæ танки.

Еци батальони хестæр лейтенант И.Н. Найдини 3-аг минометон роти фæцæнцæ минитæ, знаг ци федæрттæ æхста, етæ пурхæгонд нæма ’рцудæнцæ, уотемæй. Роти командирæн тугъдонтæй еу фегъосун кодта, зæгъгæ, нæ тохæн бунæттæмæ хæстæггомау фæууидтон, знаг ке ниууагъта, уæхæн минометтæ æма минитæ. Еци уавæрæй нæ тугъдонтæ куд нæ испайда кодтайуонцæ!.. Æма знагæн æхе минитæ тæхун райдæдтонцæ сæхе сæртæбæл.

1-аг батальони уæди командири хуæдæййевæг капитан М. П. Буторин имисуй: «Сурх-Дигорæбæл тугъдтити ротити байзадæй 15-20-гай адæймаги, 29 декабри изæрæрдæмæ мах батальонæн 2-аг батальони хæццæ бантæстæй дуккаг хатт гъæумæ бампурсун. Гъудæй, ци рауæнтæ байахæстан, уонæми тагъд æрфедар ун æма сæумæ знаги контратакитæй нихкъуæрд дæттунмæ цæттæ ун. Æнæгъæнæ æхсæвæ не ’фсæдтон хæйттæ аразтонцæ гъæуайкæнуйнадон мадзæлттæ. Фæллад уадзунмæ рæстæг нæ адтæй. Сæумæй командæгæнæн пунктмæ ку ’рбацудтæн, уæд еу рауæн мæхе æруагътон æма уайтæккидæр рафунæй дæн. Рагæпп кодтон æхсæзхæтæлон минометтей æхсуни гъæр æма скъотмæ. Рауадтæн æма рауидтон, еугур хæдзæрттæ дæр куд содзунцæ, уой. Фестæг тугъдонти дууæ батальони æма 15 танкей атакæ исаразтонцæ мах батальонбæл. Ротитæн уадзгæ æрцудæнцæ сæ позицитæ æма рацудæнцæ фæстæмæ.

Сахатти фæсте батальон, фæййагъаз кæнунмæ ин ка фæззиндтæй, еци танкити роти хæццæ бацудæй атаки. Тугъдонти еу хай рабадтæй танкити сæрбæл. Знагæн нæ бантæстæй махонти нимпурст бауорамун æма сурд æрцудæй Сурх-Дигорæй.

Фал знаг уобæл нæ банцадæй, кодта контратакитæ гъæу нæуæгæй æхе бакæнуни туххæй. Знаг лæдæрдтæй: еци гъæу æ къохæй фæццох уогæй, уоми ци берæ техникæ лæудтæй, артаг, уонæй ке фенæхай уодзæнæнцæ, уой.

Сурх-Дигорæбæл тугъдтити гвардион федардзийнадæ бавдистонцæ, кæстæр лейтенант В.С. Никитин ке сæргъи лæудтæй, еци фæдагоргутæ. Етæ батальони хæйтти хæццæ раздæр бампурстонцæ гъæумæ. Фал ротитæ фæстæмæ рацудæнцæ, фæдагоргутæ ба байзадæнцæ уоми. Сæхе уоми æрфедар кæнгæй, етæ истухтæнцæ знаги нихмæ. Фал тухтæ æмхузон нæ адтæнцæ – аст фæдагорæги æрлæудтæнцæ знаги роти нихмæ.

Уæдта ма фæттæ дæр адтæнцæ фæуунбæл. Знаг гъавта нæ бæгъатæртæбæл æртеголæ ун. Фал Никитини бардзурдмæ гæсгæ етæ еугаййæй бабурдæнцæ еу дорæй даст хæ-дзарæмæ æма си сæхе æрфедар кодтонцæ. Уордæмæ бацæун знаги бон не ’ссæй. Куддæр фæззинниуонцæ, уотæ сæ не ’фсæдтонтæ ниддæрæн кæниуонцæ.

Фал уæдмæ не ’фсæдтонти уавæр фуддæр кæнун байдæдта. Не ’ртæ фæдагорæги – Егоров, Клюев æма Богатенко – ма адтæнцæ æхсунгъон. Банимадтонцæ сæ фæттæ. Байзадæй ма сæмæ хъæбæр минкъий, уотемæй ба сæ, ку фætталингæ адтайдæ, уæд рампурсун гъудæй нæхеуонтæмæ.

Сæ зæрдæ дардтонцæ хæдзари федар фæрстæбæл æма нæхе æфсæдтон хæйтти агъазбæл. Фал дузæрдуг дæр кодтонцæ, нæхеуонтæ ’й зонунцæ, кæми æма ци уавæри ‘нцæ, уой, æви нæ, уобæл.

Бригади командир дæлболкъон Н.Е. Терешков бардзурд равардта, æ бæрни ма ци тухтæ адтæй, уони тохмæ бакæнуни туххæй, цæмæй бæлахи бахауæг фæдагоргутæ уæгъдæгонд æрцудайуонцæ, уой фæдбæл.

Дууæ сахаттей дæргъи нæ фæдагоргутæ тох кодтонцæ бæрцæй сæхецæй фулдæр знаги хæццæ. Фæццæф æй сæ еу – Бубликов. Ахид нæбал æрцæуидæ æхемæ. Фал ма сæ командир Василий Никитин (уомæн дæр æ иуонг цæф адтæй), артиллерист сержант Иван Супронов, Хизир Хуштов æма телефонист Григорий Спасенов урæдтонцæ знаги.

Гитлеронтæ æртумугъ æнцæ бæгъатæрти хæдзарæбæл æма сæмæ гъæр кодтонцæ:

– Уæхе раттетæ! Фæцæй уæ цард!

Фал дзуаппæн истонцæ фæтти дорадзагъд.

Немуцæгтæ тургъæмæ ‘рбазилдтонцæ танкити нихмæ тохæн дзармадзан æма тæккæ фиццаг æхстæй хæдзари дуар листитæ фестун кодтонцæ. Нæ тугъдонти амонд адтæй, æма си некæмæн неци адтæй. Дзармадзани æхсуни фæрци сæхе гъæуай кæнгæй, гитлеронтæ исаразтонцæ атакæ, фал сæ фæдагоргутæ, ци гранаттæ ма сæмæ байзадæй, уони, уæдта пулемети æхсти фæрци басабур кодтонцæ уони. Хæдзари фалдзости сæ мард æфсæдтонти фæууадзгæй, немуцæгтæ фæффæстæмæ ’нцæ. Фал знаги нихмæ ке испайда кодтонцæ, уонæй уæлдай не ‘фсæдтæмæ гранаттæ нæбал адтæй, фæттæ ба – фæуунтæбæл. Автоматтæ басабур æнцæ. Топпитæн ба ма байзадæй фæйнæ æртæ фати.

Василий Никитин æма Хизир Хуштови рæстъæп æхстæй пурхæгонд æрцудæй знаги дзармадзани  расчет, фал фæстаг æхстæй знаг исцæфсун кодта хæдзари сæр. Хъуæцæ калдæй хæдзари хурфæмæ, иссугъдæй тугур. Раталингæ унмæ ма гъудæй сахат. Не ’фсæдтонтæ ард бахуардтонцæ уодæгасæй сæхе нæ раттунбæл.

Æваст бабæй гъæуи хурфи райдæдта  тугъд æма хæдзари рази фæззиндтæй нæ танк, æ фæсте ба – нæ фестæг æфсæдтонтæ.

Фæдагоргути  алливарс ка ’ртумугъ æй, еци гитлеронтæ ледзæги фæцæнцæ.

Гъо, æфсæдтонтæ æма афицерти бæгъатæрдзийнадæн кæрон нæ адтæй. Фæццæф æй роти командир, æ бунат ин байахæста æ хуæдæййевæг Анатолий Иванов. Е атакæмæ фестун кодта ротæ, бафæразта дзармадзанти фæтти, æхсæзхæтæлон минометти минити ихæлдæн æма пулеметти къæр-къæрæн, фиццæгти разæй байервазтæй гъæумæ æма къохæй-къохмæ тохи рамардта дæс фашисти.

Сурх-Дигорæбæл тугъдтити рæстæги дзæвгарæ фæффулдæр æнцæ парти æма фæскомцæдеси рæнгъитæмæ бацæуни туххæй нæ тугъдтити курдиæттæ. Æма син сæ курдиæттæмæ каст цудæй еци фæдбæл, тох минкъий куддæр басабур уидæ, уотæ. Æртиккаг батальони уогæй, мах бацудан батальони командир майор Рудневи блиндажмæ. Уоми æ куст кодта партион къамис. Адтæй си бригади командири хуæдæй-

йевæг дæлболкъон Король, партион къамиси секретарь капитан Мозолин, батальони командири хуæдæййевæг, политикон кусти капитан Мякишев æма роти командири хуæдæййевæг хестæр лейтенант Песин. Партимæ истонцæ, фæстаг тохи ка фескъуæлхтæй, еци тугъдонти.

Капитан А.И. Мезин бакастæй сержант Лиханови курдиадæ. Уой фæсте радзурдта хестæр лейтенант Песин, Лихановæн рекомендацитæ дæр е равардта.

– Сурх-Дигорæмæ атаки, – дзурдта Песин, – сержант Лиханови хайадæ бампурста раззæгти хæццæ æма байахæста хæстæгдæр хæдзарæ. Знаги контратакæ ку райдæдта, уæд Лиханов æ хайади хæццæ, хæдзари æрбунат кæнгæй, хæстæг бауагъта знаги æфсæдтонти, уæдта дæрæн кæнун байдæдта фæскъилдунæй. Контратаки бацæуæг знаги къуари еу хай æрцудæй цагъд, иннæ ба – хæлеугонд. Батальон нæуæгæй бацудæй атаки æма байахæста цалдæр хæдзари гъæугæрони. Лиханов тугъди будури бавдиста, коммунист уни аккаг ке æй, уой.

Сержант Лиханови райстонцæ партий рæнгъитæмæ кандидатæй. Уой фæсте ба дæлболкъон Король партион билеттæ равардта, партимæ раздæр ист ка ’рцудæй, еци æфсæдтонтæ æма командиртæн. Кæстæр сержант Василий Козаченкойæн партбилет дæтгæй, Король æртæ хатти нихъхъури кодта цийнæгæнæг тугъдони æма загъта:

– Нур ду коммунист дæ! Лæдæрис, е ци æй, уой? Нур ду тохмæ гъæуама разæй бацæуай, æздæхун ку багъæуа, уæдта гъæуама – сæ еугуремæй фæстагдæр. Уотæ ахур кодта мах Ленин!

Уомæй цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма коммунист, кæстæр сержант Василий Козаченко бавдиста æ лæгигъæдæ æма коммунистон фæразондзийнадæ. Знаги контратакæн нихкъуæрд дæтгæй, е, станокгин пулемет имæ уогæй, исфæндæ кодта, знаги куд æнгъезуй, уотæ æхемæ хæстæгдæр æрбауадзун, цæмæй æнæвгъауæй æхстайдæ, уой туххæй.

Казаченко ма бангъæлмæ кастæй цалдæр минутти æма, знаги æфсæдтонтæ имæ хъæбæр хæстæг ку бацудæнцæ, уæдта сæбæл никкалдта фæттæ. Пулемет куста æнæкъулумпийæй. Гитлеронтæ фæффæстæмæ ’нцæ, фондз æви æхсæз си æрхаудтæй сæ медбунати, беретæн ба ауон рауæнмæ бахъæртун нæбал бантæстæй, æма карст æрцудæнцæ пулемети зингæй.

Фæдагоргутæ еунæг хатт нæ бавдистонцæ фæразондзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ. Аци хатт ба фæдагоргути къуар, сæ сæргъи батальони штаби хецауи хуæдæййевæг хестæр лейтенант И.Н. Бакшевников, уотемæй æхсæвигон бацудæнцæ гъæумæ. Еу хæдзари рази гъæуайгæсти рамардтонцæ. Дæс ба рамардтонцæ хæдзари медæгæ, стъоли уæлгъос – Нæуæг анз бæрæг кодтонцæ. Дууей си райстонцæ уацари.

Хестæр лейтенанттæ П.В. Козаки æма Мисюри топпæйæхсæг ротитæ, 45-аг дууæ дзармадзанемæй æма станокгин пулеметти дууæ взводемæй сæ фæттухгиндæр кæнгæй, 30 декабри сосæггай Сурх-Дигорæбæл хорнигулæн æрдæги æрзелгæй, бацудæнцæ уой рæбунмæ. Куддæр арвмæ сурх ракетæ истахтæй – еумæйаг атакæмæ бацæуни сигнал, – уотæ ротитæ, «ура» гъæр кæнгæй, атаки бацудæнцæ знагбæл къилдун æрдæги.

Æваст нимпурстæй знаг фæккуддæр æй, фал, æрлæдæргæй, Мисюри æма Козаки ротити нихмæ багæлста фестæг æфсæдтонти батальон танкити хæццæ. Ротитæ æрхъан æнцæ зæнхæбæл æма карз æхсун райдæдтонцæ знаги. Бæгъатæр тох кодтонцæ сержанттæ Валентин Алехини æма Иван Кондратьеви дзармадзанти расчеттæ. Ниппурхæ кодтонцæ дууæ танки. Кондратьеви расчет æма дзармадзанбæл исуадæй знаги дзармадзани фат, фал ма син бантæстæй ниппурхæ кæнун знаги еу танк.

Фæммард æй роти командир хестæр лейтенант Мисюра, фæммард æма фæццæфтæ æнцæ æ еугур афицертæ дæр. Хестæр лейтенант Козак байеу кодта дууæ ротей тухтæ æма нихкъуæрд лæвардта знаги атакитæн, æ фæстæмæ рацæуæн над ин æрæхгæнгæй. Тагъд рæстæги агъазмæ фæззиндтæнцæ комкоммæ атаки цæуæг нæхе æфсæдтон хæйттæ.

Еци тугъди Мисюри æма Козаки гвардион ротитæ, артиллеристти æма пулеметчикти хæццæ еумæ архайгæй, ниппурхæ кодтонцæ æртæ танки æма рамардтонцæ дууинсæй гитлерони. Уони æхсаргин архайд устур агъаз равардта гъæуайкæнуйнадæн еци ахсгиаг цæг байсунæй. Сурх-Дигорæ 30 декабри кæдзосгонд æрцудæй фашисттæй, дуккаг бон ба уæгъдæгонд æрцудæй Чикола дæр. Сурх-Дигорæбæл тугъди фæммард æй 4-аг батальони бæгъатæр командир капитан Довгус: е æхуæдæг бацудæй батальони атаки разæй æма къо-

хæй-къохмæ тохи æрхаудтæй автомати фæттæй. Устур бæгъатæрдзийнадæ æма лæгдзийнадæ бавдиста 2-аг батальони контрразведки хайади бæрнгин И.Г. Кишкин. Е атаки цудæй тугъдонти хæццæ.

Еу хæдзари тегъæй æваст райгъустæй пулемети къæркъæр. Кишкин не ’рлæудтæй, нæ баримахста æхе хæдзари фæсте, фал гранати хæццæ уадæй размæ, пулемет кæцæй æхста, уордæмæ. Пулемет æй æхста комкоммæ, фал е уадæй, æма, хаугæй, æ бон бацæй гранат фехсун æма пулемет ниппурхæ кæнун. Уойфæсте ин æ бауæрбæл банимадтонцæ æстдæс æма инсæй цæфи.

Цæгат Иристони зæнхæбæл ци тугъдтитæ цудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ, уони рæстæги не ’фсæдтон хæйттæ ци алæмæти æхсардзийнадæ бавдистонцæ, уобæл финст æрцудæй берæ аййевадон уадзимистæ. Етæ гъæугæ куд нæ кæнунцæ, фал уæлдай ахсгиагдæр ба æнцæ документалон æвдесæнтæ. Æма уин ракæнуйнаг дæн 319-аг фестæгæфсæдтон дивизий кой. Немуцаг балхонтæ Гудериан æма Готи танкити полктæ Мæскумæ агъазиау нимпурст исаразунмæ сæхе ку ‘рцæттæ кодтонцæ, раст еци – зæгъун гъæуй, уæззау – уавæрти арæзт æрцудæй 319-аг фестæгæфсæдтон дивизи.

Уомæн барæгонд æрцудæй цийфæндийæй дæр знаги æмпурст бауорамун. Дууæ къуæрей тогкалæн тугъдтити дивизий тугъдонтæ усхъæй-усхъæмæ лæудтæнцæ танкити нихмæ. Знаги фæндитæ фегуппæг æнцæ. Фал еци æхцæуæн хабарбæл 319-аг фестæгæфсæдтон дивизий тугъдонтæ нæбал бацийнæ кодтонцæ. Дивизий «цардвæндаг» цубургомау рауадæй – æдеугурæй 1941 анзи 19 декабрæй ба 1942 анзи 9 январи уæнгæ. Уæди уæззау тугъдтити архайгæй æгæр искунæг æй, æгæр берæ тугъдонтæ си, знагæн карз нихкъуæрд дæтгæй, бæгъатæрæй фæммард æнцæ, ци еугай тугъдонтæ ма си байзадæй, етæ ба æрвист æрцудæнцæ æндæр æфсæдтон хæйттæмæ. Фал уæддæр дивизий ном исæфт нæй, æ намусгин карни хабæрттæ æностæмæ цæрдзæнæнцæ, мæнæ дæлдæр ци æрмæгути кой ракæнуйнаг дæн, уони фæрци. Æ рæстæги сæ бамбурд кодта зундгонд журналист æма ахургонд Чипирати Ларисæ, æма уин сæ абони уæ зæрдæбæл æрлæууун кæнæн.

– Еу гъуддагæн иронхгæнæн нæййес. Устур Фидибæстон тугъди рæстæги 319-аг фестæгæфсæдтон дивизи арæзт æрцудæй æртæ хатти. Фиццаг хатт – 1941 анзи 19 декабрæй 1941 анзи январи уæнгæ, дуккаг хатт –1942 анзи 7 августæй 1942 анзи 2 декабрмæ, æртиккаг хатт – 1943 анзи 30 сентябрæй тугъди кæронмæ.

Фиццаг хатт гъæдгинтæ ку нецæмæйбал бадзæбæхгæнæн адтæй, уæд дивизи æма полкки турусатæ рарвистонцæ Кавказмæ. Гъæуама ами равардтайуонцæ дивизийæн дуккаг цард...

Цудæй 1942 анз. Сæрди фæстаг мæйæ – август. Фиццаг Нальчикмæ, уой фæсте Дагестанмæ цудæнцæ Дон æма Кубанæй, Стъарапол æма Иристонæй, Цæцæн-Мæхъæл æма Азербайджанæй, Сомех æма Гурдзийæй 17-18 анзи дæр кæбæл нæма цудæй, уæхæн æвзонг, фал æ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау раттунмæ цæттæ ка адтæй, уæхæн бæгъатæр фæсевæд.

319-аг Фестæгæфсæдтон дивизий политхайади хецау, батальони комиссар Г.И. Кашицыни бонугæй.

«1942 анзи сентябри кæронмæ дивизи адтæй цæттæ знаги нихмæ истохунмæ.

... Сæйрагдæр æрлæуун гъæуй дивизий царди æртæ цауебæл – цæугæдон Сулак, сахар Орджоникидзе æма Æрæдонбæл тугъдтитæ.

Сахар Орджоникидзей бунмæ тугъдтити Фæскавкази фронти 319-аг фестæг дивизий тугъдонтæ равдистонцæ агъазиау лæгдзийнадæ.

Берæтомон «1939-1945 æнзти Дуккаг дуйнеуон тугъди истори»-й уой туххæй финст ес уотæ: «Знаг цудæй размæ. Æрбахъæрттæй Кавкази хуæнхрæбунтæмæ, 37-аг æфсади бон æй нæ бацæй бауорамун. Ирæфæй Чиколай уæнгæ не 'фсæдтон хæйттæ кæрæдземæй фæххецæн æнцæ. Фашисттæн байгон æй над Орджоникидземæ. Цæмæй знаги æмпурст фæссикк уа, уой туххæй æфсади Цæгаттаг къуари командæкæнуйнадæ 30 декабри æхсæвæ Дигорамæ барвиста танкити бригадæ. Суадаги ба сæ размæ æрлæудтæй 58-аг æфсади фестæг дивизи. Еци мадзæлттæ знаги размæмпурст фæссабурдæр кодтонцæ».

Батальони комиссар Г.И. Кашицыни финстæг 1980 анзи 4 июни.

«...Хъæбæр мæ фæндуй еу гъуддаг баханхæ кæнун: нæ дивизи дуккаг хатт арæзт æрцудæй тугъди тæккæ зиндæр анз æма мæйти – 1942 анзи август-сентябри. Æ рæнгъити адтæнцæ Кавкази еугур адæнихæттити мийнæвæрттæ. Æма кæд Орджоникидзе багъæуай кæнунбæл тугъдтити æхе арæхстгинæй равдиста, уæд сæрустурæй зæгъæн ес: Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ партий национ политикæ иссæй не 'стур Уæлахези сæйраг цæг.

29 декабрь. Совинформбюрой сæуми игъосункæнуйнаг.

Сæумæй изæрмæ не 'фсæдтæ уодуæлдайæй тох кодтонцæ знаги нихмæ Сталингради, Туапсей æма Нальчикки размæ. Нальчикки рази сурхæфсæдтонти багъудæй знагæн карз нихкъуæрд раттун.

29 декабрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

Нальчикки размæ цудæнцæ тогкалæн тугъдтитæ. Не 'фсæдтæ знагæн никкодтонцæ цалдæр хъаурæгин цæфи. Фашисттæй фæгъгъудæй берæ адæн æма техникæ.

* * *

Кавкази хуæнхрæбунтæмæ æрбахъæрттæй Клейсти танкити æфсад. 37-аг æфсадæн æ нихмæ æрлæуун æ бон нæ бацæй, нæ имæ танкитæ адтæй нæ – хуæдтæхгутæ. Дехтæ æма пурхитæй цудæй скæсæнæрдæмæ. Дууæ-æртæ боней фæсте Орджоникидзе ке байахæсдзæнæй, уобæл нæ гурусхæ кодта знаг.

Еци рæстæги знаги нихмæ гæлст æрцудæй 52-аг танкити бригадæ æма 319-аг фестæг дивизи (58-аг æфсадæй). Дивизийæн ихæсгонд æрцудæй 32 километрей дæргъæн фронт – Æрæдонæй Алагири уæнгæ – багъæуай кæнун. Еци бадзурд дивизи райста 28 октябри æхсæвæ. Уæд ма Дагестани адтæй – баргонд бунатæй 200-220 километри уоддæр. Знаги ба ма имæ гъудæй 35-40 километри. Æма бабæй, 41 анзи Мæскуй бунмæ бардзурди хузæн райгъустæй нæуæг бардзурд: «Цифæндийæй дæр знаги размæцуд æртæ-цуппар бони бакъулумпи кæнун».

30 октябрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

Нальчикки размæ не ’фсæдтæ тухтонцæ размæмпурсæг знаги танкити æма фестæгæфсæдтонти нихмæ. Еу рауæн знагæн бантæстæй не ’фсæдтон хæйтти фæстæмæ рагæлдзун.

30 ноябрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

Нальчикки размæ не ’фсæдтон хæйттæ тох кодтонцæ знаги танкитæ æма фестæгæфсæдтонти нихмæ... Изæрмæ хæстæг, знаги тухтæ фулдæр ке адтæнцæ, уой туххæй не ’фсæдтон хæйтти багъудæй нæуæг хецæн бунæттæмæ рацæун.

* * *

29 декабри амунд бунатмæ фиццаг бахъæрттæнцæ майор Соколови 1014-аг артполкки артиллеристтæ. Етæ гъæуама æрбунат кодтайуонцæ Æрæдони цæгатварс. Гъуама син агъаз кодтайдæ 1336-аг фестæг полк...

1014-аг Артполкки æфсæдтон Н.Г. Шинкареви финстæгæй.

1983 анзи 9 декабрь. Нальчик.

«... Полкки командир майор Соколов кастæй дивизиони фæлгæсæн пунктæй. Е рахаста унафæ: танкитæ гæнæн æма амалæй æрбауадзун гъæуй хæстæгдæр. Хуарз лæдæрдтæй, уотæ ку нæ бакодтайдæ, идардмæ æхсун ку райдæдтаййанæ, уæд ке неци рамулдтаййанæ, уой. Фиццаг ниццавтан танкити фæскъилдун – знаги фестæгæфсæдтонти, уой фæсте тогуарæн никкодта танкитæбæл дæр. Сахат æма æрдæги фæсте нецибал зиндтæй, айдагъдæр ругæ æма хъуæци бунæй игъустæй уæззау моторти гъæр æма нæмгути æскъот.

Фæссикк æй знаги фиццаг нимпурст. 31 танки содзгæй байзадæнцæ итигъд будури. Уой фæсте махбæл, уæдта нæ синхаг æртиккаг дивизионбæл æрбаскъардтонцæ хуæдтæхгутæ. Уæдмæ ба нæбæл Алагири ’рдигæй æрбагулф кодта танкити нæуæг уолæн. Еуæндæс ба си содзгæй байзадæнцæ, иннетæ нартихуари хуми ранигъулдæнцæ.

...Нæ дзармадзантæ æнæгъæнæ бонæ сæ нæрунæй нæ банцадæнцæ. Знаги хуæдтæхгутæ нæ еугæндзон тухсун кодтонцæ. Уотæ фæцæй 1942 анзи 30 октябрь. 31 октябри сæумæраги нæ тохæн бунæттæ раййивтан.

31 октябрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

Нальчикки размæ советон æфсæдтæ уодуæлдайæй тохунцæ знаги нихмæ.

* * *

Еци бон Орджоникидземæ æрбацудæй 1344-аг фестæг полк дæр. Е гъæуама гъæуай кодтайдæ Æрæдони дони скæсæйнаг билгæрон. Сæ хæццæ адтæй дивизий штаби оперативон къуар, æ сæргъи дивизий командир Монахов, уотемæй. Нурма неке зудта аци полкки æфсæдтонтæмæ ци зиндзийнæдтæ æнгъæлмæ кæсуй, уой. Изæрмæ полк бахъæрттæй нисангонд бунатмæ.

1344-аг Фестæгæфсæдтон полкки командир И.Ф. Волкови имисуйнæгтæй.

«...Алагирмæ ци фæдæсгаргутæ рарвистан, етæ фегъосун кодтонцæ, зæгъгæ, сахари не ’фсæдтон хæйттæй неке ес, неке ‘й гъæуай кæнуй. Æз деси бацудтæн. Раздæр ци игъосункæнуйнаг райстон, уоми загъд адтæй, зæгъгæ, нæ разæй архайунцæ 37-аг æфсади хæйттæ. Аци хабарбæл бадес кодта дивизий командир Монахов дæр.

...Не ’фсæдтонтæ знаги бомбитæ нецæмæ даргæй къахтонцæ акъоппитæ».

* * *

«Æнæгъæнæ бон знаги хуæдтæхгутæ бомбитæ калдтонцæ 1336-аг фестæг полкки тугъдонтæбæл Кировигъæуæй Нартигъæуи ‘хсæн. Æрæдонмæ бацæуæни фæззиндтæй знаги 23-аг танкити дивизи. Æ нихмæ исхуæстæй 1014-аг дзарма-дзантæйæхсæг дивизион. Батарейи хестæр – æригон хестæр лейтенант Илья Гуменный æрцудæй еу раст гъудимæ: дзармадзантæ разелун гъæуй танкити тæккæ нихмæ, 50 æфсæн танки. Сæ нихмæ ба – фæллад, стонг æфсæдтонти къуар. Еци тохи фашистти танкитæй 20 байзадæнцæ тугъди будури содзгæй.

Изæрмæ знаг байахæста Æрæдон. Æ багъæуай кæнунæн тухтæ нæбал адтæй. Дзармадзанти нæмгутæ ку фæцæнцæ, уæд дивизиони рацæуун багъудæй Кировигъæуи ‘рдæмæ. Цалинмæ æфсæнвæндаг æнæгъæнæ адтæй, уæдмæ дууæ æфсæн поезди æхсаргинæй тухтонцæ знаги танкити нихмæ».

* * *

«Фондз бони тогуарæн тугъди 319-аг дивизий фестæгæфсæдтонтæ нæ фæккиудтæнцæ, æма уотæ зиндтæй, цума æ тугъдонтæ – уодæгасæй, мардæй – еугурæйдæр исистадæнцæ цифуддæр знаги нихмæ.

Нур дæр нæма бадзæбæх æнцæ Нартигъæу, Рассвет æма Æрæдони будуртæ тугъди гъæдгинтæй».

* * *

«1 ноябрь... Изæрæрдæмæ немуцæгтæ исфæндæ кодтонцæ Суадаг æма Хæтæлдони ’рдæмæ нæуæг нимпурст исаразун. Фал сæ фæндитæ сæ хъури фæббадтæнцæ. Нæ дзармадзæнтæйæхсæг дивизион æма танкити нихмæ тохæг ротæ сæ нæмгути буни фæккодтонцæ. Нæ бон бацæй хед исрæмодзун дæр. Æхсæвæ ни æ цæстæ неке æрцъундæ кодта: зудтан æй, знаги танкитæ бауорамунæн нæмæ фагæ хъаурæ нæ разиндзæнæй, фал федарæй исфæндæ кодтан цифæндийæй дæр син сæ цуд бауорамун.

2 ноябрь... Сабур сæуми арвбæл мегъи фæд нæ зиндтæй. Фал еу усми фæсте бæстæ гув-гувæй байдзаг æй. Знаги хуæдтæхгутæ сахаттæй-сахатмæ не ‘фсæдтæбæл æгъзалдтонцæ бомбитæ. Адæймагмæ уотæ кастæй, цума еци «ехуарди» фæсте зæнхæбæл цæрæгой, зайæгой нæбал байзадæй. Куддæр хуæдтæхгутæ сæ «куст» фæцæнцæ, уотæ «исдзурдтонцæ» знаги дзармадзантæ. Тугъд цудæй идарддæр. Кунæгдæр кодтонцæ сæ хъауритæ. Мæнæ знаги танкитæ байервазтæнцæ полкки командон пунктмæ. Штаби афицертæ бацудæнцæ лæгæй-лæгмæ тохи. Минкъий ма уотæ ку рахастайдæ, уæд полккæй еу дæр нæбал райервазтайдæ. Фал æнæнгъæлæги знаги танкитæ фæстæрдæмæ цæун райдæдтонцæ, сæ автоматæйæхсгутæ дæр фæппурхæ ‘нцæ æма къотæрти сæ сæртæ римахстонцæ. Е, хестæр лейтенант Худæлти Темирсолтани æфсæдтонтæ æнæнгъæлти къилдумæрдигæй ниццавтонцæ знаги. Дæс бæгъатæр тугъдони сæ уодтæ исуæлдай кодтонцæ æма знаги нимпурст сæхердæмæ раздахтонцæ. Еци рæстæг фагæ адтæй полкки командир майор Волковæн е ’фсæдтон хæйттæ хуæнхтæ ‘рдæмæ ракæнунæн æма Курттати коммæ бахезæни федар бунæттæ æрахæссун.

4 ноябрь. Иннæ бæнттæй фæстæдæр рапурхæ ‘нцæ мегъ-

тæ. Æма фæззигон цъæх арвбæл фæззиндтæнцæ знаги хуæдтæхгутæ. Нуртæккæ бабæй знаги бомбити буни гъæуама зæнхæ гъæрзун райдайа. Фал... арвæй фæззигон сифти хузæн æгъзæлун райдæдтонцæ гæгъæдити гæбæзтæ. Кæд тухæй нæ, уæдта – хийнæй. Фашистон пропагандæ седтæй нæ тугъдонтæмæ, цæмæй мардтайуонцæ коммунистти, командиртæ æма комиссарти. Фал бабæй син е дæр нæ фæййагъаз æй. Аллихатт дæр атаки размæ æфсæдтонтæ финстонцæ: «Райсетæ мæ партий рæнгъитæмæ кандидатæй. Гъæуама тохмæ коммунистæй рандæуон».

...Тугъдтитæ цудæнцæ идарддæр».

8-аг Фестæг роти политруки хуæдæййевæг Лекъти М.Г. имисуйнæгтæй.

«...Еци бон иннæ бæнтти хузæн нæ адтæй. Иннæ хæттити хузæн бабæй æнгъæлмæ кастан знаги хуæдтæхгути нимпурстмæ. Берæ æнгъæлмæ кæсун сæмæ нæ багъудæй. Фал содзгæ арт махбæл нæ, фал, Фиййагдони ци 34-аг фестæг бригади дæлкъуар гъæуай кодта, уобæл никкалдтонцæ. Мах ба æхсун райдæдтонцæ знаги дзармадзантæ. Æма куд! Раст ехуарæгау. Махæрдигæй, скæсæнæрдигæй ци хæдзæрттæ адтæй, уонæбæл. Уогæ сæ хæдзæрттæ исхонæн нæбал адтæй, фал сæ ихæлддзæгти фæсте сæхе байаууон кодтонцæ не ’фсæдтонтæ.

Дзармадзантæ æхстонцæ берæ рæстæг. Уæлдай карздæрæй – 10-11 сахаттебæл. Уæдмæ райгъустæй гъæр: «Немуцæгтæ! Рахесæрдигæй немуцæгтæ!» Етæ фæззиндтæнцæ, æнгъæлмæ сæмæ кæцæй нæ кастан, уордигæй. Уоми нæмæ еу пулемет дæр нæ адтæй. «Лекъи-фурт! – нигъгъæр мин кодта мæ гъоси роти командир. – Уайæ минометчиктæмæ! Айдагъдæр нин етæ фæййагъаз кæндзæнæнцæ!»

Минометчикти взвод адтæй нæ хæдзари фæсте, дзæхæрадони! – махæй еу 70-100 метри идарддæр. Фал еци идæрддзæф уайун гъудæй минитæ æма дзармадзанти нæмгутæ кæми ихалдæнцæ, уæхæн итигъд будури. Дзармадзанти нæмгутæ ихæлунцæ мæ алфамбулай, сæ уолæн мæ еуварс хæссуй, фал уайун, мæхе нæ римæхсун, уотемæй.

...Æхсæви лейтенант Тебиай-фурти ротæмæ фæззиндтæй дивизий политхайади хецау, батальони комиссар Геннадий

Кашицын. Тебиай-фурт имæ фæрсæгау бакастæй, е ин медбилтиходгæй дзуапп равардта:

– Зæгъун, фæккæсон уæмæ, фæййагъаз кæнон.

– Ци хузи? – рафарста ‘й роти командир.

Нур фондз боней дæргъи лæгдухæй гъæуай кæнунцæ бунат. Роти æртæ-цуппæрæймаг хай фæммард æнцæ, æма сæмæ полккæй агъаз ку нæ зиннуй. Дивизий политхайади хецау сæ нæ гъæуй, фал нæуæг хъауритæ.

Нæуæг хъаурitæ нæййес. Уæдта нæ уодзæнæй. Уой зонгæй, æрбацудæй Кашицын Тебиай-фурти ротæмæ. Сæумæй æхуæдæг атаки ракæндзæнæй роти фæстаг хъаурitæ. Уой нимадта æ ихæсбæл æфсæдтон æма коммунист Геннадий Кашицын.

Г.И. Кашицыни бонугæй.

«...Ралæудтæй знаги Кавказæй соруни рæстæг. 1942 анзи 6 ноябри, Цитгин Октябри бонмæ, не ’фсæдтæ знагæн бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ Фиййагдони билгæрæнтти Дзиуаригъæуи размæ. Еци тохи архайдтонцæ 319-аг фестæг дивизий полктæ дæр...»

8 ноябрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

Нальчикки хонсар-скæсæнæрдигæй не ’фсæдтæ агъазиау цæф никкодтонцæ гитлеронтæн.

9 ноябрь. Совинформбюрой изæри игъосункæнуйнаг.

.... Нальчикки хонсар-скæсæнæрдигæй не ’фсæдти архайд фæхъхъаурæгиндæр æй æма знагæн æрхаста берæ зиантæ.

9 ноябрь. Совинформбюрой сæуми игъосункæнуйнаг.

... Нальчикки хонсар–скæсæнæрдигæй не ’фсæдтæ дæрæн кæнунцæ знаги.

Никки ма еу уæхæн игъосункæнуйнаг Совинформбюро радзурдта 11 ноябри изæрæй.

Г.И. Кашицыни бонугæй.

«Знагæн 6-12 ноябри ци нихкъуæрд равардтан, е ибæл уотæ фæззиндтæй, æма ‘й багъудæй гъæуайгæнæн бунæттæ аразун. 13 ноябри ба 9-аг æфсад, æ рæнгъити 319-аг фестæг

дивизи, уотемæй бацудæй атаки. Фал дæс боней медæгæ ци уæззау тугъдтитæ фæккодтонцæ, етæ уæлахез не 'рхастонцæ. Знаг – бæрцæй фулдæр, техникæй дæр – ефтонгдæр. Уæддæр не 'фсæдтæ фæцæнцæ дæс километри хæстæгдæр æма рацудæнцæ Æрæдони дони скæсæйнаг билгæронмæ...

... Айдагъдæр декабри фæстаг бæнтти берæ гъезæмæрттæ æма зиндзийнæдтæ бавзаргæй, бацæй не 'фсæдти бон знаги басæттун. Берæ тог никкалдæй, беретæ равардтонцæ райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ цард. Уæдмæ мах 319-аг фес-тæг дивизийæй дæр некебал байзадæй».

Еци æдзард тугъдонтæн сæ фулдæр адтæнцæ хуæрзæригон – 17-, 18-, 19-анздзудтæ. Æма зæрдæ нирресуй сæ карни нæдти райдайæни ци гъезæмæртти бахаудтæнцæ, цудæнцæ знаги нихмæ атаки, мардæнцæ сæ уæззау цæфти фудæй, уазалæй судæнцæ акъоппити, сæ къахдзæфтæй барстонцæ тугъди уæззау нæдтæ. Етæ гъæуай кодтонцæ нæ Фидибæс-тæ.

БАДРИАТИ Хъазбег. Æвддæсанздзудæй æ цард дууæ дехи фæцæй. Фиццаги адтæнцæ е 'взонгадæ, хор æма уорссæр къæдзæхтæ... æма минитæй ефтигъд фæззигон будур. Сгарæг æй, æма ибæл гъæуама бахеза. Еци будур фæддех кодта Хъазбеги цард дууæ хаййебæл. Дуккаг хаййи – ралæудтæй æхсæвæ. Бахъæрæу æй.

КАФАРОВ Гамид. Нæудæс анзи цудæй пулеметæйæхсæг, взводи командирбæл. Кезугай ферхуæстæнцæ пулеметтæ. Уæззау тохи еу инней фæсте фæммард æнцæ е 'нбæлттæ. Æгасæй ма си байзадæнцæ айдагъдæр æртемæй. Фал гъæуама пулеметтæ гъосæй ма лæууонцæ – етæ 'нцæ æфсæдтонти хъаурæ æма нифс. Гамид нæмгути буни уайуй еу пулеметæй иннемæ. Æхсуй знæгти. Фал уобæл дæр нæмуг исæнбалдæй. Æ цæф нецæмæ даргæй, Гамид изолдæр тохуй знаги нихмæ. Цалдæр къахдзæфи уоддæр фехалдæй дзармадзани нæмуг. Е схъес ратудта æригон лæхъуæни рахес цонг. Уæддæр нæ ниууагъта тугъди будур. Куддæр ин æ цæф ниббастонцæ, уотæ бабæй тохæнгарзи рази балæудтæй.

ХЪУЛАТИ Захар. 1336-аг фестæг полкки дуккаг батальони фæдæсгарæг. Цал æма цал хатти февзуридæ æнæнгъæлти æндæр рауæнти, цал æма цал хатти бахизтæй фронти ханхæбæл!

НАСИБОВ Гади. Тæнтъехтæ, фудхузтæ æма хуæрзниллæг. Зинтæй баруагæс уодзæнæй, тугъди будурæй уæйуги асæ командир Волкови цæфæй куд рахаста, е.

ДУБЯНСКИЙ Володя. Автоматæйæхсæг. Еу мегъæ æхсæви знаги фæдæсгаргутæ 1336-аг фестæг полкки штабмæ ку багъузтæнцæ, уæд еунæгæй сæ нихмæ тохи бацудæй.

ЛЕКЪТИ Мурат. 6 ноябри ибæл исæнхæст æй 17 анзи. Гæнæн адтæй, æма ин еци бон адтайдæ æ фæстаг бон. Минкъий раздæр тугъди тумугъи лæгæй-лæгмæ райзадæй немуцаг автоматчики хæццæ. Фæстæмæ рацæуни туххæй ин бардзурд ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Мурат еу æрдæгихæлд хæдзари тугури æрбунат кодта æма, гæнæн адтæй, уоми иссирдтайдæ æ мæлæт. Фæййервæзун æй кодта полкки зæронд пъисæр. Е æхе фæндæмæ гæсгæ рараст æй Мурати агорæг. Иссирдта æй, равардта ин бардзурд фæстæмæ рацæуни туххæй æма... æхуæдæг æрхаудтæй знаги нæмугæй.

Хъæбæр уæззау уаргъ æй æфсæдтони дæсниадæ – атакæ, уæлахез, къулумпитæ, фæллад, стонг... Уæлдай уæззаудæр ба адтæй силгоймæгтæн. Æригон кизгуттæ – медицинон хуæртæ, радисткитæ, бастдзийнади косгутæ. Етæ дæр нæлгоймæгти хæццæ усхъæй-усхъæмæ æрлæудтæнцæ. Етæ дæр нæлгоймæгти хузæн цудæнцæ мæлæти цъухмæ, уæлахези сæрбæлтау не ’вгъау кодтонцæ сæ цард. Уони хæццæ 1336-аг фестæг полкки медицинон хуæрæ Аннæ Степуренко, Нинæ Ильина, Валентинæ Савченко.

МИРОНОВ Юрий. Æстдæс анзи цудæй фиццаг роти политруки хуæдæййевæгбæл. Æрæдонмæ нимпурсти хуæдразмæ ин акъоппи равардтонцæ партион билет.

ГНУСИН Александр. Аци фудтугъдтити æхсист æригон лейтенанти хъисмæт. Фæстæдæр иссæй Советон Цæдеси Бæгъатæр.

ГАБИСАТИ Хъасболат, ГАЛИЧ Михаил, КОНКИН Николай, ЛИДЖИЕВ Сакин, ДУДАКОВ Трофим, ГЛАДКИЙ Иван, ТИМЧЕНКО Василий, КРАСИКОВ Павел, Николай ШОРОХОВ Николай... 319-аг фестæг дивизий ка фæммард æй æма уодæгасæй байзайæг тугъдонтæ, сумах исæнхæст кодтайтæ уæ ихæс Райгурæн бæсти размæ. Орджоникидзейæй Æрæдонмæ нади 35-аг километри лæууй циртдзæвæн уæхæн финсти хæццæ: «Ами, Кировигъæу, Мичурини гъæу, Нартигъæу æма

Рассвети размæ 1942 анзи ноябри 319-аг фестæг дивизий æфсæддтонтæ æрлæуун кодтонцæ Орджоникидземæ æмпурсæг фашистон танкити фиццаг армий сæйраг къуар. Ами знаги фæндитæ фегуппæг æнцæ».

Фегуппæг æнцæ. Æдеугурæй дууæ дзурди, фал цæмæй етæ исæцæг адтайуонцæ, уобæл ба махонти хъæбæр агъазиау уæззау аргъ бафедун багъудæй: фондз боней дæргъи тогкалæн тугъдтити 319-аг фестæг дивизий тугъдонтæй фæгъгъудæй сæ цуппаринсæй процентиi цæфтæ æма мæрдтæй – фараст мин тугъдонемæн ами сæ царди зинг рахустæй.

Æгæр берæ хъауритæ ке фесафта, уой туххæй 319-аг дивизий тугъдонти 1942 анзи декабри æндæр æфсæдтон хæйтти хæццæ байеу кодтонцæ.

* * *

Тугъд айдагъдæр киунугути æма кинонивтæмæ гæсгæ ка зонуй, уонæн еци æнзтæ кæмидæр идарди ‘нцæ. Æхуæдæг си ка архайдта, уомæн ба кæддæриддæр фæуунцæ æ хæццæ. Махæн е иронхкæнуйнаг нæй.

* * *

Гитлеронтæ гъавтонцæ Дон æма Кубани цæугæдæнтти ’хсæн советон æфсæдтæбæл æртеголæ ун, æма сæ ниддæрæн кæнун. Уой фæсте 17-аг будуйрон æфсад (12 дивизий!), инæлар-болкъон Руофи разамундæй, гъæуама байахæстайуонцæ Новороссийск æма Туапсей районтæ, Сау денгизи еугур билгæрæнттæ æма уордигæй бампурстайуонцæ Фæскавказмæ. Еци рæстæги немуцæгти фиццаг танкон æфсад ба бампурстайдæ хонсар-искæсæни ’рдæмæ, Терки билгæрæнттæбæл батудтайдæ махонти гъæуайкæнуйнадæ, байахæстайдæ Владикавказ, Грозна, Махачкала æма Баку. Уомæй уæлдай немуцæгти 49-аг хуæнхон-фестæг корпусæн бардзурд лæвæрд цудæй, цæмæй махонти карз цæф никкодтайдæ Черкесски райони, рахизтайдæ Кавкази Сæйраг рагъбæл, нимпурстайдæ Сухуммæ æма байагъаз кодтайдæ 17-аг æфсадæн Сау денгизи билгæрæнттæ байсуни гъуддаги.

* * *

Дууин æвдæймаг ноябри фарæстæймаг æфсади тугъдонтæ райдæдтонцæ æмпурсун Иристони устурдæр гъæутæй еу – Дигорамæ. Еци-еу рæстæги 3-аг топпæйæхсæг корпус хъазауатонæй бампурста Æрæдонмæ, дæсæймаг гвардион

корпусæн ба Гъæдгæронмæ хæстæг знаги хæццæ байеудагъ æй тогкалæн тугъд. Æнцад нæ бадтæнцæ еуæндæсæймаг топпæйæхсæг корпуси тугъдонтæ дæр. Етæ агъазиау цæфтæ фæккодтонцæ знæгтæн Хæтæлдон æма Нæуæггъæуи фарсмæ. Æртæ боней дæргъи тугъд карзæй-карздæр кодта. Фарæстæймаг æфсади галеу фарси тугъдонтæ тох исамадтонцæ знаги федæрттæ басæттунбæл, фал гъуддагæй неци уадæй. Знаг лæудтæй федар æма сæ еу къахдзæф дæр размæ нæ бауагъта.

Еуæндæсæймаг декабри Уæлдæр Сæйраг Командæкæнуйнади Ставки инæлар И.И. Масленниковмæ фæдздзурдтонцæ: «Уæ районæй знаг е 'фсæдтон тухти еу хай рарвиста Цæгатмæ æма дзæвгарæ фæллæмæгъдæр æй. Сталингради бунмæ ци уавæр исæвзурдæй, уомæй æнгъæлæн ес уой, æма знаг идарддæр дæр е 'фсæдтæй рарветдзæнæй Цæгатмæ. Знаг Терки цæгатварсæрдæмæ ке æрлæудтæй, е æнæнгъæлæги цау нæй. Уомæ гæсгæ  уе 'фсæдтæн хуарз фадуат фæцæй нимпурсунæн. Уæ ихæс æй – фадуатæй испайда кæнун, нифсгундæрæй архайун…»

Къæппæги бахаунæй тæрсгæй, æфсади къуари командæкæнуйнадæ æ тугъдонти кæнун райдæдта Æрæдонæй, Алагирæй æма Дигорайæй. Знаг исфæндæ кодта Елхоттæ æма Чиколай æхе æрфедар ун.

Не 'фсæдтæн ба аци хатт дæр нæ бантæстæй, нимпурсунмæ син ци фадуат фæцæй, уомæй испайда кæнун. Уомæ гæсгæ гитлеронтæн сæ къохи бафтудæй Иристони тугъдæй 23-аг танкити дивизи æма мотодивизи СС «Викинг» Сталингради тугъдмæ рарветун.

Зумæг куд хæстæг кодта, уотæ Кавкази хуæнхрæбун æрбунатгæнæг немуцаг æфсæдтонтæ хъæбæрдæр тухсун байдæдтонцæ, Сау денгизи билгæрæнттæ, Грозна æма Бакуй нефтигурæнтæ байсунбæл нæ архайдтонцæ, фал æфсæн пецтæ æма кавказаг уæлдзарм ходтæ исамал кæнунбæл.

Орджоникидзей бунмæ тугъдтити син ку неци бантæстæй, Туапсей райони цалдæр хатти фæлварæнти сæ къохи ку неци бафтудæй, уæд гитлеронтæй Кавкази фронти ка архайдта, етæ арф уæрмитæ искъахтонцæ æма райдæдтонцæ тухгин федæрттæ аразун, цæмæй сæ зумæг æдухстæй рарветонцæ, уой туххæй. Еци рæстæги не 'фсæдтæн сæ хъаурæ кодта тух-

гиндæр æма нифсгундæрæй лæбурдтонцæ знагмæ.

Кавкази тох æнгон баст адтæй Сталингради тугъди хæццæ, Сталингради бæгъатæртæ гитлеронти тухтæ сайдтонцæ сæхемæ. Уотемæй ба еци тухтæ нивонд адтæнцæ Кавказ байахæссунæн. Фал еуæй-еу хатт уотæ рауайидæ: Волгæмæ æмпурсæг немуцæгтæ æнæгъæнæ дивизити фæззелиуонцæ Кавказ æрдæмæ.

Фашисттæ хъæбæр хуарз лæдæрдтæнцæ: Кавказ райсуни гъуддаги Терки алливарс районтæн устур ахедундзийнадæ ес. Сахар Малгобек есгæй нæ къохи бафтудæй, Гитлер 1942 анзи декабри ци бардзурд равардта, е. Еци бардзурди амудта, зæгъгæ, Терки билгæрæнтти гъæутæ берæ ес, етæ æфсадæн зумæгеуæг кæнунæн хуарз уодзæнæнцæ æма сæ цифæндийæй дæр байахæссун гъæуй Кавказ уалдзæги æ уæргутæбæл æрлæууун кæнунæн.

Æма кæд Гитлерæн еци фæндитæ æ хъури фæббадтæнцæ, уæддæр ма Мæздæгмæ æмпурсæг фашисттæ гъæддух æма хъæбæр тæссаг адтæнцæ. 1942 анзи 22 декабри Уæлдæр Сæйраг Командæкæнуйнади Ставки бардзурдмæ гæсгæ Цæгат Кавкази райдæдта не 'фсæдти тухгин нимпурст. Цæгат Иристони фиццагидæр знаги хæццæ хъазауатон тохи бацудæнцæ Фæскавкази фронти. Цæгат къуари 11-аг гвардий топпæйæхсæг корпуси æфсæдтон хæйттæ инæлар-майор И. Л. Хижняки разамундæй.

– Райдæдта тæккæ тухстдæр рæстæг, – имисуй Иван Лукич Хижняк. – Е адтæй 22-аг декабри изæрæй дæс сахаттебæл. Мах райдæдтан æмпурсун размæ. Фиццаг æмпурста дæсæймаг гвардион бригадæ. Цудæй хонсарæрдигæй. Æма цубур æнгъудмæ Къодахджини гъæу райста.

Иннæ бунæтти знаг æхе æвдиста гъæддухæй. 23 декабри æнæгъæнæ æхсæвæ æма бонæ цудæй уæззау тох Рассвет байахæссунбæл. Аци минкъий гъæу уæд мах байахæссианæ, уæдта 'й немуц байсиуонцæ фæстæмæ. Тогкалæн тугъд истухгин æй Дзиуаригъæу байахæссунбæл дæр. Къодахджин нæ къохи ке бафтудæй, е нæбæл базуртæ сагъта æма нæ худта нæуæг уæлахезмæ.

Мæ командæгæнæн пунктмæ æнæсцохæй игъосун кодтонцæ тугъди хабæрттæ. Æнтæститæ нурма берæ нæ адтæнцæ, фал лæвардтонцæ нифс устур уæлахезтæн.

Тугъдæфхуæрд Рассвет 23 декабри изæрмæ бустæгидæр нæхе бакодтан. Е адтæй нихмæлæуууæг знаги сæйраг цæг. Еци уæлахези хуæдфæсте знагæй ракæдзос кодтан Дзиуаригъæу, Хæтæлдон æма Нæуæггъæу.

Фæскавкази фронти Цæгат къуари æфсæдтон хæйттæ 1942 анзи 24 декабрмæ дзæвгарæ рацудæнцæ нигулæнæрдæмæ æма, еци бон хъазауатон тохи бацæугæй, иссæребарæ кодтонцæ Гъæдгæрон, Суадаг, Берæгъзæнгæ, еци бон байеу æнцæ Алагир, Æрæдон æма Црау ка иссæребарæ кодта, Советон æфсади еци тугъдонти хæццæ.

«Елхотти дуæрттæ» гъæуайгæнæг советон æфсæдтон хæйттæ 24 декабри райдæдтонцæ æмпурсун æма изæрмæ знаги фæссурдтонцæ Елхоттæй. 24-26 декабри 11-аг Сурхтурусагин корпуси гвардионтæ знагæй исуæгъдæ кодтонцæ Синдзигъæу, Уорсдон, Дигора, Дур-Дур, Красногор, Мостиздæх æма Николаевски станицæ.

Тæккæ устурдæр тугъдтитæ райдæдтонцæ Сурх-Дигорæ æма Чиколай райони. Ами знаг архайдта еугур мадзæлттæй дæр нæ размæцуд бакъулумпи кæнунбæл, цæмæй цæугæдон Ирæфи билæбæл артагмæ ци танкитæ æма хуæдтолгитæ æнгъæлмæ кастæй, уони къæппæгæй фæййервæзун кодтайдæ. Мах зудтан, Сурх-Дигори рази знаг æхсæз фестæг батальони ке æрцæттæ кодта, уæдта танкити еу дивизийæй фулдæр тухтæ, цалдæр артиллерий æма фондз ба æхсæзхæтæлгин минæхсæн батарейи.

Æ тугъдон бонуги инæлар-лейтенант И. Л. Хижняк уотæ финсуй: «Æз 25 мартъий фæдздзурдтон 10-аг æма 57-аг бригадити командиртæмæ. Цубур радзубандий сæ базонгæ кодтон, штаби ке бацæттæ кодтан, еци нимпурсти плани хæццæ. Уæдта син равардтон тугъдон ихæс».

Армий командæгæнæг инæлар-майор К. А. Коротаев тагъд кодта мах Сурх-Дигорæ райсунбæл. Гъæу байахæссун фадуат лæвардта знагæн Чиколайæй цæгатæрдæмæ æ над ралух кæнунæн. Нæ корпуси фæстауæрцæгонд тухтæ фæуунмæ гъавтонцæ. Размæ ци æфсæдтон хæйттæ æмпурстонцæ, етæ истухстæнцæ, ниффæлладæнцæ æнæнцойнæ тугъдтити æма син фадуат исаразун гъудæй бауолæфунæн, уонæй нæуæг къуæрттæ исаразунæн. Уомæ гæсгæ мах багъудæй еумæйаг тугъдон фæткæ фехалун – тохмæ багæлстан фæстауæрцæ-

гонд фæстаг тухтæ. Е адтæй æгæр нифсхаст миуæ. Фал æз мæ зæрдæ дардтон, гъуддаг ке фæррæстмæ уодзæнæй, уобæл. Уомæн æма не ’знагæн дæр æ тухтæ нæ нихмæ тохгæй фехсудæнцæ. Еу-дууæ тухгин нимпурсти, æма уæлахез æй мах…

Мах æвддæсæймаг нимпурстæй знаги Сурх-Дигорæй ледзæг фæккодтан æма гъæуи æрфедар ан. Еу æнтæстæй цудан иннемæ. 1 январи 1943 анзи инæлар Василий Фадейи фурт Сергацкови æфсæдтон хæйттæ, Ефим Степани фурт Терешкови æма Степан Макари фурт Черныййи бригадити гвардионтæ байахæстонцæ Чикола.

Нæ сапертæ Сурх-Дигорæмæ надбæл фехалдтонцæ дууинсæй мин мини. Сурх-Дигори тугъди не ’фсæдтон хæйттæбæл устур фидбилизтæ æрцудæй. Фал си знаг дæр берæ зиантæ баййафта. Тугъди будури ниууагъта 24 танки, 39 хуæдтолги æма æ салдæттæ æма афицертæй берети. Мах нæбал дзордзинан, советон уаз зæнхæн æ кæцидæр хай фашисттæй ке исуæгъдæ кодтан, уобæл.

* * *

Цæмæдессаг æнцæ Цæгат Иристони зæнхæбæл знаги нихмæ тугъдтити архайгутæ, 11-аг гвардион фестæг æфсæдтон корпуси политхаййади раздæри хецау, отставки болкъон Леонид Луконини æма 2-аг гвардион фестæг æфсæдтон дивизий автоматчикти взводи командири раздæри агъазгæнæг, отставки болкъон Михаил Мануковскиййи имисуйнæгтæ. Кæд хъæбæр раги (1978 анзи райдайæни) финст æрцудæнцæ, уæддæр æримисуни аккаг æнцæ...

Зундгонд куд æй, уотемæй Кавказбæл тох райдæдта 1942 анзи июли кæрони, Сталингради устур тохи хæццæ еу рæстæг. Мах æфсæдтæй фулдæр уогæй, немуцаг æрдонгтæ æрбампурстонцæ Кавказмæ, Кубань æма Цæгат Кавказ байсуни æма Фæскавказмæ рампурсуни нисани хæццæ. Знагæн æ бон бацæй цубур рæстæгмæ Краснодар, Майкоп, Минеральные Воды, Пятигорск, Прохладный æма Мæздæг байсун. Сентябри фиццаг бæнтти ма ин бантæстæй Сæйраг Кавкази хуæнхтæбæл ахсгиагдæр æфцæгутæ байсун. Тæссаг адтæй, знаг Орджоникидзе, Грозна, Сухум æма Кутаисимæ æвеппайди ку бампурса, уомæй.

Немуцаг-фашистон æфсæдтæ фулдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ мах æфсæдти багъудæй фæстæмæ рандæун. Уæззау уавæр исæвзурдæй Цæгат Кавкази. Уомæ гæсгæ 1942 анзи 8 августи арæзт æрцудæй Фæскавкази фронти æфсæдти цæгаттаг къуар, æ командæгæнæг – инæлар-майор И.Масленников. Тагъд арæзт цудæнцæ федæрттæ Орджоникидзе æма Грознай алфамбулай. Сæйраг командæгæнæг И.В. Сталин бардзурд равардта: «Идарддæр фæстæмæ цæун æй хе æма уой хæццæ – нæ Райгурæн бæстæ бабун кæнун. Уæлдæр командæкæнуйнади æнæ бардзурдæй фæстæмæ еу ампъез дæр – нæбал. Уæхæн æй нæ райгурæн бæсти бардзурд».

Сентябри фæстаг бæнтти ’знаги æфсæдтæ аллирауæнти дæр уорæд æрцудæнцæ. Мæздæг, Малгобек æма Елхотти фарсмæ æ къохи уæлахез ку нæ бафтудæй, уæд немуцаг æфсæдти командæкæнуйнадæ исфæндæ кодта Орджоникидзе байсун æма идарддæр Грозна æма Бакумæ, Арви комбæл Тбилисмæ æрбампурсун. Фæскавкази фронти командæкæнуйнадæ æвæстеуатæй мадзæлттæ исаразта Орджоникидзе багъæуай кæнунæн. Ардæмæ никки æрвист æрцудæнцæ 10-аг æма 3-аг фестæг æфсæдтон корпустæ (сæ командиртæ – П. Ловягин æма Г. Перекрестов) æма 10-аг гвардион фестæг æфсæдтон корпус (æ командир – болкъон И. Севастьянов), аци корпус гъæуай кодта Грозна. Орджоникидзе æма Арви коми над гъæуай кодтонцæ НКВД-и æма 276-аг дивизитæ æма æндæр æфсæдтæ. Аци фестæг æфсæдтæн агъаз кодтонцæ артиллерий æма минометти æфсæдтон хæйттæ æма 4-аг Уæлдæфон æфсад. Сахар багъæуай кæнунæн разамунд лæвардта Орджоникидзей (Владикавкази) гъæуайкæнуйнадон комитет.

Сахари алливарс берæ рауæнти арæзт æрцудæнцæ федæрттæ. Партий обком æма республики Адæмон Комиссарти Совет фæдздзурдтонцæ сахари еугур цæргутæмæ: «Рамæлдзинан, фал знаги не ’рбауадздзинан!» Сахар никки гъæуай кодтонцæ ополченецтæ æма дæрæнгæнæг батальонтæ.

1942 анзи 13 августи сахар Орджоникидзей æнсувæрон цирти рази адтæй Цæгат Кавкази адæнти антифашистон митинг. Уоми ка адтæй, етæ ард бахуардтонцæ знаги ниддæрæн кæнунæн сæ еугур хъауритæ раттуни туххæй. Ци седт исфедар кодтонцæ, уоми загъд ес: «Уадзæ, æма Цæгат Кавкази

лигъз будуртæ æма Кавкази хуæнхтæмæ бацæуæнтæ исуонцæ немуцаг-фашистон тухгæнгути цирт».

Знаг 1 ноябри байахæста Алагир æма æ них исаразта Орджоникидземæ. 2 ноябри Гизæл дæр бахаудтæй немуцаг оккупантти къохмæ. 3 ноябри æрбахъæрттæнцæ сахари размæ, фал уорæд æрцудæнцæ. 3 ноябри ÆК (б) П–й обком æма Адæмон Комиссарти Совет фæдздзурдтонцæ Цæгат Иристони еугур фæллойнæгæнгутæмæ. Уоми загъд адтæй: «...Немуцæгтæ рæстæгмæ ке байахæстонцæ, еци гъæути цæргутæ, ма æнхæст кæнетæ фашистон оккупантти унафитæ æма мадзæлттæ. Ма син дæттетæ дзоли къæбæр дæр, фид, сойнæ, цъопп, гъар дзаумæуттæ. Уæ цийййес æнæфсес æстъегъгутæй римæхсетæ, уæ бон баримæхсун ци нæ уа, уой ба пурхæ кæнетæ, æгириддæр маци дæттетæ немуцæгтæн. Иристони фурттæ æма кизгуттæ! Цотæ партизанти къуæрттæмæ, уæ къохтæмæ райсетæ тохæнгарз æма æгъатирæй дæрæн кæнетæ немуцаг тухгæнгути...

Республики еугур хъæуритæ дæр – æнæуинон знаги ниддæрæн кæнунмæ! Нæ хæццæ æй нæ намусгин Райгурæн бæстæ – е нин байагъаз кæндзæнæй. Мах хæццæ еумæ знаги нихмæ тох кæнунцæ Кавкази адæнтæ. Бæгъатæр æма нифсгун уæн тохи, знаги хæццæ ба – æгъатир!»

Не ’фсæдтæ 6 ноябри нимпурстонцæ знагбæл. Никки карздæр тугъдтитæ ба цудæй 7 ноябри. Гизæли тугъд уæлахезæй рахецæн æй 11 ноябри. Дæрæнгонд æрцудæнцæ знаги 13-аг танкити дивизи, полк «Бранденбург», 45-аг велобатальон, 1-аг фестæг æфсади 7-аг саперти батальон æма 336-аг хецæн батальон. Устур зиантæ æрцудæй знаги 23-аг танкити дивизибæл, 2-аг румынаг дивизибæл æма æндæр æфсæдтон хæйттæбæл.

Не ’фсæдтæ баистонцæ 140 танки, бронемашини, 70 аллихузон дзармадзани, 95 миномети, 183 мотоцикли, миллион гильзи, тугъдон æрмæги æма хуаллаги 3 склади æма æндæр трофейтæ. Тугъди будури знагæй байзадæй 5000 салдат æма афицерæй фулдæр. Уомæй берæ фулдæр ба фæцæнцæ цæфтæ.

Сахар Орджоникидзе багъæуай кæнунбæл æ еугур хъæуритæ нæ байаурста сахари партион организаци. Е адæни, хуæдæфсæдтонти, дæрæнгæнæг батальонти ’хсæн бакодта

устур организаторон æмæ политикон куст. Коммунисттæ сахари фæллойнæгæнгути исистун кодтонцæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæ исаразунмæ. Етæ алцидæр исаразтонцæ, сахари революцион æгъдау цæмæй уа, уой туххæй. Фронт кæд сахарæй идард нæ адтæй, уæддæр промышленнон кустуæттæ æнæкъулумпийæй тохæг æфсæдтæн исаразтонцæ дзармадзани нæмгутæ, минитæ æмæ минометтæ, гранаттæ, бæхгин æфсæдтæн тохæнгæрзтæ.

Фронтæн активон агъаз ке бакодта, уой туххæй завод «Электроцинк»-æн 1942 анзи равардтонцæ Фæллойнадон Сурх Турусай орден. С.М. Кирови номбæл вагонцалцæггæнæн заводи коллектив ба исаразта æмæ æфсæдтон хаййæн равардта бронепоезд «Владикавказ».

Лозунг «Алцидæр – фронтæн, алцидæр – уæлахезæн!» нæ бæсти еугур адæнæн куд адтæй, уотæ Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæн дæр тугъди райдайæнæй æ фæуунмæ адтæй сæ царди æмæ тохи федар æгъдау.

1942 анзи октябри фæстаг æмæ ноябри фиццаг бæнтти, сахар Орджоникидзей уавæр уæлдай карздæр ку фæцæй, уæд партион косгутæ, пропагандисттæ æмæ агитатортæ амудтонцæ Советон Информбюрой сводкитæ кустуæтти, æмдзæрæнти æмæ косæндæнтти, аразтонцæ докладтæ æмæ беседитæ, большевикон разæнгардгæнæг дзурд хастонцæ дзиллитæмæ, адæни разæнгард кодтонцæ бæгъатæр фæллойнæмæ.

Республики партион организаци тугъди уæззау бæнтти æхе равдиста нæ партий Центрон Комитети алфамбулай æнгонæй, еузæрдиуонæй.

Сахар Орджоникидзей рази тугъдтити немуцаг-фашистон æрдонгти хæццæ бæгъатæрæй тох кодтонцæ нæ бæсти берæ нацити æмæ адæнихæттити мийнæвæрттæ: уруссæгтæ, ирæнттæ, украинæгтæ, белорусæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ, азербайджайнæгтæ, цæцæйнæгтæ, мæхъæйлæнттæ, кæсгæнттæ, балхъайрæгтæ, узбектæ, тæтæйрæгтæ, башкиртæ, черкестæ æмæ æндæр адæнтæ.

Устур лæгдзийнадæ равдистонцæ Хъаспий тугъдон-денгизон училищей курсанттæ – етæ гъæуай кодтонцæ Суаргоммæ бацæуæнтæ. 34-аг хецæн фестæг æфсади бригади уогæй, хъаспийаг моряктæ æрæхгæдтонцæ, Арви коммæ ка æмпурста, еци полк «Бранденбурги» над.

Майрæмадаги тугъдтити денгизон курсантти взвод 19 боней дæргъи нихкъуæрд лæвардта дæс хатти хъаурæгиндæр знæгти нимпурститæн, коммæ сæ нæ бауагъта. Еци бæнтти фескъуæлхтæнцæ курсанттæ Л.Андреев, М.Хесин, Б. Трифонов, Цомайти В. æма æндæртæ.

Бæгъатæрдзийнадæ равдиста сержант Н.Гогичашвили. Е пулеметæй ниццагъта фашистти салдæттæ æма афицертæ сæдемæй фулдæр. Еци тугъдон æскъуæлхти туххæй ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Æнæмбал лæгдзийнадæ равдистонцæ Украини бæгъатæр игурдтæ – дзармадзанæй æхсгутæ – æнсувæртæ Дмитрий æма Иван Остапенко: 7 ноябри Гизæлмæ хæстæг етæ басугътонцæ немуцæгти 20 танки: Дмитрий – æртиндæс, Иван – авд. Еци тугъди туххæй Дмитрийæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, Иванæн исаккаг кодтонцæ Ленини орден.

Отделений командир фæскомцæдесон Петр Барбашов е 'фсæдтон хаййæн размæ рандæуни фадуат раттуни туххæй æ реуæй нихгæдта знаги федарæй пулеметæй æхсæн дзот. Еци бæгъатæрдзийнади туххæй Барбашовæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Æ ном хæссуй абони сахар Дзæуæгигъæуи 30-аг скъола æма еу гъæунгæ. Алагирмæ хæстæг тугъдтити фескъуæлхтæй кæстæр лейтенант Петр Гужвин. 1942 анзи 21 ноябри еу бæрзонд байахæссунбæл тугъди рæстæги е дæр æ реуæй нихгæдта фашистти пулемет. Е 'мбæлттæ нимпурстонцæ æма байахæстонцæ бæрзæндæ. Петр Гужвинæн æ фæсмæрдæ лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Æндиудæй тухтæй политруки хуæдæййевæг Аркадий Климашевский. Е мæлæтæй тæссаг рæстæги æхе фæккодта полкки комиссари разæй знаги нæмуги нихмæ æма æ царди аргъæй багъæуай кодта комиссари.

Иристони зæнхæбæл тугъдтити бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ черкесаг Адамир Ачмизов, азербайджайнаг Идрис Сулейманов, кæцимæн æ рамæлæти фæсте лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Сæхе бæгъатæр тугъдонтæй равдистонцæ узбекаг И. Мирзаев æма ирон Хъалтурати Е., кæци еу нимпурсти рамардта 18 гитлерони.

Цæгат Иристони медгъуддæгути оргæнти æма милици косгутæ дæр еу æма дууæ хатти нæ равдистонцæ лæгдзийнадæ. Сæ еу хай тох кодта фронтти, партизанти къуæртти æма дæрæнгæнæг батальонти. Знаги авиаций нимпурстити рæстæги фиццагидæр милици косгутæ балæууиуонцæ, бомбитæ кæми æрхауидæ, уоми. Милици косгутæй беретæн лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ.

Орджоникидзей фарсмæ уæлахез тугъди фæсте не 'фсæдтæ Иристонæй сорун байдæдтонцæ немуцаг фашистти. 1942 анзи декабри уæгъдæгонд æрцудæнцæ Гъæдгæрон, Æрæдон, Нæуæггъæу, Алагир, Киристонгъæу (сахар Дигора), Хъарман-Синдзигъæу, Дур-Дур.

Дигори æма Ирæфи районти хуæнхрæбунти мах 2-аг гвардион æма 295-аг дивизитæ, 37-аг Æфсади æндæр хæйттæ дæрæн кодтонцæ сæ нихмæлæууæг гитлерон æрдонгти тугъдонти æма техникæ. Æма 1943 анзи январи фиццаг бæнтти ци тухгин размæмпурст исаразтонцæ, уой нихмæ знаги бон неци иссæй исаразун æма цъамар немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кодтонцæ Хæзнидон, Æхсæрисæр, Толдзгун, Чикола æма Лескен. Уой фæсте ба – Змейкæ æма Елхоттæ, æртиккаг январи – Мæздæг.

Знагæй уæгъдæгонд ка 'рцудæй, еци адæн хъæбæр цийнæгæнгæй æнбалдæнцæ сæ иссæребарæгæнгутæбæл. Цæгат Иристон знагæй уæгъдæгонд ке 'рцудæй, уой фæдбæл æ сæйраг сахар Орджоникидзей Сæребари фæзи адтæй Ири фæллойнæгæнгути берæминон митинг.

Кавказ багъæуай кæнуни тугъдтитæ цудæнцæ, Сталингради карз тугъдтити хæццæ еумæ баст уогæй. Волги билæбæл тох хъæбæр устур пайдайаг ахедундзийнади хузи фæззиндтæй, знаг Кавкази дæрæнгонд ке 'рцудæй, уобæл.

Сурх Æфсад æ агъазиау уæлахезтæй фæппурхæ кодта немуцаг-фашистон æфсæдти командæкæнуйнади фæндитæ грознайаг æма бакуйаг нефти игурæнтæ байсуни туххæй. Сæйраг кавказаг хуæнхрæбунтæ иссæнцæ, гитлеронти авантюристон план «Эдельвейс» кæми фæкъкъех æй, еци историон бунат.

# НÆУÆГ НÆМТТÆ

ХЪУЛЬЧИТИ Максим

* * *

Цард, цума цæмæн лæвæрд дæ, –
Нæма ’й лæдæрун нур дæр.
Мæ уаргъ мæ хъаурæй устурдæр,
Мæ маст мæ цийнæй ба фулдæр.

Къæдзал-мудзул фæндæгтæбæл,
Идард фæндæгтæбæл хæтун,
Мæ хурдзини сау гунæхтæ
Æнæ сагъæсæй цурхун.

Уæзгæдæр æй бонæй-бонмæ,
Бонæй-бонвуддæр – е ’смаг.
Архайун ин æ кæдзосбæл,
Фал нæ раст кæнуй гъуддаг.

Сагъæс кæнун бон-изæрмæ, –
Ци фæккæнон мæ хурдзин?
Ке байхуæрсон æ хæссунмæ,
Кæмæй зæгъон: æй фудгин?

Хецмæрезæй, дузæрдугæй
Евгъуйуй мæнбæл мæ бон,
Дзæгъæл фусау мегъæ бони,
Мæ уаст цæуй билгæрон.

Цард, цума цæмæн лæвæрд дæ,
Фарста талинги мæнгард.
Æнæ уой базонгæй, Хуцау,
Ма æрлæууæд лæги цард!..

* * *

Иснин хæран æй дзорунмæ нæ фиддæлти кæдзос æвзаг.
Кумæ разелдзæй уотемæйти нæ кæстæртæн сæ фæндаг?
Нæбал дзорæн кæрæдземæ кауи сæрти æргонæй,
Некебал даруй синхонæн бацæуæн дуар игонæй...

Искодтан бæрзонд горентæ, нецæмæй бал нур тæрсæн,
Хори тунæ дæр сæ сæрти нæ фæразуй бакæсун.
Англисагау, немуцагау, ка туркагау ниццæгъдуй,
Нæ дигорон кæдзос дзурд ба нæ зæрдæмæ нæ цæуй.

Хумæтæги не ’стур Хуцау нæ дæттуй дзиллæн æвзаг.
Дзурди фæрци финст цæунцæ намус æма царди уаг.
Атемæйти куд цæрдзинан, кумæ цæуй нæ фæндаг,
Цæбæлдæр тухсуй мæ зæрдæ, – хуарз нæ уодзæй нæ гъуддаг!..

* * *

Лæмбунæг мæмæ байгъосæ,
мæ кæстæр, – дæуæн дзорун.
Хецмæрезæй цард ма ’рветæ,
фиццаг бал ди уой корун.

Дæ зæрдæмæ ма бауадзæ содзгæ сагъæс,
хицæ каст.
«Ци зин цард Хуцау равардта», –
ма ракæнæ уæхæн гъаст.
Знаги зинбæл дæр не 'нгъезуй
цийнæ бакæнун æппун,
Еци хъаурæй гъæздуг ку уай,
уæд уодзæнæ стур нивгун.
Дæ уогойни фулдæр цурхæ
уоди хъаурæ, уоди рохс.
Нæ уодзæнæ ду уотемæй
тæрхони бон сæнт фæлорс.

Мастесæги цард – фæсмони,
хатиргæнæг – æвæсмон.
Уæхæн æгъдау ку рахæссай,
кадгин уодзæй уæд дæ ном.
Уарзондзийнадæ алкæддæр
мулкæй адтæй зинаргъдæр.
Уарзондзийнадæ дæ фæрци
зæнхæбæл исуæд фулдæр.

Мæ мæбæл ходæд дæ зæрдæ,
мæ фæдзæхститæ дæуæн,
Кæд дин, миййаг, уаргъау æнцæ,
уæддæр син нæййес гæлдзæн.

## МÆГУР

Мæгурбæл дор хæрдмæ зелуй,
Уæззау устур тугул дор.
Уалдзæг дæр æй нæ батавуй
Дуйне тавæг фæлмæн хор.

Æ сор над дæр лæкъæрдæ æй,
Игон дуар дæр ин – æхгæд.
Мæгурæн сах нæ рабадуй
Æ гъазæн гъолæ некæд.

Алкæмæй дæр ихæсгин æй,
Кæнунцæ ’ймæ урунг каст.
Нæбал зонуй, – кæмæй кæна
Устур Хуцауæн æ гъаст?..

## ЗÆРДИ ЗАР

Хор, æвæдзи, нæма ’скастæй
Къæлос лæдзæги бæрцæ.
Æрттевунцæ цъæх цъететæ,
Ци дессаг рæсугъд æнцæ.

Кæцæйдæр хæсдзæф райгъусуй
Цъæрæхснæги цъæр-цъæр уаст.
Турту бæласи къадотæ
Сæ фур уæзæй – бунмæ таст.

Рæуæг ирдгæ дони билæй
Цагъанайæй хæссуй тæф.
Мондаг рæугутæ рафсадуй
Кæдзос донгони уæлдæф.

Ех, ку уайдæ фагæ рæстæг
Æрмæст уæ рази бадун,
Уæд базонидæ мæ зæрдæ
Æрдзи хæццæ æмзар ун...

ЗÆНГИОНТИ Роберт

* * *

Соми дæр дин бакæндзæнæн,
Нæ дæн уобæл дузæрдтаг...
Нæ ’й фæрæт гъæди фудгæнæг,
Æ хуæцæн – сæ фуддæр знаг.

Уомæн хæссун дæнцæгутæ,
Æррайау, æз, нæхецæй,
Не ’взаги иронхгæнгути
Мах фицæн нæхе пеци...

Цæмæн нæбал заруй мадæ,
Æ бæдолæн «Алоллай»?
Цæмæн дзоруй, Æнай бæсти,
Кæстæр «Мамæ», уой зæгъай?

Сæр сæрмæ нæбал хæссæн?
Цæмæн нин иссæй уæззау
Нæ фиддæлти кади нисан,
Нæ цитгин фæткæ, не ’гъдау?

Фæрсис ма мæ ’взаги туххæн,
Цæмæн æй иронхи ’взаг?
Æ цирткъахгутæ – нæхуæдтæ,
Æндаггон нæ æй е ’знаг...

* * *

Уарзтсаст зæрдæн е ’нкъард бакаст –
Ивулд донæй лæкъундæр...
Къумæлхий æй цæнгти здухст баст,
Ниллæг уагъд æ реумæ – сæр...

Пурх фæйнердæмæ – гъудитæ,
Æ ронбаст – итигъд, игон...
Ци фæндуй тæвдæдæр бони,
Бизирт – е ’нæдаст цæсгон...

Цæсти сугтæ хъури бадгæй,
Æнæ сумæй нихъуæруй...
Зæрди цæфи тоги ’ртæхтæ
Стæруй адæн – цъухти куй...

Æнанхосæй дзæгъæлдзортæй,
Цъифи æзмæнст – æ бæллец...
Тогæрхæнтæ мæнги дортæй
Хуæрд – æнæ ’вгъау æ гъун-гъес...

* * *

Мæ алли фарс кæсун, мæ цæстæ дарун,
Æхсæвæ уа, е бон, нæййес уæлдай,
’Ма хатун нури цардæн æ мæйдари
Ци стурдæр бæллах – Райгурæн, – дæ хай...

Сонт берæгътау дæ тæнтæ исрæдовæн,
Дæ тогæй æлхæд зæнхæ бабун æй.
Изæдтæмæ æппун нæбал ковæн,
Карз арахъи ниуæзтæ – е кувд нæ ’й...

Нæ губуни фæдбæл нæ комидзагбæл
Иронх кæнæн фиддæлтæн сæ уосиат.

Æгади цард цæрунæй, е – уæрагбæл,
Ниппурх кæнæд фæлтау нæ реу зинг фат.

Нæ соцъа кисæ, надбæл бæххурдзинау,
Никъкъæдзæ кодта махæн нæ астæу.
Æхцати кой ракæнæг – нæ имонау,
Æгъдау домæг – нæ зуди Барастæр.

Нæ хестæртæн сæ курухон унафæ
Нæбал гъæр кæнуй мæсугæй федог.
Не ’гъдауи федарæн рахъан æй æ гæнах дæр,
Нæбал нæ гъæуй, раййивта нæ тог...

Фæдес! Кæмæ æй аргъи лæги кадæ!
Кæмæн нæ ниййизгæй фæсдуари æ æгъзæр!
Исласетæ сæ фестонтæй хъæматæ!
Райгурæнæй игъусуй тохи гъæр!..

* * *

Мæ цъæх арвæн – æ уорс бæлæу,
Мæ уалдзæги – фæлмæн хор,
Мæ денгизи кæдзос уолæн,
Мæ хæзнати дзæнхъа дор!

Мæ æрттевагæ æстъалу,
Мæ бæллецтæн сæ рохсдæр,
Мæ зæрди ке фæлгонц дарун,
Хори кизгæй сурхросдæр!

Мæ уарзти дуйней райдайæн,
Мæ арф комæн æ дæгъæл,
Мæ ковæндони идауæг,
Ма фæууæд мæ кувд дзæгъæл:

«Уæд дæ нивæ адгин мудау,
Куд дæбæл кæнонцæ дес.
Рæвдауæд дæ уарзон мадау,
Фæлмæн дин уæд æ гъæбес»...

* * *

Ци адгин дæ, мæ Райгурæн,
Ци хъæбæр мин дæ хъазар!
Мæ фиццаг ауæдзи ’взурæн,
Мæ фиццаг авдæни зар!

Мæ косагæ кадгин фидæ,
Мæ уæздан фæлмæн мадæ!
Нийиергутæн сæ хъиамæтæн
Куд нæ кæнæн мах кадæ?

Мæ ахургæнæн, ме скъола,
Дæ устур рæсугъд тургъæй
Цæйбæрцæ ’ма цал фæлтæри
Рауагътай царди рæнгъи?

Ахургæндтæ, æфсæдтонтæ,
Нимæдзæ дæр син нæййес,
Нарти Сослани фæдонтæ –
Богæлттæ дæр нæмæ ес!

Мæ тугъдвæллад хуарз синхонтæ,
Уе ’нæхийнæ ’хсаргин цард
Некæд уодзæнæй иронхи, –
Бахуардта уæ кæстæр ард...

* * *

Фæливд, æверхъау – нæ рæстæг,
Æнæхатир, уæззау – нæ догæ...
Зуди сауæрæй игъæстæй,
Хуæздæр нæ ан нæхуæдтæ, уогæ...

Зæронд æркъейагау нæ реути
Ниссау, ниххускъæ ’нцæ зæрдитæ...
Æстонг хъæрццигъа карки цъеути
Куд тона, уоййау нæ кæститæ...

Къума ’хгæд рæнгъæбæл – нæ дуæрттæ,
Синдзæй цагъд – не ’хсæнти горентæ...

Нури царди мæнгæ æлдæрттæн
Се 'нæфсес калуй сурх цирентæ...

Ци фæндуй хабар дæр – сæ бон,
Сæ мæнгæдти дæр – устур кадæ...
Сæ гадзирахат – æнæ ном,
Æхцати голлагæ – сæ мадæ...

Зумæгон гъæддзауи кæрцау
Ниссалдæй адæнæн сæ фарнæ...
Зинг сервæза ма кæддæрау,
Куд æртæфсæн æ арти гъармæ!

* * *

Ку фæттæрсон æз карз тохи
Фидибæсти сæрбæлтау.
Ку ми фæууонцæ иронхи
Нæ фиддæлти Кадæ, 'гъдау!
Ку исхæтон æз ме 'взагбæл,
Билæскъелæй ракæсон...
Ма мин никкотæ мæ мардбæл,
Æлгъист фæууæд мæ исон...

* * *

Кæми дин агорон дæ фæд?
Кæци равзарон æз фæрæзтæй?
Ку нæ уай а-дуйнебæл, уæд
Ци пайда ес æ берæ хуæрзтæй?

Ку нæ игъуса дæ ходун,
Ку нæ дин уинон дæ цæститæ...
Цæмæн гъæуй уæд мæн цæрун?
Мæ зæрди скъуд уæд – рæхæститæ...

Нæ хор нæ калуй уæд тæмæн,
Æнкъард æй арвбæл ауигъд мæйæ...
Бугъзур – мæ цардвæндаг мæнæн,
Ракæлдзæй мæбæл масти зæйæ...

Раргом уо! Ралæууæд уалдзæг,
Низзарæд бормæлгъæ нæ сæрмæ...
Æрфæни фæдау 'суо бæрæг,
Нииннæрæд арв нæ уарзти зармæ!..

* * *

Ба дæ римахстон мæ зæрди,
Æнккæтейæй дæр – еуварс...
Мæ имонау, мæ изæди,
Мæ рæнгъити зæринфарс...

Дæ бакаст – арви айдæнæ,
Дæ бахудт ба – æхсæрдзæн...
Дæ рацуд – дони фæйлауæн,
Мæ нивæ си фæууиндзæн...

Мæйау рæсугъд дæ уорс цæсгон,
Сæумон хорау дæ фæлгонц...
Æрмæст ду дæ мæ царди бон,
Æносмæ дæ мæнмæ боц...

* * *

Мæ фæлмæн зæрди уедагæ,
Мæ фæллад усхъи буцæу...
Мæ нади бугъзур уинагæ,
Нæ фæразун æнæ дæу...

Мæ рагсæумæн – æ хори скаст,
Æхсæвæн ба – æ адгин фун.
Дæ дзурдæй кæнун фæндараст,
Æнæ дæу мæ цард – гъенцъун...

Де 'рбакаст – мæ бони радæ,
Ме 'стурдæр бæллецти хонх...
Дæ рацуд æй кадæ-радæ,
Некæд ми кæнис иронх...

Ниффинсдзæн дæбæл кадæнгæ,
Искæндзæнæн дæбæл зар...

Цæмæй зононцæ æгас дæр, –
Ци хъæбæр мин дæ хъазар...

Исковун ме ’зæди хаймæ,
Ниттæходуй ин кæнун...
Дæу куд фæууинон ме ’мкъаййæй,
Къахбæл рацæуа мæ фун...

* * *

Ци дессаг дæ, царди фæндаг,
Ци зин дæбæл æй цæун...
Къахи финдзæй дор искъуæрæ,
’Ма дин разиндзæй зæйбун...

Ниггæр-гæр кæндзæй рæбунтæй,
Ра дин сайдзæнæй зæйласт...
Арфдæр нæййес къагъд, æ бунæй,
Равзурдзæнæ нур æваст...

Æзинæ ма ходæзмолæй,
Ка тавта дæ артмæ къох...
Еуварс ди кæнуй изолти,
Дæ ном дæр фæцæй иронх...

Æнæнвæрсæ золмæ кæсгæй,
Идæрдти дæбæл серуй...
Ба ’й бæл æууæндæ – дæ бæсти
Æндæр хуæрзгæнæг еруй...

Ма ’ймæ кæсæ æнхусæнгъæл,
Нæ си фæууиндзæнæ хуарз...
Дæ лæггæдтæн дин циргъ зæгæл
Сæ кири никъкъуæрдзæй карз...

Зонæ, мæ кæсæг, рартасун,
Мæнгæнбали «зæрди гъар»...
Козбауи ’взаг лигъзласæ æй,
Ма ин игон кæнæ дуар...

# НӔ ЮБИЛЯРТӔ

## КОЛИТИ ВИТАЛИ — 65 АНЗИ

КОЛИТИ Витали



### РАДЗУРДТӔ ӔМА ТАУСТӔ

### ӔХСНЕУӔН

Ӕ гъар хуæруйнаг дæр адæ кæмæн нæ кæнуй, æ уазал дон дæр содзгæ ке кæнуй, лæугæ дор дæр хæрдмæ кæбæл зелуй, еци æнамонд игурдтитæй адтæй Хетæг. Биццеубæл æртæ анзи дæр æнхæст нæма цудæй, уотемæй рахецæн æнцæ æ мадæ æма æ фидæ. Угæ раздæр дууæ æригон удгоймаги кæрæдзебæл бухст дæр бæргæ нæ фæразтонцæ, сæ кæрæдзей уиндæй син бафсес нæ адтæй.

Изæрæй кустæй æрбацæугæй, лæг сæ хæдзари æрбаййафидæ алкæддæр хуæрзадæ хуæруйнаг, нæуæг æхснад хуссæнтæбæл тæвдæ туййи тæф сæ уæлейæй цæугæ дæр нæма искæнидæ, уотемæй си сæхе раниуæрдиуонцæ Ӕхсарæ æма Алинæ. Сæ удти гъардзийнадæ, сæ табедзæмæ син сауæн-

гæ ма идзирд мæйæ дæр хицæ кодта æма син æнæвгъауæй хай лæвардта æ тунтæй.

Не ’фсастæнцæ кæрæдземæй дууæ уоди, цардæнцæ кæрæдзей цæрайæй. Фал нивтæ байуарæгæн ци загъдæуа?

«Уо, Хуцау, адæн а дуйнемæ рантæсун кæнгæй, еуетæн сæ тæрнихбæл айдагъ амондгун царди нивтæ цæмæн ниффинсис, иннетæн ба гъезæмарæ? Æви ди дæ хæлæфи иронхуати райзайуй адæни фулдæр хай? Еуетæ неци косгæй – хуæрдгун, бохъ кæнунцæ, иннетæ фургустæй ургæфтудтитæ ниуунцæ, сæ мамæлай къæбæр ба гъунанхæццæй тухæууилд кæнунцæ. Нæ, Хуцау, нæ ди дæн арази, дæ гъолондзийнæдтæн кæрæнттæ нæййес», – уотитæ гъудитæгæнгæй, æ хуссæни æхе рахатæ-бахатæ кодта Алинæ.

Сæ дзæхæрай ци хъæдорæ бакодта, е æвзарæ бæргæ исгæлста, хъæдори мех ба сæмæ нæййес. Биццеубæл æдеугурæй æртиндæс анзи цæуй, æнæбаргъон ма æй, æхецæн ба æ кустæй фæццохгæнæн ку нæййес. Ци киндæуа? Ци киндæуа? Æхе хуæдæнсувæр минкъий дæлдæр бæргæ цæруй, уæдта имæ е ку фæккæсидæ, фал, гъа... Адæнбæл дæр сæ нæ нимайуй, æ сæр сæмæ дзорунмæ дæр ку нæ хæссуй, цума а зæнхæбæл цæрæг дæр нæ ’нцæ, уой хузæн.

– Æ мади рони фæстæмæ лæсунмæ неке райгуруй, кæдимайди ба исони бони мæн еунæг къатдзеу дæр байрæзидæ æма ме ’нсувæри мæ бæдоли сæр дæр багъæуидæ, – æхецæн нифситæ æвардта Алинæ.

«Мадта ма хуæздæрæн мæхе кæмæ бакъолæ кæнон мæ мади зæнæгæй уæлдай», – æхецæн искарста силгоймаг æма æхе æ хуссæни иннецирдæмæ æрзилдта. Еци рæстæг æ фарсмæ æнæмæтæй хустæй æ царди нифс, æ зæрдæдарæн, æхсæвæй-бонæй кæмæн кувта, æ еци фæдон...

Зин балæдæрæн æй, адæймаги хъисмæт ци ’рдæмæ ниццæхъал кæндзæнæй, е. Алинæ æ рæстæги æ цардæй нецæмæй гъаст кодта. Адтæй ин, æ уодæнбæрцæ ке уарзта, уæхæн цардæнбал, исæнтæстæй син бæдолæ. Ци ма гъæуй амондæн, дæ ниви тæбæгъ хуæрзидзагæй ку лæууа дæ цори, уæд айдагъ æ уиндæй дæр æфсес уодзæнæ. Гъо, бæргæ уотæ ’й, фал...

Æртæ анзи рацудæй, биццеу син ку исæнтæстæй, уæдæй. Æхсарæ куста ахургæнæгæй гъæууон скъолай. Куддæр æ уроктæ фæууиуонцæ, уотæ уайсахат æ хæдзари балæууидæ,

нæ бухстæй нæдæр æ уосæбæл, нæдæр ба æ минкъий бæдолæбæл. Фал... Гъо, еци файлæгтæ адæймаги цард усхъунмитæ куд фæффæлдахдзæнæнцæ, уой æхуæдæг лæдæргæ дæр нæ бакæнуй хатгай.

Сæрдигон каникулти кæронмæ берæ нæбал гъудæй, уотемæй Æхсари рарвистонцæ Дзæуæгигъæуи ахургæнгути зонундзийнæдтæ уæлдæргæнæн институти ахуртæмæ.

Гъе, ами ибæл фæффæлдæхтæй æ амонди баси къос. Ахурти рæстæг фæззонгæ ’й горæттаг силгоймаги хæццæ. Цидæр æнахур тухæ ’й æлвасун райдæдта уомæ. Æма мæнæ бакастæй бустæги хиццаг адтæй, зæгъгæ, уой зæгъæн дæр си нæ адтæй. Рæстæнбес асæ, нæдæр фудхуз, нæдæр ба исæвгунтæ, æ цубур къуæрд дзигкотæ сау хуарæнæй хурст, сæ фенбæлди фулдæр хатт мадзора, фал уæддæр цидæр æнахур тухæй ба æхемæ æлваста нæлгоймаги.

Зин балæдæрæн æй, адæймаг, уотæ тагъд куд фæффæлхæтуй, е, фал Æхсарæ ба айдагъ æхуæдæг нæ исфæлхатт æй æ бийнонтæбæл. Уотæ имæ кастæй, цума ибæл æ еугур цард дæр рафæлхæттæй. Æ къах æй æ хæдзарæмæ æгиритдæр нæбал хаста, нæбал æй æндавтонцæ нæдæр æ уоси зæрддагон уарзт, мадта ’й æ бæдоли тункъур ростæ дæр нæбал æлвастонцæ сæхемæ. Лæг, ци адтæй, уомæй еугур сæрзелæггун иссæй. Гъар изæрдарти сæ фембæлдтитæ арæхæй-арæхдæр кодтонцæ, уотемæй сæбæл кæми силгоймаги дууæуатон фатери æрбон уидæ, кæми ба сæумæмæ тезгъогæнгæ, байзаиуонцæ гъæунгти. Цубур дзурдæй, Æхсарæ, фæсахуртæ æ хæдзарæмæ ку ниццудæй, уæд ма си анзи æмбес бафæразта, уæдта скъолай директормæ курдиадæ балæвардта, æ кустæй æй исуæгъдæ кæнуни туххæй, æма майрæнбони изæйрон автобуси æд цумæданæ горæтмæ исфардæг æй.

Хъипп дæр имæ не ’скодта Алинæ, нæдæр ба ’й уорамунтæбæл ниллæудтæй, нæдæр æ фæдбæл æлгъетæнтæ нæ кодта, къæразгæй кастæй, æгуппæгæй лæугæй, æндæр неци. Хуцау æ зонæг, еци усми æ зæрди уедæгтæбæл ци издин уæзæ æрæнцойнæ кодта, уомæн. Фал федар æма бухсон уоди хецау адтæй Алинæ. Некæд некæмæн исгъæр кодта æ уоди катай, æ зæрди гъезæмарæ. Сауæнгæ ма, æ лæг горæти æндæр силгоймаги хæццæ бацардæй, уой дæр гъæуи цæргутæй беретæ бустæги æрæгиау базудтонцæ.

Кунæг цитæ не ’рцæуй бийнонти æхсæн. Уæдта ке гъудæнцæ есге царди хабæрттæ гъæугæ дæр. Уогæ, кæд гъудæнцæ, уæддæр æрмæстдæр радзорæ-бадзорæн, æррæстæ фудкой ракæнунæн. Еци гъуддаги ба мах адæнæн æ раз ка байахæсдзæнæй? Неке, мæ хортæ. Неке! Догъон бæхæй дæр уайæгдæр æнцæ нæ дан-дунтæ. Нигки ба ма сæбæл базуртæ ку базайуй, уæдта зæнхæбæл дæр нæбал фендзæвунцæ, уадæндзо фестунцæ æма цо райæртасæ, исæй бæлвурд кæнæ, рæстдзийнадæ æма си мæнгæ таус ци æй, уой.

Æрмæстдæр Алини уодигъæдæмæ гъæубæстæй ести фау ка æрхастайдæ, уæхæн адæймаг ба зин иссерæн адтæй, уомæн æма ин æ уоди кæдзосдзийнадæбæл некæд неке фæггурусхæ ’й.

Цубур дзурдæй, æ мæститæ, æ зинти хæццæ еунæгæй райзадæй Алинæ, фал æ байуантæ нæ никкалдæнцæ. Æ цæнгтæ бафест кодта æма æ еугур хъауритæ дæр æ кустмæ, æ хæдзарæмæ, æ бæдолæмæ раздахта.

Гъе, уотемæй, ес фидæмæ, æнай-æнойти æнæ фидæй райзадæй Хетæг дæр. Æ цуппæрдæсæймаг анзмæ рæхги бахездзæнæй, фал, æ фидæй кæдæй фæххецæн æй, уæдæй фæстæмæ ин æ кой, æ хабар дæр нæбал фегъуста.

Цалдæр хатти ма Æхсарæ гъæумæ æрæфтуидæ зиæнтти фæдбæл, рафæлваридæ биццеуи зæрдæ адгийнæгтæй балхæнунмæ, фал имæ ристзæрдæ биццеу æнгæрон дæр некæдбал бацудæй. Кæд ибæл æнзтæ уойбæрцæ нæма цудæй, уæддæр æ сæрустурдзийнадæ ба куд уа, ци уа лæги зунди бæрцæ æййафта. Æхе туххæй имæ нæ мæстгун кодта Хетæг, фал ин æ уарзон мади уæззау цæстисугтæ ниххатир кæнунгъон ба н’ адтæй. Адтæй æма нæбал æй, – æхецæн ниллух кодта биццеу æма си алли фембæлди дæр æхе еуварс ласта.

Фидæ дæр, ку балæдæрдтæй, æ бæдоли зæрдæ не ’ртасун кæндзæй, уой, уæд æхе еугур ист ракодта æма гъæумæ æнгæрон дæр некæдбал æрцудæй. Куд фæстæмæ, адæнæй дæр феронх æй, сауæнгæ ма ибæл æ хуæрз хеуонтæ дæр сæ къох исистонцæ...

Хуссуй биццеу æ мади хъури буни, фал хаттæй-хатт ба цидæр æнахур æсхъиуд фæккæнуй æ фуни, æ къæхтæй низзæбæтдзæгъдæ кæнуй, æ къохтæ æрбатумбул кæнуй æма æ медфуни уæззау ниуунæргъуй. Ка ’й зонуй, æвæццæгæн

бабæй е ’нбæлттæй кæд еске хæццæ хили бацудæй. Æма куд нæ?

Адæни уоди сконд уотæ ’й, æма си царди еу минкъий дæладзугдæр ка фæууй, е син гъазæн гъолæ, гиризи амæттаг исуй.

Бæргæ рагъавиуонцæ Хетæгбæл дæр е ’нбæлттæ рауæлазар кæнун, фал имæ æнхæст ба не ’ндиудтонцæ, уомæн æма ин æ ахъæл хуарз зудтонцæ. Багъæуаги хестæр лæги нихмæ æрлæуунæй дæр æхе нæ рахатдайдæ. Еу загъдæй, æ карæ ци нæ адтæй, æ басæ ба уойбæрцæ адтæй. Æма кæд музухътæ арæзт адтæй, уæддæр æ уоди рахаст ба æндæр хузи конд адтæй.

Нæ зонун, царди фæткæ уотæ æвæрд цæмæн æй, уой, фал седзæр алкæддæр тæнзæрдæдæр фæуй, кæд ибæл хъисмæт æ уæзæ дувæрфæлдæхтæй æрæвæруй, æ бавзаруйнæгтæ дæр æмбесфулдæр фæуунцæ, уæддæр. Седзæр авæрти исирæзгæй, адæймаг гъæуама еугур дорзæрдæ ниууа. Фал еци минеугутæй Хетæги уод цох адтæй. Сæрбонзонгæ æма алциæстæфагæ адтæй æвзонг биццеу. Æ кари биццеутæй ескæмæн сæ фиддæлтæ самакъат, кенæ цонæгъ ку балхæниуонцæ, кенæ сæбæл æррæстæ уотид цийнитæ ку кæниуонцæ, уæд сæмæ Хетæг ба хицæй мæлидæ. Фал лæдæрдтæй, уомæн Хуцау еци уæхæн нивæй ке нæ бахай кодта, уой, уомæ гæсгæ ба ’й арæх фæууинæн адтæй сæ дæлсера еунæгæй бадгæй. Е ’нкъард цæстингаси бакæсæн адтæй, биццеуи цидæр маст, цидæр нæхъæртондзийнадæ ке æздирвуй, уой, фал уомæ ке евдалдæй. Нигки ба ма ин сæу-мæй æ мадæ ку бакой кодта, хъæдори мехтæ æркæнун сæ ке гъæудзæй сабати, уæлмæрдти фæсте, уой, уæдта бустæги дæр æ хози бампулдæй. Еуемæй хуарз зудта, æ хæрæг имæ неке ратдзæй, иннемæй ба сæмæ, æгæрмæгур, æхснеуæн дæр ма н’ адтæй.

Куддæр æ мадæ кустмæ рандæ ’й, уотæ Хетæг, æ мадæн хуарз ракæнун æрвонгæй æндаг синхи цæрæг Басити Гæбулай хæдзарæмæ æхе байста хæрæггор. Гæбула тугъдон, цардвæлтæрд лæг, æхуæдæг дæр седзæрæй, адæни фæсдуæрттæ ка исгъонбæл æй, уæхæн, уайтæккидæр биццеуи катай ралæдæрдтæй æма ин хæрæг æд уæрдун æ къохи бакодта. Хетæг бæргæ æрæстæфтæй Гæбулай согвадæни замманай рæуæг, нæуæгцирггъгонд æхснеуæн, фал уой ракорун ба нæбал бандиудта, уотемæй æ над ракодта æ мади æнсувæри

хæдзарæбæл, – кæд сæхемæ нæ уа Серге, уæд æй æнæфæрсгæй райсдзæнæн æма си тагъд-тагъддæй æрцæгъддзæнæн мехтæ, уæдта ᾿й фæстæмæ дæр æ бунати уотæ сосæггай февæрдзæнæн, – адтæй æ гъуди Хетæгæн. Фал куддæр бæрзонд къалиткæ байгон кодта, уотæ ба æ зæрдæ ниссæххæт кодта, – тургъи æ мади æнсувæри баййафта фæрæтгъæдæ амайгæй.

– Серге, хъæдори мехтæ кæнунмæ цæун æма мæмæ дæ рæуæгдæр æхснеуæн ку февæрисæ, – салан ратгæй, сдзурдта хуæрифурт.

Цума æй лæдæргæ дæр не ᾿ркодта, æхе уотæ никкодта мади æрвадæ. Биццеу бабæй дуккаг хатт æнæндиуд гъæлæси уагæй исфæлхатта æ курдиадæ.

– Фæддæигъустон, къуру нæ дæн, – фæттурк ибæл кодта Серге. – Еу ести уæхе хæдзари куд неци ес дзаумауæн! Æви уотæ æнгъæлетæ, æма сæ æз ба бæлæстæй æресун. Æз дæр сæбæл æхца бафедун. Еске туххæн сæ нæ дарун мæ хæдзари.

– Æма дин æз ба еске дæн? – æ цæститæмæ ин комкоммæ бакастæй Хетæг.

– Сумах ба ци айтæ, е бæрæг дæр нæ ᾿й, нæдæр адæни тонхи нæ цотæ, нæдæр уæмæ хиццагæй неци ес, мæгурдæйрæгтæ! Исæвд æма хуæрзисæвд! Аллихатт ба коребæггай зилд ци кæни? Кæд уæ дарун мæнмæ нæ кæсуй! Æнæ сумах дæр мæ мæтæ мæ хъурмæ æй, – æ гъесæг бецъоти бунæй æ дууæ æфхæлд били æмæзмæлд кодтонцæ лæгæн. Адæнæн се ᾿рфгутæ хæрдмæ ферæзунцæ, Сергейæн ба сæ цума кърахмали еске ниттулдта, уотæ, еци гъæдæгæй, бунмæ æрзæболæ æнцæ æма ин æ цæститæ æмбарзтонцæ. Уотæ гъæдæгирæзæ ма кодтонцæ æ гъости гъунтæ дæр.

Куддæр æ фæстаг дзурдтæ æрлæхурдта Серге, уотæ ба е ᾿фсийнæ цæлгæнæнæй æ сæр радардта æма ин аййевæй бауайдзæф кодта:

– Нæ лæг, нур дин ходуйнаг нæ ᾿й Хетæги уотæ æфхуæрун? Гæр, гæлæхха, дзæгъæйлаг, дæ хуæри бæдолæ ку æй.

Хетæг балæдæрдтæй, уæдæй нурмæ сæмæ силгоймаг игъосгæ ке кодта, уой.

– Æппун неци, фал нин нæ кизгæ æма биццеуи уроктæ искæнунмæ дæр нæ фæйййанхус кæнуй?

Силгоймаг нецибал исдзурдта, æхе фæстæмæ разилдта æма фæсдзæгатмæ бацудæй. Минкъий усми фæсте ба æ галеу къохи æхснеуæн рахаста æма 'й биццеумæ балæвардта.

– Цо, дæ куститæ си бакæнæ, уæдта 'й фæстæмæ æрбахæсдзæнæ, – фæлмæнæй имæ исдзурдта Надя.

– Цал хатти дин загъτон, дæ тæбæгъти гъуддаг кæнæ, – мæн дзаумæуттæмæ дæ неци гъуддаг ес, – зæгъгæ, мæсттъæлланг фæккодта Серге. Идарддæр, лæг æма уоси æхсæн ци дзубанди рауадæй, уой Хетæг нæбал фегъуста, æ хæрæгбæл «рауциу» кодта æма уæлмæрдти фæстемæ æ фæндаг радардта.

Еу æртæ сахаттемæй минкъий фулдæр ибæл рацудайдæ, уотæ æ конд мехтæ уæрдуни цормæ æнбурдгонд фæцæй биццеу æма сæ еугай-дугаййæй цурхун райдæдта гуфи. Æппунфæстаг сæ, æ бон куд адтæй, уотæ æрбæститæ кодта дууæ рауæнеми, фæстæуæзæ дæр æма разуæзæ дæр куд нæ кодтайуонцæ, уотæ, уæдта æхснеуæн мехти æхсæн рацавта æма хæрæги идонæбæл рахуæстæй. Фæлтæрд хæрæг, ку балæдæрдтæй, гъæумæ ке æй сæ фæндаг, уой, уæд æй уæрамæг уорамун нæбал фæразта, уотемæй размæ æмпурсæнтæ кæнун райдæдта. Цæлхитæ хъулуфти æма хæрдти æмæсхъеуæгæнгæ тулдæнцæ гæбар-губургæнгæ, уотемæй, æппунфæстаг, Хетæг сæ дзæхæрай колдуармæ бахъæрттæй æма куддæр къæзбитæ исихалунмæ бавналдта, уотæ ба æ минкъий зæрдæ уæззау сæххæт никкодта: æхснеуæн æ бунати нæ разиндтæй. – Кæд мехти æхсæн бунмæ ниххаудтæй, – зæгъгæ, медæмæ дæр сæ дзæхæрамæ нæбал баласта, фал сæ æ фур катаййæй æндæгорен рæбунмæ рауæгъдæ кодта, фал æхснеуæнæн æ кой дæр нæбал разиндтæй – дунд-далагъан фæцæй.

Биццеу æ фур адæргæй хæрæги идонæ горени цæгиндзæбæл рабаста æма æ над-над фæффæстæмæ 'й уæлмæрдти фæстемæ, надгæрæнттæмæ æдзинæг кæсгæй. Фæлабулай ци къум, ци къотæр нæ басгарста, уæхæн ин нæбал байзадæй, фал æхснеуæнæн æ кой дæр авд дæлзæнхи фæцæй. Еци зæрдхъурмæй раздахтæй. Фæстæмæ цæугæй ма сауæнгæ уæрдуни цæлхвæдти ци лæпъæдадон æрæнбурд æй, уони дæр ма æ армитъæпæнтæй æсгарста, фал нецибал иссирдта. Æхснеуæнæн зæнхæ ниттудта.

– Нур ци кæнон, нур ци фæууон, – Сергемæ æнæ фæрæтæй ку бацæуон, уæд мæбæл мæгур бон ку кæндзæй! Уо,

Хуцау, дæлæмæ ’рхауйнаг мæбæл кæд дæ, уæд мæбæл рагацау æрхауæ, – æ кæун набал бауорæдта Хетæг. Фал ин е гæзæмæ лæмæгъдзийнади æвдесæн адтæй.

Æнæнгъæлти æ били буни байдзулдæй æма сæхемæ ратагъд кодта. Бæрæг адтæй, цидæр нифсдæттæг гъуди имæ ке февзурдæй, е. Куддæр сæхемæ бахъæрттæй, уотæ æ мехтæ фæстæмæ уæрдуни рацурхта, æрбасæ æлваста æма æд уæрдун Æриффети дуармæ балæудтæй.

Хетаг хуарз зудта, дууæ æнземæ еу хатт Æриффæ хъæдори мехтæ ке фелхæнуй, уой. Берæ рæстæг нæ рацудæй, колдуар ку бахуаста, уæдæй. Уайтагъддæр Æриффæ æхуæдæг ракастæй æма биццеу дзурдгъон дæр нæма иссæй, уотемæй силгоймаг æхуæдæг фæрраздæр æй:

– Цæбæл сæ уæйæ кæнис?

– Фæрæти аргъ мин радтæ, – æндæр мæ неци гъæуй, – мæтъæлæй ’сдзурдта биццеу.

Зонæнгин силгоймагæн цанæбæрæг гъудæй риствæллад биццеуи ракъахунæн, æма ин Хетæг æ хабæрттæ ку ракодта кæрæй-кæронмæ, уæд ин кæмидæр цума æнцондæр фæцæй, уотæ имæ фæккастæй. Силгоймаг æ дзиппæй æмхуæцгæ туман исиста, уæдта, Хуцау æ зонæг, цæбæл рагъуди кодта æма ма сæбæл æртæ соми бафтаугæй, загъта: – Мæнæ дин дæ мехти аргъ, æртæ соми ба ма дин дæ фæлмæнзæрдæдзийнади туххæн.

Хетæг хæрæгуæрдун фæстæмæ разилдта, æ еу дзиппи æртæ соми, иннеми ба æмхуæцгæ туман, уотемæй хæрæгуæрдун æ хецаубæл исæнбæлун кодта. Уой фæсте бацудæй æ мади æнсувæри хæдзарæмæ. Биццеуи зæнгитæ фур æнæхуæргæй зир-зир кодтонцæ, уотемæй бахизтæй тургъæмæ. Сергей бадтæй стъоли уæлгъос æма фидикарсти хъуæл куддæр æ гъæлæсмæ багæлста. уотæ Хетæг дæр æ цори æрис-тадæй.

– Æхснеуæн æрбахастай?

– Нæ, фæммин исавдæй.

– Æма дæхуæдæг куд нæ фесавдтæ, дæ гъæлæс æппунæдзох хæлеуæй ци дарис, – биццеуи бунггаг билæ фидикарстмæ нимдзаст уогæй, куд æргæллеу æй, уой бафеппайгæй, исгъæр кодта Сергей. – Дæумæ ести дæтгæ ку уайдæ, уæд æй æз нæ зонун, – æ комидзаг æ фур мæстæй æууелгæ дæр нæбал æркодта, уотемæй æй æгасæй еу нихъуæрд ракодта

мади æнсувæр. – Кенæ ба кæд дæуæй неци рауайдзæй, уæд дин ци загъдæуа?

Биццеу куд лæудтæй, уотæ сагъдауæй байзадæй, уæдта æппунæрæгиау ба æ зæрди арфæй исфæразта:

– Мæнæ дин æ бæсти æхца æрбахастон, æлхæнгæ ба ’й дæхуæдæг бакæндзæнæ, – æз фæрæт æвзарун нæ зонун.

– Æхца, зæгъис, – Сергейæн бунмæ ци гъесæг æрфгутæ æма бецъотæ ирæзтæй, етæ фæхъхъел æнцæ. – Е æндæр дзубанди æй. Фал фæрæтæн гъæдæ дæр гъæуй, уой ба нæ лæдæрис?

– Уой фагæ дæр дин æнцæ, – биццеу имæ туман бадаргъ кодта.

– Уойбæрцæ æхца! Кæми дин адтæнцæ?

– Е ба дæу гъуддаги нæ ’й, хæлоргъос, – сдзурдта ма Хетæг æма æхе фæстæмæ разилдта, фидæйдзаг дзалгъауиндзæмæ ма еу каст фæккæнгæй.

Серге ма цидæртæ дзурдта æ фæсте, фал имæ биццеу фæстæмæ дæр нæбал ракастæй, уотемæй ибæл æ къох ракъуæрдта, гъома, естæмæй ниххулуй уо, зæгъгæ.

Изæрæй Алинæ сæхемæ ку æрцудæй, уæд ин Хетæг, æртæ соми æ къохи бакæнгæй, æ хабæрттæ æрдзурдта. Мадæ дивандбæл биццеуи фарсмæ æрбадгæй ин æ армитъæпæнтæй æ сæр радауæ-бадауæ кодта. Биццеу ба æ мади гъæбесбæл æ сæр æрæвæргæй, катай кодта: нур бабæй хæрæг кæмæй ракурдæуа, Гæбуламæ дæр ку нæбал бандеудзæй, æндæр ба æхе кæмæ бахата, уæхæн зæрдæдарæн дæр ин ку неке ес. Уæдта ма æхснеуæн дæр корун ку гъæудзæй. «Уо, Хуцау! Дæхемæ мæ исесæ!» – уотитæ гъудитæ кодта Хетæг, æ мади тæвдæ цæстисугтæ æ хæмпос росæй еуварсмæ расæрфæрасæрфæ гæнгæй.

## ЛАЗÆР Æ КАЙЙЕСТÆМÆ ЦÆМÆННÆБАЛ ЦÆУЙ

Лазæр бийнонти гъуддаг ци бон бакодта, еци бонæй фæстæмæ æ цард æхе зæрдæмæ дæр нæбал цудæй.

Тæккæ райдайæнæй фæстæмæ сæ дзурд кæрæдзебæл не ’сбадтæй æ уоси мадæ Таири хæццæ. Таирæ æнæуой лæгъуз адæймаг н’ адтæй, уарзта адæни хæццæ цæрун дæр, фал æгæр гъиггаг æма хилæгæнагæ адтæй. Уой уæлæнхасæн ба ма имæ адтæй, æ кизги æ лæгбæл райардауни ацъагъуæ

дæр. Фал ма уонæн дæр адтæй ниббухсæн. Æ сæйраг æма кæуйнаг мардæрцуд ба е адтæй, æма нæуæг фатермæ цидæриддæр дзаумæуттæ балхæниуонцæ æ кизгæ æма æ сиахс, уой дæр уæхæнттæ гъудæй.

Хуарз æма æ сиахс Лазæрмæ фæрсаг æхцатæ хаудтæй æма æ бон адтæй æ уоси мади домæнтæ æнхæст кæнун. Цубур дзубандийæй, Лазæри хæдзари цидæриддæр адтæй диванæй, хуссæнтæй, скъæппитæй, етæ Таири хæдзари дæр адтæнцæ.

Ци æ бон адтæй Лазæрæн, бæргæ нæ цудæнцæ æ зæрдæмæ æ уоси æма уой мади миутæ, фал бухстæй, зудта æй, ести ку сæзманстайдæ, уæд бабæй имæ Таирæ, сæумицъæх дæр нæ бахезгæй, ке æрбалæбурдтайдæ, æхуæдæг ба сæбæл ке неци хузи фæхъхъæбæрдæр адтайдæ, уой.

Гъуддаг уотæ рауадæй æма Лазæри каййестæ ци гъæуи цардæнцæ, уоми æ бийнойнаг Алли хæстæгутæй кæмæдæр киндзæхсæвæр адтæй æма син æхсæвеуатæй уордæмæ цæугæ рауадæй.

Карз ниуæзтæбæл Лазæр æхцул некæд адтæй, ефстагмæ е ’нбæлтти хæццæ рабадгæй, ракъумæлдзæф уидæ æма уæддæр уой фæсте æ фæсмон æ сæри гъунæй фæффулдæр уидæ. Догтæ-дзамæнттæ имæ æсмотгæ дæр нæбал бакæнидæ.

Аци хатт дæр уæхæн сайæн къæппæги бахаудтæй Лазæри сæр. Æ хъаурæбæл æ зæрдæ фæддаргæй, фегæргомау æй. Ниуæзтæ ба æ кæнæгæн дæр нæ хатир кæнуй.

Куддæр Лазæр Алли хæстæгути колдуарæй бахизтæй, уотæ ибæл и ниуазæнтæ мухцури тæдзунæгау никкалдæнцæ.

– Уо, нæ сиæхсти хуæздæр, ци хъæбæр æрæгиау фæззиндтæ, ду гъæуама сæумицъæхтæбæл ами зелæнтæ кодтайсæ. Сиахс мæгур æй, берæ ихæстæ ибæл ес, фал дæ мах æфхуæрун нæ бауадздзинан, – уæхæн зæрдæлхæнæн дзубандитæ гæнгæй ин фæд-фæди цалдæр цайцумæни æмбеси радардтонцæ æ зонгæ синхæгтæ Юрик æма Тимур.

Асæй рæстæнбесæй бæрзонддæр, фал тæнтъехтæ гури хецауи цанæбæрæг гъудæй. Куддæр толдзæ боцикъай бадт арахъ æ ревæд ахсæнмæ равгæдтитæ кодта, уотæ е дæр æ куст кæнунмæ февналдта æма уайтæккæдæр лæги æрдæглæгун тенкай исмедæг æй. Куройнæмæ дон уадзгæ кæнæ, уæдта пернæ ба зелун кæндзæй.

Лазæр фингибадти дæр æуулелгæ æма нихъуæргæ уой бæрцæ нæ никкодта, æвгæнгæ си цæйбæрцæ никкодта.

Изæрдалингтæ æрцæй, адæни фулдæр хай раги рахæлеу æнцæ сæ фæрнуг хæдзæрттæбæл, сауæнгæ ма нæуæгхунд киндзæ дæр æ сæр къæразæмбæрзæни ауунæй радарæ-радарæ кæнун райдæдта, гъома, кæд рахъутти уодзæнцæ тургъи евстаг лæгтæ, æма æ сæр базбæл кæд æрæнбæлдзæй, зæгъгæ.

Цубур дзубандийæй, Лазæр хонуйнаг фæцæй æ каййестæмæ. Тæнуод æма ниллæгутæ силгоймаг ци гъæуама ракодтайдæ æ лæгæн, æма имæ синхонти дууæ лæхъуæни фæккастæнцæ.

Куддæр ин æ фæйнæфарс æ дууæ цонгебæл фæххуæстæнцæ æма ’й тургъæмæ рацæйхудтонцæ, уотæ бабæй силгоймæгти ’хсæнæй райгъустæй Таири мæсттъæлланг.

Таирæ фусунти уосæмæ æхе разилдта æма имæ еци билæскъелтæй сдзурдта:

– Венерæ, дæхецæй æгæр ма ниббоз уо, абони айдагъ сумах хæдзарæмæ не ’рбакувта киндзæ, уæртæ кæсай, мах киндзæ дæр ранæхстæр æй нæ хæдзарæмæ.

– Нур цæбæлти фæдздзорис, киндзæхсæвæр уой туххæн æй, æма си адæймаг ниуазгæ дæр бакæна, æхе дæр байгъæлдзæг кæна. Мадта куд фæууй!

– Рондзи тумбултæ æ фæрстæй фæккалæд, кæд æндæр гъæуæй ардæмæ æхе ниддæнгæл кæнунмæ не ’рбацудæй, – уорамæг урамун нæбал фæразта Таири.

Сауæнгæ ма ибæл хæдзари хецау Елхъан дæр фæззуст кодта:

– Нур дæхецæй æфсæрми нæ фæккæнис еу хаттæй иннæ хаттмæ. Æнбурд муггагæй нæ цæбæл куйти амæттаг искодтай. Киндзæ ба бæргæ хуннис, – зæгъгæ.

Фал ма дин уой уайдзæфтæ дæр естæмæ дардта, ци?

– Аллæ, медæгмæ ’й хæдзæрттæмæ æнгæрон дæр ма бауадзæ, сарай диван дæр ин æгæр æй! – сæ фæсте фатæхсæгау æхста æ дзурдтæ Таирæ.

Аллæ ин сарай æ уæледарæс раласта, айдагъ медæггаг хæлафи ма ’й ниууагъта, диванбæл æй æрхъан кодта æма ’й тæнæг æмбæрзæнæй æрæмбарзта, гъома, кæд æ ниуæзтæ тагъддæр иссæуидæ, зæгъгæ. Расуг лæгæн уайтæккæдæр æ хур-хур иссудæй.

Æхсæвæ æма бон кæрæдземæн «æгас цо» æма «хуæрзбон» ци афони фæззæгъунцæ, еци афони Лазæр дæр тæнæг æмбæрзæни буни, уазалæй гæв-гæвгæнгæй, æригъал æй. Æрдæгæрвонг-æрдæграсугæй, кæми адтæй, уой æнхæст дæр нæ лæдæрдтæй, уотемæй æ зæрдтæй медæмæ цудæй сæхе уатмæ æма, æ уоси мадæ Таирæ кæми хустæй, уордæмæ барæдудæй.

Хæдзари æфсийнæ æхецæн æнцад æнæмæтæй хустæй, æ сæумон рæусæнтти уацари бахаугæй. Усмæй-усмæмæ æ сабур сун-сун дæр райгъусидæ.

Лазæр уомæн ци лæдæрдтæй æрдæгигъалæй, æ ком цалдæр хатти нийвæзтитæ кодта, е 'уæнгтæ рателæ-бателæ ракодта, уæдта æхе силгоймаги фарсмæ гъæццоли буни раниурста. Куддæр æ сæнтуазал, æрдæгæргъæвст бауæр силгоймаги гурæбæл бамбалдæй, уотæ æ хуссæг дæр, æ ниуæзтæ дæр фæццидæр æнцæ. Æхецæй уотæ, æма æ фарсмæ æхе уосæ Аллæ хуссуй æма ибæл æхе æнгондæр ниттохгæй, сдзурдта:

– Уогæ ба мин ци зæрдтаг дæ, ци зæрдæхцæуæн æй дæ бамбæлд дæр. Арт дæ æма арт!

Берæ нæ рахаста нæлгоймаги табедзæ. Куддæр хуссæг силгоймаг кедæр уазал гури æмбæлд фенкъардта æ тæвдæ бауæрбæл, уотæ 'й цума хуссæни хъæндзалтæй еске фенсудта, уой æсхъиуд фæккодта æ бунатæй.

Лазæр уæддæр æнхæст нæма æрлæдæрдтæй, ци æрцудæй, уой, æма ибæл схъур-схъур кодта:

– Дæ Хуцауи хатирæй, дæ фарсмæ мин аггаг нæбал кæнис бунат, æндегæй мæ къолæсæри ци схуссун кодтай?..

Таирæ æ хуссæнæй фæттæррæст кодта уæгъдхæдони æма фæййагайдта:

– Дæ сау рондзи нивдулæ, сау еминæ баниуазæ! Гириззаг! Æ цæсгон ка бахуардта, еци куй!

Лазæр уæддæр уавæр кæронмæ нæма æрлæдæрдтæй æма, æ фæсонтæ байгонгæнгæй, нæуæгæй дзоруй силгоймагмæ:

– Дæ мадæй тъайлагдæр ку дæ ду ба æлгъетунмæ, гæбæр берæгъ ин æ зундгъæуагæ сæр бахуæра, æма æ хисти ци фæррасуг уон. Мæ зæрддаг, мæ фæсонтæ нецибал лæдæрунцæ, дæ фæлмæн къохтæй мин сæ рауурститæ кæнай... Тог ми нæбал цæуй... Дæ гъардзийнадæй еунæг æмбæлд...

– Дæ тог ба дин нуртæккæ æз искосун кæндзæнæн, – зæгъ-гæ, Таирæ фæсдуармæ  фæрраст æй æма си зæронд бугъгалæн æрбадавта æма си æ сиахси æрдæгигон лæбæзтæбæл хæфт-хæфтитæй ралæудтæй æнауæрдонæй, алли фуд каколатæ калгæй.

Нурма нур æрлæдæрдтæй Лазæр, ци уавæри бахаудтæй, уой, æма, дзæхæрардæмæ ци къæразгæ адтæй, уой игон кæнунбæл фæцæй. Фал хуарæн кæбæл нихъхъæбæр æй, еци рамкæ бустæги кæми кумдта игон кæнун. Цалинмæ Лазæр и къæразгæ тухигон кодта, уæдмæ ин Таирæ дæр æ фæсонтæ хуаста. Цалдæр цæфи æруадæй Лазæри æрдæглæгун тенкабæл дæр.

Æппунфæстаг, æвæдзи, Хуцау фæттæрегъæд кодта сиахсæн, къæразгæ фегон æй, æма Лазæр, еци-еу тæррæст ракæнгæй, пурусати, хъамилти исмедæг æй. Таирæ ма ин æрдæгпурхæ гъæдин фиййаг æ фæсте къæразгæй ниддуввут кодта, уæдта имæ æ хæлаф æма æ хæдонæ рантъухта:

– А хæдзари фалдзос ма дæ ескæд нифсæргæ ку фæууинон, уæд дæбæл сау тог, сау ех уардзæнæй, æнаггаг, – æ фæсте ма рагъæр кодта Таирæ. – Федиссаг! Гириззаг!

Лазæр, пурусати æхсæн разелæ-базелæгæнгæй, æ уорс хæдонæ бæргæ раирдта, фал æ сау хæлаф ба зиндæр ерæн адтæй сæудари. Уотемæй, æппунфæстаг, æ хæлафбæл дæр фæххуæст æй, фал æ бауæр ба еугур тæппæлттæ ниццæй. Еу сæумон фæндаггон машинæ бауорæдта æма сæхемæ исфардæг æй.

Фæсарæфтæмæ хæстæг Аллæ дæр исхъæрттæй сæхемæ æма æ лæгбæл бостæхузæй æхе истилдта:

– Дæ Хуцауи хатирæй, еунæгæй ци исмедæг дæ, хезгæ дæр мæ ку нæбал бакодтай?..

Лазæр ралæдæрдтæй, Аллæ, æ цæгати бонивайæнти ци хабæрттæ æрцудæй, уонæн ке неци зонуй, уой, æма имæ исдзурдта:

– Бæргæ ма мæ фæндадтæй еци сатæги уæ къолæсæри рахуссун, фал мæ дæ берæгъ мадæ фесхъæтæг кодта. Æвæдзи, мæ хур-хур æ зæрдæмæ нæ фæццудæй æма, – æ диванæй рацæйистадæй Лазæр. Аллæ ин æ бауæр еци тæппæлттæ-тæппæлттæй ку æрæстæфтæй, нигки ба ма æ рагъ сау гъолæнттæй, уæд хуарзау нæбал фæцæй.

– Мæ арт бауазал æй, дæ бауæр ба ци кодта, мæ бон?!

– Нæ зонун, æвæдзи мæмæ уе 'рвадтæлти арахъæй аллергия рауадæй. Дæ мадæй ба хъæбæр фæббоз дæн, дæуæн фæттæрегъæд кодта, мæхе ба мин уотæ дзæбæх рафæндараст кодта, æма дессаг. Уæхæн рæствæндаг некæдма фæддæн...

Уæдæй абони уæнгæ рацудæй æхсæз анзи, фал Лазæри къах æ каййести тургъи нæбал нифсардæй.

Уæдта, Хуцау æ зонæг, æ уоси мадæ Таирæ æ разæй ести ку кæна, уæддæр ма сæмæ нифсæрдзæнæй, уобæл дæр нерæнги ма дузæрдуг кæнуй Лазæр...

## МÆСКУЙАГ ИУАЗГУТÆ

Аслæнбег куддæр шофери дæсниадæбæл ахури скъола каст фæцæй æма æ гæгъæдитæ райста, раст тæккæ еци бон сæ гъæуи совхози директор Аврами кабинети исмедæг æй кустагор. Æ сувæллонæй нурмæ дæр биццеу тулавастгомау адтæй техникæмæ. Сæ синхи шофертæй еске æ машинæ ку цалцæг кæнидæ, уæд æ цорæй бонсауæй изæрмæ цæугæ дæр нæ ракæнидæ, кæми имæ ести гъæугæ дæгъæл бадæдтидæ, кæми имæ машинæ æхснунмæ фæккæсидæ, кæми ци.

Аслæнбеги хуæрун дæр нæ гъудæй, æрмæстдæр машини цори лæуuæд æма шофери архайдмæ кæсæд. Етæ дæр ин зудтонцæ æ рахаст техникæмæ æма ибæл уомæ гæсгæ ба уæлдай зæрдæхцулдæр адтæнцæ. Изæригон сæхемæ цъидагъæйдзæгтæй ку æрбацæуидæ, уæд ибæл æ мадæ Тамуся еу æма дууæ хатти не 'рцæуидæ арсгийнæй. Фал биццеу къæрттæй цъола нæ гæлста. Æппунфæстаг, Тамуся ку балæдæрдтæй, æ фуртæй шоферæй уæлдай ке неци рауайдзæнæй, уой, уæдта 'й нихъхъутти уагъта.

– Цæй, ахур еугурей сæрбæл конд нæ 'й. Алли адæймагæн дæр æрдзæй æхе сæрмагонд лæгигъæдтæ лæвæрд фæуйй. Еугурæй дæр ахургæндтæ ку уонцæ, уæд ма зæнхæбæл ба ка косдзæй. Æнæнезæй мин байрæзæд, уæдта Хуцау хуарз æй, ести мадзæлттæ кандзинан. Уæдта шофери куст цæмæй лæгъуздæр æй? Нæ гъæуи шоферæй кадæр косуй, етæ ма сауæнгæ ахургæнгутæ æма дохтуртæй дæр хуæздæр цæрунцæ. Сæ хæдзæрттæ тиллæгæй ракæлæ-ракæлæ кæнунцæ,

алкуцæй дæр сæ хай ратонунцæ, гъæуагæ нецæмæ æма некæмæ æнцæ. Машинæ ба алке дæр багъæуй, æма син сауæнгæ ма ахургонд адæн дæр лихстаг æнцæ. Мæ бæдолæ ба ма нерæнги кæд цъигъин æй, уæддæр цифæндуй техникæ дæр æрæнбурдкæнунгъон æй...

Аслæнбег скъолай дæр бустæги разæнгарддзийнадæ не 'вдиста ахурмæ. Куддæр перемени дзæнгæрæг райгъусидæ, уотæ уайтæккæдæр скъолай машини цори æ тъæпп фæццæуидæ. Мадта имæ шофертæй еске руль «езда» кæнунмæ ку февæридæ, уæдта Аслæнбегæй лæгдæр æма амондгундæр а зæнхи цъарæбæл некебал уидæ. Базуртæ ибæл базаидæ.

Æма дæс къласи тухтæамæлттæй каст ку фæцæй, æ аттестат ин æ къохи ку басагътонцæ, уæд зин рартасæн адтæй, Аслæнбег ахургæнгутæй фæййервазтæй, æви ахургæнгутæ биццеуæй исуолæфтæнцæ, е.

Уогæ уотæ зæгъун дæр не 'нбæлуй, æма Аслæнбег ахури рæстæг æхе еугур фудагæй æвдиста, зæгъгæ. Нæ, биццеу адтæй сабур тоги хецау, æзнæтдзийнадæй имæ неци хъæрттæй, гъе æрмæстдæр ахурмæ лæмæгъгомау адтæй. Уæлдай сæри незтæ æхецæн некæд кодта, æ уодмæ маст некæд иста æма дури уæрцци хузæн цæрдæг, тохъулий хузæн ба иуонггинæй ирæзтæй. Адтæй бæзæрхугтæ арæзт, æ сæнтцъæх цæститæ æма нæхемæ губургомау фиййæй ба хецæн кодта иннетæй æ бакастæй. Аслæнбег адтæй царди гиризгæнагæ, биццеутæ сæ медастæу ку рахилæ уиуонцæ, уæд алкæддæр рахуæцидæ лæмæгъдæри фарс. Æ бон адтæй ескæбæл раайуан кæнун, фал æхебæл ба некæд неке бауагъта раайуан кæнун, ке фæндуй дæр æ бунати никвæридæ гиризгæнгæй, æма æ нихмæлæууæг хъиппгъон нæбал исуидæ. Нæ, Аслæнбегæн, æ сæрти тæхгæцъеу ратæха, æма 'й ма бафеппайа, уомæн уæн н' адтæй.

Совхози директор Аврамæн дæр биццеуи лæгигъæдтæ æнæзундгонд нæ адтæнцæ. Зудта ин æ рахаст техникæмæ дæр, уомæ гæсгæ ба си æруагæс кодта, Аслæнбегæн цифæнди техникæ дæр æ къохи ку бакæнай, уæддæр æй авгау ке дардзæй, е. Берæ рафæрсæ-бафæрсæ æй нæ фæккодта Аврам, лæмбунæг имæ байгъуста, уæдта ин гæгъæди ниффинста гаражи хецау Мæхæмæтмæ, цæмæй ин уæзæгтæ ласæн машинттæй сæ еуей æ бæрни бакæнонцæ, уой туххæн.

Гаражи хецау, Мæхæмæт, æ цæсгонбæл бæрæг адтæй,

еске харзæй Хуцаумæ баковунмæ лихстæ кæмæн некæд багъудайдæ, æхе дзиппитæ ба æ гæлифе хæлафи медæгæ уотæ арф адтæнцæ æма си, зæгъæн, давæг ести æнгъæлдзауæй æ къох е 'рæмбуйни уæнгæ ку рацавтайдæ, уæддæр кæронмæ нæ нихъхъæрттайдæ, уæхæн лæг. Адæймаги зæрдæ 'й æгириддæр æхемæ нæ иста. Æ зукъуратæ, картофи асæ фий, ниуæзтæ имæ ку хъæртидæ, уæд сурхгон даридæ, æрвонгæй ба ин цидæр æнахур хузи ницъцъæх уидæ. Неке рабадтайдæ нæуæг машинæбæл совхози, Мæхæмæтæн æ дзиппæ ка нæ рарæвдудтайдæ, уонæй еунæг дæр. Раги исахур æй шофертæй æхца есунбæл. Æма имæ нур Аслæнбег совхози директори къохæй финст гæгъæди ку балæвардта, уæд ибæл бустæги зæрдæхцæуæн таведзæ нæ бакодта.

Къахæй сæрмæ æркастæй биццеумæ Мæхæмæт æма ку балæдæрдтæй, аци бецалæй неци растъегъдзæй, уой, уæд æнæдзоргæй бараст æй, аразуйнаг машинттæ кæми лæудтæнцæ, еци блокмæ.

– Мæнæ аци цуппар машинемæн æййевæн хæййтæ нæййес æма си дæ нифс кæцимæ хæссис, уобæл исбадæ. Æрмæст, игъосис, нутæккæ нæмæ æййевæн хæйттæн æхца дæр нæййес, разнорядкæ дæр, æма, кæд дæ бон æй, уæд бал ин дæхе æхцатæй балхæнæ, уæдта ести уодзæй.

Мæхæмæт агурдта æхцагин шофертæ, ести кæмæй растъигътайдæ, уæхæнттæмæ æнгъæлмæ кастæй. Амæй ба ци гъæуама æрдугътайдæ, каркмæ систæ æнцондæр иссерæн адтæй. Фал уæхæн биццеубæл не 'сцурæвæрæ æй Мæхæмæт. Æ цæстингас сæбæл рахæститæ кодта, алкæмæндæр си æ матори сæрæхгæнæн исхъел кодта, бакастæй син сæ бунмæ дæр, цæлхитæ æ рахез къахæй батилдтитæ кодта, уæдта и рæнгъи æртигкаг машинæмæ байамудта:

– Мæнæ а цæуй мæ зæрдæмæ, гъома, хæссун мæ нифс, æрмæстдæр мæмæ еу курдиадæ ес. Дууæ къуæрей æнгъудмæ мин æй мæхе тургъæмæ батолун кæнæ, уæдта æй фæсмæргæ дæр нæбал бакæндзæнæ.

Хуæздæр ма ци гъудæй гаражи хецауи дæр, æййевæн хæйттæ агоруни мæтæй фæййервæздзæй, биццеуæн сæ балхæнун кæндзæй æхе æхцайæй, уæдта бон цæуй, æма фарнæ æ хæццæ хæссуй. Никки ба ма лæдæрдтæй, зæрдæргъæвд биццеу æ гъуддаг æрдæгбæл ке нæ ниуудадздзæй, уой дæр.

Изæрмелтæ кодта. Гъæуи фонс къуæрттæ-къуæрттæй æздæхун райдæдтонцæ сæ хæдзæрттæмæ. Уæситæ æма уæриккитæ, æвæдзи, развæлгъау æрлæдæрдтæнцæ, растдæр зæгъгæй ба, æрæсмустонцæ сæ мадтæлти фæздæнтти тæф, æма сæ уасунæй нæбал æнцадæнцæ. Хæдзæртти æфсинттæ сæ изæйрон гъуддæгти тæмæни бацудæнцæ. Хæдзæртти тохонати фулдæремæй хъуæцæ кæлун райдæдта, æма, æнæдумгæ сабур изæри хæрдмæ лæгæрдгæй, арви сæнтцъæх бауæр сау мелайæй игъæндæн кодта. Гъæуи зæрæндтæй, æ евдæлон кари ка бацудæй, етæ сæ дуæрттæмæ, фæйнæгæй конд даргъ къелатæбæл бадтæнцæ æма си алке æнгъæлмæ кастæй æ фонси æрцудмæ, цæмæй син стæнтти дуæрттæ байгон кæнонцæ. Цубурдзурдæй, æгас бон æндегæй еу æзмæлæг дæр кæми нæ фæууидтайсæ, еци гъæунгæ æмæзгули фестадæй.

Раст еци афони Синати Аслæнбег дæр æ колдуæрттæ байгон кодта æма машинæ медæмæ батулдтонцæ къохæй биццеуи æмбæлттæ дæр. Аци хаттæй даргъдæр некæд ниццæй æхсæвæ биццеубæл. Еуемæй, æппунфæстаг исæнхæст æй, сувæллонæй ардæмæ кæмæ хицæ кодта, æ еци фæндæ – æхуæдæг рабаддзæнæй машинæбæл, иннемæй ба ’й æвæстеуатæй гъæуй уой бацалцæгутæ кæнун. Косун гъæуй, абонæй фæстæмæ хæдзарæ даруни уаргъ æхе рагъмæ гъæуама райса, æ мади кисæ мабал доца. Æхуæдæг æнхæстбарæ лæг æй.

Сæумæй æ мадæй цидæр капеккитæ райста æма горæти исмедæг æй, райста æййеввæн хæйттæ, цидæриддæр æй гъудæй, уони, æма æртæ сахаттей фæсте сæхемæ æ машини буни æвдулдæй. Дуæ къуæрей раевгъудæй уотемæй.

Еу сæумæ Аслæнбег æд машинæ гаражи тургъи ку æрлæудтæй, уæд ибæл, уоми ка адтæй, етæ, устур дессагмæ кæсæгау æрбамбурд æнцæ. Гаражи хецау Мæхæмæт нæ, фал еци машинæбæл уомæй размæ ци æртæ шофери бадтæй, сауæнгæ ма ’й етæ дæр нæбал базудтонцæ, уотæ цæхæртæ калдта.

– Гъæйдæ, æз дæмæ мæ нæуæгдæр машинæ дæттун, ду ба мин ай исуæгъдæ кæнæ, – æхе имæ бахатта шофертæй еу – Зураб.

– Дæ гæдздзæбæл мин нæ фæххуæцдзæнæ æнахурæй, дæ губун, миййаг, ку фæддон, уа, уæд æй лæдæргæ дæр нæ бакæндзæнæ, уæхæн рессортæ ибæл ниссагътон, – æ медбилти байдзулдæй Аслæнбег.

Уотемæй райдæдтонцæ Аслæнбеги косгæ бонтæ совхози. Куд фæстæмæ, æ циргъзунд, æ дзурд раеруни æма гиризи фæрци Аслæнбег совхози косгутæн еугур хеуон фестадæй. Некæд некумæ базийнадæ кодта биццеу. Уогæ, биццеу зæгъун дæр адæймаги æвзаг нæбал батастайдæ Аслæнбегæй. Фæллæхъуæнхуз æй, æ тæнæг бецъогæндтæ дæр цæсгонбæл фæффедудтонцæ.

Совхози директор Аврамæн адтæй æртæ кизги, уонæй ба дууæ лæгмæцуд, кæстæр Рохсанæ ба – Аслæнбеги æмкъласон – нерæнги ма сæхемæ адтæй. Аслæнбег æма Рохсанæ сауæнгæ сувæллонæй фæстæмæ дæр еу рæвдауæндонæмæ цудæнцæ, еу къуармæ, скъолай дæр Рохсанæ Аслæнбеги разæй бадт фæууидæ алкæддæр, æма сæмæ диктант кенæ контролон куст ку уидæ, уæд биццеу кизги рагъ исцъæх кæнидæ, æ ручкæй æй басхуайæ-басхуайæ гæнгæй, гъома, дæ тетрад, куд æй уинон, уотæ ниввæрæ, зæгъгæ.

Æма ибæл Рохсанæ дæр некæд батегъæ кодта æхе. Еци гъуддæгтæ æнæуингæ нæ уиуонцæ ахургæнгутæ дæр, фал сæхе неци уинæг искæниуонцæ, уадзæ æма уæддæр «æртей» фагæ исфинса, зæгъгæ. Бустæги гириз ба си математики ахургæнæг кæнидæ урокти райдайæни.

– Синай-фурт, размæ рацо, доскъа ниссæрфæ, æма дин æртæ æвæрун...

Некæд базийнадæ кодта Аслæнбег доскъамæ рацæунмæ уæхæн рæстæгути. Бухстæй, зудта, хуæздæр бон ибæл ке нæййес, уой, фал æ маст ба некæд уагъта.

Адтæй уотæ дæр, æма сæмæ гъæуама фиццаг урок адтайдæ математикæ. Аслæнбег сæхецæй содзагæ цивзæ æрбахаста æма ибæл къласи бандзарста.

Скъоладзаутæн неци адтæй, фал ахургæнæг ба куддæр дууæ-æртæ уолæвди искодта урокки райдайæни, уотæ ибæл фиццаг хуфæг, уæдта æхснирсæг бахуæстæй, æ цæстисугтæ æргæр-гæр кодтонцæ, æма ма туххæйти фендæлбилæ æй. Неке базудта, Сергей Болаевичæн уæхæн куст ка бакодта, уой. Уæхæн мæгурбæнттæ ахургæнгутæн берæ фæууинун кодта Аслæнбег. Фал имæ мæстгун ба неке кодта. Уойхигъд Аслæнбег æхуæдæг хъæбæр арæх мæстгун кæнидæ Рохсанæмæ, æ гъос имæ уотæ уоййасæ ке некæд дардта, уой фæдбæл.

Кизгæбæл хуарз федудтонцæ æ бордзалуг дзигкотæ

æставд бидæй, алкæддæр ин уиуонцæ лигъз æма æнгон фаст, æ уорс бæздайæнтæ Аслæнбеги сæхемæ уотæ æлвастонцæ æма сæмæ сæццæкæсæгæнгæ байзаидæ. Цидæр æнахур æхцæуæндзийнадæ ин радзиги кæнидæ æ зæрди кæрон, фал совхози директори кизгæмæ исдзорун ка æндиудта! Аба-бау! Рохсанæ æхуæдæг дæр æндиудгомау адтæй, алкæддæр къæрццарæзт, адтæй ин, еу дзаумау иннемæй цæмæй раййивтайдæ, е. Ахури ба æнтæстгин адтæй æхуæдæг, уæлдай бæрзонддæр бæрæггæнæнтæ ин некæд неке æвардта цæстæмæ гæсгæ. Алли бон дæр скъоламæ цудæй хуæрзцæттæй.

Гъема, еци дууæ дзурдарæхст æригон уодгоймаги кæрæдземæ ку фæккомкоммæ уиуонцæ, уæд сæ уорамæг уорамун нæбал фæразидæ. Ка си ке хъæбæрдæр фехсилкъæ кæна, уобæл архайгæй, сæбæл се ’мкъласонтæ æрæнбурд уиуонцæ æма сæхе ходæгæй гъæстонцæ. Дууемæй дæр къласæн адтæнцæ æмхузон уарзон. Аслæнбеги царди уавæрти хæццæ рабаргæй, Рохсани уавæртæ кæмити райдзастдæр адтæнцæ, фал кизгæмæ уæлбекъондзийнадæ ба некæд неке рартаста.

Куд фæстæмæ, Аслæнбеги æнкъарæнтæ арфæй-арфдæр кодтонцæ, фал цæмæ, циуавæр дзуаппмæ гъæуама æнгъæлмæ кастайдæ совхози ферми хумæтæг гъогдоцæги фурт. Еци пъæззу уæззау тугул дорау бадтæй биццеуи реуи æма ’й æ рæугутидзаг исуолæфун дæр некæд уагъта.

Уæдта ин кизгæ аразий дзуапп дæр куд гъæуама равардтайдæ, нурма экономикон факультетмæ ахур кæнунмæ æрæги ку бацудæй. Нигки ба ма уæхæн гъæздуг хæдзарæ, уæхæн директор фидæ.

Гъей, Синай-фурт. Фæлтау æрлæдæрæ дæхе, дæ мæгурбон хуарз ку зонис, еу фарсрахуæцæг дæ фарсмæ ку не ’рбалæудзæнæй дæ батухсти сахати. Ке гъæуис? Дæ рохсаггаг фиди дæр ма æнхæст ку нæ бафæсмардтай, уотемæй ди æхе сау мæрæмæ ку райста... Дæ фиди æнсувæрти ба ду ку некæд гъудтæ, мадта дæ мади æртæ æнсувæрей дæр дæумæ ку некæд раевдалдæй. Еу соги къуæцæл уин уæ тургъæмæ ку некæд æрбаластонцæ, еу нартихуари хъозгæ. Кæд ке гъудтæ? Ка дæбæл кæд батухстæй? Æноси фиди гъар къохи бамбæлдмæ бæлгæй ку байрæзтæ! Æрмæстдæр дæу амондæн æ сæр ка ниттухта, дæ еци нийййерæгæй уæлдай ке гъæуис

аци царди, фал дин е дæр е ’нæбони ци ракæна? Гъо, адæн дæ уарзунцæ, аргъ дин кæнунцæ, багъæуаги дæ фарсмæ де ’нбæлттæ дæр æнæмæнгæ æрбалæудзæнцæ. Фал етæ еугурæй дæр рæстæгмæ гъуддæгтæ æнцæ, дæу ба царди æносон æнбал гъæуй. Æма уæхæн ба æрмæстдæр Рохсанæ æй, фал дæ балæдæрдзæй, е ба дузæрдугкаг æй... Уæхæн гъудитæ Аслæнбеги сæри арæх зелдогъ кодтонцæ а фæстаг рæстæги, фал æ сосæгдзийнæдтæ кæмæн гъæуама раргом кодтайдæ, ке гъæуй æ сосæг мæтæ, æ сагъæс, æ зæрди катай?

Нæ, некæд иской кæндзæнæй æ зæрди уайтæ Аслæнбег Рохсанæн. Уæдта æ зæрдæ дæр цæбæл гъæуама дара?

Кæддæр æ коййæй дæр еугур дуйней дæр æстъæлфгæ кæмæй кодтонцæ, еци Советон Цæдес исæвди къахбæл нилæудтæй. Адæнæн сæ сæр сæ кой иссæй, хецауадæ, разамонгутæ ба хæлæф кæнун райдæдтонцæ æхсæнади есбонбæл, мæнæн фулдæр бантæсонæй. Æнæгъæнæ устур паддзахадæ ци берæ мингай колхозтæ æма совхозтæ, заводтæ æма æндæр уæхæн кустуæттæбæл æнцойнæ кодта, етæ фалгæронгонд æрцудæнцæ. Æрмæстдæр ма еугай хæдзарадитæ ба байзадæй сæ къæхтæбæл лæугæй. Уонæмæ хаудтæй, Аслæнбег ци совхози куста, æма Аврам разамунд кæмæн лæвардта, е дæр. Гъо, æ къæхтæбæл ма лæудтæй, Аслæнбег æма уой хузæнттæ си косгæ бæргæ кодтонцæ, фал сæ кустбæл мизд ба нæ истонцæ. Нур æртиккаг анз Аслæнбег еунæг сом дæр æ хæдзарæмæ нæма æрбахаста. Уой нæ, фал ма «галеуæггагæй» ци рапайда кæнидæ, уони дæр æ машинæбæл харз кодта.

«Аци лæхъуæнæн мизд бафедун гъæуй», – еци гъуди нæдæр Мæхæмæти, нæдæр ба Аврами сæрмæ цæугæ дæр некæд æркодта, уæдта сæ уомæ уотæ уоййасæ евдæлгæ дæр нæ кодта. Æнæгъæнæ егъау совхози есбон дехтæ кæнун гъудæй сæ медастæу. Оххай, ескæмæ мæнæй фулдæр ку æрхауа, зæгъгæ, сæ кæрæдзей æхсидтонцæ правлений иуæнгтæ. Мингай фусти дзогтæн бонæй-бонмæ сæ нимæдзæ минкъиййæй-минкъийдæр кодта, уотæ сторвонси нимæдзæ дæр, фал ма уæддæр цидæртæ ба адтæй совхози.

Иннетæмæ кæсгæй, куд фæстæмæ, Аслæнбег дæр исдæсни æй фæлевæн миутæ кæнунмæ. Цæбæлдæриддæр хуæст кодта æ къох, уой æ хæдзарæмæ æмпъухта. Арæх ласидæ

мæнæуæ, нартихуар, къумбул, насæ, силос æма некæд евгъудæй æ хæдзари рæзти. Цидæриддæр имæ уидæ гуфи, уомæй æхецæн æнæ фæддехгæнгæ нæ фæууидæ. Куд фæстæмæ, Аслæнбег цæрæг хæдзари хецау иссæй.

Балхæдта æхецæн рæуæг машинæ дæр, æма ин куст ку неци уидæ, уæд зæрдидзæбæхæн горæтмæ дæр фескъæридæ.

Еу уæхæни, горæтæй сæхемæ цæугæй, Ватутини гъæунги æрæстæфтæй Рохсани. Е, æвæдзи, университетæй рацудæй æма маршрутон таксимæ æнгъæлмæ кастæй æрлæууæни.

Аслæнбег фæууорæдта æ машинæ, рахез дуар фегон кодта æма кизгæмæ сдзурдта:

– Рабадæ, бæлццон, кæд нæбæл æд машинæ æнвæрсис, уæд.

Рохсанæ Аслæнбеги ку бауидта, уæд уайтæккидæр æ тъæпп фæццудæй лæхъуæни фарсмæ бадæнбæл æма, байдзулгæй, исдзурдта:

– Цæмæннæ æнвæрсун, æгæр дæр ма æнвæрсун!..

Еци дзурдтæ фегъосгæй, Аслæнбеги билтæ дæр кæрæдземæй фертæстæнцæ æма æхсицгон идзулд бакодта. Кизгæ ралæдæрдтæй биццеуи æхсицгон уавæр æма бабæй æй ами дæр кæддæрау æнæ фехсилкъæгæнгæ нæ фæцæй.

– Дæхемæ ци нидтæ, ци бангъæл дæ, æз машинæй загътон, æнвæрсун ибæл, зæгъгæ...

Аслæнбеги медбилхудт æнæнгъæлти æрбацидæр æй, уотемæй сæ гъæумæ бахъæрттæнцæ. Кизгæ раги балæдæрдтæй Аслæнбеги зæрди уагæ, раст зæгъгæй, æхе зæрдæмæ дæр цудæй, фал куд гъæуама искодтайдæ биццеуæн е ’нкъарæнти кой.

Сæ хæдзари дуармæ ’й ку баласта Аслæнбег, уæд Рохсанæ дуар дæр нæма байгон кодта, уотемæй лæхъуæни сонтфарст ракодта:

– Аслæнбег, уосæ нæма корис?

– Æма еске мæнæн æ уосæ дæттуй, уæдта мæн уосæ нæ гъæуй, уæлдайдæр ба кедæр уосæ, мæн гъæуй кизгæ.

– Ци хузи кизгæ?

– Æ дзигкотæ бордзалуг кæмæн уонцæ, æ уорс бæздайæнтæй рохси тæмæнтæ ка кала, уæхæн.

Кизгæ ралæдæрдтæй, ци æма ке кой кæнуй Аслæнбег, æма æ уорс ростæ сæнтсурх радардтонцæ.

– Æз дæу агкаг нæ дæн, ду косагæ лæхъуæн дæ, æз ба магоса, кустмæ зийнадæгæнагæ...

– Уобæл ба æгириддæр ма гузавæ кæнæ, ду мин комгæ бакæнæ, уæдта дæ анзи медæги уæхæн æрмахур æрбакæндзæнæн, æма æфсой дæхуæдæг агордзæнæ, кенæ уæрдун, – æ гъæлæсидзаг никъкъæл-къæл кодта Аслæнбег æма фескъæрдта гъæунги урдугмæ. Рохсанæ ба сагъдауæй лæугæй байзадæй сæ дуармæ...

Еци бонæй фæстæмæ кизгæ æхецæн еу рауæн бунат нæбал ирдта. Бæргæ сурдта æхецæй æ гъудитæ, фал ибæл фæлери æздухсæгау нигки æздухстдæр кодтонцæ. Нæбал ирдта æ уасæ Рохсанæ. Кæддæри æнæрцæф, æсхъиуд биццеуæй уæхæн сæрæн игурд рауайдзæнæй, уой æ фæсонирхæги дæр некæд æнгъæл адтæй.

Дессаг æй уарзондзийнадæ, дæ зæрдæмæ кæд æма ци афони багæпп кæндзæнæй тæргæбæхæй, уой лæдæргæ дæр нæ бакæндзæнæ. Уæдта еугæр ку бамедбилæ уа адæймаги уодмæ, уæдта æ ратæрун ба фæззиндæр уй. Е дæр ма дин еу æнамонддзийнадæ, – дæ реуи гуппæй содзæд арт, æндæмæ равдесæн ба ин ма уæд. Уо, аци нæхемæ ирон-дигорон æгъдæуттæ. Уарзуй Рохсанæ Аслæнбеги. Уарзуй æй... Уарзуй!

Рохсани фæндæ адтæй æ гъæлæсидзаг нифиæдес кæнун еци усми, цæмæй æй æгас гъæунги цæргутæ дæр фегъустайонцæ:

– Гъей, хуарз адæн! Бауарзтон! Бауарзтон фиццаг хатт мæ уодæй фулдæр мæхе хузæн зæнхон адæймаги, æма мин ци гæнгæ ’й? Мæ мæгур сæр кумæ фæххæссон? Мæхе цъухæй кæмæн раргон кæнон мæ сосæг бæлдæ? Гъей, мæ синхонтæ! Æз уе ’хсæн ку исгъонбæл дæн, ке бæласи сæрæй уи нæ ракастæн, уæхæн ку нæбал байзадæй. Нур ба мæхе къахæй царди бунмæ цæунвæндæ ку искодтон. Мæ зæрдæ кæбæл бадарон, мæ хъал фидæбæл? Æма мæ е æхе къохтæй фæлтау мæрдтæмæ ку барветдзæнæй. Ци мин кæнгæ ’й?

Гъе уотитæ гъудитæ кодта Рохсанæ, сæ колдуармæ сах лæугæй, æрмæст Алæмбег ба еци гъуддæгтæн неци лæдæрдтæй, къанауи билгæронмæ батардта æ машинæ, æ фадгутæ æ уæраги сæрмæ исхатта æма ’й æхснадта.

Изæйрон æрвгæрон, раст Рохсани ростæ куд ниссурх æнцæ

аци бон, уотæ сурхгон радардта. Гъар изæр е ’зæлу итудта фæхстæ, гъæдгæрæнттæ æма æндзæртæбæл.

Æндæдæр биццеутæ гъазтонцæ футболæй æма си еске гол ку бакъуæридæ, уæдта æмхор-хор никкæниуонцæ. Уонæй минкъий уоддæр дууæ бæхи, сæ дууемæн дæр сæ къæхтæ архъанбаст, уотемæй сæ сæртæ кæрæдзебæл бамбæлун кодтонцæ. «Мæгур сæ бон, сæ зæрди фæндон ратезгъо гæнæн дæр ма син нæййес», – рагъуди кодта лæхъуæн. Æнгъæлдæн, æма еунæг мæн уарзтбæл хъадаматæ æвæрд нæййес. Базудта сæ. Дзанте æма Владки бæхтæ æнцæ. Сæ еу урс, иннæ ба æфсæ. Уæд та син сæ хъадаматæ исæфтауон, уадзæ æма сæ фæндон уæгъдебарæ цардæй рацæронцæ. Фал урсмæ ка банифс кæндзæнæй, æнахъæл æй...

Фæстаг сæрфтитæ ма ракодта сор къимбусæй æ машини раззаг авгæ æма сæхе ’рдæмæ ранæхстæр æй. Хæдзари æ мади баййафта æхсир фæлсодзгæй.

– Биццеу, замманай нæуæгдугъд æхсир, – æхе имæ разилдта æ мадæ, – уæд та си раниуазисæ?

– Неци мæ гъæуй, æнæуой дæр хуарз туппур дæн, – æхе разилдта биццеу æма телевизор ци уати адтæй, уордæмæ бацудæй. Мадæ алкæддæр алцилæдæрагæ фæууй, уайтæккидæр ралæдæрдтæй, а биццеуи цидæр маст æздирвуй, уой, фал имæ дзорун ба неци исфæразта, сабурбæл æй бафæрсдзæн, кенæ ба мин æй æхуæдæг иской кæндзæнæй, зæгъгæ.

Биццеу æхуæдæг куд мæтæ кодта æ исонбони хъисмæтбæл, уомæй Тамуся дæр минкъийдæр нæ мæтæ кодта. Фал куд гъæуама зæгъа æ фуртæн, ке нæбал хъæртуй æ берæ кустæгутæбæл, хатгай æ уæргутæ ке фæддонзонуг унцæ æма æ къæхтæбæл лæуунгъон ке нæбал фæууй, хæдзари кæстæр ностæ ке гъæуй. Æма Аслæнбег æхуæдæг неци дзоруй, æз ба ин æй æ гъоси куд бацæгъдон, – уотитæ гъудитæгæнгæй, идарддæр ци куститæ кæнуйнаг адтæй, етæ дæр си феронх уогæй, æдзæм лæуд кодта цæлгæнæни бæрæгастæу, уæдта æвеппайди фестъæлфтæй:

«Е ба ма дин еу содзгæ мардæрлæст, иронх кæнун дæр ма ку райдæдтон. Нæ, ести хузи æй фæггиззит кæнун гъæуй, æндæра цæрæнбонти æнæ уосæй ку байзайа, уæд мæ берæ туххъиамæттæ æма фудæбæнттæ дони къоси исæвд фæууодзæнцæ. Баин лæдæрун кæнун гъæуй, фал кутемæй?..»

Совхози уал анзи бакосгæй си æ разамунд цæйбæрцæ дардта æхца, е нимад адтæй Аслæнбегæн. Кастæй æма ку балæдæрдтæй, нецæбæл бал фæххуæст уодзæнæй, уой, уæд исфæндæ кодта Аврам æма Мæхæмæтбæл хийнæй рацæун. Дзурдаргъавд æма уадзимисæ лæхъуæнæн цанæбæрæг зин адтæй артисти роли равдесун æхе æма еу сæумæ Аврами кабинети дуар бахуаста.

– Медæмæ, – дуари иннæ фарсæрдигæй райгъустæй Аврами баргин гъæлæс.

Аслæнбег куддæр дуарæй æ сæр бадардта, уотæ бауидта: кабинети ма Аврамæй уæлдай бадтæнцæ Мæхæмæт, сæйраг бухгалтер – Станислав æма сторвонси ферми сæргълæууæг Петкæ.

– Уæ сæумитæ хуарз, – æфсæрмигæнгæ, нидæн гъæлæсиуагæй сдзурдта Аслæнбег.

Лæхъуæн балæдæрдтæй, уой æрбацуди хуæдразмæ аци цалдæр лæгей æхсæн цидæр буцæйуаг дзубанди ке адтæй, æма сæ уомæ хъæбæр ке нæ евдалдæй, уой.

– Ӕгас нæмæ цо æма зæрдирай уо, Аслæнбег. Ци гъуддаги фæдбæл нæмæ æрбацудтæ атæ раги?

Аслæнбег æхе бустæгидæр никъидзиххуз кодта, уотемæй, æфсæрмигæнгæй, исдзурдта:

– Бахатир кæнтæ уе ’гас дæр, æгæр кæстæр дæн уæ цори æма мæхе уотæ къæйнихæй ке æвдесун, уой туххæй, фал мæ ме ’нæбондзийнадæ æрбахаста сумахмæ.

– Ци ’й, ци хабар æй? Раргомгæнæн ин нæййес æви нæ хæццæ сосведуд кæнис, – кабинети бадгутæмæ æ цæстæ æрникъолгæй, хийнæхудт бакодта Аврам.

Аслæнбегæй нæ раервæзтæй еци æхсилкъæ дзубанди æма исдзурдта:

– Сос федудæй æргом федуд аййевдæр фæууй хаттæйхатт, æма, Хуцау ку зæгъа, уæд еци гъуддагмæ дæр хъæртдзинан. Ӕвæццæгæн, Аврам, де ’уони кæсис, æндæра ’й цæмæй базудтай, – байдзулдæй Аслæнбег. – Зонетæ ’й, мæ мадæн еунæг дæн, хæдзарæ – æвæгæсæг. Тамусяй бон дæр нæбал æй нæ дзæхæра, фонсмæ зелун æма, зæгъун...

– Уæлæ Хуцау, гъуддагкæнуни фæндæ искодтай, биццеу, куд дæ балæдæрдтæн, уотемæй, – нигки хъæбæрдæр байгъæлдзæг угæй, сдзурдта Аврам.

– Раст æй балæдæрдтæ. Æма мин... зæгъун... мæ цалдæр анзей мизд ку раттиайтæ, киндзæхсæвæр цæмæй искæнон...

Æхцай коймæ Аврами цæсгони идзулд æрбацидæр æй, цума ин тæвдæ содзийнæ æ бунггаг били еске фæтътъунста, уой æлхъивд æй бакодта медæмæ, уæдта æппунæрæгиау ба загъта:

– Биццеу, нуртæккæ уавæр куд æй, уой дæхуæдæг уинис, æхца нæййес совхози, не ’фтуйæгтæ дæлæмæ хъæбæр æрхаудтæнцæ... Мæнæ Петки нæ уинис, æ гъогдоцгутæ нур æнæгъæнæ цæйдæрбæрцæ мизд нæма райстонцæ, мадта дæуæй фондз хатти фулдæр æнзтæ ка батар кодта шоферæй, еци Геуæрги дæр бал бухсуй. Бабухсæ ду дæр...

– Петки гъогдоцгутæ мизд нæ есунцæ, фал уойхигъд алли бон дæр бонæ æртæ хатти нæуæгцагъд царв дзолбæл исæрдунцæ æма уотемæй æхсири сæрти хæццæ цумунцæ сæ хуæруйнаг фиди æгъзæли хæццæ, Геуæргий ба æхца цæмæн гъæуй, æ цæттæ уоси дæр ма уадзгæ ку ракодта...

Еци дзурдтæ фегъосгæй, сæ еугур дæр къæл-къæлæй ниххудтæнцæ Петкæй фæстæмæ. Е ба æ сæр цума æ сагæхти рацавта, уоййау фегуппæг æй æма си хъипп-сун дæр нæбал хаудтæй.

– Барæнай, коргæ ба ке кæнис? – рафарста æй Аврам.

– Гъæууон хæдзаради министри хуæдæййевæги æнсувæри кизги.

Аврамæн æнæзонгæ н’ адтæй министри хуæдæййевæг Алексей Виктори фурт, æма куддæр уой кой æ гъостæбæл æруадæй, уотæ æ цæсгон æндæрхузон радардта. Хуцау æ зонæг, еци усми æ сæри циуавæр гъудитæ ратъæбæрт-батъæбæрт ракодтонцæ, уæдта æхе сæйраг бухгалтермæ разилдта æма бардзурд раттæгау уотæ бакодта:

– Аци биццеу нæ хуæздæр шофертæй еу æй, æма имæ фæккæсун гъæуй. Цæйбæрцæ нæмæ косис? – æхе Аслæнбегмæ разелгæй æй бафарста директор.

– Æртæ анзи хуæздæр æма еунæг сом дæр æз некæдма райстон совхозæй, косгæ ба æнæ еу бонцохæй кæнун, саугæнгæ ма æййевæн хæйттæ дæр нæ мади мæгур капеккитæй фелхæнун.

Аци рауæн Аврам æхе кæрззилд фæккодта Мæхæмæтмæ æма ибæл еци-еу турк фæккодта:

– Мæхæмæт, Хуцау дин ке нæййес, е не ’гасемæн дæр лæ-

дæрд æй, фал дæбæл цæсгон ба ес? Аци биццеу нæ хуæз-дæр косгутæй еу æй, æнæзийнадæ, æма дæуæн ихуæрст æй? Гæрр! Хæрæг дæр ма ку бакосуй, уæддæр ма ин фæлхуæрдтæ ку никкалунцæ, ду ба… Тæккæ исон ин е 'хца куд бафедайтæ, уотæ. Мах туххæн ба аци биццеу æ цард цæмæ гъæуама ихала? Биццеу, цо æма идарддæр дæ гъуддæгутæ аразæ! Петкæ, ду ба ин совхози номæй еу косæрттаг раттæ. Бамæлæдæрдтайтæ?!

– Æркæсдзинан нæ уавæртæ æма гæнæнтæмæ, – сдзурдтонцæ кабинети бадгутæ.

Аслæнбег æ фурцийнæй арфæ дæр нæбал ракодта бадгутæн, уотемæй фендæдуар æй. Изæрæй Аслæнбегетæн сæхе фонс æргъауæй нæма æрцудæнцæ, уотемæй сæ кæвдæстæй еуей сæргъи синæр цагъта хуæрзхаст тохъули æртигæрдуг...

Дуккаг сæумæ Аслæнбег гаражмæ ку бацудæй, уæд тургъи Мæхæмæтбæл хæрхæмбæлд фæцæй. Гаражи хецау ин салан дæр нæ равардта, уотемæй æй бухгалтермæ фервиста, уоми дæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, зæгъгæ.

Аслæнбег бухгалтерий азгъунстмæ ку бахизтæй, уæд ибæл косгутæ сæ еугурдæр исцийной æнцæ, сауæнгæ ма, салан дæр ка некæмæн лæвардта, еци зулунзæнгæ силгоймаг Анжелæ дæр. Еугурæй дæр исарфитæгæнæг æнцæ, фал æ еци сайд Аслæнбегæн цæбæл ислæудзæй, уой ба æхуæдæг дæр хæзна нæма лæдæрдтæй. Нурма ацал-ауал анзи зæронд берæгъ Аврами некæдма неке рафæливта. Уæдта иннетæ дæр уомæй æнæдæндаггин дæр сирдтæ ку нæ адтæнцæ, миййаг.

– Гъей, лæхъуæн, абонæй фæстæмæ дæ кард циргъæй дарæ, де 'скъелтæ дин æнæтæрегъæдæй тондзæнцæ, – æхе меднимæр гъуди кодта Аслæнбег, устур целофан баркъийдзаг æхцати хæццæ къæпхæнтæбæл æрхезгæй...

Изæрæй æ мадæ Тамусяй гъæбесмæ æ цалдæр анзей улупа ку æркалдта, уæд, минкъий ма багъæуа æма силгоймаги зæрдæ ма багъар уа, уой бæрцæ адтæнцæ. Нигки ба ма ин æ кусти уæлæнхасæн Аврам дзæвгарæ преми дæр рафинсун кодта, уæдта æййевæн хæйттæбæл уал анзи ке бахарз кодта, уони дæр Мæхæмæтæн æрнимайун кодта, æма ин уони дæр æнæ еу капекгъæуагæй бафистонцæ. Уотемæй бабæй лæхъуæни æнæмæтæ цард æ къанцци исбадтæй, кæд уотæ зæгъун æмбæлуй, уæд.

– Биццеу, аци бон дин уолæфæн бон æй, æма мин горæ-

тæй банкитæ ку æрдависæ, мæ цæхгунтæ исæфунцæ, – æхе бахатта мадæ æ бæдолæмæ.

– Муся, æма иннæ бæнтти ба уолæфгæ нæ фæккæнун, ракæсай, замманай уæлдæф...

– Æма мин еугур къæсибадæг ку дæ, æз ба дин, зæгъун, еске багъуддаг кæнон. Цума дзæгъæли нифситæ æвæрун мæхецæн, уотæ мæмæ кæсун райдæдта. Дæ æдули сæри зунд кæд бацæудзæнæй? – æхе исбостæхуз кодта Тамуся. – Ескæмæ барветæн мийнæвæрттæ. Афонæ дин æй гиризæй гъуддагмæ рахезунмæ. Еске ракорæ.

– Аци сабат цох, иннеми, – фæццурд æй Аслæнбег.

– Гæр, уотæ тагъд?! Æма ке корæн...

– Æз ба дæу ку фæрсун, ке корæн?..

– Нуртæккæ мæ арсгийнæ мæ цори ку фæууидæ, уæд дин æй æз бæргæ исзæгъун кæнинæ, – бавзиста имæ æ мадæ.

Ранæхстæр æй биццеу горæтмæ банкитæ æлхæнунмæ. Фæстæмæ ку раздахтæй, уæд бабæй Рохсанæбæл гъæунги хæрхæмбæлд фæккодта.

«Нæ, алцидæр Хуцауæй аразгæ æй, – рагъуди кодта лæхъуæн нур дуккаг хатт. – Аци хатт æй гъæуама æрфæрсон».

Рохсанæн æвæсмард нæ адтæй Аслæнбеги машинæ, æма куддæр æ цори фæллæудтæй, уотæ лæхъуæни дзурдмæ дæр нæбал бангъæлмæ кастæй, уотемæй, дуар æхуæдæг фегон кæнгæй, исдзурдта:

– Аслæнбег, кумæ цæуис?

– Кæд Хуцау зæгъа, уæд дæу хæццæ нæхемæ.

– Аци зæрди растæй?

– Мадта ма æ фæстæтæрæ ци ’й?

– Æма æз ба фарсти нæ цæун?

– Дæу фæрсуни сæр ма си цæмæн гъæуй, уотемæй дæр æй лæдæрун, дæ уодигага ке дæн, уой...

Рохсанæн еуæрдигæй æхцæуæн адтæнцæ лæхъуæни айуантæ, иннердигæй ба æхемæ мæстгун кодта, æ бон æй ке нецæмæй фехсилкъæ кæнун адтæй, уомæй.

– Рохсанæ, некæд дин неци иской кодтон, – æ дзубанди фæббæрнондæрхуз кодта Аслæнбег. – Уæдта дæ мæнмæ евдæлгæ дæр некæд кодта. Фал мæхе нихмæ мæ бон истох кæнун нæ ’й. Кæд мæ дæ сæрмæ хæссис, уæд... Уæд! Берæ ма дæ гъæуй ахур фæуунмæ?

– Нæбал, нур еу цæйбæрцæдæр практики уодзæн нæхе совхози.

– Уо, Хуцау! Табу дин фæууа! Мадта дæ аллибон дæр уиндзæн...

– Уотæ хъæбæр бæллис мæ уиндæмæ?

– Æхсæвæй-бонæй!

– Мадта æз ба нæ бæллун дæу уиндæмæ, дæхецæн дзæгъæл нифситæ ма æвæрæ. Мæнæн мæ сæргъи фидæ ес, æма е некæддæр... неци хузи...

– Æма дæхуæдæг ба? Дæхе бон дæ бартæбæл исдзорун нæ 'й?..

– Неци си рауайдзæй. Ду мæ фиди мæнæй лæгъуздæр нæ зонис.

– Гмм! Æгас совхоз ка ранихъуардта еу æвууилдæй, уомæн æз ба хунцвагæ дæр нæ дæн? – æ меднимæр рагъуди кодта лæхъуæн, гъæрæй ба загъта: – Дæ цард дæхе барæ ку нæ уа, уæд е цард дæр нæ хуннуй. Æрмæстдæр фонс фæддардæуй бæттæнбæл бастæй.

Аслæнбег æхуæдæг дæр нæ ралæдæрдтæй, еци æфхуæрæн дзурдтæ æ хъурæй кутемæй исхаудтæнцæ, уой.

Цалинмæ машинæ Рохсанети дуармæ æрлæудтæй, уæдмæ кизги цъухæй еунæг хъипп дæр нæбал исхаудтæй, кæд ма Аслæнбег дзурднивæндæ кодта, уæддæр.

Кизгæ ин арфæ дæр нæбал ракодта, уотемæй, æнæдзоргæй, дуарæрдæмæ баевгъудæй. Колдуармæ ку бахъæрттæй, уæдта æхе фæстæмæ кæрззилд фæккода æма сдзурдта:

– Кæд ду хуæздæр дæ, уæд мин мæ еци бæттæн райхалун бафæразæ, – æма тургъи фæммедæг æй.

Аци хатт ба Аслæнбег цавддорау лæугæ байзадæй кизги дуармæ, уæдта æппунфæстаг ранæхстæр æй æ банкити хæццæ дзæгъал-мугъулгæнгæ.

Еу æртæ къуæрей рацудайдæ, кæдæй Аслæнбег æ миздагор бацудæй Аврами кабинетмæ, уæдæй. Еу бони сæри, растдæр зæгъгæй ба, æртиккæги совхози директормæ фæдздзурдтонцæ нæ республики гъæууон хæдзаради министрадæмæ æнбурдмæ, æма дин къæлидори министри хуæдæйййевæги хæццæ хæрхæмбæлд ку фæууидæ.

– Дæ бонтæ хуарз, Алексей Виктори фурт!

– Арфиаг уо, мæ рагон лимæн, – батабедзæ ибæл кодта е дæр.

Еу усмæ расалан-келанти фæсте ба имæ Аврам дзоруй:

– Алексей Виктори фурт! Зæрдиагæй дин арфæ кæнун: уæ гъуддæгутæ дæр фæххаир уæнтæ. Не 'скæнæг еунæг Хуцауи бафæндæ уæд, æма дууæ æригон уодгоймаги кæрæдзей куд балæдæронцæ, царди медæгæ æмзай-æмзæрондмæ ци фæццæронцæ кæрæдзей уарзгæй, – идæрдтæбæл игъæндунтæ райдæдта Аврам.

– Циуавæр гъуддæгутæ? – æппунфæстаг æй тухххæйти æруорæдта æ дзубандийæй министри хуæдæййевæг.

– Æгайти дæр ма нин нæ гъæугкаг биццеубæл, мæ косæгбæл банвæрстайтæ. Уæллæхи, мæхецæн фурт нæййес, фал æй мæ кизгуттæй минкъийдæр ба нæ уарзун, – идарддæр, æппæлунбæл нæ ауæрдгæй, дзурдта æма дзурдта директор. – Æд зунд, сæрбонзонгæ. Де 'нсувæри кизгæ зонуй æвзарун... Идарддæр ма цидæртæ зæгъуйнаг адтæй Аврам, фал бабæй æй Алексей Виктори фурт æруорæдта.

– Циуавæр æнсувæри кизги кой кæнис?

– Дæхе неци лæдæрæг ци скодтай, ма тæрсæ, фондз агувземæй фулдæр уæмæ нæ баниуаздзæнæн де 'нсувæри хæдзари, – гиризгæнгæй бабæй сдзурдта Аврам.

– Фондз агувзи мах уотемæй дæр баниуаздзинан, фал ци-уавæр æнсувæр æма кизги кой кæнис? Нæ дæ лæдæрун æцæгæйдæр. Мæнæн æнсувæр уогæ дæр нæййес, уæдта некæд адтæй. Еунæг хуæрæ мин ес æма е дæр лæгмæ цуд нæ 'й. Нæ дæ лæдæрун, циуавæр кизги кой кæнис, уой.

Аврам нурма нур æрлæдæрдтæй, ци цъусуми уавæри бахаудтæй, уой, æма ин еци усми зæнхæ ку ниттудтайдæ, уæд ин е æхцæуæндæр адтайдæ.

Алексей Виктори фурт – царди фæлтæрдгун лæг, уайтæккæдæр æргæмæрзæ кодта, Аврамбæл æхецæй лæгдæр ке исæнбалдæй, æма ин уотæ бакодта:

– Гъей зæронд пъепъе берæгъ. Æнгъæлдæн, æма дин дæ медæмæ гъундзар æндæмæ ка фæххатта, уæхæн хуæрзигурдæбæл исæнбалдтæ, гъи?..

– Кæсай еци æнамонд игурдмæ! Æнбурд правленийæй ни куд фæггириз кодта... Сар мин дæ сæр кæнуй. Кумæ ми ервæздзæнæ, – æ цæститæй æрттитæ цагъта совхози директор.

Алексей Виктори фурт бафеппайдта, Аврамæн æ фур мæстæй æ сæтæ дæр ма куд ракалдæй, уой.

– Е дин æвзигъд лæхъуæн, уæхæнæн æцæгæйдæр æмбæлуй цийфæндуй кизгæ дæр æ къохи бакæнун, – æппунфæстаг, æ ходунæй банцайгæй, сдзурдта Алексей Виктори фурт, Аврамmæ комкоммæ бакæсгæй. – Уæхæнæн фесæфунæй макæддæр фæттæрсæ, уæхæн æнæ дон рауæни дæр дон рауадздзæй...

Аврамæн ма ци гæнæн адтæй, æма ин Аслæнбеги сайди хабæрттæ кæрæй-кæронмæ æрдзурдта.

Алексей Виктори фурт æма Аврами æнбурдмæ цæун ке гъудæй, е си иронх дæр ма фæцæй, фал министри хуæдæййевæг æ сахатмæ ку æркастæй, уæдта, Аврами цонгбæл рахуæцгæй, уотæ бакодта:

– Рæхги уин еу рæуæг æма уæзласæн машинттæ радех кæндзинан æма фиццаг дæхе, иннебæл ба еци биццеуи куд исбадун кæнай, уотæ. Мæ бардзурд æнхæстгонд куд æрцæуа, уобæл баархайæ...

Уобæл дууæ лæгей дзубанди фæцæй.

Ци гæнæн ма адтæй Аврамæн. Дзихъиртт нæуæг машинæ Аслæнбегæн дæттун гъудæй, æма имæ еу бони сæри æ кабинетмæ фæдздзурдта.

Аслæнбег директори кабинетмæ ку бахизтæй, уæд си Аврамæй уæлдай ма баййафта æ кизгæ Рохсани дæр.

Сæ фæстаг фембæлдæй ардæмæ кæрæдзей нæбал фæууидтонцæ, æма дууемæй дæр сæццæкæсæ гæнгæ байзадæнцæ кæрæдземæ.

– Биццеу, гъæйдæ, куд æнцæ дæ гъуддæгутæ, киндзæхсæвæр нæма хуæрæн? – æхе тухæй уорамгæй æй бафарста хецау.

– Е ба дæуæй аразгæ ’й, – æ цæстæ дæр не ’рникъулдта, уотемæй ин дзуапп равардта Аслæнбег.

– Æнгъæл дæн, æма дин сæ æгæрдæр ма исаразтон дæ гъуддæгутæ.

– Æнхæст нæма, ес ма си еу сæйраг гъуддаг. Дæ аразий дзуапп.

– Е ба куд лæдæргæ æй?

– Папæ, мах Аслæнбеги хæццæ нæ цард баеу кæнунмæ гъавæн, – тæрсгæ-резгæй исдзурдта кизгæ. – Ниххатир нин кæнæ, фал æз мæ фæндæ нæбал раййевдзæн.

– Е ба куд лæдæргæ ’й? Дæ мадæ ба ’й зонуй? Дæ хуæртæ?

– Се ’гас дæр арази æнцæ.

– Мадта бабæй ами дæр гъæлай бунати æз байзадтæн еунæгæй, – зир-зиргæнгæ исиста телефони хæтæл, уæдта, цæбæл рагъуди кодта, æма ’й арæхстгай фæстæмæ æрæвардта, æ дзурд фæффæлмæндæр гæнгæй.

– Гъема, кæд еугур бийнонтæ дæр арази æнцæ, уæд ма æз ба ехи сæрбæл кæсалгау ци гæппитæ кæнун.

– Папæ! Мæ зæрдæ рахуæрай, папæ! Ци уарзон мин дæ, – кизгæ ибæл æхе ниттухта.

Аврамæн Рохсанæ уалдай зинаргъдæр адтæй, куд æ кæстæр зæнæг, уотæ...

– Æма ци кæнуй Аслæнбег? Æцæгæй дæр хæдзаргин, сæрбон зонгæ. Тагъд рæстæги совхози зæнхити фулдæр хай мæхе бакæндзæн, гъæудзæй мæ, алцæмæдæр ка арæхсуй, техникæ хуарз ка зонуй, уæхæн дæсни косæг, уæдта мæ кизгæ дæр – экономист, – уотитæ куд гъудитæ кодта Аврам, уотæ имæ Аслæнбег исдзурдта:

– Аврам Алихани фурт, æма дæмæ кæций барветон миййнæвар дæ берæгътæй... Мæхæмæти æви... – кæронмæ дæр дзурд нæма фæцæй, уотæ ибæл Аврам фæтътъæлланг кодта.

– Æгæр æндиуд нæ фæдтæ?! Ракуйти уо мæ цорæй, дæлæ гаражи Мæхæмæти иссерæ æма нæуæг машинæбæл рабадæ... Фесæфæ!..

Аслæнбег æ фуни бахусгæй дæр уой æнгъæл некæд адтæй, æма Рохсанæмæ уæхæн нифс разиндзæй... Уæдта имæ киндзи æрцæуунмæ дæр исарази уодзæнæй, уобæл æ зæрдæ æгириддæр нæ дардта. Нур ба, кæсис? Æнæнгъæлти, арвæй æрхауæгау, дууæ амонди: еуемæй Рохсанæ æхе бауодзæй, иннемæй ба – дзихъирт нæуæг машинæ. Хуæздæр ма ци гъудæй лæхъуæни...

Гъуддаг уотæ рауадæй, æма совхози ци хутæдарæн фермæ адтæй, уонæн Мæскуй бунæй еу совхозæй исласун гъудæй, хуæрзмуггаг хъибилтæ кæмæй игурдайдæ, уæхæн нæл хутæ дууадæс сæри. Куд нæуæгдæр æма бæрзондгуфæгин машинæ, уотæ Аслæнбеги рарвистонцæ Мæску ’рдæмæ. Лæхъуæн балæдæрдтæй, Аврам си уæддæр æ маст ке истайдæ ести хузи, уой, фал ин ци гæнæн адтæй. Æнæгъæнæ дууæ къуæ-

рей фæццудæй нæдтæбæл хути хæццæ æвдулгæй, уонæн хуæруйнаг дæтгæй.

Æппунфæстаг Дзæуæгигъæумæ ку 'схъæрттæй, уæдта еу почти цори фæууорæдта, азгъунстмæ бахизтæй æма почти косæгæй хецауадон телеграмми бланк æрагурдта, ручкæ ракурдта æма си ниффинста:

«Аци бон уæ фæсарæфтæ бабæрæг кæндзæнцæ иуазгутæ Мæскуйæй. Цæттæ уотæ исæнбæлунмæ». Уотемæй æ машинæмæ фæстæмæ, ходæгæй мæлгæй, раздахтæй: «А, мæ исони бони каййесаг, дæ фун дæ фæссайдта, рагацау дин æй лæдæрун кæнун, кæми мæбæл рабадай, уоми ми ке æргæпп кæндзæнæ, уой».

Хъæбæр рæхги телеграммæ æ нисанбæл исæнбалдæй, æма совхози кантори косгутæ æддæг-медæг рауадæнцæ. Сæ дзолгъо-молгъомæ фæрсæй бакæсгæй адæймаги сæр разилдайдæ.

Ка си фалдзостæ æфснайдта, ка æвгитæ сæрфта. Петкæн ихæсгонд æрцудæй фингæ бацæттæ кæнун. Совхози хуæруйнаггæнгутæ дустæфæлдæхтæй бавналдтонцæ аллихузи хуæ-руйнæгтæ кæнунмæ. Уайтæккæ дæр фуси фид аги пæлхъ-пæлхъæй ирадæй. Совхози гаражи фæсте ци бæлæстæ ирæзтæй, уонæй еуемæй Мæхæмæт къалеу фæллух кодта æма 'й амайун райдæдта æхсæрфæнбæлттæ кæнунмæ ухсти бæсти.

Аврам бадзурдта культури Хæдзари директормæ, цæмæй агитбригадæ æрбарвета, æхуæдæг ба парторгмæ фæдздзурдта, цæмæй сæбæл арфи дзурдти хæццæ исæнбæлонцæ. Сауæнгæ ма косгутæн дæр сæ бæрæгбони дарæстæ феййевун кодтонцæ. Æнгъалдтонцæ, мæскуйаг иуазгутæ кæми уа, уоми телеуинунадæй ескетæ куд нæ уодзæй, уæдта нæхе министрадæй дæр. Цубур дзурдæй, цæттæ адтæнцæ сæхе хузæнонæй равдесунмæ æма æнгъæлмæ кастæнцæ иуазгути æрбацудмæ.

Æртæ сахатти фондз минутти гъæуаггин ку адтæй, раст еци рæстæг Аслæнбег дæр æ машини матор æрхуссун кодта совхози азгъунстмæ бацæуæн дуари цормæ. Æндæмæ ку рахизтæй кабинæй, уæд æрæстæфтæй уæхæн нивæ: правлений иуæнгтæ æма косгутæ еци къæрцарæзтæй лæуунцæ æнгъæлгæсæй. Дуари бахезæни цори рахез фарсæй æригон кизгæ къæртрæзти, галеу фарсæй ба – лæхъуæн цохъати,

фæндурдзæгъдæг еуварсдæр даргъ фæйнæггин къелабæл бадтæй æд фæндур æрцæгъдунæрвонг, æ фæсте ба кизгуттæ æма лæхъуæнтæ дигорон дарæси бæласи буни аууони æркафунмæ цæттæй. Адтæй ма си æртæ лæги æма дууæ уоси, сæ рæстæги совхози активонæй ка куста, фал фæстаг рæстæг ба дзорунæй æндæр ка нецæмæбал арæхстæй, уæхæнттæ.

Куддæр Аслæнбег зæнхæмæ æргæпп кодта, уотæ ибæл адæн æмхузонæй исхор-хор кодтонцæ: «Дæ машинæ раеуварс кæнæ, нуртæккæ нæмæ мæскуйаг иуазгутæ æрбацæуйнаг æнцæ», – зæгъгæ.

– Еци иуазгути мæнæ æз æрбаластон мæ гуфи, æрмæст етæ рæуæг машинттæ æма автобусти бадун ахур нæ ’нцæ, етæ æцæгæйдæр косгутæ æнцæ, гъуддагон... Сумах хузæн лæвархуартæ нæ ’нцæ. Уони хъиамæт сумах кустæй фулдæр пайда хæссуй.

Иуæзгути коймæ фæндурдзæгъдæг æ фæндури тæнтæ куд райвазта, уотæ совхози парторг айтæ-уйтæ нæбал фæккодта, гуфи фæстаг борт фегон кодта æма ’й зæнхæмæ æруагъта. Дууæ къуæрей машинæй ка нæ рахизтæй, еци лæпъæдайæйдзаг хутæ, æвæдзи, адæнæй фæттарстæнцæ æма сæ медбунати æмзæбæтдзæгъдæ никкодтонцæ, парторги сау костюмтæ æма уорс хæдонæ нийгъæндæнгæнгæй.

Адæн куддæр фæссах æнцæ, иуазгути бæсти агъазиау хуæрзмуггаг нæл хутæ ку фæууидтонцæ, уæд.

Сæ еугурдæр гъуддаг балæдæрдтæнцæ, æма си ка æ фур ходæгæй туппур-æскъудтæ хаудтæй, кæмæн ба æ маст æ мæстдони нæбал цудæй, «мæскуйаг иуазгутæмæ» кæсгæй.

– Æма мах ба ма цæмæ байагурдтайтæ? – бостæгæнгæй сæмæ баурдуг æй Культури хæдзари хецау.

Аслæнбег имæ æхе хæстæг баласта æма ин аййевæй æ гъоси бадзурдта:

– Сумах ба уæ цохъатæ æма къæртрæзтæ цæттæй даретæ, иннæ мæйæ мæ гъæугæ кæндзинайтæ... Аззæ гъуддаг ралæдæрдтæй æма æ сæр аразий тилд бакодта...

## САРÆБИЙЙИ ХÆРÆГ

Будуйраг гъæути хæццæ рабаргæй, Æхсæрисæр рæстæнбес гъæутæмæ дæр нæ хаудтæй. Æдеугурæй си мæн доги цардæй 86 хæдзари. Иннæ рауæнти фæсевæд циуавæр гъæзтитæ кæниуонцæ, уой нæ зонун, фал махæн ба нæ уод, нæ цæстæ адтæй хæргутæ ниййахæссун æвæрсгæй, æма уонæбæл ерисæй тезгъо кæнун гъæугæрони, кенæ уæлфахс тъæпæни, куд неке нæ уидтайдæ, уотæ. Нæхе хъуми дæр некæд æртадтан, цалинмæ хайуантæбæл нæ зæрди фæндон нæ фæрратæхæ-батæхæ кæнианæ, уæдмæ.

Хæргутæй еуетæ уиуонцæ зиндæр ахæссæн, иннетæ ба уайтагъддæр нæ амæттаг бауиуонцæ æма цалинмæ сæ хед сæ æркъиагæй нæ рагъаридæ, уæдмæ сæ уæгъдæ нæ уагътан. Фал си адтæй уæхæнттæ дæр, æма сæ ниййахæссун алкæд къохи не ’фтуидæ, æхемæ дæ хæстæг дæр нæ ба-уагътайдæ.

Гъе уæхæн хæргутæй еу адтæй Сарæбиййи хайуан дæр. Иннæ хæргутæй адтæй дзæвгарæ бæрзонддæр, хъаурæгиндæр, фæразондæр. Æрмæстдæр Ванкæн æнтæстæй уой æрсабур кæнун, æма биццеу уомæй хъæбæр сæрустур адтæй. Догъ-тæ ку саразианæ, уæд хæснæ ракæнианæ, æма нæ алкæддæр молгæ кодта. Уотемæй нин нæ фæстаг капеккитæ æрбамолидæ, киномæ цæмæй бацудаййанæ, е дæр нæмæ нæбал уидæ.

Гъо, сæрустур адтæй Ванкæ, еци устур хæрæг ке раахæссидæ, уомæй. Фал еухатт ба æ гъолæ сах рабадтæй.

Сарæбий тугъдон лæг адтæй, æ къохти æнгулдзитæ æнхæст дзæбæх тасгæ дæр нæбал кодтонцæ, уотемæй тухмадзæлттæй амæлттæ кодта сог, хуасæ. Æ уодæнцойнæ ба адтæй æ хæрæг. Уæд гъæуи машинттæ фæндон кæми адтæй, æма алке дæр æ хæрæг нимадта æ хæдзардарбæл.

Еу уæхæн хор бони бабæй рацауæн кодтан хæргутæбæл, æма бабæй Ванкæ уайтæккæдæр Сарæбиййи хæрæги рагъбæл равзурстæй. Уогæ Ванкæн Сарæбий есге ку нæ адтæй – æ фиди хуæри лæг, æ комкоммæ сиахс æййафта.

Еу дзæвгарæ ку радууердæмитæ кодтан, уæдта, Хуцау æ зонæг, хæрæги сæри ци фæммедæг æй, фал, æ бадæг æ рагъи, уотемæй сæ хæдзарæмæ æ тух, æ бонæй ниййарцæ ’й. Бæргæ ма ’й урæдта биццеу, фал кæми. Мадта рагæпп кæнун дæр æ арми нæбал бафтудæй, уотемæй хайуан сæ

тæккæ колдуармæ дзухълæуд никкодта æма, ма разæгъай, æ уасунæй нæбал æнцадæй. Хæрæги уаст ба æгас гъæубæл дæр игъусгæ кодта.

Ванкæ куддæр зæнхæмæ æргæпп кодта, раст тæккæ еци усми Сарæбий дæр æ сæр колдуарæй радардта.

Æ фур адæргæй ма биццеу ци сдзурдтайдæ, уой лæдæргæ дæр нæбал кодта, æрмæстдæр ма æ цъухæй исервазтæй:

– Баба, мæнæ дин дæ хæрæг æрбатардтон, – зæгъгæ.

Рацæргæ лæг æ хедивдулд хайуанмæ ку æркастæй, уæд уайтæккæ дæр ралæдæрдтæй, æ хевæндæ хæрæг биццеуæй аци хатт æ маст ке райста, уой. «Мадта ди æз дæр мæ хæрæги маст ку нæ райсон, уæд мæмæ кæсгæ кæнай», – æ меднимæр рагъуди кодта зæронд лæг, æхе фæффæлмæн кодта æма Ванкæмæ еци лигъзæй сдзурдта:

– Гъæ, баба дæ рунтæ бахуæра, мæнæн еци хуарздзийнадæ ка ракодта. Марауадзæ, уæрдун райефтиндз', æз дæр нуртæккæ зиндзæн, – зæгъгæ, фæстæмæ тургъи фæммедæг æй Сарæбий.

Берæ рæстæг нæ рацудæй, æ къохи дууæ сагойни æма пахса, уотемæй гъæунгæмæ рахизтæй зæронд æма лихстæгæнæгау, сдзурдта:

– Ванкæ, дæ Хуцауи хатирæй, ду мæмæ ку нæ фæккæсай, уæд мæ æнтауйнаг фесæфдзæнæй æма 'й нæ хуасдонæбæл исæнбæлун кæнæн...

Ци гæнæн ма адтæй биццеуæн? Сарæбий уæрдуни байвардта æ дзаумæуттæ, рæвæйнитæ æма æ баркъе.

Биццеу баркъе ку рауидта, уæд уайтæккæдæр æ зæрдæ ниссæххæт кодта, нæ сиахс бабæй си сæ тауæг цъæх фæткъутæ ма ниввæрæд, зæгъгæ. Нæ уарзта Ванкæ еци фæткъутæ, некæд сæ хуæридæ, цъæхдæндаг си кæнидæ æма, цит, уой фæсте æнæуой хуæруйнаг хуæрун дæр æ бон нæбал уидæ.

Биццеу рагъавта æхе ратилеф кæнунмæ, гъома, нæхемæ мæ нæ зонунцæ, æма мæмæ си æрхаудзæй, – зæгъгæ, фал æ гъæлæс хæлеу дæр нæма бакодта, уотемæй Сарæбий фæрраздæр æй: – Садæтæн (Сарæбиййи уосæ) рафæдзахстон, æма дæ мадæн е зæгъдзæнæй, – зæгъгæ, уæрдуни рабадтæй, Ванкæ ба разæй илиггæнттæй минкъий уæлдæр идонæбæл рахуæстæй æма ранæхстæр æнцæ, фæстæдæр биццеуæн еминæ ка бавдесдзæй, еци Елхъабанти æрдозти гæппæл-

тæмæ. Гъæуæй уордæмæ адтайдæ еу æртæ километри.

– Биццеу, исдæ бадун кæнинæ, фал хайуан æстайгæ кæндзæнæй, æма æ уæргутæ уотемæй донзонуг кæндзæнæнцæ, – зæгъгæ, Сарæбий размæ радзурдта Ванкæмæ.

Хуасæ бал фиццаг æрæнтудтонцæ, лæвæрæнтæ уæрдуни фæлабулаймæ æрбахастонцæ. Уæдмæ, хори дæр цума ахъелгæ еске никкодта, уотæ Ванки фæсонти æ тунтæ нисcагъта æма си ратонун нæбал кумдтонцæ.

Мадта, сæумæй сæхецæй æнæсехуарæй ка рацудæй, еци биццеуи ахсæн дæр æхе зонун кодта. Нигки ба ма хори тъангги уазал дон цалдæр хатти ку раниуæзтитæ кодта, уæдта æ ахсæн бустæги искуста, фал ци гъæуама бахуардтайдæ?

– Мæлгæ ку кæнон, уæддæр еци æнæхаири фæткъутæй ба не ’сахуаддзæн, – æхецæн федарæй искарста биццеу. Æппунфæстаг нæбал ниггæдзæ кодта æма дзæкъоли сæр фегон гæнгæй, Сарæбиймæ дæр сæ нæбал багъардта, уотемæй сæбæл хæрст-хæрстæй ралæудтæй.

Цубур дзурдæй, æгас бон, цидæриддæр никкарста зæронд, е ласт фæцæй. Ванкæн æ хед е ’скъелтæй мизтæй, уотемæй хæрæги идонæбæл хуæцгæй, размæ æмпурсæнтæ кодта, – куд тагъддæр ма исхъæртон, зæгъгæ, æ хъур ниддаргъ кæнгæй... Æ дæндæгутæ и тауæг фæткъутæй уотæ ницъцъæх æнцæ, æма ин уæд æ къохи еске гъар сойни фунх ку фæссагътайдæ, уæддæр æй не ’рæууилдтайдæ.

Изæрмелтæ кодта, уотемæй ма фæстаг дууæ лæвæрæни исгæлста Сарæбий Ванкæмæ ласæги сæрмæ.

– Куд дæмæ кæсуй, биццеу, дзæбæх ласæг си нæ рауадæй? – рафарста Сарæбий.

– Мæ тæрегъæдæй ласуйнаг ци фæууай, уæхæн бон дæбæл никкæнæд, – æ меднимæр æй исæлгъиста Ванкæ æма, фæстæмæ дæр нæбал ракастæй, уотемæй сæхе ’рдæмæ уæззау æфсарстæй баевгъудæй.

Сарæбий ма имæ бæргæ дзурдта, цæуæн, Садæт нин гогуз исфунхта, зæгъгæ, фал имæ биццеу игъосгæ дæр дзæбæх нæбал æркæнгæй, æхецæн бауайдзæф кодта: «Гогуз фингæбæл нæ ’й, нæ, – гогуз мæнæ æз дæн. Æз дин дæ еци фæткъубæласæ медæхсæвæ ку нæ ракалон, уæд мин дæ хæрæг фæлдист фæууæд», – хъур-хъургæнгæ, бахъæрттæй сæхемæ биццеу.

– Аци афонмæ ба байсакки хатт кæми кæнис, – зæгъгæ, имæ еци тингунæй рагæпп кодта æ фидæ æма æ нидздзæхсти Ванки уæдолæ цæхæртæ ракалдта. Куд рабæрæг æй, уотемæй Садæтæй феронх æй е 'нсувæрæн зæгъун, фидæ ба ин неци зудта æма биццеуи дзæбæх æрдзæгуда кодта.

Уæдæй фæстæмæ Ванкæ Сарæбиййи хæрæгæй авдагарци ледзун райдæдта, махæй ба имæ æндеугæ неке кодта, æма хайуан исуолæфтæй...

## АМУРХАНИ НЕЗИ ИСÆВД

Цалдæр бони ехæнрезæ кодта Амурхан. Дигорай куста радиобакаститæ аразæгæй æма ин кустмæ ба æнæцæугæ нæ уидæ. Ци хузи хуасæ нæ баниуазта, уæхæн, æвæдзи æма аптеки нæбал байзадæй. Уотемæй, бонæй еу минкъий æхемæ æрцæуидæ, изæрæрдæмæ бабæй æ тæвдæ исхезидæ, æ зирзирæг æй æ буни искæнидæ.

– Аци бон мин кустмæ æнæ цæуæн нæййес, – сæумæй ку райгъал æй, уæд зæрдмæгурæй рагъуди кодта лæг. – Радиобакасти бон æй æма ин фæццохгæнæн ба нæййес. Ци киндæуа?

Хъæбæр уæззаугомау истад ракодта æ хедæйдзаг хуссæнæй Амурхан. Æхе исрæвдзæ кодта, сауæнгæ ма хурфæндавæн дæр (æ дуйней ке некæд), уой дæр нæ феронх кодта, уотемæйти Сурх-Дигори гъæуæй Дигорамæ ранæхстæр æй кустмæ. Радиобастдзийнадæ адтæй почти азгъунсти. Куддæр тегъи фæззелæнмæ бахъæрттæй, уотæ ба ибæл хæрхæнбæлд фæцæй æ зонгæ, æ лимæн Цæрæг.

– Оу, мæнæ ма Амурхан! – батабедзæ ибæл кодта Цæрæг. – Кæми дæ, æгас мæйæ дæ нæбал фæууидтон? Цидæр фæлорс дæ, ести ди ресуй?

– Нур цалдæр бони гъезæмарæ кæнун, – сун-сунгæнгæ æ гъæститæ ракодта Амурхан Цæрæгæн. – Резæнгæ мæ нииййахæссуй, мæ тæвдæ исхезуй, мæ сæри хъуæцæ мæ ходæй ратулфæ кæнуй. Еузагъдæй, гъезæмари дзæкъоли нихxаудтæн. Нæ 'й лæдæрун, кæми исуазал кодтон, уой дæр.

Цæрæг æ меднимæр цæбæл рагъуди кодта, Хуцау æ зонæг, уæдта æ цæститæ æмæрттивд фæккодтонцæ. Бæрæг адтæй, цидæр гъуди имæ ке фæззиндтæй, е.

– Амурхан, дæ байуантæ куд никкалдæнцæ, уæхæн дес-

сагæй си неци ес. Дæ хуасæ уæлæ мæн хæдзари æй. Нæхемæ фездæхай аци фæдбæл, нуртæккæ дæ Зоя (Цæрæги бийнойнаг) дууæ сау минуттемæ радзæбæх кæндзæй. Цубур дзурдæй, дæ хуасийнæ мах тургъи æй.

Амурхани нæфæндгæгомау дæр кодта, фал адæймагæн æнæнездзийнадæй хъазардæр ци ес æма зийнадæгæнгæ, ранæхстæр æй Цæрæги фæсте.

Цæрæг колдуари фарсмæ калиткæ байгон кодта æма, Амурхани æ разæй бауадзгæй, калиткæ медæгæй цæгæй æрæхгæдта.

Амурхан ку бакъахдзæф кодта тургъи астæумæ, уæд фиццагидæр æ цæстæ цæбæл æрхуæстæй, е адтæй устур гуфæгин уæзласæн машинæ.

– Аци машинæ ба дин ке æй? – сонт фарст ракодта Амурхан Цæрæги. Бæрæг адтæй, цæбæлдæр ке фæггурусхæ æй, е.

– Ӕдосæ биццеутæ содзагæ цивзитæ æд гъæди бæститæ æрбаластонцæ уæйæ кæнунмæ, æма мæмæ еу минкъий ку фæккæсисæ сæ ракалунмæ, – лихстæгæнæгау ралæмарста Цæрæг.

Цæрæг машини гуфи дуар ку байгон кодта æма Амурхан медæмæ ку бакастæй, уæд, минкъий ма багъæуа æма е ’мдæргъцæ уæлгоммæ ма ниггупп ласа. Ӕ сор хед сауæнгæ е ’скъелтæмæ нихъхъæрттæй. Ци гæнæн ма ин адтæй.

– Хуарз тиллæг æй Хуцау фæккæнæд, – сдзурдта Амурхан æма гуфæмæ хезунбæл фæцæй.

– Барæн, минкъий асийнæ дин æрбадавон, лæмæгъгомау дæ æма дин зин исхезæн уодзæй, – æхе исгъуддагхуз кодта Цæрæг.

– Лæмæгъ ба, æвæдзи, минкъий фæстæдæр æруодзæн, еугур бустон лæмæгъ, – цивзигъæдти бæститæмæ мæстдзагъолæ каст искæнгæй, рафæразта Амурхан.

Цæрæги асийнæ дæр нæбал бахизта, уотемæй исгæпп кодта гуфæмæ æма, ма разæгъай: баст курестæ еу инней фæсте скъоттæхæ кæнун райдæдтонцæ сарай бунмæ.

Сахат хуæздæр рацудайдæ, уæдта фæстаг куреси хæццæ Амурханæн æхе тъæпп дæр курести æхсæн фæццудæй.

– Басæ нимадтай? – рафарста æй Амурхан.

– Мæнæ сæ сарай къуми цурхгæй, ранимайдзинан, – æцæггхузæй сдзурдта Цæрæг.

– Уæдмæ мин дæ гæдздзæбæл ку фæххуæцисæ, – зæгъгæ, Амурхан калитки дуар æ сиусартæбæл рацæйхæсгæй ма фæстæмæ еу каст фæккодта æма фендæбилæ уогæй, гъæунги фæуурдуг кодта, æ батинки бунтæ зæнхæбæл дæр нæбал æндзавдæнцæ, уотемæй.

– Барæн, хуасæ ма баниуазæ, – тæвдæ арахъ мæнæ аци цивзи хæццæ.

– Æнæбайрайгæ си искæнæ дæ цивзитæй! – райгъустæй ма Амурхани хъур-хъур.

Кабинетмæ ку бацудæй, уæд æ уæллаг дарæс фелваста æма сагъдауæй райзадæй, æ бауæр сурх-сурхид рафаста, медæггаг æма æндаг хæдæнттæ еугур хедæйдзаг, сауæнгæ ма æ хурфæндавæнæй дæр рагъардта. Фал æ нез ба фæццидæр æй.

Уæдæй фæстæмæ, Амурханæн еске цивзгун арахъи кой ку ’скæнуй, уæд ибæл резæнгæ бахуæцуй.

## СТАВД БАЛИТÆ

*(Цъопбойти Артеми номбæл)*

Æнæгъæнæ дууæ къуæрей медæгæ уаруни номбæл зæнхæмæ еунæг æртæх дæр не ’рхаудтæй.

Хори лæфинттæмæ зæнхæ нискъудтæ, ниффæркитæ æй. Сауæнгæ ма, хормондаг зайæгойти къалеутæбæл ци æрдæгбор, æрдæгцъæх еугай сифтæ байзадæй, етæ дæр бампулдæнцæ. Æвæдзи, сæ федæн куд уодзæй, уой лæдæрдтæнцæ æма развæлгъау сæхецæн хускъæ зæнхæбæл бунат агурдтонцæ.

Адæн тæвдæй идæф кодтонцæ. Суолæфæнтæ нæбал адтæй рæугутидзаг.

Раст еци æнтæфи мæмæ æндегæй æрбадзæнгæрæгкиндæ ’й. Мæ рацуд дæр мин нæбал бахизта, уотемæй тургъæмæ æрбахизтæй ме ’мхуæрифурт Артем.

Куд нæ бацийнæ кодтаййанæ кæрæдзебæл. Еуемæй, тогхæстæг, иннемæй ба, сауæнгæ минкъийæй абони уæнгæ кæрæдземæй нæма фæххецæн ан. Еу хæдонæ дæр нин урух адтæй, уотæ æмуод цæрæн.

Сарай сатæги нæхе диванбæл рауагътан æма нæ хабæрттæ кæрæдземæн изолтæбæл райдæдтан. Еу сахатти æрдæг

рацудайдæ, уæдта нин нæ къæбæргæнæг замманай хуæрзгъæст хаш, нæхе уагъд арахъ, цæхгунтæ æма балитæ æрбайвардта фингæбæл.

– Артем, раковæ, анз хестæр ми уæддæр дæ, – мæхе имæ бахаттон æз.

Артем Хуцауи ном иссердта, баниуазта æма, фингæмæ æдзинæг никкæсгæй, æ цæсгон утæ балæкъунтæ кодта, æма, раст ку зæгъон, уæд хуарзау нæбал фæддæн.

– Ци кæнис, де ’нæзонгæ арахъ ку нæ ’й, мийййаг, – æви ци хабар æй?

– Арахъæн бæргæ неци ’й, фал аци æнамонди хурфидзаумæуттæ æма балитæ… Гъо, хæдæгай, Таули, балитæ ба дин кæми адтæй?

– Нæхе дзæхæрай, дууæ рагон бæласи мæмæ ес.

Артем арф ниууолæфтæй æма райдæдта:

– Зонун æй, Таули, дæ цъух бабæй нæ фæллæудзæнæй, æма бабæй мæ кой кæндзæнæ, фал ци уа, уой уæд. Донласт ницъцъифæ унæй нæбал фæттæрсуй.

– Уæддæр еу комидзаг искæнæ, замманай бодæнгун хаш.

– Нæ, мæ хор ракæнай, айфиццаг си фегæр дæн æма мæ артæнбунтæ фæккалдтон.

– Æма дæ цари æндзæлттæ хуардтай?

– Зонис æй, нæ дæлсера Кадити зæронд уосæ ку фæззиан æй, уæд фидти сæргъи лæууæг æз адтæн. Фунх хурфидзаумæуттæ амæнтæнмæ ку исистан, уæд зинæхснæнмæ нæбал фæллæудтæн, кардæй си фæхъхъуæлтæ кодтон æма агъазиау кæрдех, еци-еу тæлф-тулфæй, мæ гъæлæси рацавтон. Рагæй дæр æй берæ уарзун. Куддæр æй мæ дæндæгутæй æрæлхъивтон, утæ æ хæрст-хæрст иссудæй. Бæргæ ма ’й ралæдæрдтæн, фал, ме ’намондæн, мæ фарсмæ æгæр берæ зелæнгæнгутæ лæудтæй, æма ма ’й æнæбари цалдæр æлхъивди æркодтон æд кæрдæг, æд æзменсæ, уæдта ’й еци туххæй ниддæлбилæ кодтон.

Мæхе дзæхæрай иннæ кæронмæ райстон æма бали бæласи буни ислæудтæн, мæ исбезард мин куд неке балæдæрдтайдæ, утæ. Бали бæласæ бунмæ састæй. Бали ба дин бали – æнæгъæнæ æнгози асæ гагатæ.

Анæй мæхе ку рафсадинæ, зæгъгæ, мæ цонг исивазтон æма дууæ æфсæремæй æзмелун райдæдтон. Цалинмæ си

мæхе туппур кодтон, уæдмæ ба хæдзари хецау дæр мæ цори февзурстай:

– Артем, зелæнгæнгутæ исбадтæнцæ æма дæумæ æнгъæлмæ кæсунцæ.

Куддæр финги кой скодта, уотæ и зинæхснæн мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй, минкъий ма багъæуа, æма мæ ахсæн мæ хъури ма фæббада.

– Нæ, æз мæнæ аци балити рази... Мæн аци гагати рази фид, нæ фал фезонæг дæр нæ гъæуй. Хæдæгай, ауæхæн ставд балибæласи сортбæл кæми фæххуæст дæ? Ци хуæрзадæ, ци донгун æй? Æвзаги дæгъæлтæ дæлæмæ ку ласуй?

– Неци уæлдай сорт æй, – дзуап равадта Геуæрги. – Æррæстæдæр, нур бæласæ кæми сагъд æй, уоми нин раздæр иуазæгдонæ адтæй æма еци мæри æхуæдæг исирæзтæй тала, фæстагмæ ба исбæласæ æй.

– Мæ гъæлæси ци бали адтæй, уой фæстæмæ рагæлдзунмæ гъавтон, фал æй, еци хабар фегъосгæй, мæ фур дессагæй, гæлдзгæ нæ, фал æд хъаппæ ранихъуардтон...

Цубур дзубандийæй, еу бонмæ ци хузи фагусæй нæ фегъæстæ дæн, уæхæн мин нæбал байзадæй. Уæдæй абони уæнгæ нæдæр хаш, нæдæр ба бали мæ гъæлæси нæбал адтæй, – балхий кодта æ дзубанди Артем æма уайсахат фæббæркад кодта.

## ДУУÆ ГЪÆУАГГИН АДТÆНЦÆ

*(Синати Ацæмæзæн)*

Хуæнхбæсти рагидæр æма нур дæр зиндæр цæрæн адтæй. Куст си нæ адтæй бийнонти фагæ æхца бакосунмæ. Колхози ба дин уойбæрцæ федгæ некæд бакодтайуонцæ, æма дæ бийнонти зæрди фæндон уæледарæсæй исфæлундай. Уомæ гæсгæ ба Тъæпæн Дигори гъæутæй еуеми цалдæремæй нæлгоймæгтæ баунафæ кодтонцæ уалдзæги Уæрæсей къумтæй ескумæ шабашки фæццæун. Еци рæстæгути уотæ арæх цæуиуонцæ кустагор æндæр рауæнтæмæ.

Фæууй уæхæн лæгтæ, æма гириз дæр кæбæл федауй, уæдта ’й лæдæргæ дæр ка кæнуй. Геуæрги дæр уонæй еу адтæй. Ескæбæл æнæраайуангæнгæ нæ уидæ нихæси дæр. Ести ходæг миуæ ескæмæн ку ракæнидæ, уæддæр æй æхуæ-

дæг некæд иской кæнидæ, уотемæй ба адæни ’хсæн рахæлеу уидæ уайтагъддæр.

Æ синхон Таймураз ба алли гъуддаг дæр фесинмæ лæдæрдтæй. Æрræстæ естæбæл бафарст дæр имæ айуани хузæн кастæй, æма ибæл еске рагириз кæна, уомæй ба тæппæлæнгæ кодта. Хецмæрезгонд адтæй.

Геуæрги зудта, уой хæццæ син зин косæн ке уодзæй, уой, фал æй уæддæр рахудтонцæ косæг æнбалæн æма еу сæумицъæхтæбæл Хабаровски краййи балæудтæнцæ. Бацудæнцæ колхози сæрдармæ æма куст райстонцæ. Саразун сæ гъудæй уорс агорийæй гъæцæнтæдарæн бунат.

Райдæдтонцæ дусвæлдæхтæй косун, мадта куд? Уæхæн еумæйаг архайди хийнæгæнæн н’ адтæй, Таймураз ба разиндтæй æцæг къуру хийнæ. Геуæрги бригади хестæр адтæй, бæргæ уидта се ’нбали тилеф миутæ, фал уæздан лæг хуæстæй æхебæл. Ами, æцæгæлон бæсти нæхе куд фæхходуйнаг кæнæн, зæгъгæ. Мæстæй ба имæ æ фæрстæ рæдовгæ кодтонцæ.

Уæдмæ сæ куст фæцæнцæ. Адтæй фæззигон бон. Райстонцæ се ’хца æма сæхемæ нæхстæрбæл ниллæудтæнцæ. Алке си æ косæн дзаумæуттæ æма уæледарæс, уæдта ма, ци балхæдтитæ кодтонцæ, уони ниццурхта æ цумæдæнтти. Таймурази ма туканмæ фервистонцæ, гъома, нæхе Уасгергибæл бафæдзæхсæн, зæгъгæ, æма цалинмæ е фæстæмæ æздахтæй, уæдмæ ба ин Геуæрги æ цумæданæ фегон кодта æма си бунæй дууæ уорс агорий райвардта æма ’й фæстæмæ фехгæдта. Уотемæй еу бони сæри исхъæрттæнцæ сæ гъæумæ. Куд нæ бацийнæ кодтайуонцæ бийнонтæ сæ бæлццæнттæбæл.

Таймураз, æ кусти хабæрттæ дзоргæй, æ цумæданæ исигон кодта æма сæрæй есун райдæдта, æ бийнонтæн ци лæвæрттæ исласта, уони. Сувæллæнттæ цийнæй мардæнцæ сæ нæуæг хъæпбæлтæбæл.

Æ мадæн ци хаутæгин сасуг балхæдта, уой куддæр исиста, уотæ ба цумæдани сау целофан баркъемæ фенгаси æй æма ’й арæхстгай исиста. Цидæр уæззау адтæй, фал си ци æвæрд адтæй, уой ба æхуæдæг дæр нæ лæдæрдтæй. Стъолбæл æй æривардта æма ’й ихалунбæл ку фæцæй, уæд бийнонтæ æд хестæр, æд кæстæр æ уæлгъос æрбанбурд æнцæ, цидæр

дессаг фæууинун æнгъæлдзау. Райхалдта баркъе, æма дин си дууæ силикат агорий. Таймураз сагъдауæй райзадæй.

– Биццеу, ани ба ма идардæй ци уаргъæн ластай дæ хæццæ, уæртæ нæ сарай къуми æнæгъæнæ æртæ мин агорий цурхт ку ес, уæд, – десгæнæгау æй рафарста æ мадæ Донкæ.

– Æртæ мини нæ 'нцæ, дууæ агорий гъæуаггин æнцæ, æма сæ, зæгъун, банхæст кæнон уони дæр, – Геуæргимæ мæстæй æ къæнкъунтæ хуæргæй, сдзурдта Таймураз, уæдта еу усми фæсте ба æ уосæмæ дзоруй:

– Цо, аци дууæ агорий иннетæбæл ниввæрæ, е ба мæ æртæ мини банхæст уонцæ...

## ÆВДЕУ

Мæ еу зонгæ Чиколай медгъуддæгти хайади косæг æй. Уой ба æррæстæ хумæтæг рæнгъон косæг нæ, фал фæндæгтæбæл æдасдзийнадæ гъæуайгæнæгæй. Æвæццæгæн, сæ дзиппæмæ ести æфтуйæггаг арæх хауй, æндæр ба уæхæн бунат сæ фулдæремæн сæ царди сæйрагдæр бæлд нæ уидæ.

Бустæги æгудзæг, къæбæргъæуагæ ке нæ 'й ме 'нбал, уобæл дæр, мадта зинтæй ес бауæндæн. Æ губун халхæссæн тæскъи асæ, мæнæ биндзитæ ке рахуайунцæ, æ дæлдзæститæ уомæй рæсуддæр, æ армитъæпæнтæ – арси дзæмбутау. Мадта æ хæдзарæ дæр неци гъæуагæ æй, æндæмæ ракæлæ-ракæлæ кæнуй, æ фæсарæйнаг хуæдтолгæ дæр бустæги асландæртæй нæ 'й. Фал си уæддæр бустæги арази ба нæ 'й. Æндæмæ ин си зин хезæн фæууй. Æ дордонæ æппунæдзохдæр рульбæл буцæу фæккæнуй. Æз ба 'й æноси дæр мæстæй фæммарун:

*Цæмæннæ кæнай æрдзæф, –*
*Идзаг бабæй дæ уæцъæф.*

Уомæ гæсгæ ба кувди кенæ киндзæхсæвæри еумæ ку бафтуйæн, уæд архайуй, цæмæй мæ цори бадт ма фæууа, уобæл.

Гъе уотемæйти цæрæн, кæрæдзебæл айуангæнгæй. Айфиццаг бабæй фæййеу ан æма мин еу дессаги хабар радзурдта. Æ дзубандитæ мæмæ фиццаг ходæгау фæккастæнцæ, фал ма мин е 'нбал дæр еци цау, æнæ еу дзурдбаййевгæй, ку æрдзурдта, уæдта мæ тог мæ тогдадзинтти ниллæудтæй. Куд мин æй радзурдтонцæ, уотемæй æй хæссун уæ размæ.

...Чиколайæй астæухеди ’хсæн дууемæй лæудтан нæ ради. Бон изæрдалингтæ кодта. Адтæй уарунгар, фал уарун ба цалдæр бони нæ фæразта. Фæстæвдæ изæйрон сатæг адæймагæн цидæр æнахур æхцæуæндзийнадæ лæвардта. Æрвгæрæнттæ Тæторси сæрмæ сурх зинг фестадæнцæ. Æрдзæ цæстæ рæвдудта, фал махæн ба æрдзи еци тæмæссаг рæсугъддзийнадæ нæ зæрдитæ неци уоййасæбæл рохс кодта. Мах ка гъудæй, уæхæн машинттæ цæуæг н’ адтæй надбæл. Уомæ гæсгæ ба нæбæл хомбериндзæ бахуæстæй.

Уæдмæ Æхсæрисæрæрдигæй еу фæсарæйнаг машинæ æрæстæфтан. Куд хæстæгдæргæнгæ нæмæ цудæй, уотæ ’й лæдæрун райдæдтан, машини цудæй, æ шофир æхе кеми ке нæ адтæй, уой. Машинæ ку еуæрдæмæ бахæссидæ æхе, ку иннæ фæснадмæ багæпп ласидæ. Цубур дзурдæй, нæхе æрцæттæ кодтан расуг шофири бауорамунмæ.

Уæдмæ нæмæ æрцæйхæстæг æй, æма æз мæ машинæ уорамæн лæдзæг хъел дæр нæма скодтон, уотемæй æ урамæнти гъостæхгæнæг дæргъвæтийнæ хъист исцудæй сæхецæн. Фæлабулай ругæ къубулæнттæ фестадæй.

– Æнæбайрайгæ си искæнæ дæ ругæй, кæд ма уой гъæуагæ н’ адтан, мæ уорс хæдонæ ма уой гъæуагæ адтæй. Кæмидæр хуарз æркъирхта æма ци кæнуй, уой дæр нæбал лæдæруй, – зæгъгæ.

Фал æхуæдæг дуар ку байгон кодта, æндæмæ туххæйти ку рахизтæй, уæдта хуарзау нæбал фæцан дууемæй дæр. Машинæй рахизтæй, еу 60 анзи кæбæл цудæй, уæхæн уорсалистæ сæр нæлгоймаг. Мæ дуйнебæл дæр æнгъæл некæд адтæн, æма адæймаги тарст уæхæн уавæрмæ æркæнуй, уой.

Нæлгоймаг адтæй æрвонг, хуæрзарæзт, фал æ цæститæ еугур бæгъедт, æ къохтæ, æ къæхтæ, бунггаг æфсæрæ, æ бауæр æмрезæги ризтæнцæ. Резæнги нез ба уой цори ци æй. Æхе машинæбæл банцойнæ кодта æма е ’взагбæл фæххуæцæ-фæххуæцæгæнгæ ’й райдæдта дзорун æрдæгкъуæзтитæ кæнгæй.

– Биццеутæ, расуг мæ ма бангъæлетæ, æз еу дæс æма инсæй анзи хупп дæр нæ кæнун, сауæнгæ къумæл дæр. Мадта æвæлтæрд шофир дæр нæ дæн, тæрсагæ дæр некæд адтæн, фал аци усми ци бавзурстон, еци цау ба мин мæ хъауритæ еугур кайд бакодта.

Æ дууæ цонгебæл ин фæххуæстан æма ’й, надгæрон, фæйнæгæй ци къелагонд исаразтан нæхуæдтæ, уобæл æрбадун кодтан.

– Мацæмæй тæрсæ, мах дæ цори ан, – сабуртæ ’й кодтан дууемæй дæр.

Еу усмæ æхемæ æрцæун æ бон н’ адтæй, уæдта райдæдта дзорун.

Арæх фæццæун Дигоргоммæ. Мæ уод, мæ цæстæ уоми мæ фæллад исуадзун. Зæнхи гæппæл мин си нæййес, фал уолæфæн бунæттæ ба зонун æма еу кенæ дууæ бони ба мæхе цийнæй фæммарун æрдзæбæл. Алци дæр мин си хъазар æй уоми. Мæхуæдæг си цæргæ некæд кодтон, фал мæ фидтæлтæ ба уордигæй æнцæ.

Æма бабæй аци хатт дæр мæ фæллад уагътон æрдзи гъæбеси.

Мадта хонхмæ цæугæй дæр, уæдта фæстæмæ здæхгæй дæр æз Уасгергий цори ма æрлæууон æма си мæ нисайнаг ма ниууадзон, уæхæн цуд дæр некæд ракодтон.

Нур дæр комидумæгæй дзæбæхæй рахизтæн, Цъифгуни мудгæстæй ма нæуæгдугъд муд дæр балхæдтон. Цалинмæ ракæнæ-бакæнæ, радзубанди-бадзубанди кодтон мудгæсти хæццæ, уæдмæ мæбæл раизæрмелтæ æй.

Куддæр, Кæлухи гъæуæй рахезгæй, дæллаг адагæй фæууæлбилæ дæн, уотæ ба кæсун, æма мæ разæй еу, рæстæмбес асæй минкъий бæрзонддæр, уæхæн лæг бафтудæй.

Уарунгар ке адтæй, æвæццæгæн, уомæ гæсгæ, нæ зонун, фал æ уæле адтæй кæрдæгхуз дæрдгун плащ, æ фæсте ци цъопходæ ауигъд фæууй, уой æ сæрбæл арф æрæнбарзта, æма мæ тæккæ разæй астæунадбæл æ цуди кой кодта.

Аци лæг фестæгæй кумæ цæуй, Хуцау æ зонæг, мæ хæццæ ’й исæвæрон, æма нæ над дæр цубурдæр кæндзæнæй, зæгъгæ, имæ куд фæццæйхъæрттæн, уотæ мæ машини уасæн ралхъивтон, фал мæ е цума игъосгæ дæр нæ фæккодта, уотæ æ цуди кой кодта. Уасæнмæ ку нæ лæудтæй, уæдта мæ сæр дуари къæразгæй радардтон æма имæ еци уæзданæй исдзурдтон:

– Фестæгæй кæдмæ цæудзæнæ, хуарз лæг, рабадæ мæнæ мæ машини, – зæгъгæ. – Уæ балгъетæг уæхæн нивæ фæууина, – æз ци рауидтон еци усми. Цалдæнмæ цæрон, уæдмæ

дæр ми нæ феронх уодзæй æ каст. Фестæгдзæуæг æхе фæстæмæ кæрззилд фæккодта, æма рауидтон фудхуз, æнæдаст дæргъæлвæс цæсгон. Æ цæститæмæ ин мæнæ мæйдари цума ирд цирæгътæ еске ниддардта, уой æрттивд фæккодтонцæ. Нурма уæхæн цæстингас дуккаг хатт фæууинæ, уой бæсти тæккæ нур дæр мæлæтбæл арази.

Æ гъæлæс фæххæлеу кодта æма цидæртæ исдзурдта.

Раст зæгъгæй, æ дзубандитæй ин лæдæргæ неци бакодтон, фал ин æ дæндæгутæ ба мæ зæрдæбæл хуарз бадардтон. Æнæуой адæймаги дæндæгутæй дзæвгарæ устурдæр æма фæтæндæр, фæйнæфарсеми цъæсти дууæ дæндаги дзæвгарæ даргъдæр иннетæй. Уотæ мæмæ фæккастæй, цума хуæрзæрæги ести тогæйдзаг хом хуалибæл исцурæвæрæ ’й. Æ билтæ сурх-сурхид дардтонцæ ласт тоги фæдтæй.

Мæ фур адæргæй машини уасæн мæ тухæ, мæ бонæй нилхъивтон, æндæр нецибалгъон адтæн.

Æнахур бæлццон ма мæмæ еу мæстуозгалд ракодта, уæдта, æхе фæззелгæй, æ цуппæртæбæл æрхаудтæй æма, цуппар къахемæй фæндаггæронмæ еци-еу гæпп бакæнгæй, саугъæдæ ’рдæмæ ниййарцæ ’й. Мæ хæццæ алкæддæр тæрсунгæнæн дамбаца фæддарун. Фæйæлвастон æма ма æ фæсте цалдæр гæрахи фæккодтон. Хуарз æй багъуди кодтон, мæ гъостæбæл ма æмир неун куд æруадæй, уой.

Мæ къæрæзгитæ æмирæхгæд æркодтон æма рагъавтон мæ над идарддæр радарунмæ, фал мæ къæхтæ уорамæнбæл дууемæй дæр уотæ бандзуг æнцæ æма сæ исуæгъдæ кæнун мæ бон нæбал адтæй. Тухæйти ранæхстæр дæн æма мæнæ ай уæнгæ æрхъæрттæн. Уотæ мæмæ кастæй, цума мæ фæсте бафтудæй, æма фæстæмæ фæккæсæ-фæккæсæ гæнгæй, цудтæн. Мæ машинæ дæр надбæл уомæ гæсгæ рафтуйæ-бафтуйæ гæнгæ уотæ цудæй. Нур дæр æй мæ сæр нæма ахæссуй, ци адтæй, адæймаг адтæй, æви сирд, уой, фал сирди хузæн дæр н’ адтæй, уæдта æ уæле еци плащ... – фæцæй æ дзубанди бæлццон.

Раст ку зæгъон, уæд нæхуæдтæ дæр хуарзау нæбал адтан. Мадта, мæнæ фæлевæн, мæнгæдтæ дзорагæ лæги хузæн дæр нæ зиндтæй. Баууæндун кæбæл æнгъезуй, уæхæн лæги хузæн адтæй. Фæстæмæ ’й исбадун кодтан æ машини, æма ин ме ’нбали æ хæццæ исбадун кодтон æма ин ра-

фæдзахстон, сæйгæдонæмæ ’й бахъæртун кæнæ, æма ин ести укол искæнæнтæ, цæмæй æхемæ æрцæуа. Мæхуæдæг ба еунæгæй уоми байзадтæн. Æрмæст Кæлухæрдæмæ нæбал кастæн, фал дзæгъæлтæ гæнгæ гъæуай кодтон Чикола ’рдæмæ, нæ æййевæг сменæ кæд фæззиндзæй, уомæ æнгъæлмæ кæсгæй...

## ТЕМБОТИ ФУН

Тембот скъолай ахур гæнгæй дæр, мæнæ ести зонундзийнæдтæ равдесунмæ разæнгард адтæй, уой зæгъæн си н’ адтæй. Ахургæнгутæ ин æ уавæр, æ сæри тæбæгъи зунди бæрцæ лæдæрдтæнцæ æма ин æнæбари рæстæнбес бæрæггæнæнтæ ниввæриуонцæ. Мадта, мæнæ исони-бони фæррæвдзæдæр уодзæй ахури, зæгъгæ, уæхæн нифс дæр си некæд некæмæ фæззиндтæй. Мæнæ, æдули æй, уотæ зæгъæн дæр си н’ адтæй. Уæдта ахур кæнун еугурей къохи æфтуйгæ дæр нæ кæнуй.

Фал сау куст бакæнунмæ, хъаурæ равдесунмæ ба ин æ раз неке байахæстайдæ е ’мдоггæгтæй. Æгъдау радтунмæ дæр, балæггадæ кæнунмæ дæр æвзигъд игурд адтæй. Уотемæйти аллах-биллахæй астæуккаг скъола каст фæцæй. Æ хæццæ ка ахур кодта еу къласи, уонæй кадæртæ сæ гæгъæдитæ уæлдæр скъолатæмæ балæвардтонцæ, фал фæлварæнтæ нæ ратгæй, фæстæмæ сæ хæдзæрттæмæ ку æрæздахтæнцæ, уæдта бустæгидæр бауузндтæй – хуарз ахур кæнун дæр ке неци дæттуй, фæххуæцæг дæбæл ку нæ уа, уæд, еци æцæгдзийнадæ дæр.

Берæ ракæнæ-бакæнæ нæ фæккодта æма училищей механик-мотортæаразæги дæсниадæбæл исахур кодта.

Училище каст ку фæцæй, уæдта сæхе гъæуи колхози правлений æхсæвгæсæй ниллæудтæй.

Сæрдигон даргъ мæйрохс æхсæвти дзæгъæл бадт кæнуни бæсти ести саст машини æййевæн хайбæл æхе ниттумугъ кæнидæ æма ’й сæумæмæ бацалцæг кæнидæ.

Берæ ’й уарзтонцæ гаражи шофиртæ, трактористтæ æма æнæуой гъæуи иннæ цæргутæ дæр, фал æй мæнæ гъуддаги адæймагбæл банимайæ, зæгъгæ, уотæ ба имæ, æцæгау, æ гъос некæд неке дардта: будзæу æма будзæу...

Ести дзубанди ку цæуидæ колхози тургъи, уæддæр æхе некæд тъунста, æ дзурд некæд гæлста, фал ци æма цæбæл дзурдтонцæ, уомæ ба æ гъос лæмбунæг дардта. Уæлдай къæрцгъосдæр ба уидæ, колхози сæрдар, партог æма склади хецау ци дзориуонцæ, уомæ.

Колхози еци æртæ гуппурсарей усхъитæбæл лæудтæнцæ еугур унафитæ дæр. Адæни дарæг, сæ уорамæг, сæ уодтæбæлхуæцæг етæ адтæнцæ.

Фал дессаг ба е адтæй, æма æртемæй еумæ некæд æнбалдæнцæ. Æрмæстдæр, дууемæй си ка фæййеу уидæ, етæ æртиккаги фудкой æнæракæнгæ нæ фæууиуонцæ, æ кусти гъæнтæ ин хормæ ракалиуонцæ. Еци рæстæг, Тембот сæ цори цидæр архаидæ, уой ба лæдæргæ дæр нæ кодтонцæ. Мадта син сæ дзубандитæ ке тергади кæнуй, е дæр сæ фæсонирхæги некæд æрцудæй.

Гъæуи еунæг клуб адтæй фæсевæдæн сæхе ерхæфсунæн, æма е дæр нур ба еугур калд никкодта. Айдагъдæр ма æ саманагорийæй даст фæрстæ æрдæгихæлдтитæй лæудтæнцæ æма си æхсæвæй-бонæй дунгæ æскъот кодта. Иронхуати байзадæнцæ кæддæри концерттæ, фембæлдтитæ, кинонивтæ. Фæсевæдæн ма сæ уодтæбæл фæххуæцуни фæрæзнæн æризадæй, Тембот æ даргъ æгъуссæг æхсæвтæ ци гъæуайгæси авари æрветидæ, е. Уоми банбурд уиуонцæ фæсевæд æма къарæй дæр гъазтонцæ, еу фæйнæ цайцумæнемæй дæр сæ зæрдити мæтъæлдзийнадæ лæмæгъдæр кодтонцæ. Расуг лæгтæй сæ фулдæремæн фулдæр хатт зарун фæййагоруй сæ зæрдæ, æма правлений тургъæй ахид райгъусидæ сæ цæллахъ зарун дæр.

Æрмæстдæр еунæг Темботи зæрдæ, иннетæй игъаугидæр, зарун нæ агоридæ, фал уæд райдаидæ мæстгун кæнун, сæ колхози медæгæ мæгур адæни есбон сосæггай ка дех кæнуй æма хуæруй, уонæмæ. Æ масти дзæкъолæй æ месиндзæгæй ка идзагдæр уидæ еци рæстæг, е зин рартасæн уидæ. Сæ дууæ дæр тудтонцæ æндæмæ, фал сæ Тембот фæразта уорамун. Фал сæ еу сæумæ ба нæбал бауорæдта, уæлдайдæр ба æ масти дзæкъолæ бустæгидæр фæкъкъæрт æй æма ратудта.

Цæветтонгæ, гъуддаг уотæ рауадæй, æма гъæуи цæргутæ сæ дуккаг фунти карзмæ ку бахизтæнцæ, уæд Темботи

æнбæлттæ дæр рахæлеу æнцæ сæ хæдзæрттæбæл. Тембот дæр фæсниуæзтæ æхе æ зæронд гобанбæл бауагъта æма, рафунæй уогæй, уидта дессаги фун:

Тембот лæудтæй правлений тургъи еунæгæй. Æхсæйвон тайрадæ æ гъæбеси батугъта фæлабулай æрдзæ. Фалдзосæй еу сибирт дæр некæцæй игъустæй, æрмæст фæсгъæу адагæй игъустæй Ирæфи æносон унæр. Бустæги дессаг ба Ирæфи нæгæгъæр фæуууй. Исон рæстæг райдзаст уодзæй, зæгъгæ, еци раззаг изæр æ дæгæрна цума хонхæрдигæй фегъусуй, адæймагмæ уотæ фæккæсуй, на ма уаруктæ цæудзæй, зæгъгæ, уæдта будурæрдигæй фегъусуй æ удзæл. Цума цæмæн уотæ ’й, зæгъгæ, æхецæн гъудитæ кодта Тембот. Уалинмæ дин кæсуй, æма Елхъабантæ ’рдигæй, ци адтæй, уой æхуæдæг дæр нæ лæдæрдтæй, æнахур цидæр рохсгæнгæ, истæхуй æма дин лæхъуæни хуæдбакомкоммæ правлений тургъи ку æрбадидæ. Æндегæй бакæсгæй, зиндтæй устур тæбæгъи хузæн, æрмæст æвзестæхуз, кæд æхсæвæ мæйдар адтæй, уæддæр дзæбæх зиндтæй Темботмæ.

Еу усмæ фæккастæй Тембот æнахур «тæбæгъмæ», нийгъуста æ цæхæртæкалæг къæр-къæрмæ. Уæдмæ æ тумбул дуар байгон æй æма си рахизтæй æртæ æнæзонгæ адæймаги. Сæ сæртæ æ фиди бæхи сæрæй минкъий минкъийдæр, дæргъеццон, сæнт сау цæститæ, дæргъæлвас, сæ къæхтæ адтæнцæ бæгъæнбад, æрмæстдæр сæбæл æнгулдзитæ н’ адтæй, фал бæрæг адтæй, федар сæбæл ке лæуунцæ, е.

Тембот балæдæрдтæй, етæ уæларвæй, æндæр планетæй æртæхæг адæнихатт ке адтæнцæ, уой, фал си, цæмæдæр гæсгæ тæрсгæ ба нæ фæккодта.

Æртæ лæги Темботмæ æдзинæг кастæнцæ, дзоргæ неци кодтонцæ, уотемæй, фал син лæхъуæн сæ гъудитæ, гъостæй игъосæгау, лæдæрдтæй: «Рæстбæлдзорæг адæни фарс ка хуæцуй, еци тæрхони лæгтæй ан, цидæриддæр дин æрдзорæн, етæ æнцæ раст æма æнæгурусхаг.

Фиццагидæр райдайдзинан уæ колхози хецауæй. Дзамурзæ дуйней силос æма хуасæ æрцæттæ кодта зумæгмæ, фал сæ нур ба сос-æргонæй уæйæ кæнуй кæмæндæрти, æ хæдзаради фонсæн ба гъæмпæ хуæрун кæнуй. Паддзахадæ ин æхца рауагъта хæлæмулæгонд хуаллæгтæ балхæнунæн, цæмæй сæ баййева, адæнмæ ци цихти æма царви уæлдаййæгтæ

æрæнбурд æй, уонæбæл, е ба æхсирикустгæнæн заводæй æхецæн балхæдта царв æма ин æй фæстæмæ æхецæн равардта, уæлæнхасæн æфтуйæггæгтæ ба æ дзиппи æрæвардта. Кæсæги ин ци зонгæ колхози сæрдар ес, уомæй райста, цалдæр анзи ка лæууй, уæхæн нартихуари муггаг æма ’й Силтанухъ æма Кæсæги арæнмæ хæстæг байтудта, хумæ дæр, косгæ дæр æй, куд неке æй зудтайдæ, уотæ, уони техникæй бакодта æма дуйней тиллæг ниуæйæ кодта, колхози косæг адæни ба дзелкъордзауæни дæр ма нæ бауагъта зæнхитæмæ.

Уæ парторг, партион кабинетæн нæуæг стъолтæ, къелатæ æма скъæппитæ балхæнуни бæсти æ хæдзарæн балхæдта нæуæг диван æма къæлæтгин къелатæ.

Уе ’склади хецау, фермитæн горентæн ци фæйнæг уагъд æрцудæй, уой æ хæдзари исмедæг кодта æма си æхе хæдзари сæр баййивта... Адæнæн сæ æрдзорæ...»

Сæумæй хор гæзæмæ иссудæй арви реубæл, адæн æнбурдтæ кодтонцæ правлений тургъæмæ, Тембот ба ма хустæй.

– Аци гумудза ба кæми æй, æ дуар æхгæд цæмæн æй, тургъитæ дæр æнæсæрфт ку æнцæ. Бакæсай имæ, – фервиста шофиртæй кедæр хецау.

Горга туххæйти райгъал кодта лæхъуæни, хецау дæмæ дзоруй, зæгъгæ.

Хуссигъæлдзгутæй, æ цæститæ æууæрдгæй ку рахизтæй Тембот æ гæси бунатæй, уæд адæнæй дæр нæбал фефсæрми æй сæрдар, уотемæй гъæуайгæсбæл æ пурхæ ракалдта:

– Ами дæ хуссунæн дарун, калхози харзæй цæрис, æхца есис, дæхуæдæг ба дæ æнæпайда косæг.

Тембот уæди уæнгæ некæд бахæлеу кодта æ цъух хецаумæ фæстæмæ исдзорунмæ, фал æй аци хатт ба цума æййевгæ бакиндæй, уоййау, цидæриддæр ин дзурдтонцæ тæрхони лæгтæ æ фуни, уони адæни рази хормæ ракалдта.

Нæдæр сæрдар, нæдæр парторг, нæдæр ба склади хецау ’схъипгъон дæр нæбал адтæнцæ, уотæ æцæг хузи син сæ мæнгард миутæ ку æрдзурдта адæни цори, уæд,

Тембот дзурд ку фæцæй, уæд адæн исхор-хор кодтонцæ: мæнгæдтæй неци зæгъуй биццеу. Сумах аци кусти аккаг нæ айтæ, æма æнбурд исаразун гъæуй, зæгъгæ, ниллæудтæнцæ

косгутæ. Уоййадæбæл æртæ лæги дæр цохгонд æрцудæнцæ сæ кустæй.

Темботмæ æндæр планетæй æрцæугутæ иуазæгуати ке адтæнцæ, еци хабар дæр æнæрайгъусгæ кæми фæцайдæ адæнбæл. Уотемæй имæ еу бони сæри районн газетæй уацхæссæг ку исмедæг уидæ æма ’й ку бафарста, æцæгæй дæр правлений тургъи уæларвон науæ æрбадтæй æма сæ æхе цæстæй фæууидта, зæгъгæ, уæд æцæгхузæй загъта:

– Мæнæ дæу куд уинун, уотæ сæ уидтон, берæ цидæртæ ма мин фæдздзоруйнаг адтæнцæ... Фал!

– Фал ци? – хинцфæрсæ ма ’й ракодта цæмæдесæй уацхæссæг. – Еститæ ма мин радзорай...

– Фал мæ уæдмæ ба мæнæ Горга райгъал кодта...

## МÆ МАДИ ЦÆГАТИ ХÆДЗАРÆ

Сувæллони номбæл кадæр исæнтæстæй а дуйнебæл, – Хуцау уæ бахезæд еске фæсдуæрттæ исирæзунæй. Уотид къолæсæр дæр уæд, æррæстæ уæрмæ дæр уæд, уæддæр си хе бундорæн аргъ нæййес. Е дæ куд батава, уотæ дæ есге райдзаст галауан дæр нæ батавдзæй.

Еске фæсдуæрттæ ка исирæзтæй, е си абони дæр ма æстъæлфгæ кæнуй, мæнæн ба абони дæр ма мæ мади цæгати хæдзарæ мæ авдæнау зинаргъ æй. Аци къæси исирæзтæн мæ фæлмæн армæ нана Губати къохти, аци къæси мин нинсæндидæ нартихуари кæрдзин æхсири хæццæ киндзæ Созаон рагон гъæдин къоппай. Аци хæдзари фæрстæ мин рæвдудтонцæ мæ седзæр сабийдогæ.

Æ мади рони фæстæмæ балæсунмæ неке райгуруй. Исгъонбæл дæн æз дæр. Мæхе уоди хъиамæтæй исаразтон мæхе астъонæ. Мæ хед кæбæл фæккалдтон, мæ еци хæдзари мæ рацуд, мæ фезмæлд мæ фæндон. Неци гъæуагæ бал дæн. Ка цæра, е ести фæрæзнитæ куд нæ гъæуама кæна æ цардæн.

Фал мин уæддæр цæмæдæр гæсгæ уæлдай зинаргъдæр уидæ еци хæдзарæ. Æррæстæ мæ гъæуи цорти ку евгъуинæ фæндагбæл, уæддæр æй мæ цæститæй æнæраагоргæ некæд уинæ. Уæхæн æнæхуссæг æхсæвæ мæбæл некæд никкодта æма си мæ рæусæнтти ма фестон.

Нур ба, мæ уоди еци фæххуæцæн дуарæхгæдæй райзадæй. Бафистонцæ а дуйнебæл се ’хæс мæ нана – Губатæ, мæ мади æнсувæр Петур, æ цардæнбал – мæ дуккаг мадæ Созаон. Æрæги ба е ’носон дуйнемæ бацудæй, еци хæдзари ма бундорæн ка æризадæй, æ сабийдоги мæ гъæбес æма мæ рагъ æ бадæн фæзæ кæмæн адтæй, нæ еугурей еци кæстæр. Кæддæри кæлгæ-уæлгæ хæдзарæ ревæдæй райзадæй. Седзæрхуз фæцæнцæ æ бацæуæнтæ, æ къæрæзгитæй изæригон рохс нæбал кæлуй.

Сæ размæ къанаудон ба уайуй хæл-хæлæй фиццагау гъæугæронæрдæмæ.

Гъæугæрон уæлмæрдтæ бабæй фенхæстдæр æй, гъæу ба –федзæрæгдæр...

Аци бон бабæй нæ гъæуи зиан ес. Æнæмæнгæ бабæй мин цæугæ уодзæй мæ мади цæгати хæдзари рæзти. Алкæддæр ибæл баздæхинæ. Нур ба ма кæмæ мæхе бакъолæ кæндзæн? Мæ еунæгдзийнадæ никки фæддувæрдæр æй. Æмирæй мæмæ кæсдзæнцæ хæдзари фæрстæ, æдзæмæй евгъуйдзæн æз дæр сæ цорти амæй фæстæмæ.

## ДУ БА МА СИ ДÆХЕ ЦИ РАЦАВТАЙ?

Милиуан хуарз силгоймагбæл нимад адтæй. Айдагъ ходун ке фæккæнидæ адæни, е дæр бери аргъ уидæ. Мадта мардбæл ку нигъгъарæнгæ кæнидæ, уæдта, æппун кæуни зæрди ка нæ уидæ, етæ дæр ма йаххæй сæ цæстисугтæ æрæгъзалиуонцæ. Федудта æ гъæубæсти хæццæ дæр, æгъдау лæвардта адæнæн.

Фал Заводи поселокмæ ку сæйййивтонцæ сæ цæрæнбунат, уæдта сæ синхонти зæронд лæги хæццæ ба нæ бафедудта. Сæ загъд кæрæдзебæл некæд бадтæй.

Хецмæрез æма гурумухъгомау адтæй Данел. Кæддæр Милиуани кæркитæ æ дзæхæрамæ баервазтæнцæ, æма ма дæ гъæуй дæр æма – нæбал. Карк – æгомуг маргъ, е ба ма сæ сауæнгæ æхецæй дæр фелгъиста. Уæдæй фæстæмæ си адæнуарзон силгоймаг æ уодесæг фæууидта. Салан дæр ин нæбал лæвардта.

Милиуанæн æ фурти фурт кæцæйдæр минкъий къæбис æрбахаста сæхемæ. Асæй устур муггаг нæ разиндтæй, фал

Милиуанбæл ба уотæ исахур æй, æма ’й исцох нæбал уагъта. Алкумæ дæр æ фæсте цудæй. Нæбал си æртæстæй.

Уæдмæ Хуцау ниддæлæ-уæлæ кодта, æма Данел æрбамардæй. Адæни æфсарæ берæ ’й æма Милиуанæн дæр æнæбари зианмæ цæугæ рауадæй.

– Уоххай, куй дæр мæ фæсте ку фендæбилæ уа, – зæгъгæ, ибæл медæгæй дуар исæхгæдта, æхуæдæг ба зианмæ бацудæй. Хуцау æ зонæг, куй кæбæлти фендæбилæ ’й, æма дин сосæггайти кири бунмæ ку бацæуидæ æма уоми ку æрбадидæ. Милиуан æй æстæфгæ дæр не ’ркодта. Уæдмæ уститæ сæхе Милиуанмæ бахаттонцæ, гъома, райбæл гъарæнгæ кæнæ, зæгъгæ. Милиуан куддæр æнæбари райдæдта гъарæнгæ кæнун, уотæ, дин, куй дæр æ сæр кири бунæй ку радаридæ ’ма ку ниннеуидæ.

Милиуан уой ку райгъуста, уæд æваст æ гъарæнгæ фæуагъта æма кири бунмæ сæ куймæ дзоруй: «Ду ба ма ци ниййасугътай, мæлæти хуæрзгъæдæ лæг ба ма н’ адтæй, æма ибæл æнбурд бийнонтæй ку нæ нигъгъарæнгæ кæнæн...»

Адæн ходæгæй туппурæскъудтæ кæнгæй фæццæйхаудтæнцæ.

## КА КЕ НАДТА?

Уæ сиахс уин уæ хуæри æфхуæруй, зæгъгæ, нæ гъостæбæл арæх æруаидæ таустæ. Ку баниуазуй, уæд еугур цæртгъæла исуй лæг æма ма уин уæ хуæрæмæ сауæнгæ фæрæт дæр райсуй, бауорамæнтæ ин нæбал фæууй, гъæу сæбæл æрæнбурд унцæ æма сæ ергъæв кæнунтæ райдайунцæ... Кæд ма уæ гъæуй, уæд ин ести мадзæлттæ кæнетæ, кенæ ба адæни æхсæн федиссаг æма зайрагæй цæргæ байзай-дзинайтæ. Еу хабар иннемæй зæрдæхсайгæдæр.

Еу бони сæри ба ме ’мхуæрифуртмæ телефонæй бадзурдтон...

– Емзар! Ауæхæн æма ауæхæн койтæ мæ гъостæбæл арæх æруайуй, æма цалинмæ еугур фæсмойнаг нæма фæцан, уæдмæ нæ хуæри баергъæв кæнæн еци лæгсирди къохтæй.

Емзар сауæнгæ сувæллонæй дæр хæстмаст тоги хецау адтæй æма мин дзуапп равардта:

– Æнæуой дæр имæ мæ тог рагæй ирайуй нæ сиахсмæ,

сау мæгур бон ибæл кæндзæнæй. Æз æй кæд тогуомæнтæ нæ бакæнон, уæд æз неке дæн. Е ба куд æндеуй мах æгас муггагæй ходуйнаг кæнун æма æфхуæрун. Зонун æй, сиахс фæннæмун æгадæ гъуддаг æй, фал имæ мæ къох æнæ исесгæ ба нæ ниггæдзæ кæндзæн.

– Мадта имæ æз дæр мæ къохтæ ку батумбул кодтон. Цидæриддæр тог мæмæ ес, е еугурæй дæр мæ дууæ цонгеми рабадтæй, сар æ сæр кæнуй нæ ниццуди.

– Мадта фæстæтæрæ мабал кæнæн. Дигорай ма нæ хæццæ не 'рвадæ Игори дæр райсдзинан æма Цъифгуни гъæумæ...

Куд баунафæ кодтан, уотæ бакодтан. Мæ машинæ æркосун кодтон æма сахати æрдæги фæсте Емзарети колдуармæ æрлæудтæн. Берæ хезун мæ нæ багъудæй. Цалдæр минуттей фæсте мæмæ Емзар, спортивон уæледарæс æ уæле, уотемæй рахизтæй æндæмæ.

– Æма дæ хъæппæлтæ дæр ку нæма раййивтай?

– Ани барæй искодтон, нæмгæ-нæмун мин æзмæлунмæ æнцондæр уодзæй. Дигорай ма нæбæл Игорь дæр бафтудæй æма æртемæй ранæхстæр ан Цъифгуни гъæумæ нæ сиахси нæмунмæ.

Фæсарæфтæмæ хæстæг адтайдæ, уотæ гъæугæронмæ бахъæрттан. Ци къанау си уайуй абузгæй, уоми дессаги хъумгонд.

– Емзар, уæд та нæхе расатæг кæнианæ аци дони, – сдзурдтон имæ æз.

– Нæ, гъæуама ибæл аци тæвдæй исæнбæлон, – адтæй æ дзуапп.

Цалдæр минутти ма рацудæй, æма æрлæудтан нæ сиахси колдуармæ.

Дзæнгæрæги къæпсур дæр нæ балхъивтан, уотемæй еци растæй банæхстæр ан тургъæмæ. Æзмæлæг си неке разиндтæй.

Бараст ан цæлгæнæнмæ. Нæ сиахси баййафтан диванбæл бадгæй. Телевизорæй цидæр ходæг равдист æвдистонцæ, æма ибæл къæл-къæлæй худтæй.

– Еунæгæй æрмæстдæр фæлтухъа фæхходуй æхебæл, – мæстмур-мур бакодта Емзар.

Еци дзурдтæ фегъосгæй, нæ сиахс æхе кæрззилд фæк-

кодта махæрдæмæ æма, æ бунатæй фесхъиуæгау кæнгæй, исдзурдта:

– Мæнæ ма, мæнæ? Замманай иуазгутæ! Кæдæй-уæдæй! Кæцæй фæцайтæ?! – æма нин фæлмæн къелатæмæ райамудта стъоли фарсмæ, æрбадайтæ, зæгъгæ.

– Не 'фсийнæ туканмæ рандæ 'й, нуртæккæ 'й ардæмæ гъæуй... – ниттухсæгау кодта æ фур æфсæрмæй нæ сиахс. Æхуæдæг ба рæуæг фæггæпп кодта, уазалгæнæнæй фиди дзæбæх хъуæл райста, духовкæй ба агъазиау фидикарст, фицæн тебæ æма фид кæрдунбæл фæцæй.

– Радзорайтæ, уе 'гас дæр, куд айтæ, ци хабæрттæ уæмæ ес... Мах дууæ зæронди ан æма æндæмæ уотæ арæх дæр нæбал æфтуйæн. Хуцау уи исарази уæд, уæддæр ма нæ уæхуæдтæ ке рабæрæг кодтайтæ.

Нæ сиахс уотæ карзæй архайдта æма нин нæ уозгалдæнгас лæдæргæ дæр не 'ркодта.

Уæдмæ нæ хуæрæ дæр цæлгæнæнмæ æрбахизтæй æма нæ ку рауидта, уæд сагъдауæй райзадæй фиццаг, уæдта нæ зæрддагонæй хеуони хъуритæ никкодта:

– Сумах ба ци Хуцау æрхаста? Кæцæй фæцайтæ? Куд?.. Ци?..

Æппунфæстаг Емзар, æ кеми раздæр æрцæугæй, исдзурдта:

– Мах ардæмæ фидикарст хуæрунмæ не 'рцудан, фал нæ фæндуй нæ сиахси æрфæрсун! Цæбæл дæ хохолæгæй маруй, цæмæн дæ аллихатт æфхуæруй, цæмæ дæмæ æ къох есуй, æви уотæ æнгъæлуй, æма æнæ неке дæ!

Нурма нур ракастæй æ лæги æрдæмæ нæ хуæрæ æма стъолæбæл хуæцæнгун тебæ ку æрæстæфтæй, уæдта, сонт гæпп фæккæнгæй, фæгъгъæр кодта:

– Нæмгæ?! Ка? Мæнæ-а – мæн? – еци дзурдти хæццæ стъолæй ревæд теби хуæцæнбæл фæххуæстæй æма си æ лæги фæсонтæн дзæбæх хæфт фæккодта. Лæг уой не 'нгъæл адтæй æма цума рагон донхæссæн адтæй, уой къæдзæ фæцæй.

– Дæу ба уазалгæнæнмæ æвналунмæ ци гъуддаг ес, дæ нихтæ силгоймаги гъуддæгти ци тъунсис, – зæгъгæ, бабæй æ галеу къохæй лæги уадолæн дзæхст.

Нурма мæ зæрдæбæл нур æрлæудтæй, нæ хуæри рагæй

дæр «галеу музухъ» ке худтон, е.

Фиди кæрститæ фæстæмæ целофан баркъимæ рамбурд кодта æма сæ уазалгæнæни райвардта:

– Бæдæйнаг, бавзарæд æма бандеуæд æ къох уотиддæр исæргъувун, кæддæра ин соги фадæггагæй æ астæутæ нæ ницъцъæлæ кæнинæ. Æндеугæ ба мæмæ бакæндзæй?!

Æма æцæгæй дæр нæ сиахс нæ хуæрæй æмбес ниллæгдæр адтæй. Æнæуой дæр ке ʼсирæзтæй, уæдта ма кæд исирæзуни зæрди адтæй, уæддæр æй нæ хуæрæ æхебæл исхуæцун ке нæбал бауагъта, е ни æцæгæйдæр байруагæс æй.

Нæ фур адæргæй кæрæдземæ бакастан æма æппунæрæгиау ба Игорь истудта æ реуи арфæй:

– Гъа, нæмуйнаг нæхе хуæрæ ку æй...

Нæ хуæрæн ба ма, æнгъæлис, бауорамæнтæ адтæй? Æ цæститæй æви е ʼвзагæй фулдæр цæхæртæ калдæй, е зин рартасæн адтæй.

– Цæуæнтæ афойнадæбæл, нæ сæртæ бафснайæн, цалинмæ нин нæхемæ дæр нæма фæккомкоммæ ʼй, уæдмæ, – сдзурдтон æз æма æгасей разæй ратагъд кодтон гъæунгæмæ. Мæ фур адæргæй мин дæгъæл машини дуари къумай цъаси бацæвун дæр нæбал æнтæстæй. Ку ранæхстæр ан, уæддæр ма цæлгæнæнæй æ гъæрвæдес цудæй, нæ фæсте кæсгæ дæр нæбал ракодта.

– Нæ хуæри ергъæв кæнунмæ æрцудан, ергъæвгæнгæ ба нин нæ сиахс рауадæй, – сдзурдта Игорь.

– Мæгурдæр фæууо, нæ сиахс, уæхæн агъуд берæгъи хæццæ æ царди бонтæ ка батудта, – тæрегъæдгæнæгау нийнæфтæй Емзар.

Æз ба неци дзурдтон, мæнмæ адтæй æрмæстдæр еунæг мæтæ, – мæ хуæри хæдзарæй куд тагъддæр райдарддæр уон... Мæ цæститæбæл ба гъазтонцæ нæ «нæмагæ» сиахси саудæппал фæсонтæ...

## САЛÆГАТИ ЗОЯ – 100 АНЗИ

*Устур курхон зунди хецау æма хуæрзуод силгоймаг, профессор, филологон наукити доктор, ци уодуæлдай фæллойнæ бакодта филологон наукæ никки бæрзонддæр къæпхæнмæ исесунбæл, уомæн аргъ искæнун хъæбæр зин æй. Æстæнтæн бантæсуй адæни зæрдитæмæ уотæ арф ниххезун. Зоя æхуæдæг куд уарзта Иристон, дууæ хатти фулдæр ба 'й уарзтонцæ иристойнæгтæ, уæдта айдагъ етæ нæ, фал æгас Уæрæсей ахургæндтæ-филологтæ дæр.*

*Æ берæ æнзти фæллойни туххæн ин æ рæстæги лæвæрд æрцудæй берæ аллихузон хуæрзеугутæ: майдантæ «За трудовое отличие», «За доблестный труд, в ознаменование 100-летия со дня рождения В. И. Ленина», «Ветеран труда», «Ревнителю просвещения. В память 200-летия со дня рождения А. С. Пушкина»; ЦИ АССР-и Сæйраг Совети Президиуми дууæ Кади грамоти; берæ æнзти уодуæлдай фæллойнæ ке фæккодта наукон-педагогон æма æхсæнади къабæзти, уой туххæн хуарзæнхæгонд æрцудæй УСФСР-и Паддзахадон комитети арфи гæгъæдийæй; кадгин нæмттæ «Уæлдæр скъолай отличник», «Уæрæсей Федераций уæлдæр профессионалон ахуради кадгин косæг»; 1995 анзи ин лæвæрд æрцудæй «РЦИ-Аланий науки æма техники æскъуæлхт косæги» ном; 2006 анзи ба райста «Уæрæсей Федераций науки æскъуæлхт архайæги» ном.*

*А рохс ном ин имисæн!*

*Редакци*



ГОСТИТИ Ларисæ

## НÆ КУЛЬТУРИ ЕУ ФÆЛХÆН

### 1

Аци мæйти сæдæ анзи æнхæст кæнуй зундгонд ахургонд-филолог, ЦИПУ-и уруссаг литератури кафедри профессор, РЦИ-Аланий социологон æма гуманитарон раæртæстити институти раззагдæр наукон косæг Салæгати Мирони кизгæ Зоябæл.

Æнæгъæнæ 61 анзей бæрцæ бакуста ЦИПУ-и филологон факультети ахургæнæгæй Зоя. Æ фæллойнадон биографи æй адæймаги зæнхон царди бæрцæ, растдæр зæгъгæй ба – нæ Фидибæсти историй еу хай, Иристони наукæ æма культурæн фæллæггадæ кодта æноси æмбеси бæрцæ. 100-анзиккон юбилеййи хатдзæгтæ искæнун æмбæлуй, адæймаг историй æма культури ци бунат ниййахæста, уомæн. Цард равдиста æнхæстæй, Зоян ци бантæстæй исаразун науки æма сфæлдистади, уони науæрдзийнадæ. Рæстæг адæймагæн æ ругтæ æрæгъзалуй, æма ма си байзайуй æ кæдзос аппæ, цъарæ ба ин дунгæ ниффалгæрон кæнуй.

1946 анзæй ба 2007 анзей уæнгæ Зоя фæккуста студентти хæццæ. Фæстугъд анзи фиццаг хатт исхизтæй институти кафедрæмæ, æма ибæл цалинмæ 83 анзи рацудæй, уæди уæнгæ æ цард еугурæй дæр баст адтæй наукæ æма педагогон кусти хæццæ. Нæ республики фæстаг фæлтæртæй уæлдай, еугур студенттæ дæр адтæнцæ Зои къохæй рауагъд филологтæ. Сæ бæрцæ, тæккæ минкъийдæр, хъæртуй 5 мин адæймагемæ.

Бустæги цæмæдессаг ба адтæнцæ æ лекцитæ! Цидæриддæр фарста æвзаридæ, е студенти арф гъудитæбæл бафтауидæ, æ уолæвд бауорамгæй, студент лæмбунæг игъосидæ æцæг профессионалон дæсни дзорæгмæ. Абони дæр ма сæ зæрдитæбæл дарунцæ, Зоя ци сæрмагонд семинартæ æма курситæ саразидæ, уони. Сæдæгай æмдзæвгитæ ма гъуди кæнунцæ Пушкинæй, Лермонтовæй, Крыловæй. Семинарти рæстæг студенттæн баихæс кæнидæ ескæци финсæги тухæн эссе ниффинсун æма лекций дуккаг æмбеси ба сæ устур æхцæуæндзийнади хæццæ кæсун райдаидæ, æма æ цъухæй исервæзидæ: «Адæн ци курдиадгун фæуунцæ!» Уæлдай цæмæдесдæрæй ба е ’ргон æздахта, æмдзæвгитæ ка финста, еци райдайгæ автортæмæ: «Циуавæр æмдзæвгитæ æнцæ, е дессаг нæ ’й. Еугæрдæр адæймаг поэт æй, уæд иннети хузæн нæ ’й». Алкæддæр сæрустур адтæй, финсгæ ка кодта, æ еци студенттæй: Мæхæмæтти Ахурбегæй, Хъодзати Æхсарæй, Малити Васойæй, Джиккайти Шамилæй æма иннетæй, хуарз студентти алкæддæр æ зæрдæбæл дардта.

1946 анзи Зоя каст фæцæй Цæгат Иристони педагогон институт. Ахур кодта зæрдæргъæвдæй. Æхургæнгутæ адтæнцæ зундгонд, курхон. Зæгъæн, Нигер. Зоя фиццаг хатт фæууидта æ царди лæгæй-лæгмæ уодæгас поэт. Институт каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ æма си косун райдæдта. Уотемæй, лаборантæй исхизтæй профессори уæнгæ.

1947-1951 æнзти Зоя ахур кодта педагогон институти аспирантури. Æ равзурст дæсниадæ – «Уруссаг литературæ». Еци рæстæги уæхæн дæсниадæ нимад адтæй устур æскъуæлхтдзийнадæбæл. Профессор Л. П. Семенови разамундæй, æнтæстгинæй багъæуай кодта наукити кандидати диссертаци «Хетæгкати Къоста æма адæмон сфæлдистадæ» 1951 анзи Ленингради Наукити Академий Уруссаг литератури Институти, зундгонд Пушкини Хæдзæри.

Еци рæстæгути ирон адæмон сфæлдистадæ хецæн æмбурдгондæй уагъд нæма æрцудæй. Зои багъудæй архивти берæнимæцон æрмæгутæ къахун, ци æстæн тауæрæхътæ мухургонд æрцудæй, уони æвзарун æма бундорон кæнун.

Зоя æхуæдæг дæр берæ тауæрæхътæ ниффинста кадæнгæгæнгутæй. Берæ уарзта Салæгиауон хуæнхаг адæни хæццæ дзубанди кæнун, хестæрти фæрсун æма лæмбунæг финста, наукон æгъдауæй цæмæдессагæй цидæриддæр адтæй, уони. Нур дæр ма æ хæдзари цурхтитæй берæ æрмæгутæ лæууй.

Æма, æппунфæстаг, дæс анзей уодуæлдай фæллойни фæсте фæззиндтæй æ царди тæккæ ахсгиагдæр куст: «Ирон адæни сфæлдистадæ», дууæ томемæй.

Æ къохи бафтудæй еци берæнимæцон уадзимистæ жанртæмæ гæсгæ æреутæ кæнун, исредакци кæнун, комментаритæ син ниффинсун. Æ редактор ба адтæй Абайти Васо.

Еци доги хъæбæр зин адтæй уæхæн куст мухури рауадзун, уомæн æма наукон домæнтæмæ гæсгæ гъæуама текст мухургонд цæуа, куд финст æрцудæй кадæнгæгæнæги дзурдтæй, еци хузи. Уомæ гæсгæ ба ’й арæх багъæуидæ уæлдæр партион разамонгути цори æ наукон-эстетикон цæстингас багъæуай кæнуни сæрбæл тохун.

Уæлдæрлæууæг хецауадæ фарстонцæ: «Атемæй адæнæн лæдæрдгонд уодзæнцæ тексттæ?» – зæгъгæ.

«Куд нæ уодзæнæнцæ, сæхуæдтæ сæ не ’ргъуди кодтонцæ?» – уидæ æ дзуапп.

Уæлдæрлæууæг хецауадæ дæмдтонцæ, цæмæй киунуги ци дигорон æма къудайраг тексттæ ес, етæ ирон æвзагмæ тæлмацигонд æрцæуонцæ, Зояйн ба бантæстæй, оригинали ци хузи адтæнцæ, еци уагæбæл сæ ниммухур кæнун. Уомæй, сауæнгæ æ царди фæстаг бонти уæнгæ дæр Зоя æхецæй хъæбæр боз адтæй. Æма е æцæг устур адæймагæн æскъуæлхтдзийнадæ адтæй еци доги!

Зоя æ наукон, фольклорон æма диссертацион куст кодта институти лекцитæ бакæсуни фæсте, фулдæр ба – сæрдигон отпуски рæстæгути. Устур зæрдæхцæуæндзийнади хæццæ æнгъæлмæ кæсидæ сæрди ралæудмæ, уæд ин фадуат фæууидæ е ’ргон еугурæй дæр наукæмæ раздахунæн. Зæрди фæндон еунæг хатт дæр некæд бауолæфтæй. Мадта лекцитæ кæсун, семинартæ аразун дæр æнцон гъуддаг кæми адтæй.

Разамунд лæвардта студентти курсон æма дипломон куститæн, аспирæнттæн æма диссертаци бæгъæуай кæнунмæ æхе ка цæттæ кæнидæ, уонæн. Адтæй ЦИПУ-и литературæбæл диссертацион Совети иуонг.

10 анзей дæргъи разамунд лæвардта уруссаг æма фæсарæйнаг кафедрæн.

Сæрмагонд бунат ахæссунцæ, Зоя газетти фæрстæбæл ци æрмæгутæ ниммухур кодта, етæ. Сæ фулдæр адтæнцæ уруссаг финсгути туххæн. Бафеппайун æмбæлуй, еци рæстæги газети фæрстæбæл æрмæгутæмæ, уæдта сæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ уæлдай фулдæр домæнтæ æвæрд цудæй, уомæ гæсгæ ба сæ ниффинсун баихæс кæниуонцæ тæккæ фæлтæрдгундæр ахургæндтæ æма профессионалтæн.

Салæгати Зои æрмæгутæ хецæн кæнунцæ сæ лæмбунæг анализæй, арф бацудæй.

Зоя берæ дæсгай диссертацитæ æма киунугутæн ниффинста рецензитæ. Айдагъ 1995-2006 æнзти мухурмæ бацæттæ кодта 10 наукон кусти, 20 бæрцæ ба мухур никкодта.

Зоя алкæддæр уарзон адæймаг адтæй еугуремæн дæр, студенттæй райдайæ æма хестæр ахургæнтти уæнгæ: Æлборти Барис, Абайти Васо, А. Ф. Лосев, Л. П. Семенов æма иннетæн. Салæгати Зояйæн федар бастдзийнæдтæ адтæй Гурдзий, Кæсæг-Балхъари, Дагестани, Мæскуй, Ленингради финсгути хæццæ. Сæдæгай финстæгутæ ма абони дæр æвæрд æнцæ æ архивти. Уонæй дæр бæрæг æй, цæйбæрцæбæл зæрддагон син адтæй, æма ин æ бæрзонд профессионализмæн ци устур аргъ кодтонцæ, е. Устур аргъ ин кодтонцæ Абайти Васо æма æ цардæнбал Цхурбати Ксения. Ци дууæтомон рауагъд бацæттæ кодта, уомæн дæр Абайти Васо адтæй наукон редактор. Мæскуйæй Иристонмæ ку ’ссæуиуонцæ, уæд Зои фатер æнæбабæрæггæнгæ некæд адтæнцæ, æхуæдæг дæр сæ æнæргъудийæй некæд ниууагъта. Гъе уæхæн хæлар рахæстдзийнæдтæ адтæй дууæ бийнонтей æхсæн. Финстонцæ имæ нæ бæсти алли кæрæнттæй æ раздæри студенттæ. Зæгъæн, М. В. Гетмæн имæ финсуй Ленингради облæстæй: «Сумах адтайтæ мæ дипломон кусти наукон разамонæг: «Пушкини уадзимистæ аййевади». ЦИПУ каст фæдтæн дæс анзей размæ, фал алцидæр гъуди кæнун. Мæ дипломон кусти еу хай ниффинстон æмдзæвгитæй. Аци æмдзæвгæ ба финст æй

дæу номбæл. Финст æрцудæй 1987 анзи, фал æрмæстдæр нур мæ нифс бахастон уой сумахмæ рарветунмæ. Æмдзæвгæ хуннуй «Иристон – дзæнæти минкъий бæстихай».

Дæсгай киунугутæ сæ авторти къохфинстити хæццæ авæрд æнцæ æ берæнимæцон киунугути æхсæн: «Зинаргъ Зоя Мирони кизгæн æ раздæри ахургæнуйнаг, нур ба филологон наукити доктор, Мæскуй Паддзахадон университети профессор Е. А. Тахо-Годи-æй».

## 2

## Еу æнтæстæй – иннемæ

Салæгати Мирони кизгæ Зоя (1924-2011) – литературæ æртасæг æма фольклорист, филологон наукити доктор, профессор, Уæрæсей Федераций æма РЦИ-Аланий науки скъуæлхт архайæг.

Зоя æ рæстæги ниммухур кодта 100 наукон кусти. Етæ хаунцæ литературæ æма фольклормæ, уруссаг, гурдзиаг æма цæгат-кавказаг адæнихæттити литературити хæццæ баст фарстатæмæ. Уой уæлæнхасæн ма æй æртæ монографий автор.

1959 анзи мухури рауагъта æ ахсгиаг куст: «Хетæгкати Къоста æма адæмон исфæлдистадæ». Уоми лæмбунæгæй равзурста, ирон æвзаг æма литератури бундорæвæрæг Хетæги-фурти уадзимистæ адæмон сфæлдистадæ æма Нарти кадæнгити хæццæ куд æнгон баст æнцæ, уой. Зоя куд рартаста, уотемæй Къоста устур аргъ кодта нарти кадæнгитæн æма сæмæ арæх раздæхидæ, уæлдайдæр ба адæн сæ бартæ æма сæребарæдзийнадæбæл кæми тох кæниуонцæ, бæгъатæрдзийнадæ æма райгурæн бæстæбæл еузæрдиуондзийнадæбæл кæми седидæ, æма мæлæтæй тас æгадæдæр ке æй, уобæл кæми дзоридæ, æ еци уадзимисти. Уонæй еу æй, Къостайæн æрдæг финстæй ци поэмæ байзадæй «Кæуæг айнæг», е дæр.

1961 анзи ба мухури рауагъта дууæ томи: «Ирон адæмон исфæлдистадæ». Уордæмæ хаст æрцудæнцæ, ирон адæни дзоргæ сфæлдистади цидæриддæр адтæй хуæздæр æма аййевадон æгъдауæй æнхæстдæр, еци уадзимисти фулдæр

хай. Берæ хъиамæттæ бакодта Зоя, еци дууæ томи рауадзунбæл. Багъудæй æй дзæвгарæ рæстæгутæ архивон фондтæ исфæлдахун. Еци рауагъд устур фæззинд адтæй ирон фольклористики. Зæгъæн, фиццаг томмæ бахаста 102 кадæнги Нарти эпосæй, наукон зонадæмæ бахаста нæуæг мотивтæ æма сюжеттæ, уæди уæнгæ мухургонд ка некæдма æрцудæй, уæхæнттæ.

Æ монографи «Нузали финститæй – романмæ» (1984), зæгъгæ, уой фиццаг хаййи рахецæн кодта мифологи æма фольклори медрахуæцæнтæ, фæстæдæри ирон прозæбæл куд æма ци хузи исахедудтонцæ, еци фарстатæ.

Устур æргон æздахта ирон нарти кадæнгити мифологон мотивтæ рартасунмæ. Лæмбунæг равзурста В. Ф. Миллер, Ж. Дюмезиль æма Абайти Васой куститæ. Етæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй ирон мифологий уедæгтæ комкоммæ баст æнцæ скифаг-сарматтаг æма аланти историй хæццæ. Куд рартаста, уотемæй ирон Нарти кадæнгити байзадæнцæ скифаг тауæрæхъти æма фæлгонцти хузтæ, кæцитæ баст æнцæ, ирон адæн Кавказмæ ку æрбафтудæнцæ, еци доги хæццæ.

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

## ФÆЗЗЫГОН ЭЛЕГИ

Мæ кæддæры ахуыргæнæг
Салæгаты Зояйы
рухс ном дзы арын

Нæ фæззæг, оххай, азæронд æваст,
йæ дуг уыди ыскаст æмæ ныккаст.
Фæтахтысты зæрватыккæй, зырнæгæй,
æмæ та дуне аззади быгъдæгæй.

Мæ зæрдæ ма мынæг рухсæй сыгъди,
мæ туджы ма мæнгæфсон цин уыди.

Цы фæци ныр, цы бæстæм æй фæхастой?
Уæууау, йæхи мын бакодта мæ ахстон
налат æвдиу... Кæм агурон æххуыс?
Тæккæ знон та фæкъахыр и мæ ныфс:
мæ ахуыргæнæг Салæгон дæр нал ис,
йæ сыгъдæг уд ын аныхъуырдта сау низ.

Цæрæм... Цæуæм куыдхуыздæрæй мæрдтæм.
Нæ сæфты радмæ хъахъдзыхæй кæсæм.

...Ныццыбыр бон, ныдздзигло и, ныттар.
Хъуынджынхъус уæйыг ДАРГЪ ÆХСÆВ – æлдар.

2011.23.11

МÆХÆМÆТТИ Ахурбег

## МАДДÆЛОН ÆВЗАГБÆЛ ЕУЗÆРДИУОН

Филологон наукити доктор, профессор, Цæгат Иристони гуманитарон æртасæн институти раззаг наукон косæг Салæгати Мирони кизгæ Зои ном устур кадæ æма æхцæуæндзийнади хæццæ абони дæр ма имисунцæ нæ республики сфæлдистадон интеллигенци.

Цæгат Иристони педагогон институт æнтæстгинæй каст фæуугæй, æ цард дæргъвæтийнæ рæстæгути баст адтæй æ уарзон уæлдæр ахурадон уагдони хæццæ. Дæс анзей дæргъи уруссаг æма фæсарæйнаг литератури кафедри сæргъи лæугæй, Зоя Мирони кизгæ наукæмæ æрбахудта дзæвгарæ фæлтæр, рохс æма æнтæстгин федæн кæмæн адтæй, æма етæ абони иссæнцæ сæхуæдтæ фæлтæрдгун специалисттæ.

Еци рæстæгути æ редакцигондæй мухури рацудæй наукон уацгъудити 4 æмбурдгонди. Уонæмæ хаст æрцудæнцæ науки бæрзонддæр стъалутæ, академиктæ Трубачев æма Чикований оригиналон куститæ дæр.

Цæгат Иристони паддзахадон институти, фæстæдæр ба университети, Салæгати Зои багъудæй берæ аллихузон курситæ кæсун: «Рагон уруссаг литературæ», «Фольклор», «Уруссаг литератури истори», «Уруссаг литературон критики истори», «Толстой уруссаг критики» æма берæ æндæр темитæ. Етæ се ’гас дæр адтæнцæ алкæддæр бæрзонд уагæбæл нивæнст, сæ гъуди – цæмæдессаг, наукон æгъдауæй – медес-

гун. Æ лекцитæ ма ин абони дæр устур æхцæуæндзийнади хæццæ æримисунцæ нæ республики сæдæгай филологтæ, кæцитæн фадуат адтæй еци æнзти дæргъи уой дзубандитæмæ игъосунæн.

Устур наукæмæ ба æ фæндаг райдæдта, хъæбæр хуарзт бæрæггæнæнти хæццæ æ наукити кандидати диссертаци ку багъæуай кодта Ленинградi, Наукити Академий уруссаг литератури институти (Пушкини хæдзари), уæд уой фæсте. Уæд æригон аспиранткæбæл цудæй 28 анзи. Салæгати Зоя лæмбунæг раæртаста ирон литературæ æма æвзаги бундорæвæрæг Хетæгкати Къостай сфæлдистадæ æма адæмон сфæлдистади бастдзийнæдтæ.

Еци устур наукон æскъуæлхтдзийнадæ уотид хумæтæги нæ бафтудæй æ къохи. Зоя адтæй тухгин профессор Л. П. Семенови гъуддаг идарддæр хæссæг, Л. П. Семенов ба адтæй æ наукон разамонæг. Салæгати Зои къохи уæхæн устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ке бафтудæй, уоми фæстаг бунат нæ ахæссуй æ наукон консультант, редактор æма хуарз хестæр профессор Абайти Васо дæр.

Фæстæдæр Салæгати Зоя æнтæстгинæй багъæуай кодта Мæскуй Наукити Академий цори дуйнеон литератури институти æ доктори диссертаци: «Ирон прози райрæзт æма æ хæццæ баст фарстатæ». Салæгати Зоя куд исбæлвурд кодта, уотемæй ирон прозæ, раздæр куд нимад цудæй, уотæ XIX æноси не 'сæвзурдæй, фал XVIII æноси райдайæнти.

Абони Зоя нимад цæуй Уæрæсей хуæздæр эксперттæй еуебæл цæгат-кавказаг æма кавказаг-уруссаг литературити бастдзийнæдтæ æртасуни гъуддаги. Æй диссертацитæ æма киунугути рецензент, разамунд дæттуй аспиранттæ æма æригон ахургæндтæн.

Салæгати Зоя æй 3 монографий автор: «Хетæгкати Къоста æма ирон адæмон сфæлдистадæ», «Цуппар этюди ирон прози туххæн», «Нузали къохфинстæй романи уæнгæ». Уой уæлæнхасæн ба ма ниффинста сæдæгай наукон статьяй, уони хæццæ ирон литератури классиктæ Бритъиати Елбиздухъой, Цæликкати Ахмæти æма æндæрти туххæн.

Салæгати Зоя устур уодуæлдай хъиамæт бакодта Хетæгкати Къостай фондзтомон рауагъд мухурмæ бацæттæ кæнуни гъуддаги, сæрмагондæй ба исаразта 3-аг том.

Зои къохи бафтудæй къохфинститæмæ гæсгæ Къостай финст пьесæй æнæгъæнæ скъуддзаг фæстæмæ исраст кæнун. Еци пьесæ уомæй размæ мухургонд некæд æрцудæй.

2002 анзи мухури рацудæй ирон литературæ æма журналистики классик Цæликкати Ахмæти уадзимисти æнхæст æмбурдгонд (фиццаг хатт). Киунугæн бæстон раздзурд ниффинста Салæгати Зоя. Еци уацгъуди адтæй, уæрæсейаг кæсæг фиццаг хатт ци нæуæг автори хæццæ базонгæ 'й, уой цард æма сфæлдистадæбæл дзорæг.

Фал уæддæр адæнæн бустæги уарзон ба Зоя иссæй, «Ирон адæмон сфæлдистадæ» дууæ томемæй ке бацæттæ кодта мухурмæ, уой фæрци. Редактор ин адтæй Абайти В. И.

Е адтæй, ирон адæмон хæзнадони цидæриддæр ес хуарзæй æма цæмæдессагæй, уони еумæйаг æмбурдгонд. Ардæмæ хаст æрцудæнцæ аллихузон жанртæ: бæгъатæртæбæл искон зартæ, æмбесæндтæ, бацеутæ æма тауæрæхътæ, кадæнгитæ.

1990 æнзти ба ма ибæл нæуæгæй кустгонд æрцудæй, ци берæ аллихузон æрмæгутæ ма æмбурдгонд æрцудæй, уонæй дæр æнхæстгонддæрæй, æма дуккаг рауагъд рауадæй никки цæмæдессагдæр. Банимайæн ин ес ирон дзурди хæзнадонæбæл.

Салæгати Зоя æй, скурдиадæ Хуцауæй лæвæрд кæмæн æй, уæхæн литературæ æртасæг, гуманист. Æ фæлмæн зæрдирахастдзийнади фæрци, æ уоди æнæкæрон гъардзийнадæй еу æма дууæ адæймагей хъисмæт нæ ниллух кодта рахезæрдæмæ сæ царди. Алкæддæр адæймаги уоди медæги æ бон рартасун адтæй сфæлдистади скъæрнæг, æнæхийнæ, кæдзос зæрдæ адæймаг æма æцæг интеллигент.

Æ кæддæри ахурдзаутæй беретæ абони иссæнцæ скъолати ахургæнгутæ, паддзахадон оргæнти бæрзонд бунæтти косгутæ, æхсæнади раззагдæр мийнæвæрттæ.

Салæгати Зоя æ цард дзæгъæли нæ батудта, æ еугур хъауритæ дæр нивондæн æрхаста адæни зонундзийнæдтæ бæрзонддæр кæнунæн. Уæхæн адæймæгутæ ба дзиллити зæрдити æностæ цæргæй байзайунцæ.

*Газет «Советон Иристон», 2004 анз, 14 февраль*

ТМЕНАТИ Дзерассæ

## АХУРАДИ ЗЕУУОН

Ирон филологон науки райрæзти хæццæ ци устур ахургæндти нæмттæ баст æнцæ, уони æхсæн сæрмагонд бунат ахæссуй филологон наукити доктор, профессор Салæгати Мирони кизгæ Зоя.

Зоя райгурдæй Цæгат Иристони хъаллæ Николаевски, службæгæнæги хæдзари. Фæстæдæр æ бийнонтæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Киристонгъæумæ, уой фæсте ба – Владикавказмæ.

1932 анзи Зоя бацудæй 1-аг къласмæ Дигорай, каст ба фæцæй г. Владикавкази 6-аг скъола хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. 1943 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони педагогон институти филологон факультетмæ. Аци факультет хумæтæги нæ равзурста æригон кизгæ. Сауæнгæ æ минкъиййæй фæстæмæ дæр берæ уарзта адæмон тауæрæхътæмæ игъосун, æ фиди мадæ ин арæх дзоридæ адæмон зартæ, аргъæуттæ, æмбесæндтæ.

Институт каст фæууни фæсте æригон дæсни ахургæнæги косунмæ райстонцæ психологий кафедри лаборанти бунатмæ. Еци-еу рæстæги ма куста горæти 13-аг скъолай ахургæнæгæй дæр.

1947 анзи бацудæй аспирантурæмæ æма 1951 анзи ба багъæуай кодта филологон наукити кандидати ном. Æ диссертацион куст адтæй: «Хетæгкати Къоста æма ирон адæмон сфæлдистадæ».

1957 анзæй фæстæмæ æ цард, æ куст баст адтæнцæ Цæгат Иристони Паддзахадон институти (фæстæдæр – университет) хæццæ. Уруссаг литератури кафедри куста раздæр

ассистентæй, хестæр ахургæнæгæй, фæстæдæр ба – доцентæй. 1962 анзи ба æййивд æрцудæй еци кафедри хестæр наукон косæги бунатмæ. 1969 анзæй фæстæмæ – уруссаг æма фæсарæйнаг литератури кафедри сæргълæууæг. Бакуста си дæс æнзей бæрцæ. 1990 анзи ба багъæуай кодта филологон наукити доктори диссертаци Мæскуй М. Горькийи номбæл литературон институти.

Фондз мæйей фæсте иссæй филологон наукити доктор.

Салæгати Зоя айдагъ дæсни æма фæлтæрдгун ахургæнæг нæ адтæй, фал ма хуæрззæрдæ, рæстуод æма кæстæр фæлтæрбæл ауодæг адæймаг дæр.

Разамунд лæвардта, дипломон æма курсон куститæ ка финста, еци студенттæн, аспиранттæн æма диссертацитæ багъæуай кæнунмæ æхе ка цæттæ кодта, федæни еци ахургæндтæн. Берæ æнзти дæргъи адтæй Паддзахадон фæлварæн къамиси иуонг, дæсни эксперт. Æхуæдæг ци наукон æрмæгутæ ниммухур кодта, уони нимæдзæ хъæртуй сæдемæ. Уæдта сæ бæрцæ куд берæ æй, науки сæ уæзæ дæр уотæ устур æй.

1959 анзи ма, хуæрзæригон ку адтæй, уæд ниммухур кодта æ фиццаг монографи «Хетæгкати Къоста æма адæмон сфæлдистадæ». Еци киунугæ ма абони дæр нимад цæуй Къостай сфæлдистадæ æвзарунади тæккæ ахсгиагдæртæй еуебæл.

1970 анзи ба Зоя рауагъта æ иннæ монографи: «Четыре этюда осетинской прозы». Ами Зоя исбæлвурд кодта, ирон прозæн райдайæн сауæнгæ 18 æносæй ке цæуй æма адæмон сфæлдистади хæццæ комкоммæ баст ке æй, еци фæткæвæрд.

Фæстæдæр еци темæ арфдæр æртасгæй, Зоя исбæлвурд кодта, дигорон финсуйнадæ никкидæр раздæр ке фæззиндтæй, уой. Уомæн дæнцæгæн æрхаста Зеленчукки циртбæл къохфинст – X æнос, аланти арфитæ æмдзæвги хузи – XII æнос, ирон æвзагбæл Тырсыгоми финст – XIV æнос, Хæзнидони циртитæбæл финститæ – XVIII æнос. Етæ еугурæй дæр дзорæг æнцæ, нæ маддæлон æвзагбæл финст текститæ недзамантæй абони уæнгæ æмбаст ке æнцæ литературон традицитæбæл, уобæл.

Салæгати Зоя бацæттæ кодта мухурмæ Къостай æнхæст уадзимисти 3-аг том. Æ редакцигондæй рацудæнцæ мухури цуппар киунуги, литератури хæццæ баст æрмæгутæ си, уотемæй.

Уруссаг æма фæсарæйнаг литературити кафедри косгæй, кастæй лекцитæ уæхæн темитæбæл: «Уруссаг фольклор», «Уруссаг литературæ 19-аг æноси», «Уруссаг критики истори», «ССР Цæдеси адæнихæттити литературæ», «А. С. Пушкин æма Кавказ», «Л. Н. Толстой уруссаг критики» æма нæхе финсгути сфæлдистадæбæл: Малити Геуæрги, Коцойти Арсен, Бритъиати Елбиздухъо æма уотæ ид.

Уогæ Салæгаони интерестæ æрмæст литератури хæццæ баст нæ адтæнцæ.

2008 анзи мухури рацудæй дуккаг æнхæстдæргонд редакцийæй Зои æнæмæлгæ, æма аргъ кæмæн нæййес, еци киунугæ «Ирон адæмон исфæлдистадæ» 2 томемæй. Фиццаг томмæ хаст æрцудæнцæ Нарти æма Даредзанти кадæнгитæ, героикон зартæ æма тауæрæхътæ. Ардæмæ хаст æрцудæнцæ, уæди æгъонмæ мухургонд ка некæд ма æрцудæй, уæхæн мотивтæ æма сюжеттæ дæр.

Дуккаг томмæ бацудæнцæ тауæрæхътæ, аргъæуттæ, зартæ, гъарæнгитæ, сувæллæнтти фольклор æма æндæр æрмæгутæ.

Еци дууæтомон киунуги кой еске ку искæнуй, уæд фиццагидæр нæ цæститæбæл рауайуй Зои сорæт. Æнæмæнгæ, устур байвæрæн бахаста Зоя Мирони кизгæ нæ национ культури ирæзтмæ. Устур æнцæ æ берæнимæцон лæггæдтæ. Уомæ гæсгæ уотæ уарзон адтæй æгас Иристони цæргутæн дæр.

*Аци æрмæг ист æрцудæй «Владикавкази наукон центри Вестник»-æй.*

## САЛÆГАТИ ЗОИ НАУКОН КУСТИТÆ

1. Хуæнхаг силгоймаги сорæт Хетæгкати Къостай сфæлдистади. Мах дуг, 1949 анз, № 10.

2. Хетæгкати Къоста æма Нарти кадæнгитæ. Мах дуг. 1995 анз, № 4.

3. Хетæгкати Къоста æма адæмон исфæлдистадæ. Ленинград. ССР Цæдеси Наукити Академий Уруссаг литератури институт. 1951 анз.

4. Хетæгкати Къоста æма адæмон сфæлдистадæ. Социалистон Иристон, 1953 анз, № 67.

5. Хетæгкати Къостай басняти адæмон бундор. Мах дуг. 1953 анз, № 6.

6. Дууæ æнсувæрон республикити литературити хæлардзийнадæ. Социалистон Иристон. 1954 анз, № 103. (Уруссаг æма украинаг литературити бастдзийнади туххæн).

7. Ирон скъолати кæсуни киунугæ 6-аг къласæн. (Исарæзт, комментаритæ, ихæслæвæрдтитæ, ирон-уруссаг дзурдуат). Арæзт æрцудæй П. Д. Богданови хæццæ еумæ. Цæгат Иристони киунугæуадзæн «Ир». 1955 анз.

8. Адæн имисунцæ Къостай. Æригон коммунист 1955 анз, № 7.

9. Кæсуни киунугæ 6-аг къласæн. Киунугæуадзæн «Ир», 1956 анз. (Дуккаг æнхæстдæргонд рауагъд).

10. Хетæгкати Къостай историон поэмити адæмон бундор. Социалистон Иристон. 1956 анз, № 55.

11. Къоста – революцион демократ. Социалистон Иристон. 1956. № 67.

12. Адæмон заргæнæг Къостай сфæлдистади. Æригон коммунист. 1956 анз, № 126.

13. Хетæгкати Къоста æма ирон адæмон сфæлдистадæ. (ЦИНИ-й наукон æртасæн конференций хатдзæгтæ). Киунугæуадзæн «Ир». 1956 анз.

14. Туати О. Н. ном имисгæй. ЦИ АССР-и педагогон институти ахургæндти финститæ. 1956 анз. Дуккаг рауагъд. Т. XXI.

15. Кавкази темæ уруссаг литератури æма Къостай сфæлдистади. (Джусойти Нафий киунуги фæдбæл рецензи. Социалистон Иристон. 1956 анз. № 158).

16. Хетæгкати Къоста æма ирон адæмон сфæлдистадæ. Цæгат Иристони киунугути рауагъдадæ. Орджоникидзе, 1959 анз.

17. Къостай поэмæ «Хетæг». ЦИ АССР-и педагогон институти ахургæндти финститæ. 1959 анз, т. XXIV.

18. Къоста æма уруссаг литературæ. Альманах «Советон Иристон». 1959 анз, № 14.

19. Адæмон сфæлдистадæ Хетæгкати Къостай поэзий. ЦИ АССР-и киунугæуадзæн «Ир». 1959 анз.

20. Къоста æма уруссаг литературæ. Рæстдзинад, 1959 анз, № 183.

21. Хетæги тауæрæхъ. Социалистон Иристон. 1959 анз, № 131.

22. Адæн зарунцæ сæ фæтæгбæл. (Ленини зар). Социалистон Иристон. 1959 анз, № 80.

23. Адæмон хæзнатæ. Альманах «Советон Иристон». № 17.

24. Леонид Петри фурт Семенов. ССР Цæдеси наукити Академий рауагъдадæ, Æвзаг æма литератури хаййадæ. 1960 анзи дуккаг рауагъд, XIX.

25. Евгъуд æнзти зартæ. (Киунугæ саразун, раздзурд æма комментаритæ. ЦИ АССР-и киунугæуадзæн «Ир», 1960 анз).

26. Уодти æмхæстæгдзийнадæ. (Чехов æма ирон литературæ). Социалистон Иристон, 1960 анз, № 20.

27. Хетæгкати Къоста. Уадзимисти æмбурдгонд фондз томемæй. 3-аг том. (Текстти бацæттæ, сæ исаразун æма комментарити ниффинст). ССР Цæдеси наукити Академий рауагъдадæ. 1960 анз.

28. Хетæгкати Къоста. Уадзимисти æмбурдгонд фондз томемæй. 3 том. Текстти бацæттæ, сæ исаразун æма комментарити ниффинст. ССР Цæдеси Наукити Академий рауагъдадæ. 1960 анз.

29. Ирон адæмон сфæлдистадæ. (Абайти В. И. редакцигондæй. Сæ исаразун, раздзурд æма комментаритæ). ЦИ АССР-и киунугæуадзæн «Ир». 1961 анз. 1-аг том.

30. Ирон адæмон сфæлдистадæ. (Абайти В. И. редакцигондæй. Киунуги исарæзт, æрмæгути бацæттæ, комментаритæ, дзурдуат, ирон фольклорæн библиографи). ЦИ АССР-и киунугæуадзæн «Ир». 1961 анз. 2-аг том.

31. Цитгин уруссаг критик. (В. Г. Белинскийбæл 150 анзи сæнхæсти бонмæ). Социалистон Иристон. 1961 анз. № 317.

32. Украини адæмон поэт. Т. Г. Шевченкой рамæлæтбæл 100 анзи рацæуни бонмæ. Социалистон Иристон. 1961 анз. № 58.

33. Тохи поэзи. (А. Герцени райгурдбæл 150 анзи сæнхæсти бонмæ). Социалистон Иристон. 1962 анз, № 82.

34. Ахургонд æма педагог. (Б. И. Кондиевбæл 60 анзи исæнхæсти бонмæ). Социалистон Иристон. 1962 анз. 25 май.

35. Адæни хъисмæтбæл зарæг (Гæдиати Секъай рамæлæтбæл 50 анзи рацуди бонмæ). Социалистон Иристон. 1965 анз. № 169.

36. Коцойти Арсен. (Ирон советон литератури историй очерк. Киунугæуадзæн «Ир». 1967 анз).

37. Туати Д. А. Уадзимисти æмбурдгонд. 1-аг том. (Киунуги бацæттæ, комментаритæ). Орджоникидзе, «Ир» (Хæдарцати Ази хæццæ еумæ). 1969 анз.

38. Туати Д. А. Уадзимисти æмбурдгонд. 2-аг том. (Хæдарцати Ази хæццæ еумæ). Текcттæ мухурмæ бацæттæ æма комментаритæ. Орджоникидзе, «Ир». 1970 анз.

39. Цуппар этюди ирон прози туххæй. Орджоникидзе, «Ир». 1970 анз.

40. Хæмицати Тамарæ. Русанов И. К. «Вверх по Ирафу». Орджоникидзе, «Ир». 1971 анз.

41. Ацæмæзи зинвæндæгтæ. (Мæрзойти Сергейи повесть «Бундар»-и туххæн. Альманах «Литературон Иристон». 1971 анз, № 41.

42. Евгъуд доги зартæ. (Дуккаг æнхæстдæргонд рауагъд. Текститæ бацæттæ кæнун æма син комментаритæ саразун). Орджоникидзе, «Ир», 1974 анз.

43. Романи хæццæ нæуæг фембæлд. (Боцити Барони роман «Саст рæхис»-и туххæн). Альманах «Литературон Иристон». 1974 анз. № 43.

44. Литературæ æма эстетики ахсгиаг фарстатæ: уацгъудти æмбурдгонд. (Киунугæаразæг æма бæрнон редактор). ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1976 анз.

45. Нузали аргъауæндони финст: «Мах адтан фараст æнсувæри». (Литературæ æмæ эстетики ахсгиаг фарстати æмбурдгонд. Орджоникидзе. 1976 анз.

46. Литературити бастдзийнæдти фарстатæ. (Аразæг æма бæрнон редактор). ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1977 анз.

47. Ирон прозæ XVIII кæрони æма XIX æности райдайæни. ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1977 анз.

48. Литературæ æма эстетики фарстатæ. (Киунугæ аразæг æма бæрнон редактор). ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1979 анз.

49. Л. Н. Толстоййи публицистикæ ирон философ æма критик Гассити А. А. цæстингасæй. ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1979 анз.

50. Мифологи æма поэзи. (ЦИПУ-и наукон-æртасæн кустити конференций докладти тезистæ. 1979 анз. ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1980 анз.

51. Гассити В. З. «Ф. М. Достоевскиййи роман «Фудракæндæ æма æфхуæрд»-и арæзти сæйраг минеугутæ. (Методикон ахургæнæн киунугæ 3 хаййемæй). (Наукон редактор. ЦИПУ-и рауагъдадæ. Орджоникидзе. 1980 анз.

52. Барæвæрсугон скурдиадæ. Абайти В. И. райгурдбæл 80 анзи сæнхæсти бонмæ. Рæстдзинад. 1980 анз. № 176.

53. Жанри поэтикæ: Уацгъудити æмбурдгонд Абайти В. И. райгурдбæл 80 анзи сæнхæсти бонмæ. (Аразæг æма бæрнон редактор). ЦИПУ-и рауагъдадæ. 1980 анз.

54. Абайти В. И. – литературæ æртасæг. Жанри поэтикæ. Уацгъудити æмбурдгонд.

55. Мифологи æма фольклор.

56. Журналистикæ æма прозæ – ЦИПУ-и наукон конференций докладтæмæ тезистæ. ЦИПУ-и рауагъдадæ. 1981 анз.

57. Нузали финститæй – романмæ. Ирон прози ирæзти туххæн. Рауагъдадæ «Ир». Орджоникидзе. 1984 анз.

58. Л. П. Семенов. Литературæ æртасæг æма критик. (Л. П. Семенов – уруссаг литератури историк æма критик). ЦИПУ-и рауагъдадæ. 1980 анз.

59. Къоста Л. П. Семенови кустити (Л. П. Семенови наукон сфæлдистадæ æма Цæгат Кавкази литературити ахуркæнунади фарстатæ. ЦИПУ-и рауагъдадæ, Орджоникидзе. 1988 анз.

60. Ирон прози райрæзти хæццæ баст фарстатæ. (Филологон наукити доктори диссертаций автореферат. Мæску, 1989 анз. (ССР Цæдеси Наукити Академий А. М. Горькиййи номбæл дуйнеон литератури институт).

61. Фæсарæйнаг ирæнтти сфæлдистадæй. Цæликкати Ахмæт. (Фиццаг дейнеуон-медадæмон наукон конференци: Ирон æртасундзийнадæ æма нуриккон догæ). (Къохфинст).

62. Цæликкати Ахмæт. Журнал «Наш Дагестан». № 165-166. Махачкала. 1993 анз.

63. Ирон адæмон сфæлдистадæ 1-аг том. Дуккаг, æнхæстдæргонд рауагъд. (Абайти В. И. редакцигондæй). Владикавказ.

64. Ирон адæмон сфæлдистадæ. 2-аг том.

65. Хетæгкати Къоста. Уæдзимисти æмбурдгонд. 3-аг том. Текстти мухурмæ бацæттæ æма комментаритæ. Владикавказ. 2000 анз.

66. Малити Геуæрги. (Æрмæгутæ Уæрæсей адæнихæттити литературити энциклопедитæй). Мæску.

67. Бæхфæлдесун ирон адæнмæ. Пятигорск, 1977 анз.

68. Ирон литератури тæлмацгонд прозæ. Пятигорск, 1997 анз.

69. Бæхфæлдесун. Журнал «Ирæф». Владикавказ, 1997 анз, № 4.

70. Киунугæ фиццаг хатт исдзурдта иронау. Социалистон Иристон. 1998 анз. Владикавказ.

71. Фиццаг ниммухургонд киунугæ. Советон Иристон. Владикавказ. 1998 анз. 14 май.

72. А. С. Пушкин куд ахургонд цæуй Иристони (А. С. Пушкин æма Кавказ). (Къохфинст).

73. А. С. Пушкини сфæлдистадæ. Советон Иристон. 1999 анз. № 40.

74. А. П. Семенов. Пушкини туххæн. (Гъæуай æй кодта Кавказ, Кавказбæл зарæг). Киунугæ аразæг Бязæрти В. Т. Владикавказ. «Алани», 1999 анз.

75. Бритъиати Елбиздухъой «Амран» æма 20-аг æнзти критикæ. ЦИПУ-и ахургæндти наукон æрмæгути æмбурдгонд. 1999 анз. № 1.

76. А. С. Пушкини сфæлдистадæ Иристони ахуради ирæзти. ЦИПУ-и ахургæндти наукон æрмæгути æмбурдгонд. Вестник. 2000 анз, № 2.

77. Хетæгкати Къоста – литературон критик. Къостай райгурдбæл 140 анзи сæнхæсти бонмæ наукон конференций тезистæ. Владикавказ. 1999 анз.

78. Хетæгкати Къоста – литературон критик («Деденгути æнæмæлгæ бид»). Къостай райгурдбæл 140 анзи сæнхæсти бонмæ наукон конференций æрмæгутæ. Владикавказ, Проект-пресс. 2000 анз.

79. Ахургæнæги туххæн: «Æноси цауæйнон. Абайти Васой туххæн». Цæгат Иристон. 2000 анз. 17 ноябрь. № 218.

80. Мифологон мотивтæ Нарти кадæнгити. Владикавказ, 2000 анз.

81. Бритъиати Елбиздухъой «Амран» æма дуйнеон литературæ. Цæгат Иристон. 2000 анз. № 166.

82. Бритъиати Елбиздухъой «Амран æма 20-аг æнзти критикæ». Рауагъдадæ «Ир». 2001 анз (Бритъиати Е. цард æма сфæлдистади туххæн статьяти æмбурдгонд. Аразæг Хъантемурати Р. С.).

83. Гвардий капитан (Бутати Г. М. туххæн). «Мах дуг». 2002 анз. № 2.

84. Цæликкати Ахмæт. Равзаргæ уадзимистæ. Владикавказ. 2002 анз. Наукон редактор Кучити А. Г.

85. Абайти Васо æма литературæ. «Иристон». 2002 анз.

86. Малити Геуæрги. (Лæвæрд æрцудæй мухурмæ). «Вестник», ЦИПУ-и рауагъдадæ. № 3.

87. Туйгъанти Мухарбег æма адæмон сфæлдистадæ. (Мухурмæ цæттæгонд æрмæг).

88. Ирон литератури истори. 1-аг том. (Мухурмæ цæттæгонд).

89. Гуриати Т. А. – фольклорист. (Æвзаг, культурæ, коммуникаци). Владикавказ, ЦИПУ-и рауагъдадæ. 2007 анз.

# НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ

Владимир БУТЕНКО

## ДЖИПБÆЛ БАДÆГ КИЗГÆ

*(Идарддæр. Райдайæн 2023 анзи 4-аг номери)*

**5**

Хъалли фæсте еугай-дугаййæй зиннун райдæдтонцæ, зæрдæн ами ци алли туппур æма лæнцаутæ зундгонд адтæнцæ, етæ. Машинæй цалдæр ампъези раздæр æ хæццæ æмдзо кодта æ ауун нæуæг æвæрд асфальтбæл. Фæлабулай цидæр зиндтæй, уони схонæн адтæй еунæг дзурдæй: Фидибæстæ! Аци хъазахъаг бæстихаййæй райдæдта æ цардвæндаг, фæл кæд æма кæми фæуудзæнæй æ кæрон, уомæн ба Хуцау æ зонæг. Дуйней цæмæдессагдзийнадæ уой медæги æй, æма адæймаг æ царди райдайæн зонуй, æ кæрон ба ин нæ фæллæдæруй.

Игон къæразгæй медæмæ гулфæнтæ кодта тæвдæ, адæймаг идæф кæмæй кодта, еци уæлдæф æма уæлæнгай сор кодта, Андрейи цæсгон æма бæрзæййæй ци хед рагъардта, уой.

Æрвгæронбæл ци фæлмæ æртеголæ ’й, е зæнхи бауæр исуолæфун нæ уагъта. Надæй бунмæ фæрстæбæл мæрæ еугур къæдзал-мудзул æскъудтæ ниццæй. Сонтхурай тумбул сæртæ бустæгидæр сæ хъози бампулдæнцæ. Бустæги седзæрхуз ба зиндтæнцæ нартихуари æфсертæ, æнæ донæй ка ниххускъæ ’й, еци хъæлнæгътæбæл. 21-аг æноси дæр ма адæймаг æ устур техникон уæлахезти хæццæ æй æрдзон

фæззиндтити цори æдухæ. Волги донуати фæлабулайти зæнхитæ еугур æскъудтæ ниццæнцæ, Уæрæсей гъæдтæбæл цалдæр рауæнеми артиссугъдтитæ исхуæстæй. Уавæр берæ хуæздæр нæ адтæй Дони билгæрæнтти дæр. Фонси къуæрттæ сæ фур æстонгæй сæхе истонцæ надгæрæнттæмæ, æма рæбунти ци æрдæгхускъæ кæрдæги техалгутæ ирæзтæй, уони зудæ рæдувд кодтонцæ.

Над кæми фæуурдуг кодта æндзæрмæ, уоми дæр дзæвгарæ æргъау хизтæй. Андрейи цæстæ æрхуæстæй еу къуæцæлбæл хæцъели бастбæл. Бауорæдта, æркастæй имæ, æма разиндтæй нæ кæддæри Советон Цæдеси сурх туруса.

Гъонгæс имæ æхе разилдта æма ибæл фæттурк кодта: «Цæбæл гъæр кæнис? Дæу ба ци гъуддаг ес? Еци туруса райхалун, фонс нади иннæ фарсмæ ку фæттæрун, уæд. Машинттæ уомæй æруорамун».

Андрей лæмбунæгдæр æркастæй гъонгæси гурискондмæ. Бæзгин рехæй зиндтæнцæ æрмæстдæр æ фий æма цæститæ. Æ цубур хæлафæй зиндтæнцæ æ листæг зæнгитæ, хормæ ка сæййивта, еци майкæй лæдæрстæй æ хед.

– Нæ кæддæри цитгин бæсти турусайæй нин ци саразтай? – æ пурх ибæл ракалдта фæндаггон. – Дæхуæдæг Советон бæсти ку сгъонбæл дæ, уæд дæ сæрмæ куд хæссис уотитæ?

– Мæхе уагæбæл мæ ку ниууадзисæ, цалинмæ дæ хъæбæр идардмæ нæ рарвистон! Аци туруса мин колхозæй байзадæй æма си гъудтаги пайда кæнун...

– Паддзахадæ нимайун гъæуй!

– Кæци паддзахадæ? Нæуæг æви зæронд? – фæццурд æй гъонгæс. – Æма ’й цæй туххæн гъæуама уарзæн? Нæ хуарз царди туххæн? Ци сабурдзийнадæ æма гъæздуг царди цæрæн, уой туххæн? Колхози есбон ниффалгæрон кодтонцæ. Зæнхи гæппæлтæ адвокат æхебæл ниффедар кодта, æма æ кой, æ гъæр дæр некæцæйбæл игъусуй. Мах ба ма лæвар уæлдæфи хæццæ байзадан хъуахъхъæй. Уалдзæги нæхецæн исæвзурстан нæ хæдзарадæн директори, тæрхондонæ ба нин нæ унафæ æнæрастбæл банимадта. 17 анзи бакустон механиккæй хутæдарæн комплекси. Нур ба мæ уæлдæр ахуради хæццæ мæнæ гъоцити къæдзилттæ æздохун. Мæхе ба уомæн нæ дасун, цæмæй мæ мæ рагон зонгитæй маке бафæсмæра... Ду ба мин мæ фæснад фæсонтæбæл цæнхæ рæгæнис!

Гъонгæс, турусай хæццæ бæхъæ æ рагъмæ сæргъувта, е думгæмæ ниффелудта, уотемæй æргъауи разæй ранæхстæр æй, мæнæ цума раздæриггон доги паради цудæй, уоййау.

Бæрзонд тегъæй фæлгæсгæй, дæлиау æндзæри цæстити рази байгон æй цæугæдони фæйнæ фæрстæмæ алæмæттаг дуйне. Идарди æртæ хъаллеми зиндтæнцæ гъæунгтæ хæдзæртти хæццæ. Бериловкæ æринцадæй туппурти бунмæ, цæгаттаг думгæ æй кæми нæ гъигæ дардтайдæ, уæхæн рауæн, скæсæнæрдигæй ба æ кæрон хъæрттæй Лазорихи цæугæдони билгæронмæ. Лæги зæрдæбæл цидæр æхсицгондзийнади уолæн рацæйкалдæй.

Еци усми машини цуд куддæр фæссидз-мудзи æй, уæдта надгæронмæ рахизтæй. Андрей ралæдæрдтæй, æ сæр куд разилдæй, уæдта æ бауæр куд æрлæмæгъ æй, уой. Æ скорост фæууæгъдæ кодта æма урдугмæ æхе цудæй гъæдæрдæмæ ратулдæй. Æвæдзи бабæй æ тоги æлхъивдадæ исбæрзонд æй, æ зæрди гæбар-губур ин æ гъостæ æхгæдта. Еуæрдигæй æй хори тъанг тухсун кодта, иннердигæй ба еци кари лæгæн æхсæз сахатти рульбæл бадун дæр æнцон кæми адтæй.

Хуасти къоп райхалдта æма сæмæ кæсгæ бæргæ кодта, гъæугæ хуасæ иссерун ба æ бон н' адтæй. Æппунфæстаг цъæх таблеткæ æ гъæлæси бакодта æма ин æ фæсте ба мæтъæл нарзан ниххупп кодта. Æ уолæвд ин æхгæдта амброзий ругæсмаг, уоддæр дзæхæрадæнтти архайдтонцæ силгоймæгтæ. Бæрæг адтæй, фæззæг æ бартæ дæдтунмæ ке нæма гъавуй, е. Жигули ба лæудтæй кæрзæ бæласи бунмæ аууони.

Андрейи зæрдæбæл æрбалæудтæй, дохтур ин ке фæдзахста, еци дзубанди, гъома, нез дæ ку батухсун кæна, уæд ести хуарз имисуйнæгтæ æрлæуун кæнисæ дæ зæрдæбæл. Æма Андрей дæр æ мади æримиста. Æ хъазар адæймаги фæлгонц æ цæстити цори æристадæй: фæлмæн дзорагæ, алцæбæл мæтæгæнагæ, дуйне фæлабулай кæмæй ниррохс уидæ, æригонæй фуррæсугъд ка адтæй, фæстагмæ ба æнæ лæдзæги æнцойнæй цæун ка нæбал фæразта, æ еци ниййерæг. Мади уарзт нецæй хæццæ ес рабарæн. Æма ма цалинмæ æ мадæ æгас адтæй, уæдмæ æ царди алцидæр рæстæрдæмæ зилдæй. 1991 анзи ку нæбал адтæй, уæдта æ гъуддæгутæ дæр еугур гæлеритæ ниццæнцæ, зæнхæ æ буни фæркæскъудтæ кæнун райдæдта.

Æ уомæл цæститæ æрæхгæдта æма бангъæлмæ кастæй, кæд ин фенцондæр уодзæй, уомæ. Æхецæн гъудитæ кодта, кæсалгæ ахæссунмæ кумæти цæудзæнæй... Æвæдзи, Бирючи хъулуфтæмæ... Уордæмæ Марини хæццæ арæх цудæнцæ дууемæй, уой фæсте ба косгæ дæр кодтонцæ нæуæгдзаути лагери.

Æма бабæй нæуæгæй æ цæстити рази æристадæй Марини сорæт. Уингæ ба æй кодта, тæккæ сæ фиццаг фембæлди æй ци хузæнæй бафæсмардта, уæхæнæй.

Маринæбæл сæнбалдæй, æ зæрдæ æ тæккæ сонтбæл ку адтæй, еци рæстæгути. Уæд имæ уотæ кастæй, цума хонхи сæрти дæр багæпп кæндзæнæй. Еудадзугдæр гъуди кодта историй ахургæнæги кадæ бæрзонддæр æмвæзадæмæ исесунбæл, Михаил Ефими фурти хузæн ести нæуæг методикæ æргъуди кæнунбæл.

Æма кæд скъолай директор карзæй дæмдта ахурадон программи домæнтæ æнхæст кæнун, уæд Андрей ба сосæггити фæлварæнтæ кодта æхе сæрмагонд методикæ исфедар кæнунбæл. Уомæ гæсгæ ба æ кусти арæх пайда кодта, хъæбæр æстæн ци киунугутæ иссæй, уæхæнттæй...

Æригон кизгæ ахургæнгути азгъунстмæ æрбацудæй февради бæнттæй еуеми сæумæй. Аййев гурæ, æ ростæ гæзæмæ басурх æнцæ, æ сæрбæл – уорс цъинда ходæ, æ уæле – шубæ. Æ ходи бунæй ба зиндтæй дууæ биди бантикти хæццæ. Цума ахургæнæг дæр нæ адтæй, фал хестæр къласти ахурдзау, уотæ фæккастæй Андреймæ сæ фиццаг фенбæлди. Никки ба ма æ медзæрди банкъардта, цидæр æнахур хузи ке исгупп-гупп кодта æ зæрдæ, уой дæр. Æррæстæ имæ кастæй æма идзулдæй.

– Маринæ Сергейи кизгæ, – базонгæ æй кодта директор ахургæнгути хæццæ.

Æ фезмæлд, æ цъухи исдзурд цидæр хемæлвасагæ адтæй. Алци æстæфагæ ахургæнгути цæстингасæй неци баримæхсдзæнæ. Уайтæккидæр рахаттонцæ, аци кизгæ, университет фæууæг къленцтæй ке нæ æй, фал сæрбонзонгæ æма æгъдаубæлхуæст уодгоймаг ке æй, уой. Сауæнгæ ма æй скъолай ахурадон хайади сæргълæууæг æхуæдæг дæр раппæлдтæй, цалдæр хатти имæ литератури урокти ку рабадтæй, уой фæсте. Æстæн ахургæнгутæй уотæ раппæлидæ, уомæн æма кедæрти куст æ зæрдæмæ нæ цудæй.

Андрей ба еци рæстæги, мæнæ цума рæсугъд хъазахъаг деденгутæмæ фæууолæфтæй æма сæ хуæрздæфæй сæрзелæггун иссæй, уоййау æхецæн бунат нæбал ирдта еу рауæн. Алли сæумæ дæр æхе уæлдай къæбæлдзуг даст кодта, фæсдаст æхе дæр фæсарæйнаг кремтæ æма одеколонтæй исарста. Æхецæн ма сауæнгæ дууæ нæуæг галстукки æма костюм дæр балхæдта. Е нæ, фал ма сосæггай æмдзæвгитæ финсун дæр райдæдта уарзондзийнадæбæл.

Маринæ фиццаг рæстæгути лæдæргæ дæр нæ бакодта Андрейи рахаст æхе ’рдæмæ. Дууемæй дæр лæдæрдтæнцæ, хестæр ахургæнгути цæстдарди ке æнцæ, æма сæхе дардтонцæ уагæбæл.

Фал Андрей æхецæн æрæнцойнæ нæбал еридæ, дууемæй ку райзайиуонцæ, уæд. Аллихузи дæр архайдта кизги зæрди фæндон раргон кæнунбæл...

– Нæ фиди хай, Бериловкæмæ нæ цæуис? – æ фæсмæ-къур райгъустæй кедæр гъæлæс. Æхе фæстæмæ разилдта æма æруидта, æртæ силгоймаги машинæ ’рдæмæ куд æрбацæйцудæнцæ, уой. Се ’ртемæ дæр адтæй фæйнæ помидори къибилай.

– Бериловкæмæ, – æ сæр батилдта Андрей æма сæ къахæй сæрмæ исбарста.

Æртемæй дæр адтæнцæ Леонид Гайдайи кинонивти архайæг артистити хузæн. Астæуккагæн æ сæрбæл сурх сæрбæттæн баст, æ губун размæ кæмæн райвæзтæй, уæхæн, иннæ цудæй галеу фарсæй, къæсхуртæгомау бор футболкæ æма киртæ цубур фадуггин хæлафи, æртиккаг ба æцæгæйдæр Никулини æмхалдех, сурхфий, ходæзмолæ гæнагæ.

Æвеппайди саудзæстæ цигайнаг силгоймаг æ медбунати фæллæудтæй, уæдта фæстæмæ ракъахдзæф кодта æма исдзурдта:

– Нæ, нæ! Æз дæу хæццæ цæуни зæрди нæ дæн. Цидæр бæллах дæбæл цæудзæнæй... Ци, уой дæр æнхæст нæ лæдæрун... Фæлтау фестæгæй цæудзæнæн!

Иннæ дууæ æнбали ба нæ фæттарстæнцæ. Тагъдгомау бабадтæнцæ машини æма ходæгæй мардæнцæ се ’нбал цигайнаг уоси дзубандитæбæл. Фал Андрейи зæрдæ ба хъæбæр исæзманстонцæ еци силгоймаги дзурдтæ. Раздæр уæхæн дзубандитæмæ Андрей æ гъос дæр некæд æрдардта, фал ин еци хатт ба æ зæрдæ ракъахтонцæ...

## 6

Гъæумæ фондз минуттемæй фулдæр цуд нæ адтæй машини, фал ин хъалли цæргутæ ба сæ дзубандитæй æ гъостæ бакъуру кодтонцæ. Раинхабæрттæ кодтонцæ, рæхги сæмæ ци æмбурд уодзæй, уой туххæн, зæнхи гæппæлтæбæл аллихузон фудгæнгути къуæрттæ куд тох кæнунцæ сæ кæрæдзей хæццæ, закъон ке нæбал ес бунæтти, райони разамонгутæмæ адæн нимади дæр куд нæбал æнцæ, фæсевæд ниуæзти буни ке фæцæнцæ æма æндæр хабæрттæ.

Силгоймæгти рахезун кодта еу ихæлддзаг тукани цори, уордигæй ба ранæхстæр æй Культури хæдзарæмæ. Азгъунсти цори лæудтæнцæ машинттæ, мотоциклтæ. Кæддæри Кади фæйнæги цæгиндзитæбæл бастæй лæудтæнцæ бæхтæ æд уæрдунтæ. Раздæри кусти раззагдæрти хузти бæсти ба фæйнæгбæл ауигъд аллихузон игъосуйнæгти гæгъæдий гæппæлтæ.

Лæгти еу къуар бакъупхæ æнцæ бацæуæнмæ хæстæг æма, тамаку думгæй, цæбæлдæр буцæудзубанди кодтонцæ.

– Æвæдзи, ме 'рвадæ дæр уони хæццæ æй, – рагъуди кодта Андрей.

Фæндаггæрон еу къæбæлдзугдзикко кизгæ уæйæ кодта фиунæстæ, æхуæдæг ба æ цæстæ дардта, цъæх кæрдæгбæл ци гогузи цъеутæ хизтæй, уонæмæ.

– Цæбæл уæйæ кæнис дæ товар? – машини къæразгæй æ сæр радаргæй æй рафарста Андрей.

– Хъæбæр адгин æнцæ, сæ мудадæй билтæ кæрæдзебæл дæр ма ранихæсунцæ. Тумæнттæбæл сæ дæттун!

– Æма æнæхснад, пихцилсæр ба цæмæ дæ? Скъоламæ ба цæуис?

– Æнæбайрайгæ фæуууæд! Нæбал си фæразун, – æ фиййи къобалæ ранихгæй, сдзурдта къæбæда. – Мæ мади мин ку ниййахæстонцæ, уæд æз дæр мæ ахур ниууагътон. Уой бæсти мæ минкъий æнсувæри хæццæ гъаздзæнæн æма мæ бабуйæн æнхус кæндзæнæн.

Андрейи зæрдæмæ цæмæдæр гæсгæ хъæбæр фæццудæй еци цъухгин кизгæ, фал ин лæдæрун ба бакодта хестæрау:

– Рæдуис, кизгæ! Сувæллон гъæуама ахур кæна, скъолай зонундзийнæдтæ райса.

– Уой бæсти «Блестящие»-й къуарæй Юляй хузæн, – исдзурдта кизгæ, – зарæгæй, кенæ ба постхæссæгæй, бабуйæн пенси ку æрбахæссуй, уæд æ сумкæ æхцайæй идзаг фæуүй. Кæци дæ си гъæуй?

– Уæлдай си нæййес.

Кизгæ имæ ралæвардта фиунæстæн сæ тæккæ цауддæр, æвæдзи, ин æ бабу ниффæдзахста: бустæги домагæ ку нæ уа æлхæнæг, уæд ин æ къохти алцидæр бакæнун æнгъезуй, зæгъгæ. Куддæр листæг æхца æ къохи равзурстæнцæ, уотæ сæ тъæбæрттæй бадавта минкъий уоддæр еу ихæлддзаг хæдзари цори ци рацæргæ, стæвдтæгомау силгоймаг бадтæй, уомæ, æхца ин æ къохи фæссагъта æма фæстæмæ ратагъд кодта æ бунатмæ.

Андрейæн æ маст æ хурфи рафунхтæй, зæронд уосæ сувæллон кизги исони-бони хъисмæтмæ уæхæн цæстингасæй ке кæсуй, уой туххæн.

Рагъавта еци зæронд уоси цормæ бацæун æма ин аййевæй балæдæрун кæнун, сувæллони хъисмæтмæ уæхæн æбæрнон цæстæй кæсун ке не ’нгъезуй, уой туххæн, фал æй уосæ, æвæдзи, ести бæрнон бунати косæг бангъалдта æма æ бунатæй фæггæпгæнгæй, тургъи фæммедæг æй, калитки дуар æ фæсте æнгон рахгæнгæй.

«Кæддæр ба ахургæнæги дзурдæн аргъгонд бæргæ цудæй», – æ меднимæр рагъуди кодта Андрей æма, æхе фæстæмæ разелгæй, æ машинæ ’рдæмæ рараст æй...

Мæнæ, кæддæр Карабахæй æрбаледзгутæн ке рауæйæ кодтонцæ, еци хæдзарæ. Хæдзарæбæл ма бафтудтонцæ бацæуæн. Æ сæр дæр ин баййивтонцæ. Азгъунст бустæгидæр æ бакаст раййивта. Фæйнæгутæй конд горен хæдзарæмæ бахезæн æрæхгæдта. Андрейæн æ зæрдæ гæбар-губур кодта, уотемæй сабурæфсæрæ гæнгæ бараст æй, бабузтæ æ кæрдæг кæмæн нихсидтонцæ, еци къахнадбæл. Зæронд бали бæласæ седзæрхуз лæууæ кодта дзæхæрай астæу. Андрейи зæрдæбæл æрбалæудтæй, æ фиди хæццæ ’й куд ниссагътонцæ, еци усмæ. Цал æма цал хатти рандæ уидæ ардигæй æма имæ цал хатти æрæздæхидæ фæстæмæ. Ци берæ цаутæ ибæл æрцудæй, æма си ци берæ цидæртæ рандæ ’й иронхуатмæ. Аци донаг бæстихай имæ кастæй æгас зæнхи бæрæгастæу! Адтæй кæддæр... Нур ба медæгæй игъустæй кедæр æнæ-

лæдæргæ гъæлæс, игъустæй авдæйнон сувæллони кæун. Æ зæрдæ ’й фесхуста, кæд, мийяг, æндæр еске хæдзарæмæ æрбарæдудтæн, зæгъгæ...

Мæнæ еци асфальтгонд фæндаг. Фиццаг лигъз, куд фæстæмæ ба хæрддæр гæнгæ цæуй уæлмæрдтæ ’рдæмæ. Алли бацæуæнти хъамили æхсæнтæй зиннунцæ циртдзæвæнти сæртæ, обæйттæ. Андрей бафеппайдта, уæлмæрдтæ дзæвгарæ ке фæуурухдæр æй, уой. Андрей æ машинæй рахизтæй æма ’й дзæвгарæ разелæ-базелæ кæнун багъудæй, цалинмæ, æ уодæн уотæ зинаргъ ка адтæй цæргæ-цæрæнбонти, уони еумæйаг цирт иссирдта, уæдмæти. Зæронд финститæбæл бакастæй æ мадæ æма æ фиди нæмттæ æма аххæй æркудтæй. Есгæдбони ба ин æхебæл дæр кири сæр уотæ æрæхгæндзæнæнцæ æма æй аци сау мæри бæрагæ бакæндзæнæнцæ. Еци сагъæстæй сонтæсхъиуд фæккодта лæг, фæйнердæмитæ ракæсæ-бакæсæ ракодта æд зæрди тас. Обæйттæ кæрдæги буни фæцæнцæ. Бæрæг адтæй, рагæй дæр сæ ке некебал бабæрæг кодта, е. Фестадæй æма, æ машинæй кард райсгæй, фæстæмæ æрбаздахтæй циртитæмæ æма син сæ кæрдæгутæ æд уедæгтæ къахун райдæдта. Æ зæрдæ æхемæ фæкъкъæпп кодта уайдзæфи хузæн, гæр, æппун неци, фал деденгутæ ба балхæнун æнбалдæй хъалли базаргонди, дæ ниййергутæмæ ревæд къохæй куд æрбацудтæ, зæгъгæ. Фал е сæйраг нæ æй. Сæйрагдæр адтæй, сæ бабæрæг кæнун æ къохти ке бафтудæй, е. Нур ревæд зæрдæй нæбал раздæхдзæй, уæддæр...

Æртæ сахатти минкъий гъæуаггинбæл æрфестæг æй Андрей æ нисангонд хæдзари цори. Рæстæг ин берæ нæбал адтæй. Машинæй рахизтæй, æ къохи къомсити дзæкъолæ, уотемæй. Донæхсинцъи къалеути ’хсæнæй имæ кастæнцæ хори тунтæ. Андрей бацудæй минкъий дуари цормæ, фал уайтæкки дæр фæстæмæ цалдæр къахдзæфи ракодта æ фур тæссæй. Горенрæбун бауидта агъазиау куй. Куй æнæзонгæ иуазæги ку рауидта, уæд æхе горенбæл еци-еу цæф никкодта æма æ фæстæгутæбæл ислæудтæй. Æ гъун арцæ рабадтæй, фал æ хецауи гъæлæс ку райгъуста, уæдта фæстæмæ æ бунати æрбабадтæй:

– Пальмæ, сабур! Дæ бунатмæ! Ка ес æндæдуар?

Рацæргæ Аким, æнзтæй ка æргубур æй, еци лæг, къалостæ æ къæхтæбæл, æндæдуармæ рахизтæй.

– Аким, гæрр! Нæбал мæ бафæсмардтай?

Зæронд лæг куйдони æ куй бакодта, дуар ибæл федар сæхгæдта æма, иуазæги цормæ сабур къахдзæфтæй рацæугæй, æмбес надбæл æрлæудтæй æма фæткъубæласи къалеубæл æрхуæстæй.

– Дæ гъæлæс мин зонгæ æй, фал цæстæй ба хæзна нæбал уинун.

– Æз Андрей дæн! Байуазæг кæнæ дæ хæстæги!

– Андрюхæ! Медæмæ. Куййæй ма тæрсæ. Нæ æфсийни хæццæ æмхузæн æнцæ.

Кæрæдзей нихъхъури кодтонцæ, уæдта хъазахъæгтæ куд фæккæнунцæ, уотæ æртæ хатти ниббатæ кодтонцæ. Хæстæгмæ Аким никкидæр æгудзæгдæрхуз зиндтæй: æнцъулдтæ цæсгон, æнæдæндаг, фæлорс, æ цæстингас лæкъунхуз. Андрейи цонгбæл хуæцгæй, хæдзари хецау иуазæги бакодта, фæткъубæласи бунмæ ци стъол æвæрд адтæй, уой сæргъæмæ. Урзацауæгæнгæй, иссирдта æ тамакути къопп «Наша марка» æма сдумдта. Æ асодзæн ба ауигъд адтæй æ хъурбæл бæттæнæй. Æ хуæрифурти æ цори гъæдин къелабæл æрбадун кодта.

– Гъе, мæнæ атæ нихxæрнæгъ дæн, Андрюхæ, абони уæлæбæл, исон ба, Хуцауæн табу! Мæ бийнойнаг Даши æртæ анзей размæ байвардтон... Рак æй бахуардта... – зæронд æ дусæй æ цæстисуг расæрфта. – Танькæ æма мæ хуæри дæр байвардтон. Æз ма еунæгæй радзебæл дæн уæлæбæл. Тугъдонтæй дæр ма еунæг æз байзадтæн а гъæубæсти... Æстонг нæ дæ? Цумуйнаг дин багъар кæнон?

– Хæдзайрон æхсир мæ ку уайдæ!

– Махмæ алкæддæр хæдзайрон æхсир фæуууй, – æвеппайди никъкъæл-къæл кодта зæронд сувæллонау. – Хуæруйнаггæнæни гаргадони лæууй. Ниуазгæ кæнæ, цæйбæрцæ дæ бон æй, уойбæрцæ.

Андрей æнæгъæнæ къуруска байдзаг кодта уазал æхсирæй æма ’й зудæ ниуæзт бакодта æнæруолæфгæй.

– Мах уонтæ еугурæй дæр æмбурди æнцæ, – райдæдта зæронд æ дзубанди. Нæ гъæуи цæргутæ базмалдæнцæ, нæ

сæ фæндуй сæ зæнхитæ дæдтун. Сугъдæг революци. Сауæнгæ ма депутатмæ дæр фæдздзурдтонцæ. Гъм-мм! Ци хузæн ниддæ? Фæххуæрзхуздæр дæ!..

– Кæд фудхуздæр фæддæн! Мæ зæрдæ мæ гъигæ даруй...

– Ахургæнæги куст уотæ æнцон кæд адтæй? Мæнæ нæ фурти фурти уосæ. Химибæл æй ахургæнæг. Алли бон дæр кæугæ кæнуй. Сувæллон сувæллони хузæн нæбал æй, сайтæнтти бæдæлттæ! Сауæнгæ ма урокки дæр æнæфсарæй æлгъетунцæ кæрæдзей мадтæлти, хилæ кæнунцæ, бæгæни ниуазунцæ. Ахур кæнун ба сæ фæсонæрхæги дæр нæ æй. Уæдта сæ гъæугæ дæр цæмæн кæнуй ахур? Нуртæккæ ма зонундзийнæдтæ ке гъæунцæ? Сæйрагдæр дæмæ ести æфтуйæгтæ хауæд, æндæр... Исæфунцæ нæ фæсевæд. Сæ хъауритæ ци фæккæнонцæ, уой сæхуæдтæ дæр нæ лæдæрунцæ. Хуцауи бæрагæ уæнтæ. Æвæдзи, нæ зонис, Ваняйæн æ еу къах æ уæле ке нæбал æй, уой.

– Куд нæбал æй?

– Ра ин æй къуæрдтонцæ æ рахез къах. Фагæ фæссерноба кодта. Бæргæ ин дзурдтон – атамани бунатмæ ма лæсæ! Нæ мæмæ байгъуста! Æхецæн уæледарæс бахуйун кодта æртæ минемæй, хъазахъæгти æхсæнадæ саразта. Пайда ба си ци? Гъæубæстæбæл æрзилдтитæ кодтонцæ, куйтæ фæттæрсунтæ кодтонцæ æма æрсабур æнцæ. Хецауади еци æхсæнади сæр некæми гъæуй, уойхигъд ма æ нихмæ дæр рахуæстæнцæ, – адæни азмæнтуй, зæгъгæ. Бæргæ агурдта рæстдзийнадæ, фал æрмæстдæр сæри незтæ иссердта æхецæн. Фиццаг æ къахи æнгулдзæ сау кæнун райдæдта, уæдта æ фади гъолæ ’рдæмæ рахизтæй. Уæхæн незихатт мах зонгæ дæр некæд кодтан. Е ба цæмæн уотæ ’й, уой зонис? Арвбæл тæхæг тæбæгътæ дууердæмæ кæнунцæ.

– Еци тæбæгътæ ба ци фудгин æнцæ? Ес æви нæййес, уой ахургæндтæ бæлвурд дæр ку нæма скодтонцæ.

– Куд нæма исбæлвурд æнцæ? – рамæстгун æй зæронд хъазахъаг, æ къохи ци тамаку адтæй, уой тамакудони хуссунгæнгæй. – Сæхе цæститæй æй фæууидтонцæ, мæнæуи будури куд æрбадтæй, уой. Куддæр æхе æруагъта, уотæ зæнхæбæл аллихузи нивæфтудтитæ фæззиндтæй. Ельцин танкæмæ ци анз исхизтæй, уой хуæдразмæ адтæй еци хабар.

– Аким, Иван кæд æрбацæуидзæнæй, е бæрæг нæ æй, мæн

ба ма кæсалгдзауæн ракæнун дæр фæндуй. Цæуæн æма золкъитæ ракъахæн.

Зæронд æ бунатæй исистадæй æма хæдзарæрдæмæ ранæхстæр æй. Фæстæмæ рахизтæй æд кæсæнцæститæ, æ къохи ба айкæ. Дон æмбесмæ ци боцикъай адтæй, уой цормæ бацудæй æма сдзурдта:

– Харбузтæ æнæ донæй басугъдæнцæ. Расæбæл æвгæнун гъæуй. Еу дууæ къибилай исесай цъаййæй.

Иуазæг, æвæдзи, æ рагбонтæ æрбаимиста, еци цурдæй февналдта цъаййи зелæнмæ æма къибилай тъæпп кæмидæр дæлиау фæццудæй, уæдта рæхис иннердæмæ æрзилдта, æма идзаг къибила фæууæлбилæ æй.

Аким донбæл цæнхæ еу æртæ пачки никкодта, уæдта æй къуæцæлæй æзмæнтун райдæдта. Уой фæсте имæ айкæ ниггæлста.

– Æ сæр исдардта? – рафарста зæронд.

– Нæма.

– Гъæуй ма ибæл цæнхæ.

Æппунфæстаг айкæ хæрдмæ иссудæй.

– Гъе нур æ тæккæ хуарзбæл æй. Уæхæн цæхгун хуæруйнаги хæццæ дæ нæдæр сæнæ, нæдæр ба арахъ не 'срасуг кæндзæнæй, – æхецæй ниббоз уогæй, сдзурда зæронд. Андрей сарай дуар байгон кодта, æма ибæл тæвдæ уæлдæф рагулф кодта медæгæй. Хæлаури тунти бунæй ка нæбал зиндтæй дзæбæх дæр, еци рагон дзаумæутти æхсæн æрæстæфтæй, сæхе хæдзарæй ке рахастонцæ æма ами ке 'сцурхтонцæ, еци дзаумæуттæ, сæ хæццæ ба æ киунугутæ, конспекттæ æма сауæнгæ æ студенти партфел дæр.

Еци партфели римахста æ бонуг Аллæй, ами ма ку цардæй еу рæстæгути, уæд...

Мæнæ радиолæ «Ижевск» æ уорс къæпсурти хæццæ, мæнæ ба гъазæнтæ: тæрхъос, арс, пилтæ...

– Кæми ниххастæ, – медæмæ имæ багъæр кодта зæронд, – къуми агорæ бал.

Андрей сосæггити æ хæццæ рахаста æ партфел æма 'й фæсдуар раримахста, цæмæй æй уой фæсте æ машини сæвæра, уотемæй дуар фæстæмæ бахгæдта. Золкъитæ æнцон ерæн нæ разиндтæнцæ. Хори тæвдæ сæ арфдæр рауæнтæмæ балæсун кодта, фал Андрей рагон кæсалгæ ахæссæг ад-

тæй. Æ хæццæ туканæй раласта, уаруни ка сбуруй, уæхæн золкъити къопп. Нартихуари нæмгутæ æма хъæбургъи гагатæ ба хæдзари разиндтæй.

Культури хæдзари бахезæни ауигъд адтæнцæ киноактерти рагон хузтæ. Æ пъол раги ниггæлеритæ æй, æ фæрсти исæрститæ рауæнæй-рауæнти æркæлдтитæ кодтонцæ. Бæрæг адтæй, бунæттон цæргутæ ами бустæги арæх ке нæ фæуунцæ, е. Фал аци бон ба зал цъоппидзаг бацæй адæнæй. Андрей æрлæудтæй бацæуæни цори.

Сценæгондбæл стъоли уæлгъос бадтæй цуппар адæймаги. Бæрæг адтæй, хецаугæндтитæ ке адтæнцæ, е.

– Мах нæ гъаст прокурормæ дæр бахастан, фал нæмæ игъосæг ба нæ фæцæй. Нæ зæнхитæ нин байахæссунмæ ка гъавуй, етæ еугурæй дæр еу уасæнæй уасунцæ, – æ уахъæр ниффæсос æй, уотемæй дзурдта еу силгоймаг æ дæрдгун пæлитой. – Васин нин нæ зæнхитæ Марченкойæн багендий равардта, уотемæй ба етæ гъæуи цæргутæн косунмæ дехгонд æрцудæнцæ. Евгъуд дзуапдæттæн рæстæги...

– Уой мах дæр зонæн, – сценæй имæ дæлæмæ æрдзурдта бадгутæй сæ еу. – Гъуддаги туххæн дæмæ ци фæндæ ес?

– Нæ зæнхæ нин фæстæмæ раттетæ. Васин, мах дæ нæхецæн сæргълæуууæгæй исæвзурстан, ду ба миллионтæ дæхе бакодтай, – залæй райгъустæй кедæр расуг гъæлæс.

– Раст дзоруй, – райгъустæй бабæй еу силгоймаги гъæлæс. – Еунæг дæуæй нæ æй нæ цард!

– Мах фæндуй тæрхонгæнæги æнхусæй Марченки хæццæ дæ бадзурд фехалун. Нæ зæнхæ ба нин фæстæмæ раздахетæ æма ’й багендий радтетæ, ци пайдайаг æзгъæртæ нæмæ ес, уони дæр хинцгæй, – дзурдта силгоймаг.

– Фондз миллион доллæребæл, – нæуæгæй бабæй райгъустæй залæй, никкидæр ма ка фæннифсгундæр æй, еци лæги гъæлæс.

– Тендер ин исаргъ кæндзæнæй æхуæдæг. Мах нæ, фал ма нæ зæнæги фагæ дæр уодзæй, – æхе залмæ рахатгæй, сдзурдта силгоймаг. – Гъулæггагæн, агрохолдинги мийнæвæрттæй зали неке ес. Ростови фирмæ нин нæ зæнхи гæппæлтæ нæ хъурæй ласуй.

– Тæрегъæд ма дзорæ, – æ бунатæй фестадæй еу бе-

цъогин лæг. – Шацкая нин федуй бадзурдтæмæ гæсгæ, тухæ некæмæн кæнуй.

Зали бадгути дзолгъо-молгъо æ тæмæни бацудæй.

– Корун уи, æма басабур уотæ. Æз, куд депутат, уотæ ардæмæ æрбацудтæн района хецауи хуæдæййевæги хæццæ, цæмæй гъудтаг равзарæн, æма уæхебæл хуæецетæ.

– Раст æй, нуртæкки закъæнттæ нæ района сæргълæугутæн дзæнæтбæсти уавæрти хузæн æнцæ. Уомæ гæсгæ хуннуй хунгæ дæр: «Рай-администраци».

– Нæ атаман зæгъæд æ гъуди, – райгъустæй кедæр гъæлæс.

Иван бадтæй скæсæнæрдиги фарсæй æма æхе сæнхуæрста, æ лæдзгутæбæл æнцойнæгæнгæй. Фæтæн хæлаф æма æфсæдтон хæдонæ дзæбæх федудтонцæ æ гурæбæл.

– Ме ’нсувæртæ æма хуæртæ, хъазахъæгтæ, – æ цæстингас залбæл рахæсгæй, сдзурдта Иван. – Уавæр бæлвурд æй. Васин Марченкойæн зæнхæ багендий æррæстæ лæвæрд нæ ракодта. Марченко сæ балхæдта. Нур ба еци гæппæлтæн е æй хецау. Ами ба ма геологтæ цирконий æрзæт дæр иссердтонцæ. Хъæбæр берæ æвæрæнтæ! Марченко ба еци зæнхитæ мæскуйаг гъæздугутæн ниууæйæ кодта. Етæ ба нæ хъалли цори комбинат исараздзæнæнцæ, къахдзæнæнцæ æрзæт... Цубур дзурдæй, æхцатæ кæндзæнæнцæ.

– Æз фегъустон, Бериловкæ бустæгидæр зæнхи хæццæ исæмлигъз кæндзæнæнцæ, æма уæд мах ба ци фæууодзинан? – æ бунатæй фæггæпп кодта еу тæнтъех кавказаг.

– Уомæн дæр уæн ес. Проект махæй римæхсгæ кæнунцæ. Е æй коммерцион сосæгдзийнадæ. Фал æй кæмæй римæхсунцæ? Махæй? Цæмæн?

– Нæуæг цард аразæн, – езгардхудт бакодта сценæбæл бадгутæй еу æма фæрсмæ бакастæй сæрдареуæггæнæгмæ. – Дæу ба, атаман, ка нæ уагъта еци зæнхæ балхæнун? Райстайсæ ’й æма абони æ хецау ду адтайсæ.

– Господин хуæдæййевæг! Дæ езгард ходæзмолæ дæхецæн уадзæ, – æ лæдзæг пъолбæл æртъæпп гæнгæй, сдзурдта Иван.– Еу къæлмæгæй баст айтæ. Ду æма нин æй Васин нæ равардтайтæ. Е мах æма нæ фиддæлти зæнхæ æй æма ’ймæ неке неци гъуддаг ес, уæлдайдæр ба цидæр хамасхуарти æма давгути.

– Нæ дзурдмæ нин ку нæ байгъосайтæ, уæдта тухæй архайдзинан, – бавзедæгау кодта атаман.

– Президентмæ комкоммæ ниффинсун гъæуй, – рагъæр кодта фæстегæй еу силгоймаг. Андрей æй æ гъæлæсæй рафæсмардта. Е адтæй, гъæумæ ци силгоймæгти æрбаласта æ хæццæ, уонæй сæ еу.

– Мах ибæл гъæлæс кодтан, е ба нæ гъæуама багъæуай кæна!

– Æндæр куст ин неци ес нæ президентæн, – рафунхтæй депутат. – Ци дзоретæ, уобæл сагъæс кæнетæ.

– Нæ гъæумæ нин ниуазуни дон æрбауадзунмæ фенхус кæнайтæ, – дзурдта лигъзтæгæнæгау еу рацæргæ уосæ.

– Корун уи, æма мæ бæсти æндæр еске исæвзаретæ, мæ бон уони хæццæ тох кæнун нæ 'й, – æхе адæнирдæмæ разилдта Иван.

– Дæ бунати косæ! Кæмæй дæ раййевæн, уæхæн неке ес, – райгъустæй бабæй залæй кедæр гъæлæс.

Иван æ тæрних æрбанцъулдтæ кодта æма æ бунати æрбадтæй.

Андрей æхе уæлдæфмæ раиста, æ машини бабадтæй æма æ зæронд партфелæй æ бонуг исиста.

## 7

Рæстæгæй гæзæмæ ка фæбборгон æй, еци бонуги фæрстæбæл равзарæн адтæй Андрейæн æхе къохæй финст къæдзал-мудзултæ:

«Алли бон дæр къуласмæ бацæуун цидæр æнахур уæлтæмæнади хæццæ. Уотæ мæмæ фæккæсуй, цума нуртæккæ ести æнахур нæуæг дессаг цау æрцæудзæнæй. Ахурдзаути дзансахъ, дзубандитæ, игъæлдзæг худтитæ, куд фæстæмæ æрдæрминæг унцæ æма сæ цæсгæнттæбæл фæззиннуй сагъæсхуздзийнадæ. Тæккæ фиццаг бакастæй дæр бæрæг фæууй, урокмæ си цæттæ ка æй, æ цæститæ радав-бадав ка кæнуй, æма мæмæ уотæ фæккæсуй, цума мæ ахурдзаути хæццæ сæдæгай æнæуингæ хæлттæ бæттунцæ. Мах архайæн еумæйаг кусти – ахур кæнæн нæуæг темæ, нæ дуйней историй ци цаутæ æрцудæй, кенæ ба ескæци зундгонд лæги царди фæндæгтæ. Фулдæр æргон æздахун, ци цаутæ æрцу-

дæй, уони ратæдзæнтæмæ, сæ фæстеугутæмæ. Нæ курхон лæгтæй кадæр дзæгъæли хумæтæги нæ загъта: истори æй æносондзийнадæмæ балцвæндаг. Бæргæ берæ цидæртæ мæ фæффæндуй скъоладзаутæн радзорун, балæдæрун кæнун, фал мин мæ цæнгтæ æма мæ цъухтæ бæттунцæ ахурадон мадзæлтти арæнтæ. Уомæ гæсгæ ба историй советон доги темæ нæ есунцæ сæ зæрдитæмæ сувæллæнттæ. Граждайнаг тугъд, 20-30-аг æнзтæ æвдист цæунцæ айдагъдæр еувæрсонæрдиги, гъома, куд социалистон æхсæнадæ саразуни æнзтæ, уотæ.

Мæнæн ба зундгонд æнцæ æндæр хабæрттæ, архивти бæрæггæнæнтæ, æма еци цаутæн комкоммæ сæхуæдтæ æвдесæн ка адтæй, уони дзубандитæй.

Стъараполи краййи сурхитæ ци æнæтæрегъæд æма æнæхатир миутæ кодтонцæ адæнæн, уони æрмæстдæр, Емельян Пугачев ку сæзманста, еци доги хæццæ ес рабарæн.

Большевиктæ уорсгвардионтæй цæмæй игъаугидæр адтæнцæ?

Æнæгъæнæ адæнихæттитæн сæ фулдæр цæгъдуни ке фæцæй, уобæл ку дзорай, уæд си адæймагдзийнадæн бунат нæ разиндзæнæй. Архивти бæрæггæнæнтæмæ ку æркæсай, уæд æй балæдæрдзæнæ Троцкий, Свердлов, Донбюрой сæрдар Сырцови куст хъазахъæгти дзилагæ бунæскъуд скæнунмæ арæзт ке адтæй, уой. Уæхæн мадзæлттæй ма пайда кодта Фидибæстон Устур тугъди рæстæг Гитлер дзиуиттæгти нихмæ Европи. Æма кæд немуцаг-фашистти фуддзийнæдтæ абони æргонгонд æрцудæнцæ, уæд хъазахъæгти бундзагъд никкæнунмæ ка гъавта, еци лæгмарти нæмттæ ба игъустгонд цæмæннæ æнцæ нæ фæлтæртæн?

Æрæги Уæлахези бæрæгбони кадæн скъоладзаути хæццæ деденгутæ æвардтан æнсувæрон цирти цори ци циртдзæвæн æвæрд ес, уобæл. Уæхæн циртдзæвæнтæ сбастонцæ кæрæдзебæл социалистон бæстити адæнти æносмæ. Угæ мин мæ синхон Санька Акименко куд дзурдта, уотемæй службæ кодта Венгрий, æма мах салдæтти уоми худтонцæ «оккупанттæ». Гæр, адæнти ’хсæн хæлардзийнадæ æрмæстдæр æримисгæ тауæрæхъ æй? Æви мадьяртæй феронх æй, сæ зæнхитæ син советон салдæттæ куд уæгъдæ кодтонцæ гитлеронтæй, е? Историй берæ уæхæн цаутæ адтæй, æма хецæн бæстити

цæргутæ сæ ервæзунгæнгути нихмæ рацæуиуонцæ. Хъæбæр гъулæггаг æй, советон салдæтти еци цитгин æскъуæлхтдзийнæдтæ уотæ тагъд иронхуати ке байзадæнцæ, е...

Хестæркъласонти хæццæ æрдзубанди кодтан Смирнови киунугæ «Брести Федар»-бæл. Еци киунугæ ахурдзаутæмæ æвзурун кæнуй патриотизми æнкъарæнтæ. Багъудæй мæ, Сталингради тугъди, Кунникови десанти, Цæгат Кавкази тугъдтитæ куд цудæнцæ, уони туххæн радзорун.

Маринæ æ дзиккотæ исхурста бор хуарæнæй. Мæн зæрдæмæ ин хъæбæр цæунцæ, фал ин скъолай ахурадон хайади сæргълæууæг Анастасия Кузмай кизгæ ба бауайдзæф кодта, гъома, дан, æгæр ирдæнгæс æнцæ æма ахурдзаути хъор кæндзæнцæ сæ æрмæг ахур кæнунмæ. Æхуæдæг зæронд къекъе æй, æ дуйнебæл лæгмæ дæр некæд адтæй, еци зæронд уагæбæл хуæст. Æз æ нихмæ фæллæудтæн æма ин Ф. И. Достоевскийи дзурдтæ æрхастон: «Дуйне исæвдæй фæййервæзун кæндзæнæй æрмæстдæр рæсугъддзийнадæ». Рæсугъддзийнадæ бæттуй адæнти кæрæдзебæл. Анастасияй фарс рахуæстæнцæ нæ иннæ силгоймаг ахургæнгутæ сæ гæллеутæ гуриконди хæццæ. Сауæнгæ ма мин мæхецæн дæр бауайдзæф кодтонцæ, гъома, дæхуæдæг дæр ахургæнæг уогæй æнæ галстуккæй цæмæн цæуис ахуртæмæ, зæгъгæ. Зундæй киудтитæ! Æз ба айдагъ хæдони адтæн, уомæн æма æндегæй тæвдæй исуолæфæнтæ нæййес. Раздæр костюм мæ уæле гæнгæй, æнæмæнгæ, мæ хæдони æмхалдех галстук дæр бабæттинæ мæ хъурбæл. Сауæнгæ ма Марини зæрдæмæ дæр цудæй! Аци бон ба дууемæй дæр састи бунати байзадан. Уой фæсте хебари райзадан историй кабинети.

– Аци бон, будуйрон тюльпантæ ци фæзи иръæзунцæ, уордæмæ фæццæуæн, – зæгъгæ, ин балæдæрун кодтон мæ фæндæ.

Маринæ уайтæккидæр исарази æй. Е бæрæг адтæй, æ цæститæ куд цийни æрттивд фæккодтонцæ, уомæй.

Мæстæй мæ фæрстæ тъæппитæ хаунцæ! Нæхемæ цæунвæндæ куд кодтон, уотæ ба мæмæ историй кабинетмæ æрбалæбурдта 7-аг «Б» къласи ахурдзау Иван Тимченкой мадæ æма мин алли фудтæ фæккалдта. Уайдзæфтæ мин кодта, æ «минкъий биццеубæл» ин ке исфарс дæн æма ин барæй дууитæ ке æвæрун, уой фæдбæл. Æцæгæйдæр ин анзи кæ-

ронбæттæни бæрæггæнæн «дуухæ» уайуй. Тимченко æцæгæй дæр æй ахури «магоса». Æз ин еци гъуддаг гъавтон балæдæрун кæнун, фал мæбæл æ сувæллони бонуг æрбагæлста.

Уæхæн цъусуми ба некæд ма бахаудтæн уомæй размæ. Мæ тæвдæй мæ гъаст директорæн ракодтон, фал е дæр æнæнгъæлти Тимченки мади фарс рахуæстæй æма мин балæдæрун кодта, цæмæй биццеумæ фæлмæндæр зæрдирахаст фæддарон.

– Æ мади æнсувæр арæзтадон управлений хецау æй, мах ба не скъола капиталон æгъдауæй цалцæг кæнун гъæуй, – ба мин лæдæрун кодта директор. Куд балæдæрдтæн, уотемæй ахургæнæги ном нецибал æй пайдайаг гъуддаги цори. Е ба дин советон скъола.

Финсун æмдзæвгитæ уарзтбæл, Маринæбæл. Иннæ бон цæуæн Бирюги æндзæрмæ. Ци хъæбæр æрæгæмæ цæунцæ сахæттæ!

Мæ зæрдæ хъæбæр уазал æй,  нæ ахурадон хаййи сæргълæуууæги хæццæ нæмæ ци дзубанди рауадæй, уой фæсте. Æрмæбæл фæдес кодта, урокти Иоанн Златоусти дзурдтæй цитатитæ арæх ке æрхæссун, уой туххæн. Æма уотемæй ба е цитгин философ ку æй! Изæрæй ба мæ зæрдæбæл æрлæуудтæй, деканмæ мæмæ куд фæдздзурдтонцæ, еци хабар.

Дуккаг курси ма ку ахур кодтон, уæд Киеваг Уæрæсей истори мæ зæрдæмæ уæлдай хъæбæрдæр цæун райдæдта, сæрмагондæй ба Уæрæсей къниазти къохти хецæн бæстихæйттæ куд æвзурстæнцæ Петр I агъонмæ, етæ.

Мæ хæццæ еу курси ци Семкæ Гольдман ахур кодта, е мин æ фиди фиди библиотекæй æрбахæссидæ историк Карамзини киунугутæ (алли киунугæбæл дæр ин фистон дууæ соми) кæсунмæ. Мæ зæрдæ æхе фæрстæбæл хуаидæ, еци киунугутæ мæ къохмæ ку райсинæ, уæд. Цал æма цал фæлтæри ахур кодтонцæ еци томтæбæл нæ цитгин Уæрæсей истори. Зудæкаст кодтон Соловьев, Костомаров, Ключевский æма Забелини æрмæгутæ. Куд хъæбæрдæр æма арфдæр лæдæргæ цудтæн нæ истори, уотæ мæмæ ирддæрæй зиндтæй рæстдзийнади тегъæ.

Арæх буцæу дзубанди кæнинæ ме 'мкурсонтæ æма сауæнгæ ахургæнгути хæццæ дæр, рæстдзийнадæ агоргæй. Лирикон æмдзæвгитæй уæлдай ма ниффинстон поэмæ «Сугъдæ-

гæуyyæнкгин Владимир». Институти газетмæ ’й балæвардтон, фал мин æй фæстæмæ раздахтонцæ. Ахургæнгутæ дæр мæмæ сæхе къилдунæрдæмæ разилдтонцæ цæмæдæр гæсгæ. Æз ба уæддæр мæ рæстдзийнадæ тардтон. Сауæнгæ ма адмирал Колчаки дæр раппæлдтæн æ географион æскъуæлхтдзийнæдти туххæй.

Октябри мæйи, еу хорбони ба мæмæ æхемæ фæдздзурдта декан.

Кабинети бадтæй декан, æ лæгун сæрбæл ци хеди æртæхтæ рагъардта, уони æ къохмæрзæнæй расæрфæ-расæрфæ гæнгæй, минкъий уоддæр ба лæудтæй бæзæрхугтæ арæзт нæлгоймаг фунукхуз костюми.

– Бакланов, – сдзурдта æнæзонгæ лæг. – Цуппæрæймаг курси студент æма фæскомцæдесон!

– Нурмæ бал æй, – æ дзурд багæлста декан дæр.

Æ дзиппæмæ нивналдта Бакланов æма си æдасдзийнади комитети косæги æвдесæндар исиста.

– Уорсгвардион сæркъуæртæ дæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæнцæ? Ка дин байхæс кодта советон цардарæзтади нихмæ пропагандистон куст кæнун? Кæмæн дæхе рауæйæ кодтай?

Мæ фур адæргæй дзурдгъон дæр нæбал адтæн. Фунукхуз костюмгин ба мæ лæхурдта æма лæхурдта е ’фсæртæй æвæллайгæй.

Мæ бауæр дæр ма ниббизирд æй æ цæстингасæй. Мæхецæй дæр байруагæс æй, æцæгæйдæр нæ райгурæн бæсти цори хъæбæр устур фуддзийнадæ ке ракодтон, е.

Мæ цæститæ мæбæл куд ратартæ æнцæ, куд æрхаудтæн, уой лæдæргæ дæр нæ бакодтон. Æрæскъиттæн бацæуæни, фельдшер мин мæ фиймæ нашатыр дардта бæмпæгбæл кондæй. Хуцау хуарз, æма мæ зæрдæ багъар æй. Гъавтонцæ мæ, куд советон цардарæзти нихмæ дзорæг, уотæ институтæй ратæрун, цæмæй иннетæн дæр урок адтайдæ, фал ку балæдæрдтæнцæ, некуцон «æзнаг» дæн, уæдта ма нихъхъутти уагътонцæ.

Финсун мæ райгурæн хæдзари. Æмбесæхсæвæ. Æнæнгъæлти уарун нæ Бирюги тъæпæнæй нæ мотоциклбæл фæлледзæги кодта. Æма нæхе гъæуи æрримахстан уарунæй. Мæ ниййергутæн бахастан гъæбесидзаг тюльпантæ. Базонгæ сæ кодтон Марини хæццæ. Нæ мадæ æ медбилти ку байдзулдæй,

уæд æй уайтагъддæр балæдæрдтæн, мæ равзурст кизгæ æ зæрдæмæ ке бацудæй, уой. Мæ фидæ ба æ тракторæй æндæр нецæбæл ахур адтæй, сæумæй изæрдалингтæмæ уой хæццæ куста æма ин æррæстæ сор салам равардта. Къæвдайæн банцайæнтæ нæбал ес. Уомæ гæсгæ ба нæ финги бадт радæргъвæтийнæ æй, еци игъæлдзæг уагæбæл цудæй. Сауæнгæ ма Маринæ дæр исахуста нæ хæдзайрон сæнæй. Мæ нийййергутæ нæ нæ рауагътонцæ. Маринæ хуссуй мæн уати, мæнæн ба æрбацæуæни бауат кодтонцæ. Фал мæмæ фун ба æнгæрон дæр нæ цæуй. Игъосун уалдзигон къæвдай сæх-сæхмæ.

Æнæкæрон амондгун æнгъæлун мæхе! Уомæн æма ин цади цори фиццаг хатт нибба кодтон, е дæр мин æ зæрдихатт раргом кодта, – басастæй, ке мæ уарзуй, уобæл. Уомæн æма ма æригæнттæ ан. Уæхæн æхцæуæндзийнадæ мæ царди фиццаг хатт банкъардтон. Зæрди арфи кæмидæр ниббадтæй, а зæнхæбæл тæккæ рæсугъддæр ци Маринушкæ æй, уобæл сагъæс.

Мæ сæр мæбæл зелуй мæ фур нивгунæй. Дæ уарзон дæ фарсмæ ку уа, уомæй устурдæр æхцæуæндзийнадæ ма ци уа? Цидæр мæ зæрдæй цудæй, цидæр ме ’взаг карста, еци рæсугъд дзурдтæй нецæбæл байаурстон, уотемæй сæ Маринæн фæдздзурдтон абони. Е мæмæ лæмбунæг фæккастæй æ алцилæдæрæг цæститæй, уæдта мæ æ хъури никкодта.

Бирюги æндзæр деденгутæй тæмæнтæ калдта, кæрдæг еци цилле хизау лæудтæй, цадаузт ба айдæнæхуз радардта, уæддæр ма Марини хæццæ рацо-боцо кодтан, кокойни æхсæн ци къахнæдтæ адтæй, уонæбæлти. Æз ба ин æвæллайгæй дзурдтон æма дзурдтон мæ æнæкæрон базургин уарзондзийнади туххæн... Маринæ мæмæ игъуста æма идзулдæй... Идзулдæй, куд некæд, уотæ!

## 8

– Дæ машинæ ку фæйййеуварсдæр кæнисæ, рацæуæн мин нæййес, – райгъустæй кедæр домæн. Андрей æ цæститæ исиста æ бонугæй. Æнæдаст лæг æхе къæразгæмæ æргубур кодта, уотемæй амудта, берæ хæтæнти ка æрхаттæй, æ еци дæрдгун «Москвич»-мæ. Андрей ин фæндаг равардта. Еци

усми ба культури хæдзарæй рагулф кодтонцæ адæн. Силгоймæгти æхсæн уайтæккидæр æрæстæфтæй хъелфий, цубур æлвид дзиккогин Валентини, – фæтæн хæлаф æма киртæ кофти.

Фиццаг ци адтæй, уомæй никкидæр ма фæттуппурдæртæ хуз уогæй, уæдта асæй дæр цума фæмминкъийдæр æй, уотæ зингæй æрæстæфтæй Андрейи æма æ дзугъуртæ цæсгонбæл медбилхудт рабадтæй:

– Хуцау мæ рамарæд, Андрейкæ нæ дæ! Кæцæй? Ци изæд? Ци идауæг дæ æрхаста ардæмæ?!

Иван цудæй æ дуурæ лæдзæгебæл æнцойнæгæнгæй, æ даргъ бецъуг æ росмæ æрхауæ-æрхауæ кодта æма ибæл уæлæмæ исхуæцидæ. Æ цæсгони хед лæдæрстæй урдугмæ. Бæрæг адтæй, е ’нсувæри фæууиндæ ин устур æхсицгондзийнадæ ке хаста, е.

– Æвæдзи, дин нæ фидæ балæдæрун кодта, кæми адтан, уой. Хуарз адтæй, ке фæззиндтæ, е. Æносон нæ ан. Уинис, куд мæ æркъуæхтæ кодтонцæ, уой? Фал ма уæддæр мæ еу къахбæл дæр æркæфтитæ кæнун!

– Æ цæститæ ку байдзаг уиуонцæ! Дохтуртæ ин карз ниуæзтæ ниуазун уадзгæ дæр нæбал кæнунцæ, а ба уæддæр æнцъохуй æма æнцъохуй. Еукъахуг атаман, – æ къох ибæл ракъуæрдта Валентинæ.

– Куд дæмæ кæсун, уотемæй æндæр хузи бæхбæл бадæг дæ, – æ уоси уайдзæфтæ нецæмæ æрдаргæй æй бафарста Иван.

– Раст уотæ, господин подъесаул! – исдзурдта Андрей æма ин машинæмæ райамудта, сбадæ, зæгъгæ. – Табуафси! Уаддунги хузæн дæ дæ тæккæ фидиуæзæгбæл исæнбæлун кæндзæнæн, – зæгъгæ, æ медбилти фæлмæн байдзулдæй Андрей, машини дуар урух байгонгæнгæй.

Валентинæ æ лæгæн фенхус кодта фæстаг бадæнбæл æрбадунмæ, æхуæдæг ба Андрейи фарсмæ æхе æргæлста. Куддæр машинæ æ бунатæй фенкъустæй, уотæ фæййагайдта æ дзубанди иуазæг дæр.

– Кæд мæмæ зиндзийнади фæдбæл фæдздзурдтай, Иван, уæддæр кæмидæр мæ зæрдæн ба хъæбæр æхцæуæн адтæй, мæ райгурæн бæстæ ке фæууидтон, е. Хъæбæр ибæл исæрхун дæн...

– Циуавæр зиндзийнади фæдбæл, – æхе фæстæрдæмæ цæхгæрзилд фæккодта Валентинæ. – Е ба ма дин еума дессаг! Алкедæр си алцидæр зонуй, еунæг æз ба гъæладзæф дæн.

– Дæ гъостæ ци фæхъхъел кодтай? – фæттурк ибæл кодта лæг. – Исахур æй гъæла гъæр кæнунбæл. Мах Андрейи хæццæ нæ мади хуæри есбон гъæуама бадех кæнæн. Рæстæнбес. Сæйгæдонæмæ ку фæццудтæн, уæд юристи бафарстон.

Андрей æ цуд фæттагъддæр кодта, æма æстæфгæ дæр не ’ркодта, Валентини цæсгон рæгъæд балий хузæн сурх гъолæнттæ куд рацæй, уой. Æ маст æ мæстдони рафунх æй гæзæмæ усмæмæ.

– Лæдæрд мин æй гъуддаг... Фал Андрей ба æ мади хуæрæмæ ци барæ даруй? Хуæруйнаг ин дардта, æхснæнгæ ’й ескæд никкодта, æви... Сæдæ анзи æй уингæ дæр ку некæдбал фæккодта, – цæхæртæ ракалдта силгоймаг. – Æз дæ уосæ дæн æма бал æгасей разæй мæн бафарстайсæ!..

– Дæхе æрлæдæрай! Æгæр нæ рахуæстæ?

– Ду дæр хуарз дæ, нæ иуазæг! Ку гъудæй, уæд уи мæ цæсти кæронæй дæр неке фæууидтон, мулк иуарунмæ ба фæззиндтæ! Уотемæй ба скъолай сувæллæнтти хуæрзуод æма фæлмæнзæрдæ унбæл ахур кодтай урокти.

– Мæн еци бунтæ гъæугæ дæр некæми кæнунцæ, – туххæйти æй æрсабур кодта Андрей. – Æз ардæмæ æрбацудтæн, цæмæй гæгъæдитæ Ивани номбæл искæнун кæнон.

– Хъазахъæгти дзубандий дæ фий ма тъунсæ, – фæстегæй æй æ лæдзæгæй басхуста Иван.

Цалинмæ хæдзарæмæ цудæнцæ, уæдмæ си хъипп-сун дæр некебал цъухæй исхаудтæй.

Дуармæ æ уоси рахезун кодта Иван æма ин бафæдзахста, цæмæй рæфтад æрцæттæ кæна, æхуæдæг ба, Андреймæ æхе разелгæй, сдзурдта: «Цæуæнай, гъуддæгти фæдбæл нæ разелун гъæуй», – зæгъгæ.

– Дæ зæрдæ ибæл ма ходæд, – æ уодисконд уæхæн æй, уайтæккæдæр æрбамæстигæр уй, – æхе растгæнæгау сдзурдта Иван. – Сайтани амæттаг дæр фæууæд. Мæнæ бал рæфтад искæнæн, водкæ ба нин æй æхуæдæг байамондзæнæй, куд нин гæнгæ ’й, уой. Майский ци рауæн æй, уой ма гъуди кæнис? Еу инсæй верстай имæ ес ардигæй. Зæронд хæдза-

рæ еске балхæна, е ми нæ æруагæс кæнуй. Кæд æрледзæггæгтæй еске, æндæр... Уордæмæ нæ, фал уордигæй ледзгæ кæнунцæ, сæ дуæрттæй фулдæребæл къуматæ æвæрд ес.

– Бирюги æндзæри фæсте нæ ’й е?

– Уомæй дæр идарддæр.

– Хъæбæр мæ фæндуй еци рауæн кæсалгдзауæн ракæнун, æхсæвигон...

– Е хуарз гъуддаг æй. Дæ хæццæ балæудзæнæн, æрмæстдæр изæрмæ. Укол кæнун мæ фæгъгъæуй. Уæдта мæ къахи гъæдгин дæр нæма байгас æй, тог ма си рагъаруй, ресуй.

– Нотариусмæ ба исон бацæудзинан. Еу бонмæ кæд исрæвдзæ уаййанæ.

– Хуцау æ зонæг! Куд рауайдзæнæй?!

Еу рауæн фæззелæни æндæр гъæунгæмæ базилдтонцæ æма тукани цори æрлæудтæнцæ. Ниуæзтæй æ уодесæг уинуй иуазæг, уой ку базудта Иван, уæд хъæбæр багъенцъун кодта, фал уæддæр еу «чекушкæ» ба æ хæццæ райста. Дзæвгарæ рæстæг ибæл рацудæй тукани, уæдта æ лæдзгутæбæл æнцæнттæ гæнгæй, æппунæрæгиау рахизтæй æма машини бадæнбæл æхе уæззау уагъд æркодта, дуар æхебæл бахгæдта æма æ мæгурбæнттæ дзорунбæл фæцæй.

– Ауæхæн уавæрмæ æрхаудзæнæн, уой æнгъæл ба ка адтæй. Мæхецæн бæрцæ нецæмæй зудтон! Ци хъауритæ мæмæ адтæй, етæ мин сæдæ анзей фагæ адтæнцæ… Атаманæй мæ исæвзурстонцæ. Хъазахъæгти туххæйти базмæлунтæ кодтон. Цъухæй дзорунмæ бæгъатæртæ æнцæ еугурæй дæр, гъуддаги ба – пъæстутæ. Мæ зæрди адтæй гъæуи хъазахъаг хуæдразамундадæ исфедар кæнун. Уæхæн уолæнтæ цудæй уæд. Фал нæ Мæскуйæй æрæлхъивтонцæ, кедæрти зæрдитæмæ нæ фæццудæй хецауадæй, хъазахъ сæхебæл уæлæмæ æгæр хуæцун ке райдæдтонцæ, еци гъуддаг. Мæнгæ зæрдæвæрæн дзубандитæ разиндтæнцæ, гъæууон хæдзарадон къабæзтæ райрæзун кæнунмæ нин ци кредиттæй зæрдитæ æвардтонцæ, етæ дæр. Еугурей дæр еу цæги бафтудтонцæ. Фал, ахургонддзийнадæ кæмæ нæййес, еци адæн менеджерти, æхцайкустгæнæг хъæфхъундарти хæццæ куд гъæуама рахуæстайуонцæ? Нæ хъазахъаг цулухътæй цæргæбонти ке фæннадтан, нæ еци зæнхæ цох кæнуй нæ къæхти бунæй. Еугур исæвд кæнуй.

Нæ ’й лæдæрун, ци нин гæнгæ ’й, уой... Афганистани анзи æрдæг фæддæн. Еухатт ба æрхъолай дæр бахаудтæн. Фиццаг, тасдзийнадæ нæ иуæнгти бацудæй, уой фæсте ба нæ маст уотæ исирадæй, æма нæмæ цудæй æрмæстдæр марун... Æзнæгти цæгъдун... Фал уæддæр, ке рампурсæн кæндзинан, нæ еци нифс нæ састæй... Æма ратудтан æзнаги къæлæт! Нур ба адæймаг кæбæл, цæбæл æууæнда! Нецибал нин æй лæдæрд. Ниббуцæу ан еу бунати. Мæнæ нæхе Василий райсæ. Куд æнгъæл дæ? Райони цæргути хуарздзийнадæбæл ауодуй? Æхе дзиппитæ идзаг кæнуй! Уæдта ма æнхус кæнуй, æ сæргъи ка лæууй, еци хецæутти зæрдитæ балхæнунæн дæр мадзæлттæ ка аразуй, уонæн. Еци нивтæ нæ зæрдмæгур кæнунцæ! Æз ба гъæуама сæ нихмæ мæ цард-цæрæнбонти тох кæнон? Неке фæндуй атаман ун. Уæхæн уаргъ æ рагъмæ неке æргъувуй!

– Дæ уаргъ дæ рагъæй исесæ. Дæ къах æнхæст дæр нæма бадзæбæх æй, ду ба тох кæнис!

– Мæнæ тиллæг бафснайæн, нæ ихæстæ бафедæн, уæдта курдиадæ ниффинсдзæнæн. Шацкая – нæ æхцагин силгоймаг нин зæрдитæ бæргæ æвардта... Кредит уой банки истон. Æрмæстдæр ма еци силгоймаг бамæтæ кæнуй адæнбæл. Æхуæдæг ба уæхæн хуæрзконд æй, æма дессаг… Уæхæнттæ бæргæ фулдæр ку уайуонцæ. Куййи фæллад ниддæн, ме ’рвадæ! Уæртæ комбинати гæсæй косдзæнæн фæлтау, нему-ци къохи... Иван æ гъæлæсидзаг ниххæл-хæл кодта...

Хæдзари æфсийнæ, кенæ æ рæдуд исраст кæнуни туххæй, кенæ æ фур рæдауæй, фал фæткъубæласи буни дзæбæх фингæ æрæвардта. Аким æ хæдонæ райййивта, æ бецъуг галеуæрдæмæ бафаста. Скъолайæй афойнадæбæл æрбаздахтæй сæ киндзæ Ларисæ дæр. Уæдмæ ба маршрутки æрхъæрттæй горæтæй хæдзари æригон хецау дæр. Цалинмæ Валентинæ стъоли сæргъи цалхау зилдæй, уæдмæ нæлгоймæгтæ сабургай дзубандитæ кодтонцæ. Андреймæ хъæбæр дессаг фæккастæй, Михаил, æ фидæ ци гъæууонхæдзарадон кустуат исаразта, уоми ке нæ косуй, еци хабар.

– Зæнхæ æзгелун мæмæ хъæбæр нæ цæуй, – хийнæхудт бакæнгæй, дзуапп лæвардта Мишæ. – Æрвист ахæстити кусти хузæн мæмæ кæсуй еци гъуддаг зумæги уазал цъемоси, сæрди – æнтæфи, æдæхсæвæ, æдæбонæ æрæнцойнæ нæ

зонгæй. Горæти мин фатер ку уидæ, уæд еунæг усмæ дæр æз ами нæ бадзебæл уинæ. Мæ бийнойнаг скъолай сæумæй изæрмæ ахæсти хузæн. Горæти ба зæрдæмæдзæугæ куст иссерæн ес. Мæнæ бал мæхецæн дзолфицæни куст иссерд-тон. Бонцохæй Ростовмæ дууердæмæ геттæра кæнун. Фал си уæддæр цидæр пайда ба ес. Хъазахъаг æзмæлдæ фæстæмæ иснæуæг кæнуни гъудийæй ба неци рауайдзæнæй!

– Уомæн æма еугурæй дæр дæу хузæн «зунди къубустæ» æнцæ, – æхе нæбал бауорæдта фидæ. – Кунæг устур гъуддаг дæмæ нæ кæсуй – пельменти къинсæ кæрæдзебæл нихасун! Цæмæй дæхе æппæлис?

– Уони сæрмагонд машинæ кæнуй, – æ нихмæ рахуæстæй Михаил. – Берæ улупа æма æнцонкосæн кæми уа, уæхæн куст мин иссерæ, æрмæст тракторбæл æма фонсгæсæй ба нæ!

Андрей куд балæдæрдтæй, уомæ гæсгæ фидæ æма фурти æхсæн уæхæн буцæудзубанди арæх рауаидæ.

– Алке дæр æхе аккаг мехбæл бийуй кауæ, – фæссæбæл зуст кодта Аким. – Æргъос уотæ!

– Æз дæр мæ гъæубæстæ ниууагътон кæддæр. Ме 'нгæрт-тæ ба байзадæнцæ, – æ дзурд багæлста Андрей дæр. Æ зæр-ди адтæй буцæу фæллæмæгъдæр кæнун. – Нур ба мæ инне-цирдæмæ фæндуй. Еугай еузæрдиуон цæргутæ ма байзадæй гъæути. Е хуарз нæ æй. Фал Кубани, фæсевæд цæмæй гъæу-ти изайонцæ, уомæн берæ мадзæлттæ арæзт цæуй. Уæдта махмæ Дони дæр берæ хъазахъаг фæлтæртæ цæруй гъæути. Алци дæр райгурæн зæнхæмæ цæстдардæй аразгæ æй.

– Раст зæгъис, – æ фарс рахуæстæй Иван. – Мишкæ ба еске уæрдуни бадунмæ гъавуй, кæд æй нæхе зæнхбæстæ уарзунбæл ахур кодтан, уæддæр.

– Бахатир кæнæ. Æндæр домæнтæ ес нури доги фæсе-вæдмæ, – фæкъкъæнцц имæ кодта Мишæ æма æ гъæбесмæ æ тубудзитæ арæзт кизги исиста. Андреймæ, и кизгæ Вали цума цæрмæстъигъд бакодта хузæй, уотæ фæккастæй.

Фингибадт æ цуди кой кодта. Хуæрдæ, ниуæзтæ хопъа-лæмæ. Æвзæгутæ фæндон райхалдæнцæ. Аким, дзæбæх байгъæлдзæг уогæй, рагон зартæ ниййагайдта. Валентинæ дæр си фæстегæй нæ байзадæй, фал æ хъуртæ исисун ку райдæдтонцæ, уæдта кæсалгдзаутæн хуæруйнаг сæ хæццæ ниввæрунмæ æхе райста фингæй. Æрмæстдæр ма æртæан-

здзуд Ульянæ æ бабайæн фæрсаг кодта æ сурх пъолци æма бантикки хæццæ.

– Æцæг хъазахъаг силгоймаг си рауайдзæнæй аци кизгæй, – раппæлдтæй æй Андрей. – Нæхецæй æй, нæхецæй!..

Иван æ уомæл цæститæ иннецирдæмæ разилдта. Æ кæсалгдзаутæ фæндараст гæнгæй, Валя æхе фæстæмæ фæззилдта, уати фæммедæг æй æма си рахаста дзиуарæ æма 'й Андреймæ равардта. Е адтæй Мади-Майрæни сорæт.

– Æнхусгæнæг дин уæд! Дæ мади хуæри адтæй æма 'й æ номбæл фæддарæ. Уæ деду æма бабуй дæр аци изæдбæл бафæдзахстонцæ сæ доги.

– Хуцау ди исарази уæд!

Изæди хузæ æ къохтæмæ райсгæй, æ медзæрди балæдæрдтæй, цидæр гъардзийнадæ си ке цудæй, уой.

– Уæхе гъæуай кæнетæ! Инспектортæ машинттæ арæх уорамунцæ, ести, уæд дæмæ мæхуæдæг мотоциклбæл ниууайдзæнæн. Куддæр нихъхъæртайтæ, уотæ ба мæмæ телефонæй æрбадзæнгæрæг кæндзæнæ!

9

Иван изæрдалингти уæнгæ уоми фæцæй Андрейи хæццæ, еу дæс æма инсæй кæсалги æрахæста. Уæдмæ Андрей, дууæ доней астæу донуатмæ бæлæгъбæл банакæ кодта, æма имæ Иван уордæмæ нигъгъæр кодта, гъома, цæуни зæрди дæн, зæгъгæ. Æхуæдæг ба Мишæмæ радзурдта телефонæй, æма имæ еу рæстæгути фæсте ба фæззиндтæй. Андрейæн е 'нгурæбæл кæсалгæ дзæбæх хуæстæй æма 'й нæ фæндадтæй уордигæй фезмæлун, уæддæр сæумæ исæнбæлдзинан, зæгъгæ...

Уæдмæ изæр дæр æ бартæ есун райдæдта. Æрвгæрони сурх зингæй дон дæр сурххуз радардта.

«Нæ мадæ – будур, – æхсицгонæй гъæуæйттæ кодта аллирдæмити Андрей, æма æ цæстити рази истадæнцæ æ евгъуди сонти-бонти сабийдоги нивтæ. Ци ба нæ фæууидтонцæ æма нæ бавзурстонцæ еци фæзуæттæ: бердзейнаг æма половаг æфсæдтæ, тæтæр-манголти къæлæт æфсой, Клейсти æфсæдтæ. Цæйбæрцæ цæфтæ æма мæрдтæ фæууидта æма ниннихъуардта аци бæстихай. Æ фиди фидæ амити фæммард

æй, æ фидæ ба цæрæнбонти аци будурти фæхъхъиамæт кодта... – Æз ба си мæ сæр райстон. Цæрун мæ фидибæстæй идард рауæн. Фал уæддæр зæрдæй ба ами дæн. Цифæндуй ку уа, уæддæр мин аци бæстихаййæй зинаргъдæр неци ес дуйнебæл...»

Æ кари ка бацудæй, фал ма æ къæхтæбæл федар ка лæудтæй, еци нæлгоймаги росбæл æвæрсгæ цæстисуг куд æртагъдæй, уой æхуæдæг лæдæргæ дæр нæ бакодта.

Андрей нурма нур æрæскъитæгау кодта æ сæнттæй. Æ зæрдæбæл æрбалæуудтæй, æхсæвеуат кæнунмæ æй æхе цæттæ кæнун ке гъæуй, еци гъуддаг. Дони билæмæ æ резинæ бæлæгъ билгæронмæ исласунмæ ку ниххизтæй, уæдта æнæнгъæлти цъæноди хурфæй ранакæ кодтонцæ дууæ дони хъази. Адтæнцæ нæл æма силæ. Кæрæдземæй фæххецæн уæн кæмæн нæййес, уæхæн дууæ æнкъаййи. Уони уиндæмæ бабæй лæги зæрдæ фæстæмæ нирхæндæг æй. Гъо, уарзта Андрей дæр! Уарзта æ уодæнбæрцæ, æцæг уарзтæй, фал амонд ба не ’ссирдта...

Кæсалги басæ дессаги хуæрзадæ рауадæй. Никки ба ма ’й фидхуасæ æма цивзæй фæндон исгъæста. Цалинмæ æ цумуйнаг уазал кодта, уæдмæ ба æ палаткæ райтигъта, æ машинæ ин дуармæ хæстæг æрæварда. Æнзтæ куд фулдæр цæунцæ, уотæ имисуйнæгти хæрхæ дæр идзагдæр гæнгæ цæуй. Кæсалгдзауæни ба æрахæссун сæйраг нæ æй, фал æрдзи минмурон зæлти хæццæ еунæгæй байзайун, сæ хæццæ исеу ун...

Ци хуæруйнæгтæ ин ниввардтонцæ æ хæццæ æ хеуонтæ, уони стъолæнбæрзæнбæл æрæвардта машини рохсмæ. Æма ин кæд дохтуртæ карзæй бафæдзахстонцæ, цæмæй карз ниуæзтæ æ цъухмæ дæр мабал хæсса, уой туххæн, уæддæр кæмидæр æ багажникки ба æ къохтæй æрæсгарста æ ивæрæн – къубуцгæ.

– Æвæццæгæн, мин Хуцау æхуæдæг балæвар кодта аци нивгун бон – хабæрттæ æма цаутæй идзаг, – рагъуди кодта æ меднимæр Андрей. – Уæдта ма... Цæй, кæд мин неци рахилæ кæнидæ! Хъазахъаг зари дзæгъæли – хумæтæги нæййес уæхæн дзурдтæ: «Хъазахъаг æцæгæлон рауæн фæммæлуй, æ райгурæн бæсти ба мæри хæццæ исеу уй». Мадта уæд, Андрей – историй ахургæнæг, – берæ цидæртæ ка фæууидта æма ка бавзурста æ царди, е цæмæй гъæуама фæттæрса.

– Хъазахъаг Баклановти дзилаги номбæл, Маринæ æма Наташæ, зинаргъ мин кадæриддæр æй мæ зæрдæн, уе 'гасей туххæн дæр, – æ къубуцгæ бæрзонд исхъелгæнгæй, гъæргомау искувта лæг, цума 'й еци æхсæйвон тари еске фегъустайдæ, уой хузæн.

Уæдта ци æхсæйвон дунгæ æрбадундта, уомæй фæттæрсæгау кодта, уотæ æ цъинда хæдонæ æ уæле искодта æма рацо-бацо кæнун райдæдта бæлæстæ æма зæронд, æрдæгихæлд нæуæгдзаути лагери каурæбунти. Æ зæрдæбæл æрлæудтæй æ Маринæ, æ бакаст, æ медбилхудт, æ къохти фæлмæн æнбæлдæ. Цал æма цал анзи ратахтæй æ сæрти? Дууинсæй анземæй фулдæр. Мæнæ аци билгæрони раргон æй сæ уарзт, деденгутæмæ ку æрбацудæнцæ, уæд. Мæнæ аци лагери ку кустонцæ дууемæй дæр сæрдигон, еци мæйæ ба æ царди адтæй тæккæ амондгундæр догæ. Æхсæви сабуйрадæ ихалдтонцæ цидæр æнахур гъæртæ. Æнцад æй нæ уагътонцæ æ гъудитæ дæр.

Цъæноди сифти сæр-сæр хъæбæрдæр кодта цъæрæхснæгути удзæл. Сæребарæуарзагæ дунгæ ин æ палатки парузи думæггæгтæ тилдта, ку фæгъгъосдæр уидæ, уæдта райгъусидæ цъимарай цæрæг цъеути скъотт – уаст, кæмидæр донмæ галуру æхе куд ниггæлста, уой ниццæлхъ ба имæ доникизги æртайунау фæккастæй, æма ибæл æнафони ходæг бацæфстæй.

Тар мегъти гæппæлттæ арв еугур æхгæд бакодтонцæ, æрмæстдæр ма кæронæй кæмидæр ферттевиуонцæ «Цауæйнон»-и æртæ æстъалуй.

Æ евгъуди бонти имисуйнæгтæ бабæй зæйрацудау нæуæгæй ниггулф кодтонцæ æ зæрди арфмæ. Мæнæ аци рауæнти ратæхæ-батæхæ кодта бæгъæнбадæй хуæрзцъигъинæй, ирæзтæй, ахур кодта зæнхкосæги куститæбæл. Е 'взонги бонти финста æмдзæвгитæ æма уонæй сайдта кизгутти зæрдитæ. Ех, уогæ ба! Ци хъæбæр си раидард æнцæ æ рагбонтæ? Цума æхуæдæг нæ, фал æ бæсти æндæр кадæр æмхалдех хизта гъæуи æргъау, судæй мæлгæй ахур кодта педагогон институти, куста ахургæнæгæй, тухтæй хецауади хæццæ рæстдзийнади сæраппонд. Æ гъудий, ке зæгъун æй гъæуй, нæ байзадæнцæ, цардмæ фæндаг ци ахургæнуйнæгтæн равардта, уони сорæттæ еугурæй, фал си ке бадардта æ зæрдæ-

бæл, уони хæццæ ба адтæнцæ наукити доктортæ, сауæнгæ ма инæлар дæр, зундгонд политикон архайгутæ, дохтуртæ. Дзæгъæли нæ харз кодта æ хъауритæ скъолай. Уогæ Уæрæсей ахургонд адæни хъисмæт хиццаг ба кæд адтæй?

Æ зæрдæ никки хъæбæрдæр хуаста реуи фæрстæ и мæйдари. Дони цæхъалти гъæр гъæрдæрæй-гъæрдæр кодта. Æ балци еци хатт, куд не 'нбæлуй, уотæ бæркадгун рауадæй, фал цума сæумæй бустæги уотæ нæбал хуæцдзæнæй, уотæ дæр имæ кастæй. Рæстæг ихæлунмæ гъавта. Идард æрвгæрони арви цæхæри фæррохсæй фæлабулайтæ гæзæмæ фæййирд уиуонцæ. Андрей тарстæй, ку рауара, уæд аци фæндæгтæбæл ку нæбал рафæраза рахезун æ зæронд æфсæнбæх. Нæдтæ еугур лæхъерæ ниуунцæ цъифæй.

Куддæр æ цæститæ фæххуæстæнцæ æма фунти райдзаст дуйнемæ ранæхстæр унмæ рагъавта, уотæ ба райгъустæй арви гæбар-губур... Дуккаг нигъгъæр арв дууæ рæстæмбес дехи фæццæйкодта. Андрей æ цæститæ байгон кодта æма æ дæрдгун палатки парузи зихъирæй æрæстæфтæй, æндегæй арви цæхæртæ кæрæдзей куд сурдтонцæ, уæдта къæвда куд хæстæгæй-хæстæгдæр кодта, уой унæр. Минкъий усмæ ма, æма уарундон фемæхстæй къибилатæй калæгау. Ставд æртæхтæ сæхе сæ тух, сæ бонæй еци-еу цæф никкæниуонцæ парузбæл, æма цалдæр рауæнеми тæдзун райдæдта хурфæмæ. Уарундони æртæхтæ тагъдæнцæ æ хуссæн голлагæмæ, гъæццолмæ, æма 'й Андрей къуммæ, сордæр рауæнмæ – байста. Уой фæсте арфхъургун къалостæ æ къæхтæбæл бакъуæрдта æма фанари хæццæ æндæмæ рахизтæй.

Æ реугудур ин цавта уомæл æма сатæг дунгæ. Арв бабæй тухгин цæхæрти зæйæ æрæгъзалдта нæуæгæй, æма кæмидæр адаги баймир æнцæ. Фал цалинмæ гæзæмæ рохс кодтонцæ, уæдмæ ба Андрейæн бантæстæй æ машинæмæ бадогъ кæнун. Æртæхтæ бабæй еци-еу калд æркодтонцæ таруг мегъи лæмарæнтæй. Андрей æ машинæ скосун кодта, пец бафтудта æма нурма нур æрлæдæрдтæй, æ спортивон уаледарæс уомæл ке æй, уой. Æ нивæн, æ рагъи хæссæн голлагæ фæстаг бадæнбæл разиндтæй, æма бабæй æ къубуцкæй коньяк исхупп кодта æ бауæр «багъар» кæнунæн...

Сах къæвда рахаста еу сахати æмбеси бæрцæ. Арви æртевæнтæ рохс кодтонцæ фæлабулайтæ. Идард кæмидæр ма

æставд æрттивд фæккæниуонцæ, арви бæрæгастæу ба раирд æй. Мегъауунæй æ сæр радардта мæйæ. Æ рохсмæ дудзизиннæгау æрæстæфун æнбалдæй цъæноди техалгутæ, донуати сæрмæ ба мегъæ кирбадт æркодта.

Андрей раззаг бадæн фæстæмæ рауагъта æма æхе æрхъан кодта. Аци æнæхаири цъифæ рæстæг ин æ плæнттæ фехалдта. Нур, цалинмæ над басунсæ уа, уæдмæ ин рацæуни фадуат нæ уодзæй, хезун æй багъæудзæнæй сауæнгæ изæрмæ.

Цубур дзурдæй, еу бон ма ’й гъæуй ами фæуун, нотариусмæ дæр цæун гъæудзæй. Фал ин кæд Иван дæр ести хузи фенхус кæна. Ами ’й куд ниууадздзæй уой бæрцæ?

Æ сæрмæ бабæй еу инней фæсте цæун райдæдтонцæ аллихузон гъудитæ. Æдеугурæй ма ин нимад æнзтæ байзадæй цæрунмæ. Зинвадуатмæ бахаудтæй, æвæдзи, Василий Лукьянченко. Уæдта нерæнги бæрæг нæма æй, ке радæ бабæй ралæудзæнæй, е. Æма уомæ гæсгæ ба фæстæтæрæ кæнун нæ гъæуй, куд тагъддæр, уотæ фенбæлун æй æрфæндадтæй Марини хæццæ. Ами бабæй, æ бонуг ку финста, еци рæстæгутæ æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ, æма дес дæр ма фæккодта, куд æнæхийнæ æма цæрæццаг гъудитæй æй финста, уобæл. Марини хæццæ дууемæй дæр уарзти цади куд æмидолæй накæ кодтонцæ, фиццаг сæ кæрæдземæй æфсæрмитæ кæниуонцæ, уой фæсте ба син бауорамæнтæ куд нæбал адтæй сæ кæрæдзей уиндæй бафсес унмæ. Æцæг уарзти адæ æрмæстдæр Марини хæццæ бавзурста. Алли хæццæ уогæй, уæхæн уодон уæлтæмæнадæ некæд банкъардта...

– Гъæла миуæ бакодтон, – æ хъурæй æнæнгъæлти исхаудтæнцæ еци дзурдтæ, – царди æндæр хузи фæндæгтæбæл гъæуама рацудайнæ.

Æ цард еугæндзон хузи рарвиста Андрей. Хæдзарæй – кустмæ, уордигæй – хæдзарæмæ. Раст зæгъун гъæуй, Аллæ лæгъуз адæймаг нæ адтæй, хæдзари дæр æцæг æфсийнæ æма уарзæг бийнойнаг. Фал Андрей куд балæдæрдтæй, уотемæй ба царди айдагъ еци минеугутæ фагæ нæ фæуунцæ. Ахсгиагдæр фæууй дууæ уодей æмеудзийнадæ, фал е ба се ’хсæн нæ адтæй. Цардæнцæ нецигъæуагæй, фал уæддæр е адтæй æгъиццаг цард.

Балцити арæх нæ цудæй, уæдта ку цæуидæ, уæддæр скъоладзаути хæццæ разамонæгæй. Æ бийнойнаги ба ин сæ фате-

рæй топпи мудзурайæй дæр æндæмæ нæ рацæун кодтайсæ. Æрмæстдæр адтæй Мæскуй æма Питери, уæдта ма Цæгат Кавказаг горæттæй цалдæрей санаторити æма Сау денгизи билæбæл. Нæдæр Сибири, Хъирими, Урали, нæдæр ба фæсарæнти некæд нифсарстæй æ къах. Уогæ айдагъ Андрей нæ адтæй уæхæн уавæри.

Советон доги кæд кæци ахургæнæгæн фæцæй фадуат фæсарæнмæ фæццæунæн? Марини бон ба еу къетелæги берæ бадун н' адтæй. Студенткæ ма уогæй ин бантæстæй Варшави, Праги æрзелæнтæ кæнун, альпинистти хæццæ исхизтæй Эльбруси цъопмæ, æрзилдæй Байкали билгæрæнттæбæл дæр. Кæддæр Андрей дæр, æригон уогæй, уæхæн балцитæмæ бæргæ бæлдтæй!..

Еци æрдæгфунæй уавæри цæйбæрцæ фæллæудтæй Андрей, Хуцау æ зонæг, æвæдзи, цалинмæ 'й кедæр гъæр нæ фесхъæтæг кодта æ гъудитæй, уæдмæ: «Ци фæцайтæ?» Андрей æхе исивазта æма рабадтæй, матор æрхуссун кодта. Æ кæсæнтæ бакодта æма талинги æрæстæфтæй силгоймаги æндæрг. Æнæзонгæ силгоймаг хæлаф æма цъиндахæдони, æ рагъбæл – æ хæссуйнаг, уотемæй палаткæмæ медæмæ дзурдта. Андрей æ машини къæразгæ бунмæ æруагъта æма 'й тузмæг гъæлæси уагæй бафарста:

– Хуарз, силгоймаг, ке æгорис?

– Сумах, – бацийнæ кодта æхсæвейдзогæнæг, уæдта еци æндиудæй фæстаг дуар фегон кодта æма бадæнмæ æ сумочкæ æма устурдæр хæссуйнаг багæлдзгæй, æхуæдæг дæр салони смедæг æй. – Мæнæ ци уазал исдæн. Ниддæвдæг дæн! Еугур дзæлвæ ниддæн! Тамаку мин радтай!

– Нæ думун, – дзуапп ин равардта Андрей, æхуæдæх ба машини хурфи рохс исасугъта æма имæ фæстæмæ ракастæй. Кизгæ разиндтæй хуæрзæвзонг æма æнæуагæ дессаги хуæрзконд, устур сау цæститæ ин, араббаг, кенæ ба испайнаг цæсгони цъарæ ин, æ дзиккотæ къæбæлдзуг æма даргъ.

– Мæ фæсте «Ниссанбæл» цудæнцæ цидæр æнаккæгтæ, фæййагайдта кизгæ. – Æзинæ сæумæ си мæхе ратудтон. Аци бон ба мæ хеди къуммæ бакодтонцæ. Джип мæ фæссайдта, раззаг цалх хъеллаугæнгæ байзадæй, фæстаг ба ниххастæй. Ести мин æргъуди кæнæ. Ци зæгъай дæхе цъухæй, уой дин бафеддзæнæн.

– Цæмæй дин фенхус кæнон? Ревæд арми тъæпæнтæй?

– Дууæ къохемæй æма сæри зундæй. Ду рацæргæ лæг дæ, фæлтæрдгун, ести æргъуди кæнæ.

Андрей рамæстгун æй, æ бадæни фæстаг хай исхъел кодта, æ сæр исæргъувта æма кизгæмæ фæстæмæ ракастæй.

– Неци дин мæ бон æй, кæд исуазал дæ, уæд дин мæ бон æй коньяк бадарун.

– Гъо, гъо! Рахæссæ! Мæн Женя хонунцæ! Дæу ба?

– Андрей Петри фурт! Æруагæс ми кæнуй, нæ базонгæдзийнадæ ке нæ ниддæргъвæтийнæ уодзæнæй, е.

Къубуцкæй еу дууæ хуппи искæнгæй æй фæстæмæ æ хецаумæ балæвардта.

– Мæ цирагъ ниххуссун кæнон, мæ аккумулятор зæронд æй æнæуой дæр æма æрбаддзæнæй.

Андрей æркъипп кодта цирагъ.

– Æз каратэйæй архайун. Ести, уæд...

– Кедæр хæццæ мæ æййевдзи кæнис, кизгæ!

– Сор уæледарæс дæмæ ести ес?

Андрей багажниккæй исиста æ фурти зæронд курæт.

Женя Андрейæй ракурдта, цæмæй æхе иннердæмæ разела, æхуæдæг ба æ уомæл хъæппæлтæ фелваста æма курæти ранигъулдæй.

– Ци, уой зонис? Кæд дæ бон неци æргъуди кæнун æй, уæд гъæумæ фæццо æма трактор æрбакæнæ, – æрдæмдта Женя. – Дæхе дæр ардигæй ислæсун гъæудзæнæй. Нæ дуемæн дæр пайда!

– Гъæумæ æнæгъæнæ дууадæс километри ес, æз ба æгæр фæккардзуд дæн уæхæн балцити цæунмæ.

Машини хурфæ ба сабургай байдзаг æй духий сæрзелæггунгæнæг тæфæй. Андрей сахатмæ æркастæй, æма адтæй æхсæви 2 сахатти.

Уæдмæ кизги сумочкæй райгъустæй телефони дзæнгæрæг. Кизгæ цурдгомау фелваста телефон, рохсмæ имæ æркастæй, уæдта æй æ гъосбæл февардта.

– Мамæ, дæ зæрдæ мæмæ ма æхсайæд! Мæнæ кæсалгæ ахæссæги машини дæн... Дони билæбæл. Офис ниххæлеу кодтонцæ? Гъæуайгæс æрбадзурдта? Хуцауæн табу, биццеутæ уодæгасæй ке байзадæнцæ уæддæр... Ка? Бæлвурдæй æй нæ зонун. Цидæр агъазиау маймулитæ агъодти, æнахур

уæледарæси. Бонигон сæ милицæ фæттæрсун кодта. Мæн ба æнафонæмæ багъудæй радзебæл ун, кредиторти ихæстæ бæлвурд кодтон. Уæдта мæ сæргъи æрбалæудтæнцæ.

Мæ ноутбук æма сумкæ мин раскъафтонцæ. Нæхе биццеутæ мæ къæразгæй расхустонцæ, сæхуæдтæ ба сæ хæццæ хилæ кæнун райдæдтонцæ. Æз ба æнæ рохситæй будуртæбæл ниццавтон. Мæ фæсте дууæ машини. Сæ еу фæстегæй байзадæй, «Ниссан» ба гъæди хурфи фæццидæр æй. Мамæ! Ку дин загътон, мæ джипп хедбæл ниццæхгæрмæ 'й. Гъæуайгæс мæ цæмæн агоруй? Мæ фæд син баамона!.. Сæумæмæ ами бахездзæн... Хуарз, балæдæрдтæн. Æнæуой дæр мæхе гъæуай кæнун... Ростови бонæй уодзæнæн. Барæнай! Мæ телефони зарядкæ фæуунтæбæл æй. Ести, уæд мæмæ интернетæй...

Андрей æ сæр батилдта æма бахудтæй.

– А хъазахъи зæнхæ нæ æй, фал цидæр гъæддаг нигулæн.

– Никки фуддæр. Уоми закъæнттæ ес, махмæ ба фудгæнгути рахастдзийнæдтæ.

– Кизгæ! Цал анзи дæбæл цæуй? Кæцæй зонис еци еугур хабæрттæ? – хинцфарст ай ракодта Андрей, æ сæр фæстæмæ разелгæй.

– Мæ мади хæццæ Америки штатти адтæн.

– Æма дæ еунæгæй ба куд уадзуй? Бахатир кæнæ, фал цæбæл дзурдтай дæ мади хæццæ, уой игъустон æма мæмæ уотæ кæсуй, æцæг мадтæлтæ уотæ нæ фæккæнунцæ.

– Дæу унафи нæ æй! Нæ мади туххæн ба дин уотæ зæгъун: æртæ анзи лекка кæнæн дууердæмæ, æма нæ куст мæнæй хуæздæр неке зонуй, æма мин мæ мади кой ма кæнæ фаунæрдæмæ. Нæ рахастдзийнæдтæ бустæги æнæмегъæ нæ 'нцæ. Уарзуй мæ зæрдæй, фал мин додо-бодотæ ба нæ кæнуй. Алкæддæр практикон гъонбæлади фарс хуæцуй. Мæнæ Америки куд æй, уотæ, – сувæллæнтти ахур кæнунцæ сæ минкъиййæй фæстæмæ хезундæй цæрунбæл.

– Махмæ дæр уотæ адтæй – кустонцæ нæмæ скъолати кустадон бригадитæ.

– Ду, æвæдзи, æрцæуæккаг дæ? Райони дæбæл мæ цæстæ некæд æрхуæстæй.

– Идарди цæрун, Бериловки райгурдтæн. Æртин анземæй фулдæр фæккустон историй ахургæнæгæй.

– Мæн бабуля дæр ахургæнæг адтæй. Уой фæрци райдайæн скъола каст фæдтæн дууæ анземæ. Экономики Академимæ бацудтæн финддæсанздзудæй. Мæ мадæ мæ ахури буни фæккодта, æнæуой ба мæ хъæбæр фæндæ адтæй журналисткæ исун. Дуйнеуон маркетинги дæсниадæ мæмæ ес, фæндуй мæ практикæ Англий рацæун.

– Мæ зæрдæ мин барохс кодтай! – фæффæлмæндæр æй Андрейи гъæлæс. – Размæ, скъуæлхтдзийнæдтæмæ тундзун æригонæй гъæуй. Тутанхамон фарастанздзудæй иссæй фараон, фал æ кади гъуддæгтæ ба æностæмæ байзадæнцæ. Кенæ Людовик XIV, Петр I... Нуртæкки фæсевæдæн ба сæ зæрдæ æрмæстдæр рæуæг æхцатæ æма цардмæ æхсайуй! Сæ уод, сæ цæстæ – ескæми сæхе раерхæфсун.

– Сау цуппаркъумон дæ дуккаг хатт исаразун гъæуй! Уонæй алке дæр царди æхе бунат иссерунмæ бæллуй. Раст сумах куд бæлдтайтæ, уотæ. Раст зæгъун гъæуй, мах нæ гъости уæнгæ хæлаури тунти бахауæгау ан. Махæн уингæ дуйне æцæгдзийнадæй хъазардæр æй, фал æнæлæдæргæ, бустæги къумух ба нæ ан. Мах цардæййафæн кæнæн! Зæгъæн, æз царди туххæн алцидæр зонун. Ес мин мæхе хигъд банки, æнæгъæнæ Европи бæститæбæл дæр æрзилдтæн, æмбалдтæн нæлгоймæгти хæццæ дæр. Ес мин, мæ зæрдæмæ хъæбæр ка цæуй, уæхæн уарзон адæймаг дæр. Æз уарзун уæгъдебарæдзийнадæ. Цард тох æй! Мæнмæ е раст кæсуй. Фал хатгайти ба адæймаги багъæуй, æ цардæн тæссаг кæми фæууй, уæхæн фæндæгтæбæл рауæдтитæ кæнун дæр.

– Нæ, Женя. Амонди бундор нæ еудзийнади медæги æй.

– Загъта-багътатæ! Коллективон есбонадæн берæ хузти ес балæдæрæн. Советон цардарæзти ба бустæги æнæпайдахæссæг гъуддаг адтæй. Академий ахур кодтон еци системæ.

– Уæ сæртæ уин фесинмæ зелун кодтонцæ! Ленин æй банисан кодта: дуйне капитализми кæронггаг хузæ империализммæ бахизтæй. Нур ба æ хузтæ никкидæр фæййарфдæр æнцæ...

– Мæ сæр мин алли хъилма гъудитæй ма идзаг кæнæ! Мæнмæ нуртæкки уони мæтæ нæййес, – æ дзубанди ин æрдæгбæл фескъудта кизгæ. – Мæхе лухгæнуйнаг фарстатæй мæ хопъалæмæ дæн.

– Уæддæр ци кустбæл хуæст дæ?

– Уæрæсей гъæути цæргутæн æнхус кæнæн сæ мæгур æма гавзук царди уагæй сæ фæййервæзун кæнунбæл.

– Уагæри ци хузи?

– Кредиттæ син цæттæ кæнæн, пайдайаг син ка æй, уæхæн уавæрти. Ӕлхæнæн зæнхи гæппæлтæ, цæрæнтæ. Ефтонг кæнæн арæзтадæ, уæлдайдæр ба, промышленнон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн кустуæттæ... Мадта мин фенхус кæнуни зæрди нæ дæ?

– Ӕмбурдмæ дæу худтонцæ, ду ба сæмæ нæ бацудтæ!

– Рахъан кодтонцæ! Уæлдайдæр ба сæ атаман.

– Аржанов ме ’нсувæр æй. Е хъазахъæгти царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл мæтæ кæнуй, ду ба фулдæр æфтуйæгтæ бастъегъунбæл.

– Бизнеси кой кæнис? Етæ фæйнæ гъуддаги æнцæ.

– Фал сæ нисанеуæг еу æй. Адæни цар æстъегъетæ!

Женя хийнæхудт бакодта.

– Мæхе фæрæзнитæй Бериловки скъола исцалцæг кодтон. Мæ мади хæццæ райцентри аргъауæндонæ аразунæн æнхус кæндзинан. Адæн ба фæйнæхузи æнцæ. Аржанов фæлварæ æ хъазахъæгти хæццæ зæнхи устур гæппæл райста багендий, харбуз си бакæнунæн. Бюджети фондæй ба æхца нæ райста муггæгтæн. Ӕгас анз зæнхи неци итуд æрцудæй. Бадзурдмæ гæсгæ гъæуама бафистайдæ федтонтæ багендидæтгутæн, æма махмæ фæдздзурдта. Мах ин æфстау равардтан миллион æма æрдæг. Бафиста син сæ ихæс æма бабæй зæнхæ нæуæгæй багендий райста, фал тиллæг не ’рзадæй еци анз.

Фарæ сæрди тауæггури хæццæ хæлæмулæй æруардта къæвда. Мах ниххатир кодтан Аржановæн æ ихæс. Ивар си нæ байагурдтан. Аци анз дæр бабæй ин нæуæгæй кредит равардтан. Мæ дзубанди мин хуарз лæдæрис?

– Ӕнхæст нæ! Зæнхитæ гъæуи цæргути адтæнцæ, ду ба син хецау исдæ! Уотæ æригон уогæй, уæгæ нæ кæнис зæнхи гъуддæгутæ æвзарунæй? Зæнхæбæл пайдай куст кæнуни хабæрттæмæ хуарз арæхсис?

– Ӕнæдузæрдугæй!

Андрей нецибал исдзурдта. Машини хурфæ никки хъæбæрдæр байдзаг æй духий тæфæй. Нæуæгæй бабæй уарун райдæдта.

## 11

Женя хумпъурæй исиста ноутбук æма машини хурфæ æрвхуз рохсæй байдзаг æй. Андрей раззаг айдæнæй фæстæмæ хуарз уидта, æригон кизгæ æ листæг æнгулдзитæй кнопкитæбæл куд рандзæвæ-рандзæвæ кодта, уой. Еу усми фæсте ба кизгæ исдзурдта:

– Нур кæд æ зæрдæ нæбал дзоридæ мæ мадæн. Æрæй сабур кодтон. Æндæра æхуæдæг ардæмæ нæхстæр кодта, – нибберидзгæй, сдзурдта е. – Мæ мадæ бизнесмен нæ æй, фал киноти ке февдесунцæ, уæхæн бакастгин адæймаг. Фæддин æй уинун кæнон? – сдзурдта кизгæ æма ноутбук Андрейæрдæмæ рахатта. – Мадам Шацкая! Уæрæсе!

Андрей хузæмæ æ сæр æркъолæ кодта æма цавддорау фæцæй. Экранæй имæ кастæй... Æхе мадæ! Кæрæдзей цæрмæстъигъд бакодтонцæ. Æрмæстдæр а, горæттаг кизгæ, ирддзæсгондæр адтæй æ хуарæнти хæццæ, уæдта æ бакаст дæр æндæр хузигомау адтæй – æнæхатирдæрхуз, æ цæстингас уазал!

– Нур ба дин фæууинун кæнон, кети хæццæ зонгæ дæн, уони, – зæгъгæ, æма æ ноутбуки хузтæ тагъдгомау æййевун фæййагайдта.

– Ани фæсмæрис? Мæнæ дин Дюжев, а ба Зара – хуарз кизгæ æй. Мæнæ, ка лæууй, е ба Сережа Лазарев...

Андрейи цæсгон еци рæстæги уотæ æнахурхуз адтæй, æхе уотæ раййивта, æма имæ Женя ку бакастæй, уæд фæттæрсæгау кодта æма ’й сонтæй рафарста:

– Ци кодтай? Дзæгъæл радæ? Эстради стъалутæ дæр мах хузæн хумæтæг адæн æнцæ!

– Дæ мадæ... Наталья хуннуй?

– О, Хуцау, маци мин кæнæ? Кæрæдзей хæццæ зонгæ ма уайтæ?!

Андрей банкъардта, æ зæрдæ куд бауазал æй, уой. Уой фæсте ба æхе разилдта æма сдзурдта:

– Æз... æз дин дæ нанай фæсмардтон... Еумæ кустан... Æррæстæ ’й балæдæрдтæн!

– Кутемæй æй балæдæрдтæ?

– Æмхалдех...

– Мæнгæдтæ дзорис. Мæ мадæ æма мæ нана бунтондæр фæйнæхузи æнцæ. Æвæдзи æй сувæллонæй гъуди кæнис?

– Гæнæн ес... Æма дæ фидæ ба ка æй?

– Лæмбунæг хабæрттæ нæ кæндзинан. Еугæзæмæ багъар дæн. Æвæдзи, мæхе багъæудзæнæй гъæумæ цæун æнхусагор!

Андрей дуар байгон кодта æма æ цæсгон фæсуарун думгæмæ исхатта. «О, Хуцау! А мæ кизги кизгæ ку æй! Мæхе æ цори куд гъæуама дарон? – æ сæри аллихузи гъудитæ æмбохъула кодтонцæ лæгæн. – Цæййасæ райрæзтæй? Зæгъæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн æнæуагæ дессаги æнкъарæнтæ! Раздæр ибæл куд некæд расагъæс кодтон... Æнгъæлдæн, æма баба дæн... Цума кæдæй ардæмæ?..»

– Уарун фæгъгъос æй. Мæ машинæмæ æркæсун дæр æнгъезуй. Мæ уæледарæс дæр басор æй.

– Гъæуй, гъæуй! Цæуæн. Гæр, хед ма æгас æй? – фегъæлдзæгдæр æй Андрей, æ медзæрди катай римæхсгæй. – Паддзах Александри доги æй саразта еу хъазахъаг къопец. Дæ уæледарæс феййевæ, æз дæ æндегæй бахездзæнæн!

Æхе дæр æнхæст нæма æрлæдæрдтæй, æ кизги кизгæбæл ке фенбалдæй, еци æнæнгъæлти цауæй, уæдмæ ба æрвгæрони сæуæхсед æхе æргон кæнун райдæдта. Уæдмæ циуавæрдæр машини цирæгъти рохс ферттивта хедæрдиги, æвæдзи соргутæ еци ’рдæмæ томар кодтонцæ.

– Дæу нæ агорунцæ? Цидæр фæсарæйнаг машинæ! – æ катай нæ римæхсгæй, сдзурдта Андрей, дуар байгон гæнгæй. Женя курæти дустæй æ цæнгтæ туххæйти исуæгъдæ кодта æма уæдмæ æ къахидарæс кæнунбæл фæцæй. Усми фæсте ба машинæй рахизтæй, æ ноутбук æма сумкæ æ хæццæ раскъæфгæй.

– Æнæбайрайгæ фæууо! Мæ них басастæй...

– Цъæноди фæсте мæ лодка лæууй. Æ буни дæхе баримæхсæ! Æз дæмæ фæккæсдзæн, – зæгъгæ, æма Андрей æхе бунмæ рауагъта фанарæй рохс гæнгæй. Женя, еци уæззау къахдзæфтæгæнгæ, æ фæсте рараст æй. Лодкай буни ци кæрдæг адтæй, е сор разиндтæй, уомæл имæ нæ бахъæрттæй, фал кизгæ ба хъæбæр æвæндонæй лæстæй уордæмæ.

– Кæд рейдертæ нæ ’нцæ, уæдта? Нур бабæй мæхе ислæкъæрдæ кæнон?

– Цитæ дзорис? Дæ зунд дæхемæ æй? Ракæнæ-бакæнæмæ нæ евдæлуй?

Женя æнæбари, хъурхъургæнгæ, балæстæй лодкай бунмæ, æ дзаумæуттæ æ фарсмæ æрцурхта æма æхе æрниурста.

Андрей рагъуди кодта, мæ машинæ духий тæф ку кæнуй, – зæгъгæ, æма ин æ цуппар дуари дæр байгон кодта, æхуæдæгка палаткæмæ балæстæй æма уомæл гъæццолбæл æхе æруагъта...

Берæ æнгъæлмæ кæсун сæмæ нæ багъудæй. Уайтæккидæр палатки æндæбилæ райгъустæй матори гъæр, уæдта фæлабулайтæ ниррохс æнцæ машини цирæгътæй. Кадæр æндегæй паруз ниттилдта. Андрей бакатайтæ кодта: «Ци сайтани хай сæ æрбахаста?» Уæдмæ æнæхунд иуазгутæй сæ еу палатки дуар рарæуигъта æ тух, æ бонæй æма, æ фанар комкоммæ ниддаргæй Андрейи цæсгонмæ, сдзурдта:

– Еунæгæй дæ? – хинцфарст æй ракодта æнæдаст богъатæарæзт лæхъуæн. – Рандæбилæ уай тагъддæр!

Æндегæй игъустæй æфсарæ-æнæфсарæ дзубанди. Андрей ралæдæрдтæй: «Анæй алци хезун дæр æнбæлуй», – зæгъгæ, æма æнæ ракæнæ-бакæнæй, рахизтæй палаткæй. Уайтæккидæр ралæдæрдтæй фæлтæрдгин лæг, уавæр бустæги хуæрзтæй ке нæ æй, уой. Сау хуарæнæй хурст устур фæсарæйнаг машинæ æ раззаг къембурæй исбуцæу æй палатки цилле бæттæнмæ.

«Сæ бон адтæй анæн палаткæбæл машинæ комкоммæ баскъæрун æма мæ цæлхити буни уодæгасæй ниллихъæ кæнун», – рагъуди кодта æ меднимæр Андрей. Сæ рохситæ сауæнгæ дони æндаг билгæрон дæр ма рохс кодтонцæ. Адтæнцæ æртемæй. Лæудтæнцæ фарити рохсауuон, сæ цæсгæнттæбæл агъодитæ. Дунгæ син сæ игон спортивон курæтти думæггæгтæ тухтелæ кодта. Æхсæведзогæнгутæй сæ еу исдзурдта:

– Нæ фиди хай, мах бунатмæ дæ ци Хуцау æрбахаста? – æхуæдæгка, уоддæр ци машинæ лæудтæй, уомæ райамудта. Фал машинæбæл стъараполаг номертæ ку æруидта цирагъи рохсмæ, уæдта цума æртемæй дæр фæффæлмæндæр æнцæ, Андреймæ уотæ фæккастæй.

– Дæ зæрдæ ма раходæд, ке дæ низгули кодтан, уомæй...

– Нæ куст уæхæн æй!.. – æ дзурд багæлста, кавказаг дзурдиздæх кæмæн адтæй, еци бецъогин лæхъуæн, тамаку ис-

дунгæй. – Ædосæй ардæмæ ахæссис? Ами æвзестæхуз джип раевгъуйгæ нæ æрæстæфтæ?

– Нæ фæууидтон.

– Ахсгиаг гъуддаг нæ ес. Еу мæздайхуи агорæн. Ес имæ нæуæг «Хайлендер». Милицæн ка нæ æнхус кæна, уомæн е ’ртæ анзи æхе уодзæнцæ.

Палаткæ ка фегон кодта, е уæлдай агъуддæр адтæй. Машини хурфæмæ, фанарæй фæррохсгæнгæй, бакастæй, фæлабулайтæ æрзилдæй, донæхсинцъи къотæрмæ дæр æркæс-титæ кодта. Иннæ, туппурмæ ислæсгæй, æ фанари тухгин рохсæй рагъæуæйттæ кодта фæлабулайтæмæ, уæдта еци мæтæхузæй фæстæмæ æрхизтæй.

– Нæуæг къахвæдтæ си некæми ес. Еци æнаккаг Ростовмæ ма ниццæвæд, – æ билтæ кæрæдземæ нилхъевгæй, сдзурдта туппурæй æрхезæг æма æдосиккон артдзæсти фарсмæ дзодздзæги æрбадгæй, Андреймæ бакастæй: «Хецау! Кæсалги басæй нæ нæ фæххинцдзæнæ? Ами ма дæмæ дæлæ цигони æмбес ку ес?»

– Цæмæннæ уæ фæххинцдзæнæн? Æрмæстдæр мæмæ еунæг уедуг ес.

Стæвдтæ арæзт музухъгонд лæхъуæн æ фанар æ дзиппи ниццавта, уæдта цигонбæл æ дууæ къохемæй исхуæстæй æма ’й æ билæй хуллуппитæ кæнун райдæдта. Борхелæгонд ба сæ хестæрмæ æхе рахатта æма еци тингунæй сдзурдта:

– Хыйса! Æз ами цалдæр хатти уинæ мæ сили хæццæ. Идарддæр си фæндаг нæбал ес. Мæнмæ гæсгæ нæ зæронд сайгæ кæнуй.

– Æма си ци пайда рамурхдзæй? Ардигон ку нæ æй. Уæдта фæдтæ дæр ку  некæми ес. Фæттагъддæр кæнтæ æма фазендæмæ. Уой фæсте ин æ уолæфæнтæ æрæхгæндзинан рацæуæни, – еци тингунæй исдзурдта кавказаг.

Рейдертæ джиппи дуæрттæ сæхебæл бахгæдтонцæ æма фæннæхстæр æнцæ, фал ма сæ фæстаг сурх рохситæ ба дзæвгарæ рæстæг ферттевæ-ферттевæ кодтонцæ сæуми фæлми, Андрейи зæрдæбæл дувæр тас æфтаугæй...

*Уодзæнæй ма*

# ПУБЛИЦИСТИКӔ

МӔРЗОЙТИ И., КАЗАКОВ Л., КАЗАКОВ К.

## ФИЦЦАГ ДУЙНЕУОН ӔМА ГРАЖДАЙНАГ ТУГЪДИ ДИГОРОН АФИЦЕРТИ ХЪИСМӔТ

*(Идарддӕр. Райдайӕн 2023 анзи 3-аг ӕма 4-аг номерти)*

**Лагкути Василий фурт Константин.** Дигорон хъазахъаг. Мӕсуггъӕуккаг. Граждайнаг тугъди рӕстӕги Теркаг хъазахъаг ӕфсади хорунжий. 1922 анзи ӕ цӕрӕн бунат раййивта Болгаримӕ. Фӕстӕдӕр ба – Францимӕ. Рамардӕй 1922 анзи Парижи.

**Лотити Семени фурт Константин.** Райгурдӕй 1878 анзи 25 сентябри. Болкъон. Мӕсуггъӕуккаг, дигорон хъазахъӕгтӕй. 1897 анзи каст фӕцӕй Владикавкази реалон училище. 1899 анзи ба – Николаевски бӕхгин ӕфсади училище. Еци анз райста хорунжиййи цин ӕма ӕрвист ӕрцудӕй Теркаг хъазахъаг ӕфсади Волгски фиццаг полкмӕ. 1907 анзи иссӕй подъесаул, 1912 анзи – фиццаг сотняй командир. 1915 анзи фӕстӕмӕ – Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайӕг, райста контузи ӕма ’й фӕсвӕдмӕ рарвистонцӕ. Знаги нихмӕ бӕгъатӕрӕй ке тухтӕй, уой туххӕн хуарзӕнхӕгонд ӕрцудӕй Сугъдӕг Владимири 4-аг къӕпхӕни орденӕй, 1914 анзи ба – Сугъдӕг Анни 2-аг къӕпхӕни орденӕй, Сугъдӕг Анни 4-аг къӕпхӕни, Сугъдӕг Станислави 3-аг къӕпхӕни, 1914 анзи ба ма – 2-аг къӕпхӕни ордентӕй. 1910 анзи ин лӕвӕрд ӕрцудӕй есаули цин.

1916 анзи 12 июнæй фæстæмæ æфсæдтон старшина, Хуæнхаг-Мæздæггаг полки, командири æнхусгæнæг. Лæвæрд ин æрцудæй Геуæргий хуæцæнгарз зæрдæбæлдарунæн. 1918 анзи – Теркаг исистади архайæг. 1919 анзи Петрови къуари сæргълæууæг, фæстæдæр ба – Хуæнхаг-Мæздæггаг полки командир. Октябри революций фæсте æхе райста Гурдзимæ, фæстæдæр ба – Константинопольмæ. Цардæй Франций. Бийнонтæ ин нæ адтæй. Дзæвгарæ фæццардæй зæрондæй Кормей-ан-Паризи уруссаг хæдзари. 1920-30 æнзти активонæй архайдта, Франций ци дигорон-ирон адæн цардæй, уони æреутæ кæнунбæл, адтæй сæ æхсæнади казначей. Рамардæй 1969 анзи Парижи. Æвæрд дæр уоми æрцудæй.

**Лотити Михал.** Райгурдæй 1989 анзи. Мæсуггъæуккаг, дигорон хъазахъæгтæй. Граждайнаг тугъди архайæг. Революций фæсте æхе райста фæсарæнмæ. Цардæй АЕШ-и, рамардæй 1985 анзи г. Сан-Франциской.

**Лотити Надеждæ.** Райгурдæй 1902 анзи. Мæздæггаг, дигорон хъазæхъæгтæй. Цардæй АЕШ-и. Рамардæй 1970 анзи г. Сан-Франциской.

**Лолати Сабой фурт Геор.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсар Æфсади рæнгъити. 1920 анзи бахаудтæй уацари æма адтæй г. Тули концлагери.

**Лолати Семени фурт Геуæрги.** 1892 анзи игурд. Киристонгъæуккаг. Подпоручик. Терски облæсти куста ахургæнæгæй. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар Æфсади рæнгъити службæгæнæг. 1921 анзи бахаудтæй уацари. Адтæй Рязани концлагери. 1922 анзи райдайæнæй фæстæмæ адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд номхигъди лæуд. 1937 анзи ба ’й нæуæгæй нийййахæстонцæ æма ’й фехстонцæ.

**Махъоти Азнаур.** Уруссаг æфсади афицер. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг (1914-1918 æнзтæ). Геуæргий дзиуари кавалер.

**Махъоти Захар.** Хестæр унтер-афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги адтæй Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити, фæстæдæр ба – Уруссаг æфсади. 1925 анзæй фæстæмæ Болгарий Алексейи номбæл полки службæгæнæг.

**Малити Константини фурт Минай.** Райгурдæй 1884 анзи.

1906 анзи каст фæцæй Алексейи номбæл æфсæдтон училище. 1909 анзи 1-аг январи уæнгæ подпоручики цини службæ кодта Горицаг фестæгдзæуæг 259-аг полки рæнгъити. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар æфсади службæгæнæг. Ленкорани бахаудтæй уацари. 1921 анзи бабæй – нæуæгæй Бакуй. 1921 анзæй фæстæмæ г. Рязани концлагери.

**Малити Сергей.** Вахмистр. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар æфсади, уæдта Уруссаг æфсади службæгæнæг. Октябри революций фæсте æхе райста фæсарæнтæмæ.

**Семен Малтызов.** Дзæрæстейаг. Дигорон хъазахъæгтæй. Подъесаул. 1915 анзи каст фæцæй Ташкенти æфсæдтон училище. Еци анзæй фæстæмæ – Хуæнхаг-Мæздæккаг полки хорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей бархе æфсади, фæстæдæр ба – Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити службæгæнæг. 1919 анзи Теркаг хъазахъаг дивизий хæйтти службæгæнæг. Подъесаул.

**Мамукъати Бицкой фурт Павел.** Корнет. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсар æфсæдти рæнгъити службæгæнæг. Бахаудтæй уацари. 1922 анзи райдайæнæй фæстæмæ лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Мæрзойти Басили фурт Захарий.** 1879 анзи игурд. Дигорон хъазахъæгтæй. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Мæрзойти Æхсари фурт Темурбий.** 1895 анзи игурд. Дигорон хъазахъæгтæй. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади æфицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Медойти Дударихъой фурт Даукуй.** 1874 анзи 17-аг августи игурд. Пусулмонгъæуккаг. Дигорон. Поручик. Геуæргий дзиуари æнхæст кавалер. Уруссаг-япойнаг тугъди архайæг. Даукуй е ’фсæдтон службæ райдæдта 1898 анзи, китайаг-хорискæсæн æфсæнвæндаг гъæуайгæнæгæй. 1900 анзи 9 июли хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуари 4-аг къæпхæни орденæй, Тенгань-дзий станцæ знагæй багъæуай кæнуни рæстæги устур лæгæхсарæ ке равдиста, уой туххæн. Дууæ мæйей фæсте бабæй ин лæвæрд æрцудæй Геуæргий дзиуари 3-аг къæпхæни орден. Еци анз июни г. Вафингоуи цори æхе бæгъатæрæй ке равдиста, уой туххæй бабæй ин лæвæрд

æрцудæй Геуæргий дзиуари 2-аг къæпхæни орден, уæдта ма – кæстæр унтер-афицери цин. Уой фæсте ба иссæй хестæр унтер-афицер. Æхе хуарз ке дардта, уæдта бардзурдтæ ке æнхæст кодта, уой туххæн ба ин равардтонцæ прапорщики цин. 1904 анзи ноябри ба Медойти Даукуййæн исаккаг кодтонцæ, кæстæр афицертæн ци устурдæр хуæрзеуæг æмбалдæй, уой – Геуæргий дзиуари 1-аг къæпхæни орден. 1968 анзи иссæй подпоручик. 1907 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислави нонмбæл 3-аг къæпхæни орденæй. 1908 анзи ба, е 'нæнездзийнадæ ке фæллæмæгъдæр æй, уомæ гæсгæ ниууагъта е 'фсæдтон службæ æма ин пенси иснисан кодтонцæ 396 соми анзмæ. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсар фронти. Бахаудтæй уацари. 1922 анзæй фæстæмæ лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Медойти Æндрейи фурт Иван.** Подпоручик. Дигорон. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей хонсар фронти æрхайæг, ист æрцудæй уацари. 1922 анзи райдайæнæй фæстæмæ лæуд адтæй Терки облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Медойти Цъæхили фурт Инал.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар æфсади службæгæнæг. Фæсарæнмæ нæ рафтудæй. 1920 анзи уалдзæги цардæй Киристонгъæуи.

**Медойти Тасой фурт Хамзат.** Поручик. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити службæгæнæг. Ист æрцудæй уацари. 1922 анзи уалдзæгæй фæстæмæ нимад адтæй Облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Мистъулати Аслæнбеги фурт Аслан-Мирза.** Райгурдæй 1869 анзи. Дзæрæстейаг. Теркаг хъазахъаг æфсади службæгæнæг. Æфсæдтон топографти корпуси болкъон. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити. Топографион картæ аразæг курсити сæргълæууæг. 1919 анзи 3 августæй фæстæмæ цардæй Югославий. Куста г. Белгради географион институти топографæй. Рамардæй 1936 анзи 10 июни г. Белгради.

**Мистъулати Аслæмбеги фурт Гена.** Райгурдæй 1895 анзи 27 маййи Дзæрæстей станици. Дигорон хъазахъæгтæй. Каст фæцæй Воронежи кадетон корпус. Фиццаг Дуйнеуон тугъди

архайæг. 1914 анзи службæ кодта Кæсгон полки. 1918 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Геуæргий 4-аг къæпхæни орденæй. 1916 анзи ин лæвæрд æрцудæй афицери цин æма 'й рарвистонцæ Тенгинскаг полкмæ. Корнети цин ин лæвæрд æрцудæй 1916 анзи. 1917 анзи æрвист æрцудæй г. Могилевмæ инæлар Корнилови хуæддæлбарæмæ. Службæ кодта инæларæн æхе комкоммæ ци къуар гъæуай кодта, уоми. 1918 анзи 9 феврали службæ кæнунмæ бацудæй Бархе æфсади Кубани 1-аг полкмæ. Гъæуай кодта инæлар Кутепови. Адтæй кæстæр афицер. Революций фæсте рафтудæй Болгаримæ, уой фæсте Францимæ, уордигæй ба 1960 анзи АЕШ-мæ. Рамардæй 1971 анзи 27 мартъий. Æвæрд æй АЕШ-и Калифорний штати г. Вестминстери.

**Мистъулати Григорий.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади афицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Мистъулати Аслæмбеги фурт Давлет-Гирей.** Райгурдæй 1889 анзи 15 ноябри, корнет. Дзæрæстейаг. Æ фидæ Аслæмбег адтæй ротмистр. Пусулмон динбæл хуæст. Фиццаг Дуйнеуон тугъди къняз Потемкин-Тавриаг полки урядник. Фæстæдæр æрвист æрцудæй Туркмæ Кавказаг полкмæ. Уомæн командæ кодта æ хестæр æнсувæр болкъон Мистъулати Эльмурзæ. 1916 анзи 1-аг декабри æрвист æрцудæй Петроградмæ, фæстæдæр ба Николаеви кавалерион училищемæ. Урядник. Каст фæцæй Николаевски училище. Райста хорунжийи цин. Бийнонтæ ин нæ адтæй. Архайдта Граждайнаг тугъди уорсити фарс. Бахаудтæй уацари æма фиццаг адтæй Архангельски, фæстæдæр ба Пертомински лагерти. 1921 анзи 5 апрели ба 'й фехстонцæ сурхæфсæдтонтæ.

**Мистъулати Николай.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий кавалер.

**Мистъулати Аслæнбеги фурт Хаджи-Омар.** Райгурдæй 1883 анзи 21 феврали. Дзæрæстейаг. Дигорон-хъазахъхъæгтæй. Æфсæдтон старшина. Каст фæцæй Темир-хан-Шурини реалон æма Николаевски кавалерион училищетæ. 1903 анзи иссæй Сунжаг-Владикавказаг полки афицер. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги поручик, штабс-ротмистр. 1917 анзи ба иссæй кæсгон бæхгин полки командир. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни – 3-аг къæпхæни æма Сугъдæг

Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй. 1918 анзи уалдзæги архайдта Терки облæсти исистад исаразуни кусти. Граждайнаг тугъди – Бархе æфсади рæнгъити. 1917 анзи фæццæф æй румынаг тугъди. 1925 анзи уæнгæ адтæй Болгарий Теркаг-Астрахайнаг полки рæнгъити. Революций фæсте рафтудæй фæсарæнмæ. Цардæй Франций. Болкъон. Рамардæй 1930 анзи 21 апрели. Æвæрд æй Ницци.

**Мистъулати Дзанцекки фурт Эльберди.** Мæздæггаг хъазахъæгтæй. Æ фидæ адтæй афицер. Каст фæцæй 1941 анзи уруссаг кадетти корпус. Цардæй Югославий. Рамардæй 1941 анзи.

**Мистъулати Аслæнбеги фурт Эльмурзæ.** Райгурдæй 1869 анзи 16 сентябри Дзæрæстей хъалли. Инæлар-майор. Æ фидæ адтæй паддзахи афицер-ротмистр. 1890 анзи каст фæцæй Стъараполи хъазахъаг-юнкерон училище. Службæ кæнун райдæдта Теркаг хъазахъаг полки хорунжийæй. Архайдта уруссаг-япойнаг тугъди (1904-1905 æнзти). Теркаг-Кубайнаг полки подъесаул. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Геуæргий 4-аг къæпхæни ордентæй. Командæ кодта Теркаг хъазахъаг полки сотняйæн, 1914 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй болкъони цин.

1916 анзи командæ кодта Кавказни 1-аг полкæн, фæстæдæр – 2-аг бригадæн, уæдта – Кубани дивизийæн. 1917 анзи ин лæвæрд æрцудæй инæлар-майори цин. Граждайнаг тугъди рæстæги Теркаг хъазахъаг исистади архайæг, фæстæдæр ба – сæ командæгæнæг. 1918 анзи уæззау цæф фæцæй г. Прохладныйи цори. Уорс æфсæдтæн цалдæр хатти бæрзæйсæттæн цæфтæ ку никкодтонцæ Сурх Æфсад, æма ку балæдæрдтæй, уавæрæн исрастгæнæн ке нæбал ес, уой, уæд 1918 анзи 9 ноябри æхе фехста Прохладныйи станицæмæ хæстæг.

**Мугъути Мæхæмæти фурт Хаджи-Мурат.** Райгурдæй 1893 анзи 3-аг апрели. Дзæрæстейаг, дигорон хъазахъæгтæй. Есаул. 1914 анзи каст фæцæй Тифлиси 2-аг коммерцион училище. Сæрмагонд 3-мæйон курситæ каст фæууни фæсте ин лæвæрд æрцудæй прапорщики цин. 1914 анзи 1-аг декабри æрвист æрцудæй Хуæнхаг-Мæздæккаг полки хæццæ Кавказаг фронтмæ. 1915 анзи иссæй хорунжий. Хуарзæнхæгонд

æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. 1916 анзи службæгæнгæй, æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдиста, уомæ гæсгæ ин лæвæрд æрцудæй сотники цин. Граждайнаг тугъди рæстæги Терки исистади архайæг. Подъесаул, фæстæдæр ба иссæй есаул. 1919 анзæй фæстæмæ ба службæ кодта Сурх Æфсади рæнгъити. Зундгонд финсæг.

**Мугъути Васили.** Теркаг хъазахъаг дигорæнттæй. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Хуæнхаг-Мæздæггаг сотняй рæнгъон, фæстæдæр – унтер-афицер. 1915 анзи иссæй фестæгдзæуæг æфсади прапорщик.

**Мугъути Афанасий фурт Николай.** Дзæрæстейаг. Есаул. Каст фæцæй Тифлиси коммерцион училище, фæстæдæр ба – Тифлиси æфсæдтон училище 1914 анзи. Хъæзлар-Гребенаг фæсæвæрци сотняй афицер. Подъесаул. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити. 1919 анзи Хуæнхаг-Мæздæггаг полки есаул. Революций фæсте æхе райста фæсарæнмæ. 1920 анзи куста Турки, куд Советон æфсæдтон æсгарæг оргæнти косæг, уотæ.

**Мурити Барис.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Сæбанти Дзæхой фурт Александр.** Подпоручик. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсар фронти рæнгъити. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Сæбанти Барис.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди æрхайæг. Уруссаг Æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Сæбанти Гæбулий фурт Хъасун.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди æрхайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Сæбанти Дзæхой фурт Салæдин.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар æфсади тохæг. 1920 анзæй фæстæмæ ба цардæй фæсарæни.

**Сабети Григорий фурт Александр.** Райгурдæй 1874 анзи 25 декабри. Мæсуггъæуккаг. Дигорон-хъазахъæгтæй. Инæлар-майор. Каст фæцæй Стъараполи духовон семинари 1894 анзи, Стъараполи Хъазахъаг-юнкерон училище. 1900 анзæй фæстæмæ Уруссаг æфсади афицер. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги Кавказаг полки æфсæдтон старшина, 1916 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий номбæл зæрдæбæлдарæн хуæцæнгарзæй. Фæстæдæр Фæсбайкали хъазахъаг æф-

сæдти службæгæнæг, болкъон. 1919 анзи 23 ноябрæй фæстæмæ – 34-аг Сибираг æхсæг полки командир, 1920 анзи – Фæсбайкали хъазахъаг бригади командир, 1922 анзи ба – уоми хъазахъаг дивизий командир. Инæлар-майори цин ин лæвæрд æрцудæй 1920 анзи ноябри. Революций фæсте æхе райста Китаймæ. Рамардæй Харбини 1925 анзи 18 июли.

**Сабети Ивани фурт Афанас.** Райгурдæй 1888 анзи Мæсуггъæуи. Граждайнаг тугъди рæстæги адтæй Уæрæсей Хонсар æфсади службæгæнæг. Бахаудтæй уацари.

**Сабети Василий фурт Васили.** Райгурдæй 1884 анзи. Мæсуггъæуккаг. Граждайнаг тугъди рæстæги архайдта Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити. Байзадæй Уæрæсей. Куста Садони æрзæткъахæнти электростанци сæргълæууæгæй. 1928 анзи 20 июли ин советон хецауадæ рахаста концлагери 10 анзи фæббадуни тæрхон.

**Сабети Ивани фурт Захар.** Мæсуггъæуккаг. Теркаг хъазахъаг æфсади прапорщик. Граждайнаг тугъди рæстæги Теркаг исистади архайæг. 1918 анзи августæй фæстæмæ службæ кодта фестæгдзæуæг бригади. Фæммард æй еци анз фæззæги.

**Сæгутонти Ивани фурт Николай.** Райгурдæй 1893 анзи 25 ноябри. Мæсуггъæуккаг. Поручик. Каст фæцæй Æргъуни гъæдикустгæнæн скъола, 1915 анзи ба – Тифлиси прапорщикти скъола. Хуæнхаг-Мæздæггаг фæсæвæрци сотняй афицер. Кавкази бæхгин корпуси штаби адъютант. Граждайнаг тугъди рæстæги – Бархе æфсади, фæстæдæр ба – Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити службæгæнæг. 1919 анзи фæццæф æй. 1919 анзæй фæстæмæ Теркаг хъазахъаг æфсади гъæуон-хæдзарадон хайади хестæр гъуддагаразæг гъæди куст кæнуни гъуддаги. Адтæй ин бийнонтæ. Æ цардæнбал – Темирханова Александра Гаврили кизгæ. Æ фурт – Владимир, 1917 анзи 6 октябри игурд.

**Салæгати Геуæрги.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади афицер. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуарæй.

**Сеойти Владимир.** Райгурдæй 1899 анзи. Дзæрæстейаг. Граждайнаг тугъди архайæг. Службæ кодта Бархе æфсади, фæстæдæр ба – Уæрæсей Хонсар æфсади. Хорунжий. 1919 анзи фæммард æй г. Царицыни бунмæ.

**Сеойти Савелий фурт Петр.** Райгурдæй 1877 анзи 10 июни. Есаул. Каст фæцæй 1907 анзи Оренбурги Хъазахъаг-юнкераг училище 2 разряди хæццæ. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислав æма Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй. Фиццаг Дуйнеуон тугъди фестæг æфсади подъесаул, Сунжаг-Владикавказаг сотняй командир. 1915 анзи 27 октябри фæццæф æй. Сунжаг-Владикавказаг фæсæвæрци сотняй есаул. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Лæвæрд ин æрцудæй болкъони цин. 1919 анзи 15 ноябри æхе райста фæсарæнмæ, Туркмæ. Рамардæй 1940 анзи Константинополи. 1917 анзи 1-6 августи Дзæрæстей хъалли цæргути номæй æвзурст æрцудæй Теркаг хъазахъаг зилди æнбурдмæ делегатæй есаули цини.

**Сихъоти Осиппи фурт Александр.** Райгурдæй 1895 анзи 12 январи. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг, фæстæдæр ба архайдта граждайнаг тугъди.

Революций фæсте цардæй Франций. Адтæй уоми дигорон-ирон змæлди активон архайæг, 1925 анзи си ци дигорон-ирон националон еугонд араæзт æрцудæй, уоми. Куста таксистæй. Арæх фæззæгъунцæ, гъома, дан, рамардæй Франций. Еци гъуди рæдуд æй. Æцæгæйдæр уоми уæлмæрдтæ Сент-Женевьев-де-Буай æхецæн цирти бунат балхæдта, фал фæстæмæ Уæрæсемæ æрбаздахтæй æма ами Иристони рамардæй 1992 анзи. Æвæрд æй г. Беслæни.

**Сихъоти Батæр-бек.** Фиццаг Дуйнеуон æма Граждайнаг тугъдтити архайæг. Революций фæсте цардæй Парижи. Адтæй, Цæгат Кавказæй уордæмæ ка бафтудæй, уони Ассоциаций правлений иуонг.

**Сихъоти Иорами фурт Нестъор.** Ардагайнаг-Михайловскаг 204-аг полки прапорщик. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Æ бæгъатæрдзийнади туххæн хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Геуæргий 4-аг къæпхæни орденæй 1917 анзи 1-аг сентябри.

**Сихъоти Гаврили фурт Харитъон.** Райгурдæй 1891 анзи 6 декабри. Дигорон-ирон бæхгин æфсади корнет. Фиццаг Дуйнеуон æма Граждайнаг тугъдтити архайæг. Фæстæдæр æхе райста Францимæ. Цардæй Парижи. Æхсæнадон гъуддæгти

нæ архайдта, цардæй сабур æма хумæтæг цардæй, куста таксистæй. Рамардæй 1969 анзи 14-аг декабри Парижи.

**Сосити Василий фурт Александр.** Дзæрæстейаг. Теркаг хъазахъаг æфсади хорунжий. Каст фæцæй Мæскуй прапорщикти 3-аг скъола. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади. Бахаудтæй уацари. 1922 анзæй фæстæмæ лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Сосити Василий фурт Александр.** Дзæрæстей станици хъазахъæгтæй. Есаул. Каст фæцæй Кубани ахургæнгути семинари, фæстæдæр ба – Стъараполи хъазахъаг юнкерти училище. Службæ кодта Кубани хъазахъаг æфсади. Подъесаул. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни орденæй 1914 анзи. Фиццаг Дуйнеуон тугъди хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. 1915 анзи ин лæвæрд æрцудæй есаули цин. 1915 анзи 15 августæй фæстæмæ – Кубани фæсæвæрци сотняй командир.

**Сосити Александри фурт Алексей.** Дзæрæстейаг хъазахъæгтæй. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади. Революций фæсте цардæй Югославий. 1929 анзи æйийивд æрцудæй Донаг кадетон корпусмæ.

**Сосити Василий фурт Алексей.** Райгурдæй 1865 анзи 17 мартъий. Дзæрæстейаг. Есаул. Каст фæцæй Стъараполи хъазахъаг-юнкерон училище. 1889 анзæй фæстæмæ – афицер. Командæ кодта Прохладныййи бунæттон еугондæн. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсари æфсæдти рæнгъити службæгæнæг. Фæсарæнмæ нæ рандæ ’й. Цардæй г. Владикавкази.

**Сосити Александри фурт Барис.** Райгурдæй 1907 анзи. Дзæрæстейаг. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсари æфсади, фæстæдæр ба – уруссаг æфсади службæгæнæг. Каст фæцæй Хъирими кадетон корпус. Рафтудæй Югославимæ. Рамардæй 1982 анзи 16-аг мартъий. Адтæй ин бийнонтæ, дууæ фурти æма кизгæ.

**Сосити Василий фурт Васили.** Дзæрæстейаг. Есаул. 1909 анзи 1-аг январмæ подъесаули цини службæ кодта 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полки. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги æхе æхсаргинæй ке равдиста, уой туххæн ин лæвæрд æрцудæй есаули цин.

1915 анзи 5-аг июни хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни хуæрзеуæгæй.

**Сосити Николайи фурт Васили.** Дзæрæстейаг. Хорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги адтæй Дони æфсади. Рафтудæй Лемноси сакъадахмæ. 1925 анзи фæззæги службæ кодта Болгарий Теркаг-Астрахайнаг хъазахъаг полки рæнгъити.

**Сосити Василий фурт Захар.** Дзæрæстейаг. Есаул. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги Сунжаг-Владикавказаг полки есаул. 1915 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй.

**Сосити Михал.** Дзæрæстейаг. Сотник. 1909 анзи службæ кодта хорунжийи цини 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полки. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги адтæй сотник. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг æма 3-аг къæпхæнти ордентæй 1915 анзи.

**Тауасити Даккой фурт Алихан.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Каст фæцæй Елисаветгради кавалерион училище 1915 анзи. 17-аг Драгунаг полки афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади рæнгъити. Фæсарæнмæ некумæ рандæ ’й, цардæй Киристонгъæуи.

**Тауитти Хамбий.** Киристонгъæуккаг. Прапорщик. 1917 анзи каст фæцæй г. Иркутски прапорщикти 4-аг скъола. Граждайнаг тугъди фæсте цæргæ байзадæй Уæрæсей. 1920 анзи æвзурст æрцудæй Ревкоми сæрдарæй.

**Тайсаути Аслæмурзи фурт Мухажид.** Райгурдæй 1893 анзи. Хатути гъæуккаг. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. 1914-1918 æнзти Кавказаг бæхгин дивизий кæсгон полки бæхгин. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуари 4-аг къæпхæни хуæрзеуæгæй.

**Такъоти Кудзигути фурт Бицка.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги адтæй Уæрæсей Хонсари æфсади рæнгъити. Цардæй Владикавкази.

**Такъоти Владимир Басили фурт.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Байзадæй Уæрæсей. 1920 анзи цардæй г. Киристонгъæуи.

**Такъоти Басили фурт Геуæрги.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Тухтæй Уæрæсей Хонсар æфсади рæнгъити. Байзадæй цæргæй Уæрæсей, фал ма 1920 анзи дæр римахста æхе.

**Такъоти Геуæргий фурт Геуæрги.** Киристонгъæуккаг. Подпоручик. Тухтæй Уæрæсей Хонсари æфсади. Бахаудтæй уацари. 1920 анзи службæ кодта Владикавкази. Лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Такъоти Сослани фурт Саукуй.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди фæсте байзадæй Уæрæсей. 1920 анзи 12 декабри адтæй бунæттон партион комитети иуонг.

**Такъоти Алийи фурт Симон.** Киристонгъæуккаг. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсари æфсади рæнгъити службæгæнæг. Байзадæй Уæрæсей цæргæ. 1920 анзи 12 декабри – Облæсти комитети иуонг.

**Такъоти Кудзигути фурт Хадзимæт.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги ист æрцудæй уацари. 1920 анзи 12 декабри дæр ма адтæй Тули концлагери.

**Тамати Гаврил.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади афицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тамати Иван.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тамати Сергей.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тамати Степан.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Афицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тамати Петр.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг тугъди рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тотойти Василий фурт Иван.** Дзæрæстейаг. Хорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги хуæстæй уорсити фарс. Ист æрцудæй уацари. 1921 анзи ’й сбадун кодтонцæ Калуги концлагери.

**Тотойти Ивани фурт Михел.** Дзæрæстейаг. Прапорщик. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар фронти архайæг. Ист æрцудæй уацари. 1922 анзи нимад адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Тæтæонти Петури фурт Геуæрги.** Райгурдæй 1884 анзи 2-аг августи Мæсуггъæуи. Инæлар-майор. 1902 анзи каст фæцæй Воронежи Кадетон корпус, 1904 анзи ба кастæй Николаевски кавалерион училищей. 1911 анзи каст фæцæй г. Николаеви Генералон штаби академи. 1-аг Сунжаг-Владикавказаг полки афицер. Подъесаул, 13-аг кавалерион дивизий штаби хестæр æдъютант. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни

3-аг къæпхæни орденæй. Генералон штаби капитан. Фиццаг Дуйнеуон тугъди хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни орденæй. Æхе знаги нихмæ бæгъатæрæй ке равдиста, уой туххæн ма ин лæвæрд æрцудæй Сугъдæг Анни 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæ (1915 анз). Болкъон. Кавказаг бæхгин дивизий штаби сæргълæууæг, 1920 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй инæлар-майори цин. Еци анз æхе райста Константинопольмæ. Уруссаг æфсади Теркаг-Астрахайнаг полки командири ихæстæ æнхæстгæнæг. Фæсарæни фиццаг цардæй Сербий, уæдта – Франций. 1934 анзи Генералон штаби афицерти æхсæнади иуонг, Терки атамани мийнæвар Парижи. Рамардæй зæрæндти хæдзари 1970 анзи 26 феврали Парижи, Франций.

**Текъити Семен.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Тотойти Сламурзи фурт Барис.** Киристонгъæуккаг. Прапорщик. 1917 анзи каст фæцæй Тифлиси прапорщикти 4-аг скъола. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Байзадæй цæргæй Иристони. 1920 анзи куста ахургæнæгæй Пусулмонгъæуи.

**Тотойти Василий фурт Иван.** Подъесаул. Мæздæггаг дигорон хъазахъæгтæй. Каст фæцæй Мæздæги горæтаг училище, Киеви прапорщиктæ цæттæгæнæн 1-аг скъола, 1915 анзи ба райста прапорщики цин. Хуæнхаг-Мæздæггаг сотняй афицер. 1919 анзи ин лæвæрд æрцудæй подъесаули цин.

**Туйгъани-фурт.** Болкъон. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Ирæ æма Мæхъæли хецауади æхсæн бастдзийнадæ дарæг. 1919 анзи Мæхъæли бæхгин бригади 2-аг полки командир.

**Туйгъанти Амирхани фурт Алихан.** Райгурдæй 1884 анзи. Дигори баделиатæй. Ротмистр. 1907 анзи каст фæцæй Елисавети кавалерион училище. Ротмистр. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири æма Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни ордентæй.

Лæвæрд ин æрцудæй штабс-ротмистри цин 1914 анзи 24 мартъий. Æ бæгъатæрдзийнади фæрци ма хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг æма Станислави 2-аг къæпхæни ордентæй. Фæстæдæр æй æрахæстонцæ керменисттæ æма

’й Советон хецауади къохмæ равардтонцæ. Ку суæгъдæ ’й, уæд æхе райста фæсарæнмæ. Цардæй Францый, кодта æхсæнадон куст. Фидибæстон Устур тугъди фæсте æхе райста Туркмæ. Уоми ссæй туркаг æфсади дæлболкъон. Рамардæй Стамбули 1954 анзи.

**Туйгъанти Абисали фурт Батæр-Бек.** Райгурдæй 1886 анзи 26 декабри. Дигорон баделиатæй. Капитан. Каст фæцæй Варшави 4-аг гимнази æма Киеви æфсæдтон училище. Подпоручики цини службæ кодта г. Ново-Николаевски (нури Новосибирски) Сибираг артиллерион дивизиони. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни – 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй. 1915 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Кракови æфсæдтон академимæ. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади æма Уруссаг æфсади. Æхе райста фæсарæнмæ, фал еу рæстæгути фæсте ба фæстæмæ æрбаздахтæй. 1924 анзи 17 июни крайи къамиси унафæмæ гæсгæ æртæ анзей æмгъудæй æрвист æрцудæй Сибирмæ. 1942 анзи 23 сентябри науæгæй ахæст æрцудæй æма ’й фехстонцæ. Фæстæмæ растгонд æрцудæй æ фæсмæрдæ 1965 анзи.

**Туйгъанти Хамбиййи фурт Мæхæмæт.** Райгурдæй 1884 анзи. Дæлболкъон. 1904 анзи 9 августи каст фæцæй Николаевски кавалерион училище æма райста корнети цин, 1907 анзи ба иссæй поручик. 1911 анзи ин лæвæрд æрцудæй Сугъдæг Станислави 3 къæпхæни орден, уæдта иссæй штабс-ротмистр.

Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг, хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни, фæстæдæр ба – Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни ордентæй. 1916 анзи ин лæвæрд æрцудæй дæлболкъони, 1917 анзи ба – болкъони ном. 1916 анзи ма райста Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни орден дæр. Фæммард æй тугъди.

**Туйгъанти Хазбий фурт Хакъиассæ.** Райгурдæй 1875 анзи. Дигори баделиатæй. Каст фæцæй Стъараполи нæлгоймæгти классикон гимнази. 1904-1906 æнзти службæ кодта Теркаг-Кубайнаг бæхгинти полки. Ротмистр. Берæ рауæнти службæгæнгæй, схизтæй болкъони цинмæ. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни æма Сугъдæг Станислави – 2-аг къæпхæни ордентæй, фæстæдæр ба ма Сугъдæг

Анни 2-аг къæпхæни æма Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй. Фæсреволюци æхе райста Францимæ. 1931 анзи командæ кодта Риэли 18-аг полкæн, уой фæсте ба æ цæрæнбунат раййивта Францимæ. Рамардæй 1940 анзи 19 ноябри. Æвæрд æй Франций.

**Тугути Константини фурт Геуæрги.** Райгурдæй 1873 анзи 15 маййи. Дзæрæстейаг, дигорон хъазахъæгтæй. Болкъон. Каст фæцæй Оренбурги Хъазахъаг-юнкерти училище 1903 анзи. Райста афицери цин. Службæ кодта Хуæнхаг-Мæздæггаг полки. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади теркаг полки. 1919 анзи 17 октябри ин лæвæрд æрцудæй болкъони цин. Фæсреволюци æхе райста Югославимæ. Рамардæй г. Белгради 1930 анзи.

**Тугути Константини фурт Геуæрги.** Райгурдæй 1885(1886) анзи. Дзæрæстейаг, дигорон хъазахъæгтæй. Сотник. 1914 анзи каст фæцæй Елисаветградаг кавалерион училище. Хуæнхаг-Мæздæггаг фæсæвæрци полки афицер. Хорунжий, Тифлиси æфсæдтон сæргълæууæги тæлмацгæнæг, Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Теркаг хъазахъаг полки сотник. Фæсреволюци рафтудæй Югославимæ. Рамардæй 1932 анзи 17 июни.

**Тугути Константини фурт Савели.** Райгурдæй 1870 анзи. Мæздæггаг. Граждайнаг тугъди фæсте рафтудæй Югославимæ. Рамардæй 1941 анзи 25 маййи г. «Нови Сад»-и.

**Туккати Герасим.** Корнет. Каст фæцæй Елисаветградаг кавалерион училище. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислави 3-аг, Сугъдæг Анни 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæнти ордентæй (1914-1915 æнзти).

**Туккати Василий фурт Данел.** Райгурдæй 1879 анзи 16 мартъий. Киристонгъæуккаг. Ротмистр. Фиццаг Дуйнеуон тугъди рæстæги Дагестани бæхгин полки штабс-ротмистр. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй. 1915 анзи 16 июни фæммард æй гъæу Красногради цори. Æвæрд æрцудæй Киристонгъæуи.

**Туккати Хъæсболати фурт Каспар.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Байзадæй Уæрæсей. 1920 анзи уæнгæ римахста æхе.

**Тургити Мимболати фурт Агубекир.** Райгурдæй 1883 анзи 28 декабри. Мæсуггъæуккаг, дигорон хъазахъæгтæй. 1902 анзи каст фæцæй Киеви кадетон корпус, Николаевски кавалерион училище – 1904 анзи. Сунжæ-Владикавказаг 1-аг полки афицер. Есаул-гъомбæлгæнæг Николаевски кавалерион училищей. Терки исистади архайæг. 1918 анзи Пятигорски бæхгин линий сæргълæууæг. Ротмистр. Бахаудтæй уацари. 1922 анзи лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди. Æ фидæ Мимболати хæццæ нимад æрцудæнцæ æлдæрттæбæл 1890 анзи.

**Тургити Темирбулати фурт Мæхæмæт.** Райгурдæй 1882 анзи. Мæсуггъæуккаг. Пусулмон динбæл хуæст. Службæ кодта паддзахи гъæуайгæнæг конвойи 1907-1909 æнзти. 1909 анзи райста вахмистри цин. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. 1918 анзи 1-аг мартъий ба ’й рамардтонцæ поезди цæугæй.

**Тургити Темботи фурт Мурад.** Мæсуггъæуккаг. Пусулмон динбæл хуæст. Подъесаул. 1915 анзи каст фæцæй Владикавкази кадетон корпус, 1916 анзи ба Николаевски кавалерион училище. Волгски фæсæвæрци афицер, фæстæдæр ба иссæй прапорщик. 1916 анзи иссæй хорунжий. Еци анз бахаудтæй уацари, 1918 анзи ба исуæгъдæ ’й. Граждайнаг тугъди рæстæги Бархе æфсади тугъдон, 1920 анзи адтæй сакъадах Лемноси.

Рамардæй 1936 анзи Чехословакий.

**Тускъати Данели фурт Александр.** Райгурдæй 1873 анзи 30 ноябри. Мæсуггъæуккаг. Болкъон. Каст фæцæй Стъараполи Хъазахъаг-юнкерон училище 1895 анзи. 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полки афицер. 1901 анзи ин лæвæрд æрцудæй сотники цин. 1902 анзи службæ кодта паддзах Николай II гъæуайгæнæг полки. 1909 анзи 1-аг январи – подъесаул, Теркаг сотняй лейб-гвардий командир. Болкъони цин райсгæй, командæ кодта Волгски полкæн, 1916 анзи ба Сунжæ-Владикавказаг полки командæгæнæг. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави – 2-аг къæпхæни, Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни ордентæй, бухайраг орден «Сугъзæрийнæ Стъалу», бухайраг орден «Æвзестæ стъалу» 2-аг къæпхæни, Французаг орден «Сау Стъалу», персайнаг орден «Лев и солн-

це» æма æндæр хуæрзеугутæй. Фæммардæй Карнати 1916 анзи 30 сентябри. Æвæрд æй Мæсуггъæуи.

**Тускъати Данели фурт Васили.** Райгурдæй 1872 анзи 6-аг мартъий. Мæсуггъæуккаг. Æфсади старшина. Каст фæцæй Кубани духовон семинари, Стъараполи Хъазахъаг-юнкерон училище, Афицерти кавалерион скъола. Сунжаг-Владикавказаг полки афицер. 1916 анзи иссæй полки командири æнхусгæнæг. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни æма Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни ордентæй.

**Тускъати Николаййи фурт Захар.** Мæсуггъæуккаг. Каст фæцæй 1915 анзи Телавий прапорщикти скъола. Теркаг Хъазахъаг æфсади подъесаул. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади рæнгъити. 1922 анзи ба цардæй фæсарæнти, фиццаг Румыний, фæстæдæр ба Югославий. Фæммард æй Белгради 1944 анзи 17 апрели.

**Тускъати Алексеййи фурт Иван.** Райгурдæй 1893 анзи. Мæсуггъæуккаг. Подъесаул. 1914 анзи каст фæцæй Тифлиси æфсæдтон училище. Сунжаг-Владикавказаг фæсæвæрци сотняй афицер. Фæстæдæр командæ кодта 3-аг Сунжаг-Владикавказаг полкæн. Граждайнаг тугъди рæстæги архайдта Хонсар фронти. Революций фæсте цардæй АЕШ-и. Рамардæй 1958 анзи 20 январи.

**Тускъати Николаййи фурт Константин.** Райгурдæй 1891 анзи. Мæсуггъæуккаг. Ротмистр. Каст фæцæй Владикавкази 1-аг реалон училище, Твераг кавалерион училище 1912 анзи. Корнет. Службæ кодта Нижегородски 17-аг полки. Фиццаг Дуйнеуон тугъди хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй, фæстæдæр ба – Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй. Граждайнаг тугъди Бархе æфсади службæгæнæг, адтæй эскадрони командир, Бредоваг стæри архайæг. 1919 анзи ин лæвæрд æрцудæй ротмистри цин. Рамардæй 1920 анзи Польши рæугути незæй.

**Тускъати Николаййи фурт Николай.** Райгурдæй 1885 анзи 16 апрели. Мæсуггъæуи дигорæнттæй. Подъесаул. Каст фæцæй Владикавкази реалон училище, Елисаветградаг кавалерион училище 1907 анзи. 1-аг Сунжаг-Владикавказаг сотняй командир. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни орденæй 1915 анзи. Граждайнаг тугъди Бархе æф-

сади Теркаг батальони службæгæнæг. Тугъди рæстæги фæцæй уæззау цæф. 1922 анзи цардæй Болгарий. Рамардæй 1935 анзи 19 июли г. Бори (Югослави).

**Тускъати Данели фурт Петр.** Райгурдæй 1866 анзи 22 сентябри. Мæсуггъæуккаг. Еумæйаг ахурадæ райста реалон училищей. 1884 анзи бацудæй службæ кæнунмæ. Каст фæцæй Стъараполи юнкерти училище. 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полки афицер. 1889 анзи – хорунжий (1890 анзи), подъесаул (1898 анзи), есаул (1900 анзи), Тифлиси бæхти заводи сæргълæууæг, дæлболкъон (1910 анзи), 1914 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй болкъони цин. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни орденæй. Рамардæй 1916 анзи.

**Тускъати Ивани фурт Сергей.** Райгурдæй 1885 анзи 18 апрели. Мæсуггъæуккаг. Æ фидæ адтæй гъæдгæс. Болкъон. Каст фæцæй Владикавкази реалон училище, Елисаветгради кавалерион училище. 1908 анзи – Хуæнхаг-Мæздæггаг полки афицер. Сотник. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Станислави 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни хуæрзеугутæй. 1919 анзи адтæй паддзахи гъæуайгæнæг къуари. 1923 анзи рафтудæй АЕШ-мæ. 29 августи 1929 анзи æхецæн бийнойнагæн байагурдта Тамарæ Дмитриййи кизгæ Валени. Адтæй ин фурт Геуæрги. Бийнонтæ цардæнцæ Нью-Йорки. Сæ хæццæ ма цардæй æ хуæрæ – Софья Павленко. Фæстæдæр Тускъай-фурт æ цæрæн бунат раййивта штат Коннектикутмæ æма г. Статфорди куста Игорь Сикорскиййи хуæдтæхгутæ аразæн заводи. Рамардæй 1942 анзи 2 ноябри.

**Тускъати Ивани фурт Тимофей.** Райгурдæй 1872 анзи 1-аг феврали. Мæсуггъæуккаг. Есаул. Каст фæцæй Владикавкази реалон училище. Киеви фестæгдзæуæг-юнкерти училище. 1894 анзæй фæстæмæ службæгæнæг афицер 1-аг Хуæнхаг-Мæздæггаг полки. 1918 анзи 11 ноябри æй фехстонцæ большевиктæ.

**Увжихъоти Афæхъо.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон, Геуæргий дзиуари кавалер.

**Хабати Василий фурт Александр.** Мæсуггъæуккаг. Подпоручик. Граждайнаг тугъди Уæрæсей Хонсар фронти архайæг. 1921 анзи уæнгæ Кавказаг тугъди тохæг. Бахаудтæй уацари. Адтæй ахæсти Рязани концлагери. 1922 анзи ба лæвæрд æрцудæй горæти æфсæдтон комиссариати тæрхонмæ.

**Хабати Василий фурт Барис.** Мæсуггъæуккаг. Поручик. Каст фæцæй Темир-Хан-Шурински реалон училище 1915 анзи. Николаевски кавалерион училище. Теркаг хъазахъаг æфсади хорунжий. Граждайнаг тугъди Уæрæсей Хонсар æфсади служ-бæгæнæг, ист æрцудæй уацари. Бадтæй Рязани концлагери. 1930-аг æнзти ’й фехстонцæ большевиктæ.

**Хабати Василий фурт Иван.** Мæсуггъæуккаг. Ротмистр. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Ист æрцудæй уацари. 1921 анзи фæсте лæуд адтæй Терки облæстон æфсæдтон комиссариати сæрмагонд номхигъди.

**Хабати Заурбеги фурт Микъала.** Мæсуггъæуккаг. Хъарси полки штабс-капитан. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайгæй, æхе æхсаргинæй ке равдиста, уой туххæн хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни орденæй.

**Хабати Василий фурт Михал.** Райгурдæй 1891 анзи 8 сен-тябри. Мæсуггъæуккаг. Генералон штаби болкъон. 1912 анзи каст фæцæй Елисаветгради кавалерион училище, фæстæдæр ба – Генералон штаби Академи. Нижегороди полки корнет. Фæстæдæр ба æййивд æрцудæй Дагестани бæхгин полкмæ. Фиццаг Дуйнеуон тугъди хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Анни – 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни ордентæй. Уорсити змæлди архайæг. Граждайнаг тугъди фæсте æ цæрæнбунат раййивта АЕШ-мæ. 1940 анзи цардæй г. Дирборини (штат Мичиган), 50-аг æнзти æхецæн æрхаста бийнойнаг Верæ Бибиковай. Рамардæй 1975 анзи 16 мартъий. Æвæрд æрцудæй г. Уэни, штат Мичигани.

**Хабати Заурбеги фурт Хакъиассæ.** Штабс-капитан. Фиц-цаг Дуйнеуон тугъди рæстæги Кубани полки поручик. Хуар-зæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 3-аг къæпхæни орденæй, 1916 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй номбæлдаргæ хуæцæн-гарз.

**Хуадонти Афæхъо.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Рæнгъон. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Хути Хъамболати фурт Хъасболат.** Корнет. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари фронти архайæг. Ист æр-цудæй уацари. 1922 анзи лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Химилонти Æндреййи фурт Иван.** Райгурдæй 1873 анзи. Инæлар-майор. 1900 анзæй фæстæмæ афицер. Æргъуни Хъазахъаг полки есаул. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни орденæй. Æргъуни полки болкъон 1915 анзи. Граждайнаг тугъди архайдта Уæрæсей Хонсар фронти. Терки исистади архайæг. 1918 анзи къуари командир, 1919 анзи Хуæнхаг-Мæздæггаг 2-аг полки командир, 1920 анзи ба – Теркаг дивизий бригади командир. 1922 анзæй фæстæмæ цардæй Константинополи, фæстæдæр ба – Югославий. Рамардæй 1931 анзи 31 январи, г. Сараеви. Æвæрд æй æфсæдтон уæлмæрдти.

**Химилонти Семен.** Мæздæги хайади дигорæнттæй. Хорунжий. Каст фæцæй Тифлиси прапорщикти 3-аг скъола 1915 анзи. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Уæрæсей Хонсари æфсади рæнгъити, фæстæдæр ба – уруссаг æфсади, уæдта Теркаг-Астрахайнаг полки. 1920-24 æнзти цардæй фæсарæни.

**Хутъиати Æндреййи фурт Семен.** Дзæрæстейаг. Терки хъазахъаг полки службæгæнæг. Каст фæцæй г. Владикавкази реалон училище. Фæстæдæр бацудæй Санкт-Петербурги фæндæгти инженерти институтмæ. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Граждайнаг тугъд ку райдæдта, уæд барвæндонæй рандæ ’й Теркаг хуæцæг æфсадмæ. Цардæй Югославий, Францій, Сербий. «Кавказаг», зæгъгæ, уæхæн фæсномуги хæццæ е ’рмæгутæ мухур кодта журналтæ: «Русский современник», «Казачий путь». Адтæй уруссаг демократти фарсхуæцæг. Рамардæй 1939 анзи 28 апрели Парижи госпитæли.

**Хæтæгти Хадзимæт.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади рæнгъон. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуари хуæрзеуæгæй.

**Хекъилати Елхъан.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади афицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Хоруйти Моисей.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Уруссаг æфсади афицер. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Хоруйти Ильяй фурт Петр.** Дзæрæстейаг. Хорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги Бархе æфсади, фæстæдæр ба – Уæрæсей Хонсари æфсади службæгæнæг. Фæммардæй 1919 анзи августи Камышини бунмæ. 1919 анзи ин æ фæсмæрдæ лæвæрд æрцудæй хорунжийи цин.

**Хоруйти Григорий фурт Сила.** Дзæрæстейаг. Тугъдон, граждайнаг тугъди архайæг.

**Хосирой-фурт.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Конорски полки подпоручик. 1916 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй поручики цин.

**Худæлти Александр.** Корнет. Граждайнаг тугъди архайæг.

**Худæлти Аслан-Бек.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг, архайдта Граждайнаг тугъди дæр. Фæстугъд рафтудæй Францимæ, цардæй Парижи æма активонæй архайдта, уоми иронодигорон адæнæй ка цардæй, уони æхсæнадон царди. Рамардæй 1956 анзи 16 маййи.

**Хутъити Ивани фурт Васили.** Дзæрæстейаг. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Каст фæцæй Мæскуй прапорщикти 3-аг скъола. Подъесаул. Граждайнаг тугъди архайдта Бархе æфсади. 1919 анзи иссæй сотник. Фæсреволюци цардæй фæсарæни. 1923 анзи цардæй АЕШ-и г. Детройти, рамардæй Нью-Йорки 1936 анзи. Æвæрд æй г. Моснети уæлмæрдти. Байзадæй ин фурт Барис.

**Хутъити Стъепани фурт Геуæрги.** Дзæрæстейаг. Теркаг хъазахъаг æфсади болкъон. 1904 анзи каст фæцæй Тифилиси фестæгдзæуæг-юнкерти училище. Уруссаг-япойнаг тугъди архайæг. Кубани батальони афицер. 1905-1909 æнзти каст фæцæй Николаевски генералон штаби Академи. Генералон штаби капитан, обер-афицер, Кубани сотняй командир. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий номбæл хуæцæнгарзæй. Кавказаг æфсади корпуси штаби сæргълæууæги ихæстæ æнхæстгæнæг. Граждайнаг тугъди рæстæги службæ кодта Бархе æфсади, фæстæдæр ба – Уæрæсей Хонсари æфсади. Терки исистади архайæг. 1919-1920 æнзти Теркаг хъазахъаг æфсади штаби сæргълæууæг, Терки æфсæдтон хецауади иуонг. Фæстугъд цардæй г. Константинополи, 1920 анзи адтæй сакъадах Лемноси. Цардæй Болгарий, Сербий, фæстæдæр ба рафтудæй АЕШ-мæ, рамардæй 1964 анзи 18 сентябри г. Моспети. Уæд ибæл цудæй 87 анзи. Æ рамæлæти туххæй ба ин фегъосун кодта Терки еугонди правлени.

**Хутъити Н.** Дзæрæстейаг. Тухтæй кæсгон бæхгин дивизий рæнгъити. Рамардæй 1956 анзи.

**Цæукъилти Халим.** Ефрейтор. Уруссаг Нигулæн æфсади рæнгъон. 1920 анзи цардæй Германий.

**Цæголти Амурхан.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги адтæй Уæрæсей хонсар фронти. 1920 анзи 12 декабри ба æхе райста Гурдзимæ.

**Цæголти Савви фурт Афай.** Райгурдæй 1901 анзи 18 декабри. Киристонгъæуккаг. Уорсити змæлди архайæг. Экономист, профессор. Фидибæсти Устур тугъди агъонмæ экономикон наукити доктор. Цæголти Афай куста ССР Цæдеси Паддзахадон плани, кастæй лекцитæ мæскуйаг уæлдæр ахурадон уагдæнтти, цалдæр монографий автор. 1941 анзи Советон хецауади унафæмæ гæсгæ наукон интеллигенций къуар, Цæголи-фурт дæр сæ хæццæ, уотемæй æрвист æрцудæнцæ Минводмæ. 1942 анзи Пятигорск немуц ку байахæстонцæ, уæд æгас дæр Германимæ æрвист æрцудæнцæ æд бийнонтæ. Фæстугъд рафтудæнцæ Францимæ, 1949 анзи – Канадæмæ, фæстæдæр ба – АЕШ-мæ, Афаййи æнсувæр Муратмæ. Фæсарæнти уогæй, службæ кодта инæлар Власови æфсади рæнгъити. Фæсарæнти «Богданов», зæгъгæ, уæхæн фæсномуги хæццæ арæх финста æрмæгутæ мухури оргæнти. 1962 анзи 31 июли æнæнгъæлти æрбамардæй. Æвæрд æй АЕШ-и г. Нануэти, штат Нью-Йорки.

**Цæголти Харитъой фурт Васили.** Райгурдæй 1875 анзи. Киристонгъæуккаг. Граждайнаг тугъди архайæг. Ахæст æрцудæй 1920 анзи 1-аг июни, фал æй фæстæмæ исуæгъдæ кодтонцæ, æвуд ке адтæй, уомæ гæсгæ.

**Цæголти Геуæргий фурт Геуæрги.** Подпоручик. Граждайнаг тугъди рæстæги уорсити змæлди архайæг. Бахаудтæй уацари. 1921 анзи бадтæй г. Калуги ахæстдони.

**Цæголти Александри фурт Урусбий.** Киристонгъæуккаг. Штабс-ротмистр. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари фронти архайæг. Ист æрцудæй уацари 1920 анзи æма бадтæй г. Тули концлагери. 1922 анзи лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд номхигъди.

**Цалити Докуйи фурт Хъубади.** 1849 анзи игурд. Хъогъалухъти гъæуæй. Фицца Дуйнеуон тугъди рæстæги кæсгон бæхгин полки бæхбæлбадæг. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуари 4-аг къæпхæни æма «Бæгъатæрдзийнадæ равдесуни» туххæн 4-аг къæпхæни майдантæй.

**Цалити Соломон.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Геуæргий дзиуари кавалер.

**Цалити Аслангерий фурт Тебо.** Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Кæсæги бæхгин æфсади службæгæнæг. Галициаг гъæу Бережкий цори исхуæсти рæстæги фæццæф æй 1915 анзи æма 'й лазаретмæ рарвистонцæ. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дзиуари 4-аг къæпхæни хуæрзеуæгæй.

**Цæрикъати Батæрбег К.** Райгурдæй 1888 анзи, Æнзорати гъæуи Кæсæги. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Кæсгон бæхгин полки бæхгин. Хуарзæнхæгонд æрцудæй «Бæгъатæрдзийнадæ равдесуни» 4-аг къæпхæни майданæй.

**Цъебойти Савви фурт Дмитрий.** Райгурдæй 1891 анзи. Подхорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсар фронти архайæг. 1920 анзи цардæй Константинополи.

**Цохъти Абрами фурт Михал.** Подпоручик. Граждайнаг тугъди рæстæги Хонсар фронти. Ист æрцудæй уацари. 1922 анзи лæуд адтæй облæстон æфсæдтон комиссариати сæрмагонд номхигъди.

**Цугулити Ивани фурт Александр.** Райгурдæй 1881 анзи 19-аг феврали. Дзæрæстейаг. Каст фæцæй Æрæдони духовон семинари, Елисаветградаг кавалерион училище 1901 анзи. Хуæнхаг-Мæздæггаг полки афицер. Есаул. Сотняй командир. Граждайнаг тугъди рæстæги Хонсари æфсади тохæг. Болкъон. Ист æрцудæй уацари. 1921 анзи ахæст æрцудæй. 1922 анзи лæуд адтæй облæсти æфсæдтон комиссариати сæрмагонд хигъди.

**Цугулити Степани фурт Васили.** Дзæрæстейаг. 1909 анзи службæ кодта Волгски полки есаули цини. Архайдта Фиццаг Дунеуон тугъди.

**Цугулити Ивани фурт Гаврил.** Райгурдæй 1886 анзи. Дзæрæстейаг. Болкъон. Каст фæцæй Оренбурги хъазахъаг-юнкерон училище. 1910 анзи Хуæнхаг-Мæздæггаг полки афицер. Сотник, подъесаул, есаул. Сотняй командир. Фиццаг Дуйнеуон тугъди хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави æма Анни 3-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 2-аг къæпхæни ордентæй. 1917 анзи ба ма сæбæл бафтудæй Сугъдæг Геуæргий 4-аг къæпхæни орден. Терки исистади архайæг. Командæ кодта Мæздæги 1-аг батальонæн. Адтæй аллихузон полкти командир. 1945 анзи 'й фæстæмæ Уæрæсемæ æрбаластонцæ æма фондз анзи фæб-

бадтæй лагерти. Ку исуæгъдæ 'й, уæдта бабæй фæстæмæ æ цæрæнбунат раййивта Болгаримæ. Рамардæй 1961 анзи.

**Цугулити Василий фурт Геуæрги.** Райгурдæй 1883 анзи. Дзæрæстейаг. Есаул. Каст фæцæй Владикавкази кадетон корпус 1912 анзи, уæдта Николаевски кавалерион училище 1914 анзи. Хорунжий. Хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири 4-аг къæпхæни (1915 анз), Сугъдæг Анни 2-аг къæпхæни (1915 анз), Сугъдæг Анни 4-аг къæпхæни, Сугъдæг Станислави 3-аг къæпхæни ордентæй. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей хонсар æфсади рæнгъити, 1919 анзи ба æйййивд æрцудæй Волгски полкмæ.

**Цугулити Ивани фурт Геуæрги.** Дзæрæстейаг. Каст фæцæй Киеви прапорщикти 3-аг скъола. 1915 анзи Сунжæ-Владикавкази полки афицер. Хорунжий. Граждайнаг тугъди рæстæги – Уæрæсей Хонсари фронти. 1919 анзи – Хъæзлари-Гребенаг полки службæгæнæг. 1919 анзи ин лæвæрд æрцудæй подъесаули цин.

**Чегемти Мурзабеги фурт Дзамболат.** Райгурдæй 1881 анзи. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Фæммард æй тугъди.

**Чихтисти Абей фурт Геуæрги.** Киристонгъæуккаг. Афицер. Граждайнаг тугъди рæстæги Уæрæсей Хонсари фронти архайæг. Ист æрцудæй уацари. 1920 анзи бадтæй Тули концлагери.

**Шехинати Налухъи фурт Ахмæт.** Райгурдæй 1891 анзи Æнзорати гъæуи. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Кæсгон бæхгин полки бæхбæлбадæг. Хуарзæнхæгонд æрцудæй «Бæгъатæрдзийнадæ равдесуни» туххæн майданæй.

**Шехинати Хурази фурт Хадзимæт.** Райгурдæй 1892 анзи Æнзорати гъæуи. Фиццаг Дуйнеуон тугъди архайæг. Кæсгон бæхгин полки бæхбæлбадæг. Хуарзæнхæгонд æрцудæй «Бæгъатæрдзийнадæ равдесуни» туххæн майданæй. Фæммард æй 1916 анзи 13-аг декабри Румыни, Спидоли бæрзæндæ есгæй.

*Уодзæнæй ма*

# НАУКÆ ÆМА ИСТОРИ

ХÆМИЦАТИ Тамарæ,
филологон наукити кандидат

## ИСТОРИОН ЗАРТÆ ÆМА КАДÆНГИТÆ ТАМЕРЛАНИ ÆРБАМПУРСТИ ТУХХÆН

Дзæуæгигъæуи реалон скъолай ахургæнуйнаг, фæстæдæр ба Иристони номдзуд хузгæнæг ка иссæй, еци Туйгъанти Сафари фурт Мухарбег 1891 анзи Тъæпæн Дигори Задæлески фегъуста «Задæлески Нанай» историон зар. Игъустгонд заргæнæг, хъæрæу Саулати Дзæрæх æй æхецæн зардта æ гъесин фæндурæй кадæнги хузи. Туйгъани-фурт ин æ дзурдтæ ниффинста, заргæнæгæй сæ кутемæй фегъуста, раст утемæй. Еци зар мухургонд æрцудæй 1952 анзи («Мах дуг», № 2). Уой агъонмæ «Задæлески Нанай» туххæн игъустгонд адтæнцæ æрмæстдæр тауæрæхътæ æма кадæнгитæ.

«Задæлески Нанай» туххæй нæ къохи кæд еунæг вариантæй æндæр неци ес, уæддæр имæ, мæнмæ гæсгæ, лæмбунæгдæр æркæсун гъæуй. Темæ бæстондæр равзаруни туххæй фæстæдæр æркæсдзинан Тимур-Ахъсахъи туххæн прозаикон æрмæгутæмæ – кадæнгитæмæ дæр.

Историон зарти арæх сæнбæлæн фæууй раздзубандибæл, хатгай æрмæстдæр еунæг гъудиадæ. «Задæлески Нанай»

туххæн зари уæхæнæй неци ес. Зарæг райдайуй устур цауæн æхецæй, уой фæрци æ къохи æфтуйуй, тухгæнгутæ æвваст, æнæнгъæлти куд æрбанпурстонцæ, уой равдесун. Зар райдайуй мæнæ уæхæн дзурдтæй:

Тогуарæ æркодта, тогуарæ æркодта
Тъæпæн Дигорæбæл, Тъæпæн Дигорæбæл!
Ахъсахъ Тимури æфсæнцъух берæгътæй
Сæ цъæх будуртæ ку батар æнцæ,
Æфсæнбид кауæй æнгондæр, федардæр
Сæ фалæнбулай æртеголæ æнцæ.

Идарддæр нин зарæг дзоруй, Тъæпæн Дигори адæн еу лæги хузæн ке исистадæнцæ сæ зæнхæ багъæуай кæнунмæ, сæ фæстаг исуолæфти уæнгæ дæр тох ке кодтонцæ Тамерлани «æфсæнцъух берæгъти» нихмæ, фал сæ раздзæугутæ дæр æма сæ хъал фæсевæд дæр тугъди будури фæццагъди æнцæ: «Бунцагъд фæцæнцæ Тъæпæн Дигорæ!» – зæгъуй зарæг. Уодæгасæй ма си ка байзадæй, еци нæлгоймæгти, силгоймæгти, сувæллæнтти знаг уацари фæттардта. Цард ирайгæ донау кæми фунхтæй, Тъæпæн Дигори еци горæттæ æма гъæутæ сугъдæнцæ, сæ пеллон уæлæрвтæмæ хъæрттæй. Фалæ ма адæни амондæн уоми еу силгоймаг æгасæй байзадæй. Еци уосæ гъæути сугъдонтæбæл æрзилдæй æма ма си ци «дзæгъæл сувæллæнттæ» иссердта, уони исæнбурд кодта æма сæ хуæнхбæстæмæ, «Задæлески сæр», зæгъгæ, ци рауæн хонунцæ, уордæмæ фæххудта. Уоми сæ батавта, исгъонбæл сæ кодта. «Æхсæвæй-бонæй сæ гъæуай ку кæнуй, гъæддаг сирдæй дæр, фудгæнæгæй дæр. Алли зайæгоййæй сæ хæссун ку байдайуй», – уæхæн дзурдтæй нин зарæг æвдесуй еци силгоймаги бæгъатæрдзийнадæ æма æскъуæлхтдзийнадæ. Ниййерæг мадау кæмæ зилдæй, еци кизгуттæ æма биццеутæ багъонбæл æнцæ, сæхецæн дæр зæнæг исæнтæстæй æма нуртæккæ, Тъæпæн Дигори ци гъæутæ ес, етæ уонæй исæвзурстæнцæ, – уæхæн æй зари сæйраг хъаппæ.

«Задæлески Нанай» зари дзубанди цæуй, тæтæр-мангол куд æрбампурстонцæ æма нæ адæни фидтæлти куд ниццагътонцæ, куд ниддæрæн кодтонцæ, уобæл. Е æцæг хабар адтæй, æ кой берæ рагон киунугути ес: уруси моладзандонти

анзгайфинст киунугути, европаг бæлццæнтти имисуйнæгти, астæуккаг æности ка цардæй, уæхæн араббаг, персайнаг, гурдзиаг æма сомехаг историкти æрмæгути.

Еци цау еунæг хатт исхуæцунбæл нæ рахецæн æй, тох рахаста астинсæй анземæй фулдæр, адтæй си хецæнхузон бæрæг этаптæ. Нæ рагфидтæлтæ – алантæ æма манголти æхсæн тохи туххæн автортæ ци хабæрттæ финсунцæ, уони хронологон æгъдауæй кæрæдзей фæдбæл ку райвæрæн, уæд нин æнцон раæртасæн уодзæнæй, «Задæлески Нанай» зар еци тохæн æ кæци этап æвдесуй, уой.

Персайнаг историк Рашид-ад-дин куд финсуй, уотемæй манголи æфсæдтæ Цæгат Кавказмæ тæккæ фиццаг хатт æрбампурстонцæ 1222 анзи æма сæ арми бафтудæй аланти басæттун, аланти æмцæдесонтæ кипчактæ гадзирахаттæй ке рацудæнцæ нæ фидтæлтæбæл æма æнæнгъæлти манголти фарс ке фæцæнцæ, уой фæрци.

Фал уæд мангойлæгтæ сæ уæлахездзийнадæ нæ ниффедар кодтонцæ. Цæгат-кавказаг аланти зæнхитæ бустæгидæр сæ къохтæмæ æрбайсунбæл тох кæнун райдæдтонцæ фæстæдæр, уруси зæнхитæ байсунбæл тохти рæстæг – 1237, 1238 æма 1239 æнзти.

«Еци стæрæн Бату ци аргъ искодта, – финсуй историк Л. И. Лавров, – е уомæй бæрæг æй, æфсæдти сæргъи нæуæгæй æвæрд ке æрцудæнцæ, Батуй æфсади зингæдæр разамонгутæ ка адтæй, етæ, уæдта сæ хæццæ адтæй уæдмæ горендæститæ пурхгæнæн машинттæ дæр.

Фал еци стæри рæуаги дæр цæгат-кавказаг адæнтæ, уæдта сæ хæццæ алантæ дæр еугур саст нæма æрцудæнцæ. Алантæ тухгæнгути хæццæ тох кодтонцæ сæ еугур æрбанпурстити рæстæгути дæр. Персайнаг историктæ Джувейни æма Рашид-ад-дин куд финстонцæ, уомæ гæсгæ: «Кагир-укум асс æ къуари хæццæ манголæн хъæбæр устур цæфтæ никкæнидæ фæскъилдунæрдиги. Еци къуар, уæдта ма кипчакти еу къуари ниппурх кæнуни туххæй мангойлæгти багъудæй 200 науи исефтонг кæнун æма алантæ, кипчакти Идили цæугæдонбæл сорун».

XIII æности италиаг бæлццон Плано Карпини финста, зæгъгæ, «манголи нихмæ бæгъатæрæй ка тох кодта, æма син абони уæнгæ дæр дæлбарæгонд ци зæнхитæ нæма æрцудæнцæ, еци зæнхитæй æй Аланий еу хай: аланти бæсти

еу хонх байсунбæл мангойлæгтæ нур тох кæнунцæ 12 анзи, æма уоми алантæ манголтæй дзæвгарæ адæн ниццагътонцæ, фæммард си æй сæ устур хецæуттæй дæр».

Вильгельм Рубрук, европаг бæлццон, францизаг къароли мийнæвар 1253 анзи игъосун кодта: «Алантæ нур дæр ма тох кæнунцæ манголти нихмæ», – зæгъгæ.

Мадта уæд уотæ, тæтæр-манголæн XIII æноси нимпурсæнти фæрци сæ къохи нæ бафтудæй Цæгат Кавкази адæнихæттити алкæмити сæхецæн дæлбарæ искæнун. Манголи æфсæдтæ-еу ку рандæуиуонцæ, уæд бабæй, гъæууат æма æдзæрæг уавæртæмæ ке æртæриуонцæ, еци адæнтæ фæстæмæ сæ цæрæнбунæттæмæ æрбаздæхиуонцæ æма сæ ихæлд гъæутæ исаразиуонцæ.

Сæ гъæути цори гъæуайгæнæн федæрттæ аразгæй, етæ сæхе цæттæ кæниуонцæ, знаг бабæй сæмæ нæуæгæй ку æрбанпурса, уæд син нихкъуæрд радтунмæ (Л. И. Лавров).

Еци цаутæ нæ дигорон адæни зартæ æма тауæрæхъти æвдист не ’рцудæнцæ, растдæр зæгъгæй ба, мах уæнгæ не ’рхъæрттæнцæ. Уотемæй ба, дигорон адæн æндæр бæстаг тухгæнгути нихмæ хъазауатæй дæргъвæтийнæ тох ке кодтонцæ, уæдта устур бæгъатæрдзийнади гъудтæгтæ ке æвдистонцæ, етæ адæмон сфæлдистадæмæ æнæ бахаугæ нæ адтæнцæ. Фал дигорон адæнбæл XIV æноси кæрони æверхъау устур цæфтæ ку сæнбалдæй, устур бæллæхтæ ку бавзурстонцæ, адæнæн сæ фулдæр хай цагъди ку фæцæнцæ, уæд адæмон сфæлдистади хæзнатæй дæр дзæвгарæ фесавдæй.

Фесавдæнцæ дзоргæ æма финсгæ уадзимистæ дæр. (Финст уадзимистæ сæмæ ке адтæй æнæмæнгæ, уобæл дзорæг ба æнцæ проф. Турчанинови фæстаг куститæ).

Тамерлан, дæсни æма фæлтæрдгун тугъдон разамонæг æма тухæгæнæг, æнæнимæдзæ берæ æфсæдти хæццæ 1235 анзи Астæуккаг Азийæй æрбампурста Цæгат Кавказмæ. Е сурдта Тохтамыши. Тимур Тохтамыши æфсæдти ниддæрæн кодта Терки билгæрæнттæбæл æма уæд Уруси зæнхитæ есунмæ рараст æй.

Фал ибæл фæстæдæр ба, Алайнаг паддзæхтæ æ коммæкæсæг ке нæбал æнцæ, еци хабар исæнбалдæй, æма фæстæмæ Кавказмæ раздахтæй. Аци хатт Кавкази зæнхуæттæ уотæ нинсанста, æма уæдæй фæстæмæ алантæ сæ къæхтæбæл нæбал ислæудтæнцæ.

Еци стæри хабæрттæ цубур, фалæ бæлвурдæй ракодта персайнаг историк Шереф-ад-дин Йезди.

Тимур-ленги (Тамерлани) æрбампурстæй дууинсæй анзи фæстæдæр Цæгат Кавказмæ италиаг бæлццон Иосиф Барбаро ку æрбафтудæй, уæд еци тъæпæнтæн сæ бундорон цæргути уоми нæбал баййафта. Байзадæнцæ ма си сæ нон æма циртити берæнимæдзон обæуттæ, адæн ба сæхе райстонцæ, зинбацæуæн ци кæмттæмæ адтæй, уордæмитæмæ. «Алани»-й бæсти фиццаг цардæнцæ алантæ. Етæ сæхуæдтæ худтонцæ сæхе «асс». «Еци адæн, – финсуй Барбаро, – кодтонцæ киристон дини æгъдæуттæ, уомæ гæсгæ сæ тæтæр ниццагътонцæ, сæ цæрæнбунæттæй сæ фæттардтонцæ. Сæ бæсти ес берæ хуæнхтæ, цæугæдæнттæ, тæрфитæ. Арæх си ес исæнбæлæн сикъитæй конд обæуттæбæл. Етæ, æвæдзи, мæрдти номбæл арæзт циртитæ æнцæ».

Тамерлани æрбампурст адтæй, 1222 анзи ци трагеди райдæдта, уомæн æ кæронбæттæн. Астинсæй анземæй фулдæр алантæ тох кодтонцæ æверхъау тухгæнгути нихмæ, устур зинтæеу баййафиуонцæ, фалæ ма уæддæр Цæгат Кавказы тъæпæнтæбæл цардæнцæ хецæн адæнихæттитæ, хецæн районти.

Бустæги æндæр уавæр исæвзурдæй Тимури æрбампурсти фæсте. Гурдзиаг историк Вахушти цардæй XVIII æноси. Е æ киунугæ «Гурдзий географи»-й финсуй: «Чингиси фæдон ханти æрбампурстити дзаманти Овсти горæттæ æма цæрæнбунæттæ зæууатмæ æрцудæнцæ, исæдзæрæг æнцæ. Овстæ ледзун райдæдтонцæ Кавказы рæбуйнаг хуæнхтæмæ, сæхе бæстæн ба æ фулдæр хай æдзæрæг фестадæй, æма уæдæй фæстæмæ Овсетий хонун райдæдтонцæ Черкести, кенæ ба кæсæги бæстæ. Гъома, дигорон-ирон адæни рагфидтæлтæ ци лигъз будурти, ци тъæпæнти цардæнцæ, уони ниууагътонцæ æма æрцардæнцæ Кавказы хуæнтæн сæ астæуккаг хаййи кæмтти.

Тухæгæнæг Тимур-ленги æфсæдти æрбампурсти хæццæ баст цаутæ æвдист æрцудæнцæ кадæнгтити цикл æма «Задæлески Нана»-й рагон зари.

Адæмон исфæлдистади еци уадзимистæмæ гæсгæ ес зæгъæн, æма Тимури гъудтæгтæ дигорон адæни зæрдити устур фæд ниууагътонцæ.

Дигорон-ирон адæмон сфæлдистади медæги тæтæр-манголти æрбампурсти заманти зингæ лæгтæй Тимури номæй æндæр

неке ном байзадæй (уогæ ма фегъосæн ес мангойлаг æфсади раздзæуæг Мамаййи ном дæр, уой номæй мадæ æ сувæллони фæттæрсун кæнуй: «Мамма дæ фæххæссæй», – зæгъгæ. Фал аййевадон уадзимисти ба Мамаййи кой некæми æнбæлуй.

«Задæлески Нана»-й зари Тимури фæлгонц æгириддæр æвдист не ’рцудæй, уоми дзубанди цæуй историон цаубæл, кæрæдзей нихмæ æвæрд дууæ тухебæл: еуæрдиги – Тимури æнæкæрон берæ æфсæдтæ, иннердигæй ба – сæ зæнхæ, сæ горæттæ, гъæутæ багъæуай кæнунбæл тохгæнæг адæн – Дигорæ. Зарæг хецæн адæймæгтæмæ æ гъос нæ даруй, е ’ргон сæмæ нæ хатуй. Цума цæмæн уотæ ’й?

Историон зарæн бæрæг архайгутæ æма цаутæ сæйрагдæр фæуунцæ, зарæг сæ номæй-номмæ ку фæййамонуй, алкæмæн дæр си сæрмагонд историон хецæндзийнæдтæй, минеугутæй ку бахай кæнуй, уæд.

Æз мæ гъуди зæгъдзæнæн, аци зар ци уавæрти арæзт æрцудæй, уой туххæн, æма уæд е дзуапп уодзæй, уæлдæр ци фарста исæвардтан, уомæн. Мæнмæ гæсгæ, «Задæлески Нана»-й зар уæхæн зар нæ ’й, историон цауи хуæдфæсте арæзт ка æрцудайдæ. Æз уотæ æнгъæл дæн, æма зар ис-аразæг игъосгæ фæккодта уой агъонмæ догти арæзт зарти, кадæнгити койтæ, еци устур историон цауи хецæн хабæрттæ стауни, хецæн тугъдон разамонгути скъуæлхтдзийнæдтæ стауни туххæй арæзт зартæ æма кадæнгити койтæ. Фегъус-та, будури цæрæг фидтæлтæй, цагъди куд фæцæнцæ, æма ма си ка байзадæй, етæ хуæнхтæмæ куд балигъдæнцæ, уой туххæн тауæрæхътæ. Уæдмæ хецæн бæгъатæр адæймæгти нæмттæ, скъуæлхтдзийнæдтæ феронх æнцæ, æрмæстдæр ма устур цауæн гъуди кодтонцæ æ идейæ, æма «Задæлески Нана»-й зар уæхæн уавæрти арæзт æрцудæй. Зар, æвæ-дзи, фæззиндтæй, дигорон адæни рагфидтæлтæй ма æгас ка байзадæй, уонæй ма хуæнхтæмæ ка балигъдæй, уони дуккаг кенæ æртиккаг фæлтæри доги, хуæнхтæмæ баледзæг адæни байзайæттæгтæ, – «нури Дигорæ кæцæй равзурстæнцæ», зæгъгæ-еу сæхе ку фарстонцæ, уæд.

Аци зар æцæгæйдæр уæд арæзт ке æрцудайдæ, уобæл дзорæг æй, тæтæр æма аланти æхсæн тох фæстаг тохи хузи æвдист ке цæуй, е дæр, уæдта зари идейон медес дæр: дигорæ будури куд дæрæнгонд æрцудæнцæ æма бабæй хуæнхбæсти фæстæмæ сæ къæхтæбæл куд ислæудтæнцæ. Нæуæг

æнахур рауæнти æрбунæттон ун, зиндзийнæдтæн ниббухсун, фæстæмæ бабæй еумæйаг фæткæ, еу æгъдаубæл хуæцæг адæнæй цæрун райдаунæн гъудæй бæрæг рæстæг, æма «Задæлески Нана»-й зар æрмæст дзæвгарæ рæстæг раевгъуйуни фæсте арæзт æрцудæй, мæнмæ гæсгæ.

Зари композици логикон æгъдауæй хуарз арæзт æй. Цаутæ æвдист цæунцæ, царди куд æрцудæнцæ, раст уотæ фæдфæди. Тимури æрдонгти æрбампурст, тугъд, дигорон адæни ниддæрæн, седзæр сувæллæнттæ куд раервазтæнцæ, хуæнхбæстæмæ, æдасдæр рауæнмæ куд балигъдæнцæ, уомити нæуæг гъæутæ куд исæвзурстæй.

Историон зарти куд фæуүй, уотæ еци зари дæр гъудтаг æвдист цæуй реалистон хуарæнтæй. Адæймаг си цæбæл нæ бауүæнда, аргъауи хузи цæмæй уа, зари уæхæнæй неци ес. Дигорæбæл «тогуарæ никкодта», гъæутæ «сау фунук фестадæнцæ», зæгъгæ, ке дзоруй, уомæн гиперболæ исхонæн нæййес. Тимури æфсæдтæ аланти куд ниппурх кодтонцæ, астæуккаг æности историктæ уой никки карздæрæй æвдесунцæ. Тимури догæ раертасунбæл ка косуй, еци историктæ зæгъунцæ, зæнхи цъарæбæл уомæй æнæхатирдæр тухæгæнæг некæд ма адтæй, зæгъгæ.

Алантæмæ æрбампурсти доги е ’фсæдтæ уотæ æнæхатирæй архайдтонцæ æма, дан, «æгæстæ мæрдти æринцадмæ хицæ кодтонцæ».

Карл Маркс финста: «Тимури политикæ уæхæн адтæй, цæмæй е ’фсæдтæ мингай адæймæгути гъезæмарæй маронцæ, цæмæй уостити, сувæллæнтти, нæлгоймæгти, лæхъуæнти цæгъдонцæ, æвгæрдонцæ, адæн си алкæми дæр æмрезæги куд резонцæ, уотæ». Ци адæнбæл фæуүæлахез уидæ, уониеу хатгайти бустæги дæр бастъегъидæ, фæстæдæр уонæй косæг фонс исаразуни гъуди имæ н’ адтæй.

Уæхæн миутæ бакодта Цæгат Кавкази алантæн дæр, сæ нихмæ кард æма арцæй архайгæй. Уомæ гæсгæ ба, раздæр гъæздуг гъæутæ æма цъæх будуртæ кæми адтæй, уоми ма байзадæй сугъдонæ æма фунук. Адæн æнæхатирæй цудæнцæ цагъд æма сæ фæстагонтæмæ уотæ кастæй, цума алайнаг адæн Тимури фæсте бунæскъуд фæцæнцæ. Зармæ гæсгæ ма æгас байзадæнцæ еу силгоймаг æма цалдæр сувæллони. Тъæпæн Дигори адæнæй æзмæлæг нæбал адтæй, бабун æнцæ.

Зари фиццаг хаййи, дзубанди Тъæпæн Дигори ниццагъд-бæл кæми цæуй, уоми лексикæ æма фразеологи гъарæнги хузæн æнцæ. «Тогуарæ æркодта Тъæпæн Дигорæбæл», – зæгъуй зарæг. «Сæ финдздзæуæг адæн, сæ хъал фæсевæд тоглæсæн кæнунцæ...» «Ку бабун æнцæ Тъæпæн Дигорæ, æвæстаг ку фæцæнцæ...» Тухгин зæрдити рист равдесуни туххæн зарæг фæд-фæди фæззæгъуй еци-еу дзурдтæ, еци гъудитæ (зæгъæн, зари райдайæни), кенæ ба фæд-фæди испайда кæнуй, æмхузон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн дзурдтæ æма дзурдбæститæй: «Сæ хъал фæсевæд се 'знæгти къохæй тоглæсæн кæнунцæ, кунæг кæнунцæ, мæрдтæмæ евгъуйунцæ»... «Хасти ку фæцæнцæ, хасти ку фæцæнцæ, ку бабун æнцæ Тъæпæн Дигорæ, æвæстаг ку фæцæнцæ». Синоним дзурдтæ кæрæдзей фæдбæл æвæрд цæунцæ тухгиндæр æма карздæргæнгæ.

Зари дуккаг æмбес дзуапп дæдтуй, Тъæпæн Дигори адæн хуæнхбæсти ци хузи æгъдауæй фæззиндтæнцæ, зæгъгæ, фарстæн.

Дигорон адæн будури дæрæнгонд ку æрцудæнцæ, тохи сæ фулдæр ку фæммард æнцæ, нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæй ма æгас ка байзадæй, уони Ахъсахъ-Тимури æфсæдтæ уацари ку ракодтонцæ, уæд ма еци Тъæпæнти кæмидæр еу уосæ уодæгасæй байзадæй: еци силгоймаг сугъдонтæбæл æрзилдæй, иссирдта ма си седзæр сувæллæнттæ, хуæнхбæстæмæ сæ фæккодта, ба сæ гъæуай кодта æма хуæнхбæсти Тъæпæн Дигори гъæутæ уонæй исæвзурстæнцæ.

Гъе уæхæн хузи байзадæй еци æверхъау цау адæни зæрдити. Æнæдузæрдугæй зæгъæн ес, «Задæлески Нана»-й зар ке æй, тухæгæнæг Тимури æрбампурсти æууæлтæ хуарз ка æвдесуй, уæхæн аййевадон уадзимис. Еци дзамани адæни нимæдзæ цæхгæр ке фæмминкъийдæр æй, адæнæн сæ фулдæр цагъди ке фæцæй, еци хабæрттæ зар хуарз æма æнхæс-тæй æвдесуй. Дигорон адæн, тæтæр-манголти æрбампурсти агъонмæ цæйбæрцæ адтæнцæ, уой, æма хуæнхтæмæ бале-дзæг адæн цæйбæрцæ адтæнцæ, уони кæрæдзей хæццæ ку рабарай, уæд фæстæгти исхонæн ес æрмæстдæр армидзаг. Уомæ гæсгæ, зари сувæллæнттæ æвдист цæунцæ седзæрти хузи.

Фал еу цæйдæрбæрцæ рæстæгути фæсте сувæллæнттæ багъонбæл æнцæ, рацудæй син нæуæг фæлтæртæ, адæн сæ нæуæг царди фадуæттæбæл фæахурдæр æнцæ æма бабæй

сабургайти сæ къæхтæбæл ислæудтæнцæ, сæхебæл исхуæстæнцæ. Уотæ-еу уидæ уруси горæтти гъудтаг дæр: манголи æрдонгтæ сæ ниддæрæн кæниуонцæ, фал бабæй цæйдæрбæрцæ рæстæги фæсте ба сæ хъауритæ сæ къанцци исбадиуонцæ, манголтæн нихкъуæрд дæдтунгъон фæууиуонцæ.

«Задæлески Нана» цума æцæг историон фæлгонц æй æви нæ? Уомæн нуртæкки бæрæг-бæлвурд дзуапп радтæн нæййес. Æвæдзи, уæди рæстæгути е еунæг цау н' адтæй, уæхæн хабæрттæ арæх адтайуонцæ. «Задæлески Нана»-й фæлгонц нин æвдесуй тæтæр-манголи æрбампурсти дзаманти бæгъатæр, уодуæлдай силгоймæгти еумæйаг тип. Сæ адæн цæмæй бунæскъуд ма фæууонцæ, цæмæй фæстæмæ иснæуæг уонцæ, уой туххæн силгоймæгтæ сæ уодтæбæл нæ аурстонцæ, æма «Задæлески Нана»-й зар уонæн æй аййевадон циртдзæвæн. Зармæ гæсгæ е æй хумæтæги силгоймаг, сауæнгæ ма ин æ нон дæр нæ зонæн. Иннæ силгоймæгтæй нецæмæй хецæн кæнуй. Седзæр сабийти хузæн е дæр куддæр æгъдауæй сæрæгасæй байзадæй. Фал æ нифс, æ лæгигъæдæ, æ хъауритæ дессаг æнцæ: сувæллæнтти æрæнбурд кодта, нæуæг увæрти сæ багъæуай кодта, иссæ гъонбæл кодта, дигори дзилагæ исæфун нæ бауагъта. Уæдæй фæстæмæ е æгас дигорæн дæр иссæй сæ мадæ æма 'й худтонцæ «Задæлески Нана».

Задæлески цæргутæ куд дзорунцæ, уотемæй гъæумæ хæстæг ес «Морги лæгæт». Уоми сæ фидтæлтæ æрæййафтонцæ силгоймаги мард, æ уæледарæс æма ма æ дзиккотæ дæр дзæбæх цæфст адтæнцæ сæри къудурбæл, уæхæн хузи. Тъæпæн Дигори рацæргæ адæн нерæнги дæр ма еци бунат – «дзиуарæ», зæгъгæ, хонунцæ.

Тухæгæнæг Тимури фæлгонци туххæн адæмон сфæлдистади ес еу цалдæр кадæнги (Тимури туххæн кадæнгитæ ма ес мæхъæлмæ, кæсæгмæ, цæцæнмæ дæр).

Уæлдæр ци зармæ æркастан, уоми Тимурæн æ фæлгонц æвдист нæ цæуй, æрмæстдæр си æмбæлæн æ номбæл. Фал æ номи хæццæ баст цау ба æвдист цæуй æцæг хузи, уомæ гæсгæ ба си зармæ игъосгутæ хатунцæ, æнкъарунцæ, цæгат-кавказаг адæнихæттити нихмæ нимпурсти сæргъи ка лæудтæй, уæхæн историон адæймаги сорæт. Æндæр хузи арæзт æнцæ, Тимури туххæн ци кадæнгитæ байзадæй, етæ. Еци кадæнгитæ радех кæнун æмбæлуй æртæ къуаребæл.

Фиццаг къуари Тимур æвдист цæуй стъалуй, кенæ ба алæмæттаг адæймаги хузи. Е æй еугур дуйнетæ басæттæг, устур дессаг уæвæг. «Ахъсахъ-Тимурæн ба æфсæн базуртæ адтæй, æма бонæ арвбæл æртæ зилди кодта»...

«Æхуæдæг ба арвмæ исцудæй æма уоми стъалуй хузи бацудæй», – уотæ си зæгъуй, Гарданти Михалæн мæхческаг кадæнгæгæнæг ци кадæнгæ ракодта, уоми. «Арви цæгиндзæ», – зæгъгæ, ци стъалу хуннуй, уой дигорæ «Ахъсахъ-Тимур» хонунцæ. Фесинмæ цæугути авд стъалуй ба – «Лæдæртæ». Кадæнгæмæ гæсгæ, «Лæдæртæ» æнцæ авд æнсувæри – Лæдæрти муггагæй – Ахъсахъ-Тимур син сæ еунæг хуæри раскъафта, уæлæрвтæмæ стахтæй æма уоми стъалу фестадæй. Лæдæртæ дæр стъалутæ фестадæнцæ, Ахъсахъ-Тимури бæргæ сорунцæ, фал ибæл нæ хуæст кæнунцæ».

Нарти кадæнгити ес дуйней исæфти мотив. Дуйней исæфти хуæдразмæ, дан, Нарти Сослан истохдзæй Алимбеги фурт Тотрази хæццæ. Уони фæсте ба Ахъсахъ-Тимури æфсад тохдзæнцæ, дигорæй ма ка байзадæй, уони хæццæ (еу вариант), иннеми ба Ахъсахъ-Тимур хуæцдзæй, сæ хуæри кæмæн раскъафта, еци æнсувæрти хæццæ. Кадæнгити аци къуари медæг алæмæттаг хабæрттæ исхæлæмулæ æнцæ, циуавæрдæр æцæг, историон æгъдауæй раст æвдистдæр листæг гъудтæгти хæццæ. Гарданти Михал 1903 анзи Мæхчес-ки ци кадæнгæ фегъуста æма ниффинста, уоми уотæ цæуй дзубанди, зæгъгæ, дигорон адæнæн сæ хуæздæртæ тугъди фæммард æнцæ, «сæ нецæйхузæн хауæггаг ба син Тимур æ хæццæ фæххаста Китаймæ æма си уоми хецæн гъæутæ искодта».

Историон æвдесæнтæй куд зиннуй, уотемæй Тимур æцæгæйдæр аланти еу хай æ хæццæ ракодта æма, Китаймæ ку бампурста, уæд етæ дæр е 'фсади хæццæ адтæнцæ.

Еци цауи койтæ Нарти кадæнгити дæр байзадæнцæ. «Нецæйхузæн», хауæккаг, зæгъгæ, дзурдтæй кадæнгæгæнæг бæрцæ нæ амонуй, е æй эпитет, æфхуæрæн рабарст, барвæндонæй знагæн лæггадæ кæнунбæл ка исарази æй, еци алантæн.

Дуйнетæ басæттæги фæлгонц кадæнгити дуккаг къуари алæмæттаг хунд нæбал цæуй. Тимур уоми æй хани, кенæ ба фæнсгин лæги фурт. Фидæ æ фуртмæ æгæр нифсхаст лæги минеугутæ ку бафеппайдта, уæд, – мæ бунат мин ку байахæсса, зæгъгæ, тæрсгæй, æхуæдæг Тимурæн æ зæнгæ басаста

(«Тимур, минкъий биццеу уогæй, тæрхъос æ фæстаг къахæй куд æрахæста», зæгъгæ, кадæнгæ).

Тимури фæлгонц уоми иссæй аргъауи архайæги хузæн, историзми æуууæлтæй ма æ гъудтæгути æрмæстдæр байзадæй минкъий цидæртæ, æма сæ кæнгæ дæр фæккæнуй, бус-тæги зæнхон хабæртти оххбæл (æ фурти кенæ ин æ кизги раскъавдæй æма уой агоргæй е 'фсæдти хæццæ Кавказмæ æрбампурста).

Тимури туххæн кадæнгити æртиккаг къуарæн исхонæн ес генеалогон кадæнгитæ. Уонæй еуемæ гæсгæ, Тимур-Ахъсахъ, хорискæсæйнаг хани фурт, æ уорс бæхбæл бабадтæй, рабалци кодта æма еу цæйдæрбæрцæ рæстæги фæсте ба хуæнхбæстæмæ бафтудæй. Уоми исæнбалдæй æртæ саурæсугъд хуæребæл, бауарзта сæ æма сæ æхецæн бийнонтæн æрхудта. Æртæ уосемæй ин ци æртæ фурти сæнтæстæй, Дигор, Ир æма Туал, уонæй равзургæ æнцæ – дигорæ, ирæ æма туал. Аци кадæнгæ æрæги æргъуди кодтонцæ, е бæрæг æй.

Æндæр кадæнгитæмæ гæсгæ ба дигорон муггæгтæ Гергитæ, Малитæ, Будайтæ æма Гардантæ æнцæ Тимурæн æхе байзайæдтæгтæ. Уæхæн кадæнгитæ, мæнмæ гæсгæ, фæстæдæр фæззиндтæнцæ. Сæ æргъудигæнгутæ испайда кодтонцæ «Задæлески Нана»-й зари идейæй, – гъома, дигори еу хай, Тимури æрбампурсти фæсте ма æгас ка байзадæй, уони еу хай æнцæ, зæгъгæ, уомæ гæсгæ ба кадæнгæ исаразгутæй алке дæр æхе хонуй Ахъсах-Тимури цæуæти цæуæт. Муггаг цæйбæрцæбæл рагондæр адтайдæ, уойбæрцæбæл æ кадæ бæрзонддæр уидæ, муггаги сæргъи ма историон бæлвурд лæг лæуд ку адтайдæ, уæдта бустæгидæр.

Ес ма æндæр хузи гъуди кæнæн дæр: Тимури æфсæдтæйеу байзаидæ еугай æфсæдтонтæ æма бунæттон цæргути хæццæ исхæлæмулæ уиуонцæ. Е дæр агъаз кодтайдæ, сæ муггаги сæргъи тюркаг-тæтæйраг лæгтæ кæмæн уидæ, уони æхсæн уæхæн кадæнгитæ фæззиннунæн.

Бæлвурд æй еу гъудтаг, хорискæсæйнаг тухæгæнæг Тамерлан-Тимур Астæуккаг æности доги æ берæ æфсæдти хæццæ Цæгат Кавказмæ ке æрбампурста, уой хæццæ баст цаутæ сæ фæд ниууагътонцæ нæ адæмон исфæлдистади. Етæ Дигорон адæни æхсæн байзадæнцæ, ирон адæни æхсæн Ос-Бæгъатæри кадæнгитæ куд байзадæнцæ, уотæ.

# АДÆМОН ТАУРÆХЪТÆЙ

ЦОПАНТИ Валери

## ЦÆЛКОСТИ ГУЙМАНИ ХАБАР

**«Далæ Дигори рагон Къамати Цæлкости Гуйман æ дууæ сау къобор гали ку ниййефтиндзуй: фæццæуон далæ будурмæ мæ сувæллæнттæн хуар ласунмæ...»**

Цæлкости Гуймани зар уотæ райдайуй. Фæндуй мæ, цæмæй æригон фæсевæд, зар фегъосгæй, зононцæ, цæмæн искодтонцæ нæ фиддæлтæ хумæтæг хуæнхаг лæгбæл уæхæн æмбесонди зар, кæци нур XIX-аг æноси дуккаг æмбесæй фæстæмæ азæлуй нæ адæни астæу.

Рагон дзамантæй фæстæмæ Дигоргоми адæн цардæнцæ хецæн гъæутæй. Сæ нимæдзæ 30 гъæуемæй фулдæрмæ хъæрттæй. Уонæй кæмидæр фулдæргай, кæмидæр ба минкъийдæр уидæ хæдзæртти нимæдзæ, равгитæ куд амудтонцæ, зæнхи гæппæлтæ сæбæл цæйбæрцитæ хъæрттæй, уомæ гæсгæ.

Дигоргоми уони æхсæн рагондæр гъæутæй еу æй Къаматæ дæр. Гъæуæн бундор ниввардтонцæ Цайрон, Къобал æма Къама – æртæ æнсувæри. Цайронæн æ фæсте неке байза-

дæй, Къобалтæ хъæбæр раги рафтудæнцæ будурмæ. Къама кæми æрбунæттон æй, е ба фæстагмæ иссæй – Къаматæ. Гъæу дех кодта дууæ хаййебæл – уæллаг æма дæллаг.

Дууæ синхи дæр æрбунат кодтонцæ къулдунтæбæл. Сау хонхи лигъздæр рауæнти хæдзæрттæ нæ аразтонцæ, хумзæнхитæн сæбæл аурстонцæ. Куд иннæ рауæнти, уотæ ами дæр хумзæнхитæ, игуæрдæнтæ хъæбæр нæхъæртон адтæнцæ.

Уомæ гæсгæ ба сæмæ хуарæрзад æма картоф фæндон некæд адтæй. Уойхигъд сæ фонсдаруни фæрæзнитæ минкъий рæвдзæдæр уиуонцæ. Уони фæрци бийнонтæмæ уидæ уорсаг, цихт, царв, фид. Хатгайти ба сæ тиллæги æма картофи, уæдта фонси уæлдаййæгтæ æййевиуонцæ хъумац æма æндæр уæхæн дзаумæуттæбæл.

Гъе уæхæн уавæрти ефхастонцæ сæ бæнттæ æма æнзтæ Къаматæ. Гъæуи цардæнцæ уæхæн муггæгтæ: Байхъултæ, Гадатæ, Гетъотæ, Диготæ, Магкитæ, Нигкотæ, Секъинатæ, Синатæ, Тауиттæ, Хохтæ æма Цæлкостæ.

Къамати цæрæг адæни историйæй нæмæ берæ хабæрттæ æма тауæрæхътæ æрхъæрттæй. Уонæн, махмæ гæсгæ, ес æцæг бундор. Раги дзамани, дан, еу берæгъ багъомпал æй гъæуæй сувæллæнттæ давунбæл.

Еу бони сæри æй æрахæстонцæ, уодæгасæй ин æ цар бастъигътонцæ æма ’й уотемæй рауагътонцæ. Æ неунмæ, дан, Сау хонхæй æрхæ ратудта æма гъæуи хæдзæрттæ æ хæццæ рахаста. Еци хабар Къобалти хæццæ бæттиуонцæ: «Къобалти берæгъи фæндараст фæууо», – уотæ дæр æлгъетиуонцæ, кæрæдземæ ка исмæстгун уидæ, етæ. Мадта Секъинатæ сайтан куд æрахæстонцæ, еци тауæрæхъ дæр аци гъæуи хæццæ баст æй. Малити Геуæргий поэмæ «Дзандзирахъ»-и архайгутæ дæр ардигон адтæнцæ. Къаматтаг адтæй Нигкоти саумæкъур дæр. Е тухгæнгути раздзæуæги рамардта æма сæ ледзæги фæккодта. Уобæл дæр зар бæргæ адтæй æ рæстæги. Бесати Тазей радзурд «Налхъутæ æма Наурузи» архайгутæ дæр аци гъæуи хæццæ баст æнцæ. Дигоргомæй сауæнгæ Мæздæги уæнгæ зундгонд адтæй Хохти Мальчик дæр, – дзурддзæугæ, тоггинти федаунгæнæг. Мадта æгас Иристони нæ, фал Цæгат Кавкази адæнти æхсæн дæр æ ном игъустгонд кæмæн адтæй, еци бæгъатæр ревлюционер Гетъоти Хаджеумар – Сергей Лазой фарсмæ æмтохгæнæг, е дæр ардигон адтæй.

Абони мæ радзурди сæр æй Цæлкости Гозой фурт Гуйманбæл. Цæлкостæ дæр цардæнцæ, куд иннетæ, уотæ. Хуарзæй дæр, нæхъæртонæй дæр адæнæй нецæмæй уæлдай хецæн кодтонцæ. Кодтонцæ фонси куст, зилдæнцæ сæ хумзæнхитæмæ. Æрмæстдæр ма Гуйман иннетæй игъаугидæр адтæй рæстдзæвийнæ цауæйнон. Асæй кæд бустæги устур лæгти нæ баййафта, уæддæр, куд фæззæгъунцæ, къахæй федар, фезмæлунмæ цæрдæгдзийнадæ ба, æвæдзи, æрдзæй рахаста.

Сау хонхи сæр, Хусгинæй Сарди коми уæнгæ алли дор, алли къахнад, алли фæззелæн дæр æхе тургъау зудта. Мадта æ «хъæрæймагæй» ба, куд фæззæгъунцæ, цъеуи цæстæ дæр нæ евгъаудта. Фæттæ ку исефтиндзидæ, уæд син сæ рæстдзæвийнæдзийнадæ æвзурста, Къаматæй Тауитти бунмæ кусæбæл ци уорс дор адтæй, уой сæргъæвунмæ, – уотæ имисиуонцæ хестæртæ. Куд дзурдтонцæ, уотемæй æнæгъæнæ цалдæр сæдæ дзæбодури бафтудæй æ къохи.

Раги дзамани дæр адтæй уæхæн фæткæ, æма ести устур цауи фæдбæл аллихузон еристæ исаразиуонцæ гъæути медæгæ. Аразтонцæ бæхтæбæл догъæй еристæ, дор куд идарддæрмæ фехсун, бæхъæбæл куд бæрзонддæр исбурун, хъабагъ фехсун æма æндæр хузи лæгдзийнæдтæ равдесун.

Мæхчески рæбун адтæй еу будургонд, худтонцæ ’й «хъабагъæвæрæн». Уоми ерис кæниуонцæ хъабагъ (нисан) топпæй исæргъæвунбæл. Хестæртæ куд дзориуонцæ, уотемæй еристи архайгутæй алкæмæндæр уидæ æртæ æхсти фæккæнуни барæ, æрмæстдæр Гуйманæн ба уæхæн барæ лæвæрд нæ цæуидæ. Уидæ уотæ дæр, æма цалдæр фæлтæремæй фехсиуонцæ, фал си æргъæвгæ ба нисан неке искæнидæ. Æма уæд адæн æмхор-хорæй дзорун райдаиуонцæ: «Гуймани рауагътæ! Гуйман фехсæд!» Æма алкæддæр Гуйман фиццаг æхстæй исæргъæвидæ нисан. Гъе уæхæн лæг адтæй æ дзамани, зар кæбæл искодтонцæ дигорон адæн, еци Цæлкости Гуйман. Фал зари аккаг лæгдзийнадæ ба бавдиста æндæр гъуддаги.

Хуæнхбæсти, уæдта иннæ рауæнти дæр алли анз æмхузæн нæ рауаидæ тиллæги хуарæрзад. Уæхæн догæ сæбæл никкодта медхонх, æма син будурмæ æнæ рацæуæн нæбал адтæй тиллæгбæл фæххуæст унмæ. Гуйман дæр æхе рæвдзæ кодта балций цæунмæ. Еу бон кæсуй, æма гъæуи сæрмæ

хъуæцæ бадуй, раст кæфойнауи сæрмæ, рæстæг ихæлунмæ ку фæгъгъавуй, уæд си куд æрбадуй мегъæ, уотæ.

Е ци уа, зæгъгæ, деси бафтудæй Гуйман. Нихæсмæ æхе ниййиста æма уинуй, гъæуи кардзуд адæн сæ лолитæ сæ фуркатаййæй исæлвасæ-исæлвасæ кæнунцæ.

– Уæ тухст цæбæл æй? – фæрсуй сæ Гуйман.

– Æгудзæг уавæри бафтудан. Коми думæгæй идарддæр нин рацæуæн нæбал ес. Абæргутæ нæ размæлун нæбал уадзунцæ, æма нæ сувæллæнттæ судæй мæлдзæнцæ, – дзуапп ин равардтонцæ тухст хестæртæ. – Ду ба дæхе фæндаггон арæзт ку скодтай, æма дæу мæтæ дæр кæнæн.

– Æз мæ гъуддаг æрдæгбæл некæд ма ниууагътон мæ уоди тасæй. Мæ сувæллæнттæ ба судæй мæлун нæ бауадздзæн, – дзуапп син равардта Цæлкоси-фурт.

Ранæхстæр æй, æ дууæ гали уæрдуни баефтиндзгæй, хонхæй будурмæ Цæлкости минкъий Гуйман, æ «хъæрæймаг» æд хъатара уæрдуни буни сæмæнбæл бафедар кодта, уотемæй. Комæй ку рахизтæй, уæд æхецæн унафæ кæнуй: «Кæбæлти цæуон. Паддзахи надбæл ранæхстæр уон, æма æгæр дæргъвæтийнæ æй, Сурхи бæрзондбæл мæ над ракæнон, æма еци æнамонд абæргутæ уоми ку цауæн кæнонцæ, уомæй дæр тæссаг æй».

Рараст æй цубурдæр надбæл. Æхсæвеуат æркодта фиййæуттæмæ. Сæумæй фестадæй, æхе рæвдзæ кæнуй æма æ фусунтæмæ дзоруй: «Цидæр æнахур фун фæууидтон æма уин æй радзорон». Фиййæутти хестæр имæ уотæ бакодта: «Æнахустæй фун ку дзорай, уæд цæуагæ 'й». Сехуари фæсте Гуйман дзоруй: «Дессаг. Хонхи дор зелæг нæбал адтæй, уæдта си цалдæр устур дори рахаудтæй. Цума ци уа е?..» Хестæр фиййау ин загъта: «Дæ балций дæ хъоргæнæг уодзæнæй, фал уæддæр кæронмæ фæффæндараст уодзæнæ». Гуйман Хуцаумæ искувта, Уасгергибæл æхе бафæдзахста, уæдта Чегерай бæрзонди бунти ранæхстæр æй.

Еу дзæвгарæ гъæди ку рауадæй, уæдта æ цæстæ бæхгинтæбæл æрхуæстæй. Уайтæккидæр дууадæсемæй æ сæргъи æрбалæудтæнцæ æма имæ дзорунцæ: «Дæ фæндаг раст, хуæнхаг, кумæ рабалци кодтай?» Гуйман син дзуапп равардта: «Лæгъуз анз адтæй, æнæ тиллæг ан. Сувæллæнттæ стонг æвзарунцæ, æма хуар ласунмæ цæун». Абæргути раздзæуæг имæ дзоруй: «Фæцæй дæ балци. Галтæ исуæгъдæ кæнæ».

Гуйман сæмæ уотæ бакодта: «Мæгур хæдзарæ ан, мæ рохсаггаг æрвади сувæллæнттæ дæр мæнмæ æнгъæлдзау æнцæ, мулки номбæл мæмæ аци дууæ галемæй æндæр неци ес. Корун уи, æма мæ мæ фæндагбæл рауагътæ».

«Дæ галтæ райхалæ», – ходæзмолæгæнгæ бабæй имæ дзорунцæ етæ. Сæ еу ба ма син сæ айуанбæл бафтудта: – «Цæбæл тухсис хуæнхаг? Аци галти ци гъоцитæ низзадæнцæ, уони уæситæй бабæй нæуæг галтæ искæндзæнæ. Исуæгъдæ кæнæ галтæ».

Гуйман сæмæ дзоруй: «Мæхе къохтæй ба уин сæ нæ исуæгъдæ кæндзæнæн». Абæргути кæстæртæй еу æргæпп кодта æ бæхæй, хъæма фелваста æма тæвингбостæ фæллухтæ кодта. Абæрег-тухгæнгутæ галтæ сæ разæй фæккодтонцæ, сæ хестæр ба кæстæрмæ дзоруй: «Æ цори балæууæ, цума ци кæндзæнæй?» Гуйман еу усмæ æнкъардæй ралæудтæй, уæдта æфсой æ рагъи ракодта æма рацæуй. И лæхъуæн имæ кæсуй, уæдта ’й фæрсуй: «Æфсоййæй ба ма ци кæнис?»

«Æфсой мин корæггаг æй, æма ’й æ хецау ку агора, уæд ин ци ратдзæнæн?» – дзуапп ин равардта Гуйман. Лæхъуæн æхе дестæгæнгæ бæхбæл багæлста æма фæннæхстæр æй. Æ къуари ку баййафта, уæд е ’нбæлттæмæ дзоруй: «Цидæр æнахур лæг æй, цума ин цидæр нæ фагæ кæнуй. Æфсой æ рагъи багæлста, а мин корæггаг æй, зæгъгæ, æма ’й фæххæссуй. Абæргутæ къæл-къæлæй ниххудтæнцæ се ’нбали дзубандитæбæл æма сæ над идарддæр радардтонцæ.

Гуйман ку балæдæрдтæй, тухгæнгутæ раеуварс æнцæ, уой, уæд æ рагъæй æфсой æргæлста, уæрдуни цормæ бауадæй æма гуфи бунæй æ баст хъæрæймаг райхалдта æма искувта: «Мадта кæд уотæ ’й, уæд æз мæ фидæн фуртæн нæ райгурдтæн, сумахæй ма еске сæрæгасæй æ хæдзарæбæл ку сæнбæла».

Гъæдæ Гуйман хуарз зудта æма син сæ раз æнæстуфæй байахæста. Æрбунат кодта еу кæлдæ бæласи аууони æма сæмæ æнгъæлмæ кæсуй. Абæргутæ имæ æхстæнбæрцæ ку æрбахæстæг æнцæ, уæд нигъгъавта æма син сæ раздзæуæги багæрах кодта.

Дæ балгъетæг уотæ, уайтæккидæр бæхгин æ саргъæй фесхъиудтæй. Иннетæ, сæ фур æгуппæгæй, ци æрцудæй, уой æнхæст лæдæргæ дæр нæ ракодтонцæ æма сæ медбунати

исхъомпал æнцæ. Цалинмæ сæ кеми цудæнцæ, уæдмæ ма си цалдæр зæнхи барæ бацæнцæ.

Гуйман уотæ рæстдзæвийнæ æхст кодта, æма еу гæрахæй дууæ фæгъгъæуидæ абæргутæй. Уæдмæ имæ сæ еу пихсауунæй фæдеси гъæр никкодта: «Ка дæ? Циуавæр дæ? Зæнхон дæ, æви уæларвон фидбилиз, еске ма ни уæддæр хабархæссæг ниууадзæ!» – зæгъгæ.

Гуйман сæмæ дзоруй: «Æз дæн мæгур хуæнхаг лæг, уæ байст галти хецау. Цæбæл гузавæ кæнетæ, сумах ци мадтæлтæ низзадæй, етæ бабæй сумах хузæн лæхъуæнтæ ниййердзæнцæ, æма етæ Дигорæмæ тухæгæнæг нæбал цæудзæнæнцæ». Сæ кæстæрæн ма æ цонг фæццæф кодта, фал æй уодæгасæй ниууагъта хабархæссæгæн. Уой фæсте æ галтæ фæстæмæ ракодта, уæрдун баефтигъта æма æ над идарддæр радардта.

Æрбаласта тиллæг Гуйман. Гъæубæстæ æ размæ рагулф кодтонцæ æма ибæл бацийнæ кодтонцæ, сæрæгасæй фæстæмæ ке æрбаздахтæй, уой туххæн. Гуйман ба син загъта: «Коми думæги абæрегтæй тæссаг нæбал æй, цотæ æма æдасæй ласетæ, ке уи ци тиллæг гъæуй, уой».

Къаматæ, Дигоргоми цæргутæ Цæлкости Гозой фурт Гуйманбæл искодтонцæ кади зар. Аци хабар æрцудæй XIX-аг æноси. Абони дæр азæлуй Дигоргоми æма будурти гъæути. Гуймани ном уой фæрци иронх нæ æй. Еци рæстæг уæхæн дзаман кæд адтæй, мæгурдзийнадæ æма æвадуат фæггæнæнтæй кæд хъæбæр тухстæнцæ адæн, уæддæр се 'хсæн ба разиннидæ, æностæмæ кади ном ка ниууадзидæ, уæхæнттæ.

Раст зæгъун гъæуй, Къамати хестæртæ сæ фарни æгъдау сæ хæццæ мæрдтæмæ нæ фæххастонцæ. Алли доги дæр си адтæй æма ес, царди бæрæг бунат ка ниййахæста, уæхæн игурдтитæ. Зæгъæн, Фидибæсти Устур тугъди бæгъатæрæй тухтæй Хохти Кермен, цалдæр орденей кавалер, Диготи Тамуся æ хъазауатон фæллойни фæрци æ рæстæги æвзурст æрцудæй Уæрæсей Сæйраг Советмæ депутатæй, Мæхчески астæуккаг скъолай директорæй си арæхстгинæй фæккуста Хохти Тæтæрий фурт Валери, Секъинати Таймураз – ахургæнæг, дессаги æрмдæсни, адæмон сфæлдистадæ зонæг, Хохти Эльбрус – милици болкъон, Диготи Геуæрги – полици дæлболкъон æма æндæр уæхæн хуæрзигурдтитæ.

Нуртæккæ гъæуи ци фæсевæд ес, етæ дæр сæрустурæй хæссунцæ сæ фиддæлти фарнæ æма æгъдæуттæ идарддæр. Уо-нæн дæр нæ зæрдæ зæгъуй æнæнездзийнадæ æма æн-тæститæ.

## ЦОПАНТИ АФИЦЕР ОСЕП

Уогæ ба, адæймаг листæг ку æркæститæ кæнуй, ку раса-гъæстæ кæнуй, уæд устур деси бафтуйуй, царди фæззелæн-тæ æма рæстæгутæ куд аллихузон æнцæ, уобæл. Нури рæс-тæги цаутæ не 'гас дæр уинæн, нæхуæдтæ син æвдесæн ан æма си нæ бон æй хатдзæгтæ кæнун. Кæми зæрдæмæдзæу-гæ фæуунцæ, кæми ба неци уойййасæ.

Мæн фæндуй нæхе фиддæлти цардæй еу хæдзарвæндаги туххæн рахабар кæнун.

Цопантæ раги дзамани цардæнцæ Æрхони гъæуи, Уæлла-гири коми. Еци доги си берæ хæдзæрттæ æма адæн цардæй и унгæг рауæнти. Зæнхитæ –кадавар, фонсдаруни фадуæт-тæ – къундæг. Цубур дзубандийæй, тухмадзæлттæ кодтонцæ. Уомæ гæсгæ ба Цопанти муггагæй беретæ ралигъдæнцæ Курт-тати комæй Дзиуари гъæумæ, ка ба – æндæр рауæнтæмæ.

Цопанти Болат ба исфæндæ кодта æ бийнонти цард Уæл-лагкоми Къæмунти хæццæ исбæттун. Æма нæ фæррæдудæй. Къæмунти æрцæргæй си рауадæй устур муггаг.

1911 анзи бийнонти нимæдзæ исхъæрттæй 68 адæймагей уæнгæ, цæргæ дæр кодтонцæ еумæ.

Хуæнхаг царди куститæ æнсувæрти æхсæн адтæнцæ иурст: ка фонси гъуд кодта, ка зæнхи гæппæлтæмæ зилдæй. Еци-еу рæстæг хæдзари адтæй 12 киндзи æма цардæнцæ хуæрти хузæн. Бийнонтæ сæ еузæрдиуон кусти фæрци гъæ-уагæ нецæмæй æвзурстонцæ.

Æнсувæртæй еу – Едзайæн адтæй дууæ фурти æма аст кизги. Хестæр фурт Афæхъойæн æ уосæ адтæй Хъибизон, æма син сæхецæн исæнтæстæй 22 сувæллони.

Раст зæгъгæй, еу 10 анзей бæрцæ син æппундæр зæнæг неци æнтæстæй æма муггаги хестæртæ Афæхъойæн балæ-дæрун кодтонцæ: «Зæнæг ка нæ кæнуй, уæхæн киндзæ мах нæ гъæуй. Райæрветæ æ фиди хæдзарæмæ», – зæгъгæ.

Афæхъо алли æфсæнттæй æхе ласта еци гъуддаг исæнхæст кæнунмæ. Æма уæлдæр куд фездæх кодтон, уотемæй нæ фæррæдудæй.

Еци берæ зæнæгæн сæ хестæр адтæй Осеп (Иосиф), райгурдæй 1883-аг анзи. Дæлдæр мæ дзубанди уой туххæн æй.

Цопанти хестæртæ, сæ исонбонбæл сагъæсгæнгæй, æмвæндæй унафæ рахастонцæ, сæ ирæзгæ фæсевæдæй ахурмæ зæрдæргъавддæр ка æй, уонæн ахургонддзийнадæ раттунбæл. Гæлиати 2-къласон скъола каст ка фæцæй, уонæй равзурстонцæ Едзай фурт Николайи, Сламæрзай фурт Микъолоз æма Афæхъой фурт Осепи. Етæ каст фæцæнцæ Мæхчески 4-къласон дини скъола. Уой фæсте Николай æма Микъолоз сæ ахур раидарддæр кодтонцæ Æридони дини семинарий. Фæстæдæр Микъолоз бацудæй Мæскуй коммерцион институтмæ æма 'й каст фæцæй 1915 анзи. Берæ æнзти фæккуста ахургæнæгæй, скъолати директорæй Фæснæли, Хæзнидони, Синдзигъæуи.

1950 анзи ба ин æ берæ æнзти уодуæлдай фæллойни туххæн лæвæрд æрцудæй Ленини орден. Николай хуæст адтæй дини кустбæл, саугини ном ба райста Казани духовон Академий. Осеп ба ахур кодта Дзæуæгигъæуи кадетон корпуси æма райста афицери цин. Архайдта фиццаг дуйнеон тугъди. Райдайæни адтæй роти, фæстæдæр ба иссæй батальони командир. Æ хæццæ æфсади рæнгъити адтæнцæ е 'мгъæуккæгтæ: Тахохти Тито, Бекмæрзти Ахмæти фурт Микъала æма Бекмæрзти Майрæни фурт Микъала. Етæ ин уой фæсте æ кой арæх кæниуонцæ, æхсаргин афицер ке адтæй, уой туххæн. Осеппи ротæ æгас полки нимад адтæй тæккæ раззагдæр æма æхсаргиндæрбæл. Салдæттæ æновуд уарзтæй уарзтонцæ сæ командири. Ротæ арæх ракæниуонцæ тæссагдæр рауæнтæмæ, æма фæстæмæ æгадæй некæд æрбаздахтæнцæ, алкæддæр сæ бардзурд исæнхæст кæниуонцæ. Тахохти Тито ба арæх цæуидæ æсгарæгæй. Æ бæгъатæрдзийнади туххæн райста Геуæргий дзиуари майдан. Уæхæн хуæрзеуæг райста Осеп дæр.

1915 анзи Туркаг æфсæдтæ Сомехмæ балæбурдтонцæ æма сæ бунцагъд никкодтонцæ. Уони фæййервæзун кæнунмæ Уæрæсей паддзах бакодта сæрмагонд æфсæдти къуар.

Буцæу æрсабур æй, фал еу рæстæгути бæрцæ ба уруси æфсæдтæ уоми басабур æнцæ. Цопанти Осеппи ротæ дæр адтæй еци æфсади. Еу уæхæни салдæттæ иссердтонцæ, еу дууæ анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн биццеу. Куд рабæрæг æй, уотемæй ин ниййергутæ нæбал адтæй. Салдæттæ сæ еугурдæр кастæнцæ еци седзæр сувæллонмæ, фал æ хъисмæт идарддæр ци бауодзæй, уомæн ба си неке неци лæдæрдтæй.

Еу бони сæри ба командиртæ уæхæн унафæ рахастонцæ: салдæттæй сувæллон æхемæ хæссунмæ ка райса, е уæгъдæгонд æрцæуудзæй æфсæдтон службæй, зæгъгæ, фал се 'хсæн еу уæхæн нæ разиндтæй. Гъуддаг уой медæги адтæй, æма еци рæстæги Уæрæсей дæр бийнонтæ адтæнцæ берæсувæллонгин æма сæбæл уæлдай сæр бафтаун уотæ æнцон гъуддаг нæ адтæй. Осеп, гъуддаг уингæй, æхе цалдæр боней æмгъудæй ракурдта æма æд биццеу бæхбæл Къæмунти балæудтæй, æ мадæн ба загъта: «Мæнæ ма дин еу биццеу дæр». Мадæ – фæлмæн зæрдæ силгоймаг дæр имæ æ алцилæдæрагæ цæститæй искастæй æма ин дзуапп равардта: «Уомæй дæр уæлдай нæбал фæуууодзæн», – зæгъгæ. Уотемæй сомехаг биццеу Цопантæмæ гъæмбæлгæнгæй байзадæй.

Осеп фæстæмæ службæмæ раздахтæй. Уæдмæ сæ Хорнигулæни фронтмæ ракодтонцæ. Æфсад ниххæлæмултæ æй, ихæлун райдæдта. Революцион æзмæлд хъæбæр истухгин æй. Æфсæдтон къуæрттæй беретæ сæ гъос дарун райдæдтонцæ тугъди будурæй сæ хæдзæрттæмæ ниффардæг унмæ. Салдæттæ афицертæмæ нæбал игъустонцæ, æвзурстонцæ Советтæ æнæ афицертæй, уонæн ба сæ пъагæнттæ ратониуонцæ. Тахохти Тито куд имисидæ, уотемæй Осеп иннæ афицерти хузæн нæ адтæй. Советмæ дæр æй салдæттæ сæхуæдтæ исæвзурстонцæ, уомæн æма салдæтти нимадта. Æ къох некæд некæмæ исиста, лæгъуз æвзагæй нæ дзурдта. Иннæ афицертæн е сæ зæрдæмæ нæ цудæй. Æргонæй Осеппæн зæгъиуонцæ: «Райгурцæй ездæнттæй нæ дæ. Салдæтти хузæн сау адæнæй дæ». Цæмæй лæдæрдтæнцæ уой, æма дигорон адæнæн æгъдау, адæнуарзондзийнадæ сæ мади 'хсири хæццæ сæ тоги ке бацæуй, уой. Осеп кæд хуæнхаг уавæрти райгурдæй æма иръæзтæй, уæддæр адтæй циргъзунд, ахурмæ тулаваст, хуæрзæгъдау. 1914-18-аг æнзти ахур кодта фæсауонмæ Мæскуй университети. Зудта англисаг æма немуцаг

æвзæгтæ. Æрдзæй ба ин лæвæрд адтæй музыкæ лæдæрун. Гъесинфæндур æма пианинобæл арæхстæй.

Тугъдтитæ 1918-аг анзи Карпати ку цудæнцæ, уæд Осеп адтæй батальони командир, штабс-капитани цини. Кæд æфсæдтон æгъдау берæ гъуддæгтæй фехалдæй, уæддæр Осеппи батальон æ ихæстæ, куд æнгъезуй, уотæ æнхæст кодта, æма Геуæргий дзиуари майданæй дуккаг хатт хуарзæнхæгонд æрцудæй. Тахохти Тито дæр еци хуæрзеуæг райста дуккаг хатт.

Уæдмæ революци фæууæлахез æй, Уæрæсе тугъдæй рахецæн æй, паддзахи æфсад фехалдæй. Осеп æ ахури гъудтаг кæронмæ рахъæртун кодта, æфсæдтон службæй рацох æй æма æ фидæ Афæхъой хæдзарæ байагурдта.

Инсæйæймаг æнзти райдайæни Цопантæн сæ еу хай ралигъдæй Синдзигъæумæ. Афæхъой устур бийнонтæ сæ идарддæри цард исбастонцæ еци гъæуи хæццæ. Осеп базонгæ ’й дигорайаг Гætæгти Мариай хæццæ. Е æ рæстæги каст фæцæй Дзæуæгигъæуи классикон гимнази. Сæ цард баеу кодтонцæ, кустонцæ ахургæнгутæй. Адтæй син цæуæт – æртæ кизги ’ма дууæ биццеуи.

Сомехаг биццеу, Осеп ке ’рбахаста, е хундтæй Аршак. Еу 15-17 анзей уæнгæ ирæзтæй Цопантæмæ. Рæстæгути фæсте, куд рабæрæг æй, уотемæй Аршакки фидæ ’ма мадæ æгас разиндтæнцæ. Агурдтонцæ сæ фурти. Æрбацудæнцæ Ирисгонмæ, иссирдтонцæ Цопанти, Аршакки. Сæ арфитæ æма цийнæн кæрон нæ адтæй. Фæххудтонцæ Аршакки æ райгурæн бæстæмæ. Сæ муггаг адтæй – Манукянц. Аршаккæн уоми бийнонти гъудтаг бакодтонцæ, фал не ’рсабур æй. Æрбаздахтæй Иристонмæ. Цардæй Дзæуæгигъæуи, адтæй ин цæуæт. Цопанти хæццæ сæ бастдзийнадæ нæ фехалдтонцæ.

Осеп æма Мариа кустонцæ Дигорай астæуккаг скъолай, Осеп – директорæй. Еци скъолай кустонцæ фæлтæрдгун ахургæнгутæ. Уони хæццæ Уруймæгти Езетхан, Болæтти Александр. Осеп адтæй фиццаг, кæци скъолай исаразта фадуат лæппотæн гъæди кусти дæсниадæ райсунмæ, кизгуттæн ба – хуйуни. Ахури æма гъонбæлади фарстатæ скъолай адтæнцæ рæвдзæ уагæбæл ивæрд.

Сæ цæуæт дæр æгъдаубæл хуæст, ахурмæ рæвдзæ, фæсарæйнаг æвзæгтæ зудтонцæ, арæхстæнцæ музыкæмæ.

Гъæуи кенæ скъолай ести бæрæгбон ку уидæ, уæд сæхецæй уæрдуни æрбаласиуонцæ пианино. Осеп цæгъдидæ скрипкæй, æ хестæр кизгæ Ларисæ ба – пианинойæй. Цубур дзурдæй, бийнонтæ гъæуагæ нецæмæй адтæнцæ. Устур райдзаст хæдзарæ исаразта Осеп, дардта фонс, бæхтæ. Осеппæн æ куст ахуради æма фæсевæди гъонбæлади фæдбæл адтæй фæнзуйнаг – хуæрзæгъдау, устур культури хецау, адæнуарзон. Æ кизгæ Аззæ, æ фидæ цæхæн адæймаг адтæй, уой туххæн уæхæн хабар кодта. Адтæнцæ иуазæгуати Дзæгъепбарзи се 'рвадтæлтæмæ. Ку рацудæнцæ, уæд бидарки голлаги хъибил сувæллон кизгæн ниввардтонцæ. Гъæуæй ку рауадæнцæ уæд, дан, Осеп загъта: «Нæ федауй пусулмон гъæуи хурфити хъибили хæццæ цæун», – æма æ над ракодта будуртæбæл, гъæуи бунти æнæ нади нæдтæбæл. Еу рауæн бидаркæ къагъди ниххаудтæй, цидæр си басастæй, æма дзæвгарæ рæстæг фæгъгъезæмарæ кодта фидæ, цалдæнгæ исрæвдзæ 'й, уæдмæ.

Фалæ! Æдзæстуарзонтæ разиндтæй. Бустæги ба 30-аг æнзти. Æримистонцæ, паддзахи дзамани Осеп афицер ке адтæй, уой. Нæуæг цард, дан, æ зæрдæмæ нæ бахæстæг кодта, гъæздугдзийнадæ имæ бæрзонд ивæрд æй æма алихузон хахурти амæттаг фæцæй. 1937-аг анзи ахæст æрцудæй æма куд «адæни знаг», зæгъгæ 'й, фехстонцæ. Знаггадæй æ царди ци адтæй, уобæл ба уæхуæдтæ рагъуди кæнтæ.

Аци хабæрттæ фегъустон нæ хестæртæй, фулдæр мæ фидæй. Е се 'гасей дæр дзæбæх зудта, финсгæ дæр сæбæл кæнидæ.

Гъе уотæ рауайунцæ царди фæззелæнтæ.

# КРИТИКÆ
# ÆМÆ БИБЛИОГРАФИ

ХОЗИТЫ Барис

## «НÆРЫ НÆРÆМОН ТЫХ ÆРÆФÆЙ...»

Джыккайты Шамилы хуызæн номдзыд поэты сфæлдыстадыл, иу цалдæр æмдзæвгæйы æвзаргæйæ, радзурæн нæй. Фæлæ уæддæр йæ поэзийы ис, адæймаджы хъуыдыйы арф сагъæстыл чи бафтауы, ахæм уацмыстæ. Дæрдтыл куы нæ дзурæм, уæд дзы æз дæр мæхицæн ссардтон цалдæр зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгæйы. Сæ мидисыл чысыл дæр аныхас кæндзыстæм, ныр та уал мæ фæнды разныхасы дзырды бæсты цалдæр ныхасы зæгъын. Джыккайы-фырт мадæлон литературæйы йæ бынат кæй æрцахста, уый дызæрдыггаг нæу. Ныр та æрцыд йе сфæлдыстад бындуронæй иртасыны рæстæг. Бындурон дзырды мидис та нысан кæны, чысыл хъуыддæгтæн дзы бынат кæй нæй, уый. Шамилы тыххæй йæ амæлæты фæстæ загъд цы æрцыдис, уыдоны тыххæй цы-

бырæй рафæлгъауын куы сфæнд кæнæм, уæд сæ иумæйаг хъуыды уыдзæн ахæм: «Джыккайты Шамилы ном æмæ поэзи схонæн ис XXI æнусы метафорæ». Дуджы хъайтар уæвгæйæ, цытджын поэт фыста нæртон æхсинæджы систæй, æмæ йæм уыдонæй хæццæ кодта нæртон адæмы фарн. Чи зоны, гъе уымæн йæ уацмыстæ чиныгкæсджыты æфтауынц арф хъуыдытыл, сидынц сæм хи хатдзæгтæ кæнынмæ, домынц сæ фыдыбæстæн лæггады цæуынмæ. Уый уымæн афтæ у, æмæ цытджын поэты уацмыстæ здæхт сты раззондмæ, æнкъарæнтæм, бирæвæрсыг адæммæ, абоны, фидæны дугтæ æмæ рæстæджытæм.

Джыккайты Шамилы цард æмæ сфæлдыстад суанг йæ удæгасæй дæр систы таурæгъон. Йæ поэтикон бынтæ сты уæрæх æмæ бирæвæрсыг: æмдзæвгæтæ, балладæтæ, кадджытæ, легендæтæ, эпитафитæ, сонеттæ... Поэтмæ уыдис царды уæрæх æнкъарыны стæм курдиаты комулæфт. Уый йын фадат лæвæрдта йæ лирикон хъайтары номæй уæндонæй дзурынмæ. Æмæ-иу уый цыфæнды кары адæймаг, цыфæнды дæсныйадыл хæст архайæг куы уыдис, уæддæр-иу номдзыд автор йæ цармы бацыд, нал-иу дзы ныууагъта бынат хъайтар æмæ йæхи æхсæн. Алы сурæты дæр-иу ссардта, дзыллæйы зæрдæйыл чи андзæвыд, ахæм æнкъарæнтæ. Сæйрагдæр та – æууæндыдысты поэты дзырдыл. Ахæм хатдзæгтæ мæм сæвзæрын кодтой, Шамил дыгурон темæ цы æмдзæвгæты равзæрста, уыцы 4 уацмысы («Ныры уæздæттæн», «Кафты» чызджытæн», «Æрæфы» былыл мæнæргъытæ тыдтон...», «Фæззæг у хæхты ныр, фæззæг...»).

Джыккайы-фырт йæ хуыздæр сонеттæй иу «Ныры «уæздæттæ»-йы ссардта Багъæраты Созыры ном, эпитетæн æрхаста поэтæн йæхи рæнхъытæй иу: «Ниммæуагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун...» Царды æнæраст хъуыддæгтæ иу æмæ дыууæ хатты нæ систы Созыры æмдзæвгæты нысан. Æмткæй та уый у нæ классикон поэзийы æнусон темæтæй иу. Нæ разагъды лæгтæ, Къостайæ райдайгæйæ, бирæ хаттыты систой сæ хъæлæс хæдхæцæг паддзах æмæ йæ хицауады ныхмæ. Уыдонæй иу уыд Багъæрайы-фырт дæр. Шамил йæ номарæн сонеты æмсагъæс кæны цытджын поэтимæ, æмæ йын, цыма йæ хъуыдытæ адарддæр кодта, афтæ рауад. Автор бацархайдта йæ лирикон хъайтары уагæвæрды æууæлтæ

æххæстæй равдисын. Æмæ йæ къухы æфтгæ дæр бакодта. Фыццаг рæнхъытæй фæстæмæ чиныгкæсæджы хъусдард æрлæууы вазыгджын темæйæн йæ астæумагъзыл. Фæндзай азæй фылдæры фæстæ лирикон хъайтар – Созыры фæдон – дарддæр кæны поэты уазхъуыды: «Нæ уæ хонын, уæ хуындмæ дæр нæ цæуын. / Нæ уарзын æз фæччыгъæдæн æгъдау». Хуымæтæг лæгæй «ницы æнхъæл сты», фæлтау пайдайыл сих æмæ быдзæуы хынцынмæ цæттæ сты. Фыццаг рæнхъытæй дæр бæрæг у, ацы темæйы мидæг автор царды уылæнты ныхмæ кæй цыдис, уый. Зæххыл ын уæлдæр хæзна уыдис адæймаджы цард. Уыцы æнкъарынад ын æххуыс кодта мидисы азæлд æмæ эмоцион æцæгдзинад бахъахъхъæнын:

*Мæ мардмæ дæр-иу ма ’рцæут – уæ кæуын*
*Нæ сисдзæни мæ сабитæн сæ сау.*
*Уыдзæн уæ лæггад мæнг кæнæ æфстау,*
*Мæн та æфстау дыккаг цард дæр нæ хъæуы.*

*Зæрдæйæ – марг, дзыхы дзырдæй – рæдау,*
*Уæздан, парахат, – давæггаг бæркадæй*
*Æгъдау дæттут лæгмарæн дæр лæгау.*

Куыд федтам, афтæмæй поэт – лирикон хъайтар æргом æмæ уæндонæй æвдисы царды уæвынады. Агуры дзы æнæцæугæ хæзнатæ, ахизын сæ кæны фæлварæнты сæрты æмæ сæ æрмæстдæр уый фæстæ, стыр хуынау, бахæссы йæ уацмысты тымбыл фынгмæ. Уыцы фæлварæнты сæрты ахизын бахъæуы чиныгкæсджыты дæр, цыма сын афтæ зæгъынмæ хъавыд: «Фервæзын кæнут уæ удтæ!» Ам ныхас цæуы советон дуджы монон улæфты цъист кæнынадыл. Ахæм фæткæвæрдадон уагæвæрдыл кæронмæ нывæст цæуы номарæн уацмысы мидисамад. Шамилы æмдзæвгæйы нерв у цæсгомы фæлварæн. Æмæ йæ кæронбæттæны бафидар кодта Къостайы номæй:

*Æвдæлон у Къостайы зæхх уæ кадæй,*
*Лæджы уд нæу бæсты фарнæн æвгъау,*
*Сымах та барут Иры кад сыкъатæй.*

Джыккайты Шамилы иннæ æмдзæвгæйы мидис та баст у аивадимæ. Автор дзы ссардта Дигорайы горæты ансамбл «Кафт»-ы чызджыты ном. Цы зæгъынмæ хъавыд уымæй поэт? Зæрдæйы уаг æвдисæг рæнхъытæ нын дзурæг сты дæснийадыл, растдæр зæгъгæйæ та – ирон кафты ахадын-дзинадыл. Æмæ ууыл фыст рæнхъыты æнусонгонд цæуы нæ монон хæзнатæй иуы нырыккон азæлд. Шамил йæ номарæн æмдзæвгæйы бындурæн райста «Кафты» хурныгуылæн Германы, Мюнхены фестивалы æнтыстджын архайд. Æцæг, æгас ансамбл нæ, фæлæ чызджыты кафт. Рæстдзæвин ныхæстæй сын сныв кодта сæ уæнгты арæхстджын змæлды фæлдзусадон æууæлтæ:

*Мюнхены*
*Ирон чызджытæ кафынц,*
*Хуры тынтæ*
*Цæсгæмттæй кæлынц...*
*Къуымы бады*
*Иу зæронд сыкъафындз,*
*Бахус и йæ цъæх цæстыты сындз.*

Джыккайы-фырты уацмысы уагæвæрдон хицæндзинæдтæй иу у йæ мидисамад. Стихамайæг нын цыма уымæй афтæ зæгъынмæ хъавыд: кæсут æмæ цин кæнут, кæсут æмæ исут æнцонад æмæ æхцонад. Уæлмонцад исыны хæс æвæрд ис поэтæн йæ алы уацмысы дæр. Æмæ номарæн æмдзæвгæйы мидисамадмæ дæр куы æркæсæм, уæд дзы ирдæй фендзыстæм уацмысы арæзты бирæвæрсыг мадзæлттæ, æвдисины æвзаджы фæрæзтæ æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлгонцты рæгъы алæмæт ахастдзинæдтæ:

*Кафы чызг,*
*Сæуæхсиды зæлдагæй*
*Калы тарыл Бонвæрнон тæмæн.*
*Дзуры фарныл фидауцы æвзагæй,*
*Сты йæ тыхтæ*
*Рухс æмæ фæлмæн.*

*Фæлæ фæндыр аивта йæ зæлтæ,*

*Æмæ фестад*
*Хæхты чызг цъæх арт.*
*Хауы уазал карз уæлдæф тæгæлтæ,*
*Калы цины стъæлфæнтæ йæ кард.*

Æвзаринаг уацмысы иннæ æвæрццаг миниуæг та ис арф лиризм æмæ философон сагъæсты æмæ историон æнкъарæнты имонад. Мюнхены фестивалмæ кæсджыты æхсæн бады дыккаг дунеон хæсты архайæг – «Иу зæронд сыкъафындз» ветеран. Къуымы лæг йæ бæгæны æнцъухы, фæлæ исдуг – диссагмæ нымдзаст. Нуазæн дурæй баззади йæ къухы, райгас сагъæс цæсгомыл æваст:

*Уый йæ сæнтты балæууыд Кавказы,*
*Уым уыны*
*Ирон хъæуы сыгъдон...*
*Кафы ныр сæрыстæрæй йæ разы*
*Фарн æмæ сæрибары фæдон.*

*Лæг фæсмонæй ризы æмæ руайы,*
*Фестад сындз*
*Дæрзæг цæстыты сыг,*
*Зæрдæйы хæрамы сау дур тайы,*
*Æмæ слæууыд фидауцæн*
*Уырдыг.*

Автор æмæ лирикон хъайтары ахастдзинæдтæ хуымæтæг не сты, ис сын вазыгджын æууæлтæ. Тугкалæн хæсты ветеран (чи зоны, йæ зондахаст нæма аивта) æмæ сæрыстыр ирон чызг, «Кафт»-ы солисткæ. Фæрсырдыгæй та сæм кæсы æмæ разыйæ бады автор æмæ нывæнды йæ уацмыс. Йæ цæсгомыл та бады разыйы æнкъарæн. Фæлгонцты хъазт ахицæн вæййы стихамайæг æмæ йæ хъайтары уæлахизæй:

*Мюнхены*
*Ирон чызджытæ кафынц,*
*Стъалытæ*
*Тыбар-тыбур кæнынц.*
*Сау цæстытæй*

*Уазал дуне тавынц,*
*Уым сæ размæ*
*Уардитæ кæлынц.*

Шамил дыгурон темæ уырнинагæй равдыста уарзты æнкъарæнтæ дæр.

Æмæ ууыл дзурæг сты йæ иннæ дыууæ æмдзæвгæйы мидисамад («Æрæфы был мæнæргъытæ тыдтон...», «Фæззæг у хæхты ныр, фæззæг»...) Фыццаджы автор æргомæй æмæ комкоммæ фæлгъауы йæ сусæг интимон сагъæстæ. Æмæ йæ фæстæ хоны чиныгкæсæджы зæрдæйы æнкъарæнтæ æргом кæнынмæ. Æрдзы хъæбысы («Æрæфы былгæрон...») интимон сагъæстæ адæймаджы удыхъæды схизынц уæлдай бæрзонд æмæ йæ æгасæй дæр уæлтæмæнады азары баппарынц. «Æрæфы был»-ы мидис рæзы лирикон хъайтары æнкъарæнты алдымбыды змæлдæй æмæ нæ дисы æфтауы:

*Æрæфы был мæнæргъытæ тыдтон,*
*Мæ армы сæ дæуæн æвдадзæн хастон.*
*Йæхи рæвдыдта хуры тынты бон,*
*Уыди хæхбæстæ райдзаст æмæ уаздон.*

Ацы рæнхъытæ куыд равдыстой, уымæ гæсгæ, лирикон хъайтары æнкъарæнтæ сты удгоймагон, хи хъысмæты æвдисæндартæ. Лирикон таурæгъонад æвдыст цæуы удварны æрттывд, æнкъарæнты рæзт æмæ монон рæзгæ-ивгæ царды бындурыл. Æмдзæвгæйы ранывæст дæр арæзт цæуы уыцы хаххыл. Ахæм у лирикон хъайтары уарзты астумагъз:

*Фæрнæй ныл уагъта сатæг уддзæф дон,*
*Æвæрдта лæнк йæ фæлмæн нæудзар базтæн.*
*Ныстон тæвдæй дæ сырх былтæй мыддон,*
*Дæ бур дзыкку мæ цæстыхаутæй фастон.*

Лирикон нывæфтыд («бур дзыкку цæстыхаутæй фаст») нæ разы байтауы æнкъарæнты æвæджиауы архайд. Уарзты ныв фæвæййы æмæ дзы стъæлф сæвæры лирикон хъайтары кæронбæттæн сагъæс:

*Тæнæг зæлдаг ныл айтыгъта цъæх арв,*
*Бæмбæгау сыстад урс æврагъ нæ быны,*
*Ныгъуылд нæ цин йæ рог пакъуыты арф.*
*Кæрæфæй хур къæтæр цъити æхсыны,*
*Уыдис нæ улæфт хъæлдзæг æмæ тарф, –*
*Нæ зыдтам, уый æцæг уыд æви фыны.*

Дыгургомы йæм цы интимон æнкъарæнтæ сæвзæрд, уыдон нын поэт-лирикон хъайтар адарддæр кодта йæ иннæ æнæном уацмыс «Фæззæг у хæхты ныр, фæззæг...»-ы. Æмдзæвгæйы сæйраг архайæг æрдзы хъæбысы – таурæгъон цæугæдоны былгæрон – сагъæсты бын фæцис йæ уарзон чызгимæ. Горæтаг царды уынæрæй фервæзт æмæ йын ныр сабыр комбæсты фадат фæцис, цырагъ дæр тары кæм нæ зыны, уым мид-хъуырдухæны уацары бахауынмæ:

*Фæззæг у хæхты ныр, фæззæг,*
*Цырагъ йæхи нæ уыны тары.*
*Фæтæргай, афардæг хуыссæг,*
*Æддейæ уары æмæ уары.*

Æвзонгад æмæ уарзтæн аргъ кæнгæйæ, поэт – лирикон хъайтар нæ сафы æууæнк цард æмæ амондыл. Алыхуызон фарстатæн дзуапп агургæйæ, уый æрцæуы вазыгджын хатдзæгмæ: йæ уæззау уавæр царды кæрон нæу, фæлæ йæ хъысмæты фæлтæртæй иуы рæстдзинад. Æмæ та ногæй кæрæдзиуыл сæмбæлынц ивгъуыд æмæ фидæныл сагъæстæ:

*Нæ судзы урс цатыры арт,*
*Тæдзы йæ пыхцыл нымæт мигъæн.*
*Нындзыг æрхуым агъуысты цард,*
*Цы кæнон – ихæн мын у, ихæн.*

Имон, тыбар-тыбар уарзты æнкъарæнтæ æвзары йæ риуы лирикон хъайтар æмæ йæхи амондджынæй хаты. Æрæджы дæр ма «ихæн кæмæн уыд», уый ныр «йæ урс буар хурæй тæвагдæр» кæмæн у, ахæм чызджы хъарм банкъардта. Æмæ уыцы амондджын уавæрыл дзургæйæ, авторы алы ныхас дæр хæссы имонады комулæфт:

*Æваст кæцæй фæдæ, кæцæй?*
*Дæ урс буар тавагдæр у хурæй.*
*Мæ уат ысхъарм кодтай, ыстæй*
*Фæздæгау адымдтай мæ цурæй.*

Дзæнæтон увавæрæй æнæхай кæй фæци, уый тыххæй лæппу чызгæн иу уайдзæф-ныхас дæр нæ кæны, фæлæ-ма дзы бузныг дæр у, «йæ лыстæны зæдæнгæсы хæрздзæфы хъарм кæй баззади», уымæй. Æмæ кæд «кæны фæззыгон арв сæхсæх», уæд лирикон хъайтар бузныг у æрдз æмæ уарзтæй: «Нæры нæрæмон тых Æрæфæй». Ацы дыууæ æнæном æмдзæвгæйы, кæд æнæном уарзонил фыст æрцыдисты, уæддæр сын схонæн ис Джыккайы-фырты интимон лирикæйы шедевртæ. Уыдоны мидæг нывæст æрцыдисты ирон зæдæнгæс чызджыты сурæттæ. Сæ мидисы астæуккаг магъз у царды цины вазыгджын хай. Æвæрд дзы æрцыд æхсидгæ уды зынгкалгæ хъуыды: «Цæргæ, уæд цæргæ, уарзгæ – уæд уарзгæ!» Гъе ахæм уагæвæрд ис æнæном æмдзæвгæты – æнæном сурæтæн.

**Ныры «уæздæттæн»**

*Ниммæуагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун...*

Созур

Нæ уæ хонын, уæ хуындмæ дæр нæ цæуын,
Нæ уарзын æз фæччыгъæдæн æгъдау.
Мæнæй æнхъæлцау ницы стут, фæлтау
Хынцут пайдайыл сих æмæ быдзæуы.

Мæ мардмæ дæр-иу ма ’рцæут – уæ кæуын
Нæ сисдзæн ис мæ сабитæн сæ сау.
Уыдзæн уæ лæггад мæнг кæнæ æфстау,
Мæн та æфстау дыккаг цард дæр нæ хъæуы.

Зæрдæйæ – марг, дзыхы дзырдæй – рæдау,
Уæздан, парахат, – давæггаг бæркадæй
Æгъдау дæттут лæгмарæн дæр лæгау.

Æвдæлон у Къостайы зæхх уæ кадæй,
Лæджы уд нæу бæсты фарнæн æвгъау.
Сымах та барут Иры кад сыкъатæй.

1976 аз

**«Кафт»-ы чызджытæн**

Мюнхены
Ирон чызджытæ кафынц,
Хуры тынтæ
Цæсгæмттæй кæлынц...
Къуымы бады
Иу зæронд сыкъафындз,
Бахус и йæ цъæх цæстыты сындз.

Кафы чызг
Сæуæхсиды зæлдагæй
Калы тарыл Бонвæрнон тæмæн.
Дзуры фарныл фидауцы æвзагæй,
Сты йæ тыхтæ
Рухс æмæ фæлмæн.

Фæлæ фæндыр аивта йæ зæлтæ,
Æмæ фестад
Хæхты чызг цъæх арт.
Хауы уазал карз уæлдæф тæгæлтæ,
Калы цины стъæлфæнтæ йæ кард.

Къуымы лæг
Йæ бæгæны æнцъухы,
Фæлæ исдуг
Диссагмæ нымдзаст,
Нуазæн дурæй баззади йæ къухы,

Ракалд сагъæс
Цæсгомыл æваст.

Уый йæ сæнтты балæууыд Кавказы,
Уым уыны
Ирон хъæуы сыгъдон...
Кафы ныр сæрыстæрæй йæ разы.
Фарн æмæ сæрибары фæдон.

Лæг фæсмонæй ризы æмæ руайы,
Фестад сындз
Дæрзæг цæстыты сыг.
Зæрдæйы, хæрамы сау дур тайы,
Æмæ слæууыд фидауцæн
Уырдыг.

Мюнхены
Ирон чызджытæ кафынц, –
Стъалытæ
Тыбар-тыбур кæнынц.
Сау цæстытæй
Уазал дуне тавынц,
Уым сæ размæ
Уардитæ кæлынц.

1980 азы 8 феврал

* * *

Æрæфы был мæнæргъытæ тыдтон,
Мæ армы сæ дæуæн æвдадзæн хастон.
Йæхи рæвдыдта хуры тынты бон,
Уыди хæхбæстæ райдзаст æмæ уаздон.

Фæрнæй ныл уагъта сатæг уддзæф дон,
Æвæрдта ленк йæ фæлмæн нæудзар базтæн.
Ныстон тæвдæй дæ сырх былтæй мыддон,
Дæ бур дзыкку мæ цæстыхаутæй фастон.

Тæнæг зæлдаг ныл айтыгъта цъæх арв,
Бæмбæгау сыстад урс æврагъ нæ быны,
Ныгъуылд нæ цин йæ рог пакъуыты арф.

Кæрæфæй хур къæтæр цъити æхсыны,
Уыдис нæ улæфт хъæлдзæг æмæ тарф, –
Нæ зыдтам, уый æцæг уыд æви фыны.

2005 азы 21 август

* * *

Фæззæг у хæхты ныр, фæззæг,
Цырагъ йæхи нæ уыны тары.
Фæтæргай, афардæг хуыссæг,
Æддейæ уары æмæ уары.

Нæ судзы урс цатыры арт,
Тæдзы йæ пыхцыл нымæт мигъæн.
Нындзыг æрхуым агъуысты цард,
Цы кæнон – ихæн мын у, ихæн.

Æваст кæцæй фæдæ, кæцæй?
Дæ урс буар тавагдæр у хурæй.
Мæ уат ысхъарм кодтай, ыстæй
Фæздæгау адымдтай мæ цурæй.

Мæ лыстæн – тинты кæрц – дзæбæх,
Дæ хъарм дзы баззади хæрздзæфæй.
Кæны фæззыгон арв сæх-сæх,
Нæры нæрæмон тых Æрæфæй.

2005 азы 23 август, Дыгургом

# АХУРАДОН ӔРМӔГ СКЪОЛАДЗАУТӔН

Дзтиати Ларисæ

## АЛФАМБУЛАЙ ДУЙНЕ*

1 кълас

*Идарддæр. Цæуй 2022 анзи 1-аг номерæй фæстæмæ.

# ЗАЙӔГОЙТӔ УАЛДЗӔГИ

Рагуалдзӕги, кӕрдӕгзмӕлӕни мӕйи, хонсарвӕрсти мети бунӕй фӕззиннунцӕ фиццаг уалдзигон деденгутӕ – дзӕкъолонтӕ.





Уони фӕсте фӕззинунцӕ хохлаткитӕ, мудгӕрдӕг, примулӕ, пролескитӕ, крокустӕ ӕма ӕндӕртӕ. Рагуалдзигон деденгутӕ ӕнцӕ хъӕбӕр фӕтӕн сифтӕ. Сӕ деденгутӕ ӕнцӕ уорс, бор, ӕрвхуз, сурх.



**пролескӕ** – пролеска



**хохлаткӕ –** хохлатка



**мудгӕрдӕг** – медуница

Гъӕди фулдӕр рауӕнти мет нӕма ниттайуй, уотемӕй бӕлӕстӕй фиццагидӕр дзӕгӕрӕг рафтаунцӕ ӕхсӕрӕ, хӕрес, фӕруӕ ӕма ӕндӕртӕ.



**фӕруӕ** – ольха



**хӕрес** – ива



**ӕхсӕрӕ** – лещина

Нæ республики рагуалдзигон зайæгойтæ.



**хъумбула** – мать-и-мачеха



**дзæкъолон** – подснежник



**хæрес** –ива



**примулæ** – примула



**æхсæрæ** – лещина



**тикиси дзæмбу** – ветреница лесная

Кæми цæрис, уоми цæхæн рагуалдзигон зайæгойтæ зайуй?

Рагуалдзæги циуавæр зайæгойтæ ракалунцæ деденæг?
Сæ дедентæ цихузи фæуунцæ?
Циуавæр æнкъарæнтæ дæмæ æвзурун кæнунцæ аци деденгутæ?

# ЦÆРÆГОЙТÆ УАЛДЗÆГИ

Куд æмбæлунцæ цæрæгойтæ уалдзæгбæл.

► Рагуалдзæги, хор ку æрбатавуй, уæд æрæскъетунцæ гæлæботæ æма æндæр урунгонтæ.



Сæ æндзуг рандæуй хелгутæ, хæпситæ, æнкъуæлхитæн.



Сæ фунæййæй райгъал унцæ узунтæ, æрситæ.





Ци фæуунцæ урунгонтæ зумæги?
Цæхæн цæрæгойтæ фæуунцæ зумæги æндзуг?
Цæхæн цæрæгойтæ кæнунцæ фунæй?
Зайæгойтæ ка хуæруй, еци цæрæгойтæ ба куд ферветунцæ зумæг?

Цъеутæ тæхунцæ гъар бæстæй сæ райгурæн бунæттæмæ. Аразунцæ астъæнттæ аллихузи æрдзон æрмæгутæй. Астъæнтти æфтаунцæ æйкитæ, уадзунцæ цъеутæ.



Æртахтæнцæ сæ райгурæн бунæттæмæ донуæтти мæргътæ дæр.



Кæми цæрис, уордæмæ фиццаг цæхæн цъеутæ æрбатахтæнцæ?

Циуавæр цæрæгойтæ райгъал æнцæ сæ зумæгон фунæййæй?
Кæцæй æртæхунцæ мæргътæ сæ райгурæн бунæттæмæ?
Циуавæр мæргътæ æртæхунцæ фиццаг?
Кæми агорунцæ етæ сæхецæн хуаллаг?

Цӕрӕгойтӕй беретӕн уалдзӕги райдайӕнмӕ фӕззиннуй бӕдӕлттӕ. Халхуартӕн фӕззиннуй хуаллаг, фӕлмӕн цъӕх къалеутӕ ӕма кӕрдӕг. Цӕрӕгойтӕй беретӕ райдайунцӕ сӕ фест калун. Тӕрхъостӕн сӕ зумӕгон уорс цъарӕ истар уй. Мӕргътӕ сӕ астъӕнтти уадзунцӕ бӕдӕлттӕ.











Цæхæн къæвдатæ фæууй ханси мæйи? Куд райййивта æрдзæ ханси мæйи?



**Хумидайæни**

Уалдзæг нæмæ
Æ цъæх бæхбæл
Æрбалæудтæй.
Æрцудæй.
О, цъæх уалдзæг,
Фарни хæццæ
Æрфестæг уо
Дæ цудæй!

*Къибирти Амурхан*

Цæхæн зартæ æма æмдзæвгитæ зонис уалдзæги туххæй ду ба?

Цæхæн æйййивддзийнæдтæ æрцудæй æдзард æма цардæгас æрдзи ханси мæйи?

# УАЛДЗИГОН КУСТИТÆ

Уалдзигон куститæ.

- Цæхæн куститæ фæккæнунцæ адæн уалдзæги?
- Зæнхæ æма æрдзæн уалдзæги хъаурæ ци дæттуй?



Цæхæн хуартæ æма халсартæ итаунцæ æма аразунцæ уалдзæги адæн будурти?



► Хузтæмæ гæсгæ радзорæ, цæхæн куститæ кæнунцæ ахурдзаутæ скъолай тургъи.
► Æргъуди кæнæ радзурд «Уалдзигон зеу».





Уалдзигон бон – анзи æфсес.

Цæхæн куститæ кæнунцæ адæн будурти?
Циуавæр куститæ кæнунцæ дæ бийнонтæ дзæхæрай, рæзбуни?
Куд æфснайунцæ сувæллæнттæ скъолай алливарс, тургъи?

*Уодзæнæй ма*

Зембатти Ларисæ, Хъиргъути Фатимæ

# МАТЕМАТИКÆ*

1 кълас

1 хай
(Ахури анзи фиццаг æмбес)

* Идарддæр. Цæуй 2022 анзи 1-аг номерæй фæстæмæ.

1. Алли ӕвдистӕг дӕр ци амонуй, уой балӕдӕрун кӕнӕ.



| | |
|---|---|
| 4 + 3 | 9 − 2 |
| 7 + 2 | 9 − 3 |
| 3 + 2 | 4 + 2 |

2. Ӕргъуди кӕнӕ хузтӕмӕ гӕсгӕ хинцуйнӕгтӕ ӕма сӕ искӕнӕ.



□ + □ = □

□ − □ = □



□ + □ = □

□ − □ = □

3. ≤ ≥

| | | |
|---|---|---|
| 5 + 1 * 6 | 7 − 3 * 7 | 4 − 1 * 4 |
| 7 + 2 * 9 | 8 − 2 * 8 | 5 + 2 * 8 |
| 5 + 3 * 8 | 9 − 1 * 10 | 8 + 1 * 10 |

**4.** Зæгъæ цохгонд нимæдзитæ.

1, □, □, 4, □, □, 7, □, □, 10.

**5.** Зæгъæ цохгонд нисантæ æма нимæдзитæ.

| | |
|---|---|
| 7 * □ = 10 | 5 * □ = 7 |
| 9 * □ = 7 | 10 * □ = 9 |
| 5 * □ = 6 | 9 * □ = 6 |

**6.** Исаразæ хинцуйнæгтæ схемитæмæ гæсгæ æма сæ искæнæ.




**7.** Исбарæ лухдзæг. Исханхæ кæнæ 2 см цубурдæр лухдзæг.



Кæсалгдзау ниййахæста окунь-кæсалгæ, ёрш-кæсалгæ æма хехуар. Хехуари ниййахæста окунæй раздæр, ёрши ба – окунæй фæстæдæр. Кæци кæсалгæ ахæст æрцудæй тæккæ фиццаг? Фæстагдæр ба?



Бæттæнбæл ес 5 æлхиййи. Цал хаййебæл дех кæнунцæ æлхийтæ бæттæн?

Банхæст кæнæ ревæд кирæгтæ.



Бахинцæ нимайуйнæгтæ æма дæ зæрдæбæл бадарæ таблицитæ.



| |
|---|
| 1 + 3 = 4 |
| 2 + 3 = 5 |
| 3 + □ = 6 |
| 4 + 3 = □ |
| 5 + □ = □ |
| 6 + □ = □ |
| 7 + 3 = 10 |



| |
|---|
| 10 − 3 = |
| 9 − 3 = 6 |
| 8 − □ = □ |
| 7 − 3 = □ |
| 6 − □ = □ |
| 5 − □ = □ |
| 4 − □ = 1 |

1. Назу исфæлундунмæ сувæллæнттæ искодтонцæ 10 гæгъæдин фанари. Уонæй 3 адтæнцæ сурхитæ, иннетæ ба – кæрдæгхузтæ. Цал адтæнцæ кæрдæгхуз фанартæ?

2. Нæуæг анзи бæрæгбонмæ сабийтæ бацæттæ кодтонцæ 5 зари æма 3 кафти. Æдеугурæй цал æнцæ еумæ зартæ æма кæфтитæ?



3. ±

| | | |
|---|---|---|
| 8 * 2 = 10 | 10 * 2 = 8 | 7 * 3 = 10 |
| 9 * 3 = 6 | 4 * 1 = 3 | 6 * 2 = 8 |

4. Бахинцæ нимайуйнæгтæ:

| | | |
|---|---|---|
| 9 − 1 − 2 | 5 + 2 + 2 | 4 − 3 − 1 |
| 8 + 1 − 3 | 10 − 3 − 1 | 1 + 2 + 2 |

5. Исбарæ лухдзæгтæ. Сурх лухдзæг æрвхузæй цæйбæрцæ даргъдæр æй?





**6.** Тæбæгъи адтæй  .

Ниввардтонцæ ма си 3. Цал иссæнцæ .... ?

**7.** Тæбæгъи адтæй  .

3 си бахуардтонцæ. Цал .... ма си байзадæй?

**8.** Циуавæр нимæдзитæ æнцæ цохгонд?

5 + □ = 8     4 + □ = 7     8 − □ = 5

6 + □ = 9     3 + □ = 6     7 − □ = 4

Ци бафеппайдтай?

**9.** (< = >)

4 − 3 * 2     5 − 2 * 3     10 − 1 * 9

7 + 3 * 10     6 + 2 * 6     8 + 2 * 10

---

Ци æййивддзийнадæ æрцудæй?

Еу ханхæ уотæ никкæнæ, цæмæй дæмæ рауайа 9 æртæкъумæгги.



**1.**



□ + □ = □



□ + □ = □

**2.** Мадæ искодта салат 6 помидори æма 3 хуæргæнасемæй.



Цал ... ?

**3.** Вази адтæй 9 къанфети. Æхсарæ си 3 бахуардта. Цал къанфети ма си байзадæй?

**4.**




**5.** Бахинцæ æма рабарæ алли цæгиндзи нимайуйнæгтæ дæр.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8 + 2 | 10 – 2 | 6 + 2 | 7 – 2 |
| 8 + 0 | 10 – 3 | 6 + 3 | 7 – 3 |

**6.** Фигурити нæмттæ зæгъæ.



**7.** Æргъуди кæнæ хинцуйнаг хузæмæ гæсгæ.





**8.** 5-æй фулдæр, фал 8-æй минкъийдæр ци нимæдзитæ æнцæ, уони ранимайæ.

**9.**

| +3 | 1 | 7 | 6 | 4 | 8 | 2 | 5 | 3 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | |

**10.**

□ + 1 — 8 — 3 + □

4 + □ — 8 — □ + 2

Хъибилмæ адтæй 9 шари. Æрбацудæй е 'нсувæр æма ин си байста 4, уой фæсте æрбацудæй æ хуæрæ æма ин си никкидæр байста 5 шари. Цал шари ма байзадæй Хъибилмæ?



1. Æргъуди кæнæ хузтæмæ гæсгæ хинцуйнæгтæ æма сæ искæнæ.

 

2. Мадæ балхæдта 5 харбузи. Рæфтадгæнгæй си 1 бахуардтонцæ. Цал харбузи ма си байзадæй?



3. Банхæст кæнæ фарст æма искæнæ хинцуйнаг.

Нана исхаста  .

Замирæт исхаста 3 … минкъийдæр. Цал … ?

4. Байдзаг кæнæ ревæд кирæгтæ.

4 = □ + 0 5 = 2 + □
4 = □ + 1 5 = 1 + □
4 = □ + 2 5 = 0 + □

5. Банхæст кæнæ нимæдзон «рæхис».




6. Рабарæ, нимæдзон тунæй пайдагæнгæй.

0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

6 □ 2 4 □ 3

1 □ 5 2 □ 4




7. Исбарæ лухдзæгтæ.



Сурх лухдзæг кæрдæгхуз æма æрвхузæй цæйбæрцæ даргъдæр æй, уой базонæ. Рабарæ кæрдæгхуз æма æрвхуз лухдзæгти дæргъцитæ.

8.

| Æфтауйнаг | Æфтауйнаг | Сумми нисанеуæг |
|---|---|---|
| 4 | 1 | ? |
| 3 | 3 | ? |

9. Байдзаг кæнæ ревæд кирæгтæ аллихузи мадзæлттæй.




10. Нимæдзитæ 7 æма 3-æй исаразæ гæлдзуйнадæй кæнгæ хинцуйнаг.

Ранимайæ нимæдзитæ, сæ минкъийдæрæй райдайгæй.



Исаразæ къуæцæлтæй фигурæ. Дууæ къуæцæлей æвæрд уотæ раййевæ, цæмæй си рауайа еу устур æма еу минкъий квадраттæ.

**1.** Банхæст кæнæ фарст æма искæнæ хинцуйнаг.



Гъосини никкодтонцæ 4 къоси æхсир, уæдта ма никкидæр 3 къоси. Цал ... ?

**2.** Æргъуди кæнæ хинцуйнаг схемæмæ гæсгæ.




**3.** Дзурд «Хæзнидон»-и ес 3 гъæлæсон мури, æмгъæлæсонтæ ба – 2 фулдæр. Цал мури ес æдеугурæй аци дзурди?

**4.** Фаризæтæн ес 7 æнсувæри. Цал сувæллони ес бийнонти?

**5.** Исаразæ æвдистæгтæ.



Куд ма æнгъезуй нимæдзæ 6 исаразун?

*Уодзæнæй ма*

**Журнал «Ираф», 1, 2024 г.**

*Учредитель и издатель:
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания.
362040, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ,
ул. Димитрова, д. 2. Офис 202.*

Главный редактор – Э. Б. Скодтаев

*Адрес редакции: 362015, Республика Северная Осетия-Алания,
г. Владикавказ, пр-кт Коста, д. 11, литера «А», кабинет 23, 24.
Телефон: 55-01-48; E-mail: iraf.journal@kpmk.alania.gov.ru*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий и
массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00147
от 30 мая 2017 г.
Индекс издания – 73941*

Сдано в набор 05.12.2023 г., подписано в печать 09.01.2024 г.
Дата выхода в свет 29.02.2024 г. Знак. инф. продукции 6+
Формат 60х84 $^{1}/_{16}$. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ №61. Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис».
362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
Тел.: 25-96-18. E-mail: osetia-poligrafservis@mail.ru

**© Ираф, 1, 2024 г.**

Журнал «Ирæф»-и æрмæгæй æндæр мухурон оргæн ку пайда кæна, уæд гъæуама бæрæггонд æрцæуа, ист кæцæй æй, е.

Журналмæ ци къохфинститæ бацæуй, уони редакци рецензи нæ кæнуй, уæдта сæ автортæн фæстæмæ нæ дæттуй.

Журнал «Ирæф»-и мухургонд æрмæгутæбæл
дзуапп кæнунцæ автортæ сæхуæдтæ.